

Jiyē 2023

# DELAWARE DRIVER MANUAL

First class service

from the First state





Pou Chofè Nou yo nan Delaware:

Delaware se yon bél Eta ki chaje bagay pou dekouvi san limit. Ou ka jwi bòdmè Atlantik la nan Seashore State Park nou an, pwofite fè acha san peye enpo, ale nan teyat nan Wilmington, oswa fè eksperimente rich pase istorik Delaware la nan Dover oswa New Castle.

Pandan w ap kondwi sou wout nou yo, asire w ou menm, pasaje ou yo ak chofè parèy ou yo rive ansekirite. Obeyi limit vitès la, pa voye mesaj tèks epi kondwi, mete senti sekirite ou, swiv règ chose a, epi sa ki pi enpòtan, *pa janm bwè epi kondwi*. Sa se yon bagay nou p ap tolere nan Delaware.

Chose ak opsyon transpò nan Delaware yo rann li fasil pou vwayaje nan Eta a. Epi pandan w ap kondwi, konsidere fason aksyon w yo afekte anviwònman an. Pataje yon kous, konsevè trajè ou yo oswa eseye transpò publik. Chak nan metod sa yo ede asire yon "Delaware ki pi ekolojik" pou nou tout.

Tanpri fè pati pa ou pou asire sekirite sou wout la pou wout Delaware yo yon kote ki pi ansekirite pou tout moun.

Mèsi epi fè atansyon,

A handwritten signature in black ink that reads "John C. Carney". The signature is fluid and cursive, with "John" and "C." being more stylized, and "Carney" having a more traditional cursive look.

Gouvènè John Carney

# MESAJ POU CHOFÈ DELAWARE YO

Biwo pou Sikilasyon Otomobil nan Delaware lan prepare manyèl sa a pou ede alafwa nouvo ak otomobilis aktyèl yo pi byen prepare pou defi yo gendwa rankontre pandan y ap sikile yo sou chose Delaware yo.

Posede yon pèmi oswa yon lisans pou chofè Delaware se yon privilèj ki vini ak gwo responsabilite. Pou asire sekirite w, sekirite pasaje w yo ak moun ki bò kote w yo, nou ankorage w pou w familyarize w ak règ epi règlemantasyon yo ki nan manyèl sa a.

Jis apre angajman nou parapò ak sekirite w, misyon nou se asire w ou resewva yon eksperyans kliyan "Premye Klas" ki gen ladann vîtes ak efikasite pèsonèl pwofesyonèl nou an ki gen anpil fòmasyon bay pou tout bezwen w ki gen rapò ak kondwi.

Nou ankorage tout otomobilis yo pou yo pataje chose yo nan yon fason ki gen pridans, koutwazi, moderasyon, ak defans epi sonje pou yo toujou tache senti sekirite yo. Nan non Eta Delaware, nou swete nou anpil lane pou n ap kondwi ak pridans.

Nicole Majeski

Sekretè<sup>r</sup>  
Depatman Transpò

Amy Anthony

Direktris  
Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan



Koreksyon, sigjesyon, oswa rekòmandasyon nan manyèl sa a gendwa adresé bay:

Sèvis pou Chofè yo  
Biwo pou Silikasyon Otomobil Delaware lan  
P.O. Box 698  
Dover, DE 19903

# TABDÈMATYÈ

## SEKSYON EN – ENTWODIKSYON

Paj

Definisyon.....	11
Sèvis sou Entènèt .....	13
<b>FRÈ POU OTOMOBIL .....</b>	<b>14</b>

## SEKSYON DE – ENFÒMASYON SOU LISANS POU CHOFÈ

<b>NOUVO NÒM IDANTIFIKASYON FEDERAL YO .....</b>	<b>16</b>
Ki Dokiman Mwen Bezwen Pou Jwenn Lisans pou Chofè Konfòm Mwen an.....	16

<b>EGZIJANS YO POU LISANS POU CHOFÈ .....</b>	<b>17</b>
Egzansyon Pou Genyen Yon Lisans pou Chofè nan Delaware .....	17
Kiyès Ki Pa Ka Gen Lisans .....	17

<b>APLIKE POU YON LISANS .....</b>	<b>18</b>
Kòman Pou Mwen Jwenn Yon Lisans.....	18

<b>EGZIJANS JENERAL YO POU TOUT CHOFÈ</b>	
<b>APLIKAN POU LISANS AK KAT IDANTITE.....</b>	<b>18</b>

Sitiyasyon Imigrasyon Ki Pa Elijib .....	18
Detèmine Estati Legal/Dire Sejou ki Otorize .....	19
Lis Dokiman Idantifikasiyon ki Akseptab .....	20
Egzijans yo pou Adopsyon Aletranje pou Minè .....	23
Egzijans yo pou Kat Privilèj pou Kondwi .....	23
Kòman Pou Mwen Jwenn Yon Kat Privilèj Pou Kondwi? .....	24
Lisans Gradye pou Chofè.....	26
Egzijans yo pou Aplikan pou Premye Fwa yo ki Gen Plis Pase 18 lane .....	29
Transfè Lisans Apati Lôt Jiridiksyon Pu Vin Nan Delaware (ki gen plis pase 18 lane) .....	29
Transfè Lisans Apati Lôt Jiridiksyon Pu Vin Nan Delaware (ki poko gen 18 lane).....	30
Renouvèlman Lisans.....	31
Renouvèlman Lisans Pèmanan .....	31
Pwosedi pou Bay Elèv k Ap Fè Echanj yo Lisans .....	31

<b>ENFÒMASYON ANPLIS .....</b>	<b>31</b>
--------------------------------	-----------

Lisans ki Limite.....	31
Lisans Ranplasman.....	32
Chanjman Non .....	32
Chanjman Adrès.....	32
Kat Idantifikasiyon (ID) .....	32
Endikatè Veteran sou Lisans pou Chofè/Kat Idantifikasiyon.....	32
Enskripsyon Elektè .....	33
Endikatè Medikal .....	34
Lwa Megan Ian/Delenkan Seksyèl .....	34
Piblikasyon Obligatwa Nimewo Sekirite Sosyal yo.....	34

Anrejistreman nan Sistèm Sèvis Selektif yo .....	34
Rejis Pi Pwòch Paran yo .....	34
Pwogram Donatè Ògàn ak Tisi yo .....	34
<b>KLASIFIKASYON LISANS POU CHOFÈ YO .....</b>	<b>35</b>
Lisans pou Operatè Klas D .....	35
Lisans pou Chofè Komèsyal (CDL) .....	35
Pèmi Chofè Komèsyal pou Apranti (CLP) .....	36
Lisans CDL Klas A .....	36
Lisans CDL Klas B .....	36
Lisans CDL Klas C .....	36
Lisans Klas A ki PA CDL .....	36
Lisans Klas B ki PA CDL .....	36
Pèmi pou Apranti Klas D ak DPC .....	36
Pèmi Gradye pou Lisans pou Chofè Komèsyal (CDL) .....	36
Lisans Tanporè .....	36
Lisans Kondisyonèl, Pwofesyonèl, Ak pou Difikilte .....	37
Aparèy Vewouyaj Sistèm Demaraj lan (IID) Mansyon/Lisans .....	37
<b>Mansyon .....</b>	<b>37</b>
Mansyon pou Motosiklèt .....	37
Klas pou Monte Motosiklèt .....	37
Pèmi pou Moun k Ap Aprann Monte Motosiklèt .....	37
Mansyon pou Otobis Lekòl .....	38
Mansyon pou Taksi/Limouzin .....	38
<b>EGZAMEN POU CHOFÈ A .....</b>	<b>38</b>
Tès pou Zye .....	38
Tès sou Pano sou Otowout lan ak Sinalizasyon .....	39
Règ yo sou Tès Lari an .....	39
Tès Lari an .....	39
Kote yo Pase Tès Lari yo .....	40
Otomobil ki Dwe Kondwi Pandan Tès Lari an .....	40
Kilè Yon Chofè ki Gen Lisans Dwe Akonpanye Ou .....	41
Preparasyon pou Egzamen pou Chofè an .....	41
<b>ENFÒMASYON MEDIKAL AK RAPÒ .....</b>	<b>41</b>
Oto-Rapòte Twoub Medikal yo .....	41
Egzamen Espesyal .....	41
Rapò Medikal Obligatwa .....	42
Renonsiyasyon Medikal .....	42
<b>ANILASYON AK SISPANSYON LISANS .....</b>	<b>42</b>
Anilasyon Obligatwa .....	43
Anilasyon Delenkan Abityèl .....	43
Sispansyon yon Lisan pou Chofè .....	44

Delenkans nan Pansyon Alimantè .....	44
Ekspilsyon nan Lekòl.....	44
Kondwi Pandan Sispansyon oswa Anilasyon.....	45
<b>PWOGRAM POU CHOFÈ KI GEN PWOBLÈM POU AMELYORASYON CHOFÈ....</b>	<b>45</b>
Sistèm Pwen Delaware lan .....	45
Aksyon pou Pwogram pou Chofè ki gen Pwooblèm pou Amelyorasyon Chofè .....	46
Pwen Kredi .....	46
Vyolasyon Eksè Vîtès ki Grav .....	46
Lisans Pwofesyonèl.....	47
Kondwi Pandan Sispansyon oswa Anilasyon.....	47
Kondwi ak Agresivite .....	47
Modifikasyon Konpôtman ki Apwouve/Kou pou Kondwi nan Wotè .....	47
Kou pou Kondwi ak Defans .....	48
<b>KONDWI AK KAPASITE DIMINYE .....</b>	<b>48</b>
Bwè ak Kondwi .....	48
Bwè ak Konsantrasyon Alkòl nan San .....	48
Risk Aksidan.....	49
Si Ou Bwè, Kilè Ou Ka Kondwi .....	49
Dwòg ki Konbine Avèk Alkòl.....	50
Kondwi Distrè .....	51
Dòmi sou Volan .....	51
<b>LWA SOU BWÈ AK KONDWI NAN DELAWARE.....</b>	<b>52</b>
Li Entèdi pou Bwè Pandan W ap kondwi .....	52
Kondwi sou Efè Alkòl (DUI).....	52
Lwa Sou Konsantman Enplisit.....	52
Lwa Konsènan Ti Jèn k Ap Kondwi Sou Efè Alkòl .....	52
Lwa Zewo Tolerans .....	52
Minè k Ap Konsome oswa ki Gen Sibstans Ilegal .....	53
Sanksyon Ak Pwosedi Presi Delaware yo.....	53
Sanksyon pou Kondwi sou Efè Alkòl (DUI) Pou Yon Premye Enfraksyon .....	54
Pwogram Aparèy Vewouyaj Sistèm Demaraj lan (IID) pou Chwa Premye Enfraksyon an (FOE) .....	54
Sanksyon pou DUI pou Dezyèm Enfraksyon .....	55
Sanksyon pou DUI pou Twazyèm Enfraksyon .....	55
Sanksyon pou DUI pou Katriyèm Enfraksyon .....	55
Sanksyon pou DUI pou Senkyèm Enfraksyon .....	56
Sanksyon pou DUI pou Sizyèm Enfraksyon.....	56
Sanksyon pou DUI pou Setyèm Enfraksyon .....	56
Pwogram Aparèy Vewouyaj Sistèm Demaraj lan (IID).....	56
<b>SEKSYON TWA – EKIPMAN MACHIN, IMATRIKILASYON, ANREJISTREMAN, AK ASIRANS</b>	
<b>EKIPMAN OTOMOBIL.....</b>	<b>58</b>

Ekipman Obligatwa .....	58
Ekipman Anplis.....	59
Ekipman ki Entèdi.....	59
Itilize Limyè Avan yo.....	60
Itilize Senti Sekirite ak Atach pou Timoun .....	61
<b>KIJAN POU IMATRIKILE/ANREJISTRE MACHIN OU .....</b>	<b>61</b>
Etap 1 – Asirans Responsabilite, Responsabilite Finansye ak Sanksyon .....	61
Etap 2 – Enspeksyon Machin.....	62
Etap 3 - Imatrikilasyon.....	64
Egzijans Pou Aplikan yo ki Gen Mwens Pase 18 Lane yo .....	65
Renouvelman Anrejistrement .....	65
Chanjman Adrès.....	65
Chanjman Non .....	65
Enspeksyon Andeyò Eta a .....	65
Responsabilite Pwopriyetè a .....	65
<b>SEKSYON KAT – RÈG WOUT LA</b>	
Dwa Pasaj .....	66
Sinalizasyon Ak Pano yo .....	66
Pwogram pou Ranfòsman Limyè Wouj yo .....	66
Konprann Sinalizasyon pou Sikilasyon yo .....	66
Flèch.....	68
Sinalizasyon pou Pyeton .....	69
Sinal ki Aksesib pou Pyeton (APS).....	70
Pasaj pou Pyeton Gwo Entansite ki Aktive (HAWK) 70	
Baliz an Fòm Rektang k Ap Flache Rapid.....	70
Siyal pou Bisiklèt yo .....	71
Pano sou Ottoutou lan .....	71
Pano pou Gide yo.....	75
Pano pou Enfòmasyon yo .....	75
Baliz ki Konplete Pano yo .....	75
<b>ZÒN Y AP TRAVAY YO .....</b>	<b>75</b>
Lè w Ap Apwoche Oswa w Ap Kondwi Nan Yon Zòn Y ap Travay .....	76
Pano Reglementasyon yo .....	76
Pano Avètisman yo .....	77
Aparèy pou Gide oswa Kanalize .....	77
Pano Flèch k ap Flache.....	77
Moun ki kenbe sinal yo .....	77
<b>KÈK LWA DELAWARE KI ENPÒTAN .....</b>	<b>78</b>
Itilizasyon Telefòn Selilè/Aparèy Elektwonik Pòtab Pandan W Ap Kondwi.....	78
Sinalizasyon .....	78
Double (Depase) Lòt Machin.....	78
Kontounen Lwa yo.....	79

<b>LWA POU KONTWÒL SIKILASYON YO .....</b>	80
Lwa Jeneral yo .....	80
Sistèm Notifikasyon Ijans (ENS) .....	80
Pano ak Sinalizasyon yo nan Kafou ant Otowout ak Tren yo.....	80
Demakasyon yo ki Sou Revètman an .....	81
Vwa Revèsib yo.....	82
Vwa ki Rezèv yo.....	82
Wonpwen yo.....	82
Kòman pou itilize yon Kafou nan Fòm Dyaman ki Chanje Sikilasyon an (DDI) .....	83
Vwa Sant ki Pataje .....	84
Règ Jeneral yo .....	84
Dwa Pasaj .....	85
Kanpe Pou Otobis Lekòl yo.....	86
<b>ESTASYONNMAN .....</b>	88
Règ Jeneral yo pou Estasyonnman .....	88
Kanpe Epi Vyolasyon Estasyonnman .....	89
<b>VITÈS .....</b>	90
Restriksyon Jeneral pou Vitès.....	90
Limit Vitès.....	90
Vitès Minimòm.....	91
Pano Vitès yo .....	91
<b>LÒT ITILIZATÈ OTOWOUT LAN .....</b>	91
Pyeton .....	91
Bisiklèt .....	93
Pataje Wout La Ak Motosiklèt yo.....	96
Fonksyonnan Motosiklèt ak Mansyon Lisans yo .....	98
Mobilèt ak Tripèd yo .....	98
Machin Touteren yo .....	98
Moun ki Monte Bèt Ak Moun ki Dirije Bèt .....	99
Traktè ak Ekipman Agrikòl, Machin pou Travay sou Wout yo, ak Ekipman Konstriksyon .....	99
Kiyès Ki Pa Dwe Itilize Otowout lan .....	99
Machin k Ap Woule Dousman yo .....	99
Pataje Wout La Ak Yon Kamyon .....	99
Aksidan Nan Fè Bak.....	101
Rapòte yon Vyolasyon Sekirite Komèsyal.....	101
<b>SEKSYON SENK – KONSÈY POU KONPETANS AK SEKIRITE NAN KONDWI</b>	
<b>AVAN OU KONDWI .....</b>	102
Planifikasyon Vwayaj.....	102
Verifye Machin la .....	102
Sekirize Chajman Ou .....	104
Netwaye Sifas an Vit yo .....	104
Ajiste Syèj ak Retwovizè yo .....	105

Itilize Senti Sekirite .....	105
Itilize Atach pou Timoun yo .....	106
Bonjan Atach pou Timoun lan .....	106
Move Enfòmasyon .....	108
Dwa konstitisyonèl ak lòt dwa legal yon moun pandan yon arè sikilasyon .....	108
Lwa yo konsènan entèwogasyon ak detansyon nan men yon ajan lapolis ofisyé, prèv idantite ak konsekans si ou pa rive konfòme ou .....	109
Wòl ak pwosedi yon ajan lapolis anjeneral ak pandan yon arè sikilasyon .....	109
Kisa Pou W Fè ak Sa W Ap Atann Lè Lapolis Kanpe Ou .....	109
Kòman ak kibò pou depoze yon konpliman nan non oswa yon plent kont yon ajan lapolis .....	110
<b>KONDUIT DEBAZ .....</b>	<b>110</b>
Demare .....	110
Akselere .....	110
Pilotaj 110	
Eksé Vitès .....	111
Kanpe .....	111
Frenaj .....	112
Wè Byen .....	112
Deteksyon .....	113
Itilize Limyè Ou yo .....	116
<b>KOMINIKE .....</b>	<b>117</b>
Fè Lòt Moun Konnen Ou La .....	117
Fè Lòt Moun Konnen Sa Ou Ap Fè .....	119
<b>AJISTE VITÈS OU .....</b>	<b>120</b>
Adapte Ak Kondisyon Wout yo .....	120
Adaptasyon Ak Sikilasyon an .....	121
<b>KONDWI LANNWIT .....</b>	<b>122</b>
<b>KONDWI AK DEFANS .....</b>	<b>123</b>
<b>NAN KI NIVO OU WÈ BYEN? .....</b>	<b>123</b>
Fènwa .....	123
Lapli, Bwouya, Oswa Nèj .....	123
Ti Mòn ak Koub 123	
Machin ki Estasyone .....	124
Règ Distans Vizyon .....	124
Limit Vitès .....	124
<b>PATAJE ESPAS .....</b>	<b>124</b>
Espas devan .....	124
Espas Dèyè .....	126
Espas Sou Kote .....	126
Espas Pou Melanje .....	127
Espas Pou Travèse oswa Antre .....	127
Espas pou Depase .....	128
Espas Pou Sitiyasyon Espesyal .....	129

<b>METE OU NAN KONDISYON FIZIK POU KONDWI .....</b>	130
Vizyon.....	130
Odlyson .....	131
Fatig .....	131
Bwè ak Kondwi.....	131
Sante .....	132
Emosyon .....	132
<b>IJANS MACHIN .....</b>	133
Aparèy Pou Bloke Volan .....	133
Pann Limyè Avan .....	133
Sòti Sou Revètman an 133	
Kawotchou ki Pete.....	134
Pann Kouran .....	134
Pann Limyè Avan .....	134
Manch Pedal Akseleratè yo.....	134
Dife .....	135
Bloke Sou Ray Tren .....	135
<b>EVITE KOLIZYON .....</b>	135
Kanpe Byen Vit.....	135
Vire Byen Vit.....	135
Akselere .....	136
Jere Derapaj .....	136
<b>PWOTEJE TÈT OU NAN KOLIZYON .....</b>	136
Frapé Pa Dèyè .....	137
Frapé Sou Kote .....	137
Frapé Pa Devan .....	137
<b>AKSIDAN .....</b>	137
Nan Sèn Yon Aksidan .....	137
Si Yon Moun Blese .....	138
Rapòte Aksidan .....	138
Rapòte yon Pwoblèm .....	139
Nòt.....	139
Fòmilè Pou Rapòte Aksidan .....	142
<b>ENDÈKS .....</b>	144
<b>PAJ WÈB DMV AN .....</b>	WWW.DMV.DE.GOV
<b>PAJ WÈB POU CHOFÈ ADOLESAN .....</b>	WWW.TEENDRIVING.DMV.DE.GOV
<b>PAJ WÈB POU CHOFÈ AJE .....</b>	WWW.SENIORDRIVER.DMV.DE.GOV

# SEKSYON EN

## PREZANTASYON

Manyèl sa a ba ou enfòmasyon sou règ ak pratik pou kondwi ak pridans pou ede w vin yon chofè ki pridan. Asire w ou li manyèl la ak anpil atansyon. Amwenske ou konnen enfòmasyon ki nan manyèl sa a, ou pa kapab pase egzamen sou konesans nou yo. Manyèl sa a tante kouvri eleman prensipal yo nan lalwa Delaware; sepandan, li pa kapab kouvri tout pati nan lalwa federal oswa lalwa Eta a. Si yon konfli egziste, eben, kòd oswa lejislasyon aktyèl la ap toujou pran priyорite.

Manyèl sa a pral bay enfòmasyon ki nesesè pou kondwi yon machin òdinè. Si ou vle yon lisans pou kondwi yon otomobil komèsyal, ou ta dwe li Manyèl pou Chofè Komèsyal la. Si ou vle yon mansyon pou kondwi yon motosiklèt, ou ta dwe li Manyèl pou Operatè Motosiklèt la.

Si w gen yon andikap epi w bezwen yon aranjman espesyal pou w ka pase yon egzamen, tanpri rele epi pran yon randevou anvan w vin nan yon biwo DMV: pou vil Delaware rele 302-326-5000; pou Wilmington rele 302-434-3200; pou Dover rele 302-744-2500; epi pou Georgetown rele 302-853-1000. Tès odyo (ak kas ekoutè) disponib sou demann.

### Definisyon

**"Bisiklèt"** gen ladan sèten klas machin se moun sèlman ki fè yo fonksyone ak pedal. Tèm bisiklèt la gen ladan I tou yon machin ki gen de oswa twa wou ki gen pedal ki fonksyone totalman pedal epi yon motè elektrik ki gen mwens pase 750 watt (1 hp), kote vitès maksimòm li sou yon sifas ki gen revètman sou li, lè li fonksyone ak motè sa a sèlman pandan gen yon operatè ki monte I ki peze 170 liv, se mwens pase 20 mil nan inèdtan.

**"Espas Priyore pou Bisiklèt"** vle di yon zòn ki deziyen nan tèt yon vwa sikilasyon nan kafou yo ki bay bisiklèt yo yon fason san danje pou yo vire ak yon fason vizib pou yo pran devan sikilasyon an.

**"Sètifikasi Ble"** vle di Sètifikasi Edikasyon pou Chofè an.

**"Kondane"** vle di yo te jwenn li koupab nan yon tribinal pou yon vyolasyon lwa sou otomobil, konfiskasyon kosyon an, oswa li te plede koupab.

**"Lisans pou Chofè Komèsyal (CDL)"** vle di klas lisans pou chofè ki obligatwa pou kondwi yon Otomobil Komèsyal.

**"Pèmi Komèsyal pou Apranti (CLP)"** vle di yon pèmi ki otorize detantè a pou kondwi yon klas presi oswa mansyon yon otomobil komèsyal epi ki gen yon deantè lisans komèsyal ki nan menm klas sa a ki akonpanye I.

**"Otomobil Komèsyal (CMV)"** vle di, nan objektif pou jwenn lisans Delaware, yon otomobil ki peze, ki evalye, oswa ki anrejistre plis pase 26,000 liv; yon machin ki fèt pou pote 16 pasaje oswa plis (ansanm ak chofè a); oswa yon machin ki oblige pou yo mete pankat sou li poutèt li pote Materyèl ki Danje. Definisyon ak egzijans pou machin komèsyal nan komès ant Eta yo gendwa diferan epi yo kouvri yo nan Règlemantasyon Federal yo pou Sekirite Transpòt sou Wout yo.

**"Depatman"** vle di Depatman Transpò an ki aji dirèkteman oswa atravè ofisyé ak ajan ki otorize li yo.

**"Otowout ki Divize"** vle di tout otowout ki divize an de oswa plis chose ak yon espas entèmedyè, baryè fizik, oswa yon seksyon separasyon ki endike byen klè ki fèt pou anpeche sikilasyon machin yo.

**"Divizyon"** vle di Biwo pou Sikilasyon Otomobil la.

**"DPC"** vle di Kat Privilèj pou Kondwi ki se yon lisans pou chofè valab ki bay nan objektif pou kondwi sèlman nan e li pa dwe itilize kòm yon fòm idantifikasyon valab.

**"Chofè"** gen ladann tout moun ki gen kontwòl fizik reyèl yon machin.

**"Sètifica Edikasyon pou Chofè"** vle di sètifica yo prezante bay elèv ki fini avèk siksè yon kou Edikasyon pou Chofè Depatman Edikasyon Delaware apwouve. Sètifica a dwe ranpli tout kritè Depatman Edikasyon an pou li valab. Yo souvan fè referans ak li kòm "Sètifica Ble oswa "Sètifica Blan".

**"Otowout Eksprès"** vle di yon otowout nan Eta oswa Nasyonal ki fèt espesyalman pou sikilasyon dirèk.

**"GDL"** vle di Lisans Gradye pou Chofè gradye ki se yon pèmi limite yo bay nenpòt moun ki gen omwen laj 16 lane oswa ki poko gen 18 lane **oswa** ki poko gen 22 lane k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan kad yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) aktif e ki te fini yon kou edikasyon pou chofè ki apwouve.

**"Otowout"** vle di tout espas ant limit de liy fwontyè tout wout ki ouvè pou sikilasyon machin piblik, men li pa gen ladann wout moun oswa enstitisyon prive posede.

**"Kafou ant Otowout ak Tren yo"** vle di zòn ki komen nan youn oswa plizyè otowout ki kwaze ak oswa travèse plizyè ray tren. Ou gendwa abitye tou ak Kafou ant Otowout ak Tren yo ki konn konsidere kòm pwen pasaj anivo ant otowout ak tren yo, pwen pasaj anivo, oswa pwen pasaj tren.

**"Kat idantifikasiyon (ID)"** vle di nenpòt kalite kat idantifikasiyon ki ka itilize kòm yon fòm idantifikasiyon valab.

**"IEP"** vle di Pwogram Edikasyon Endividyalize ki se yon pwogram pou moun ki kalifye pou edikasyon espesyalize.

**"Kafou"** vle di zòn ki komen ak de oswa plis otowout ki rankontre, kit yon otowout kwaze yon lòt ou non.

**"Lisans (DL)"** vle di tout kalite lisans detantè an gen privalèj pou kondwi yon otomobil avè l.

**"Minibisiklèt"** vle di nenpòt bekann ki fonksyone ak yon motè ki gen jant pou wou yo ki gen yon gwosè ki mwens pase 10 pouz, oswa ki mwens pase 40 pouz nan longè sòti nan yon platfòm pou rive nan yon lòt, oswa ki gen yon motè ki gen yon deplasman ki mwens pase 45 santimèt kib, oswa ki gen yon syèj ki pa rive depase 25 pouz parapò ak atè a.

**"Mobilèt"** vle di yon bekann a pedal oswa san pedal ki gen 2 wou doub, nenpòt ladan yo gen 10 pouz oswa plis kòm dyamèt maksimòm, epi ki gen yon motè ki degaje konbisyon entèn ki karakterize nan sans kote deplasman piston maksimòm lan mwens pase 55 cc, oswa yon motè elektrik ki evalye ant 751 watt ak 2,000 watt.

**"Motosiklèt"** gen ladan tout otomobil ki ps fèt pou deplase sou plis pase twa wou, eksepte traktè, minibisiklèt, ak aparèy elektrik ki ede pou mobilite pèsonèl (EPAMD).

**"Otomobil"** gen ladann tout machin ki pouse tèt li ki fèt pou fonksyone sou yon chose ekspete traktè agrikòl ak OHV yo.

**"Dwe"** vle di yon aksyon oswa pratik lalwa egzije.

**"NDR"** vle di Rejis Nasyonal pou Chofè yo (National Driver Register, NDR), ki se yon baz done enfòmatize enfòmasyon sou chofè yo te kanpe oswa retire lisans yo, oswa ki te kondane pou vyolasyon sikilasyon ki grav. Ajans otomobil yo itilize NDR pou evite bay lisans ak chofè ki poze pwoblèm yo. Ou gendwa rele NDR nan 202-366-4800.

**"OHV"** vle di Machin Touteren, yon otomobil ki kapab deplase nan tout peyi an san I pa jwenn wout pou kouri sou tè, nèj, glas, etan, marekaj oswa lòt teren natirèl.

**"Pwopriyetè"** vle di yon detantè imatrikilasyon legal yon machin oswa yon moun ki ap achte yon machin alè epi ki gen dwa tousuit pou posesyon.

**"Pwen Pasaj Tren"** vle di "Kafou ant Otowout ak Tren yo" jan sa defini pi wo a.

**"Anrejistreman"** vle di sètifikasi anrejistreman an (kat) ak plak anrejistreman an (vinyèt).

**"Wout"** jan yo itilize I la gen menm siyifikasyon ak otowout.

**"Chose"** vle di pati nan otowout la ki amelyore, ki fèt, oswa ki òdinèman itilize pou sikilasyon machin, akotman pa ladan I.

**"Zòn Sekirite"** vle di yon espas yo mete ofisyèlman sou kote nan yon otowout pou itilizasyon esklizif pou pyeton epi ki make konsa.

**"SAVE"** vle di Pwogram Verifikasiyon Sistematik Dwa Etranje yo; verifye otantisite dokiman USCIS yo.

**"Otabis Lekòl"** vle di tout otomobil ki pentire ak kwom jòn nasyonal lan pou otobis lekòl, epi ki gen mo "SCHOOL BUS" ki pareò sou machin la.

**"Sekretè"** vle di Sekretè Depatman Transpò Eta sa a.

**"Ta dwe"** vle di yon aksyon oswa pratik lalwa rekòmande men I pa egzije.

**"Lari"** jan yo itilize I la, vle di yon otowout nan yon vil oswa yon distri banlye.

**"Viraj an twa pwen"** se yon manèv pou vire yon machin 180 degre nan yon ri ki jis. Li reyalize lè w vire sèk agoch prèske sou arebò twotwa a, fè bak adwat prèske sou lòt arebò twotwa a, epi finalman vire sou bò dwat chose an nan direksyon ki opoze ak jan w te ye okòmansman an (pafw a yo rele l "viraj").

**"Remòk"** vle di tout machin ki san motè ki fèt pou pote byen oswa pasaje yo epi pou yon otomobil rale I.

**"Tripèd"** vle di yon bekann a pedal oswa san pedal ki gen 3 wou, nenpòt ladan yo gen 10 pou oswa plis kòm dyamèt maksimòm, epi ki gen yon motè ki degaje konbisyon entèn ki karakterize nan sans kote deplasman piston maksimòm lan mwens pase 55 cc, oswa yon motè elektrik ki evalye ant 751 watt ak 2,000 watt.

**"Pis Siklab nan De Sans"** vle di pis siklab ki separe fizikman ki pèmèt deplasman bisiklèt nan toude direksyon yo sou yon bò nan wout la. Yo konnen I tou kòm vwa ki pwoteje pou bisiklèt, wout ki separe pou bisiklèt ak chemen pou bisiklèt yo nan lari an.

**"Machin"** vle di tout aparèy yo transpòte oswa tout moun oswa byen sou li sou yon otowout publik, eksepte aparèy ki deplase ak fòs moun oswa ki itilize sèlman sou ray oswa vwa ki fiks; epi eksepte tram elektrik ki san ray yo, aparèy elektrik ki ede pou mobilite pèsònèl, ak OHV yo.

## Sèvis sou Entènèt

DMV an bay yon varyete enfòmasyon ak sèvis sou entènèt sou sit entènèt nou an nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov), tankou pwoblèm ki gen rapò ak sèvis pou chofè, sèvis machin, ak sèvis transpò. Ou ka jwenn aksè ak fòmilè, manyèl, ak griy tarif nou yo pou telechaje oswa enprime yo fasilman. Nou gen yon sit entènèt pou chofè adolesan, [www.teendriving.dmv.de.gov](http://www.teendriving.dmv.de.gov), ak sit entènèt pou chofè aje, [www.seniordriver.dmv.de.gov](http://www.seniordriver.dmv.de.gov). Sèvis sou entènèt yo gen ladan yo notifikasiyon renouvèlman anrejistreman machin, renouvèlman anrejistreman machin, renouvèlman lisans pou chofè/kat idantite, pwogramme egzamen lari ou a, verifye sitiyasyon lisans ou a, demann odyans administratif, acha dosye kondwut, kalkilatris pou frè DMV, demann donatè ògàn, sistèm notifikasiyon pou fanmi ki pi pwòch, plak pèsonalize, mande yon kopi/chanjman adrès sou yon lisans pou chofè/ID, peye pou amann ou an pou otomobilis ki pa gen asirans yo ak emisyon oswa renouvèlman pankat pou andikape.

Tanpri vizite sit entènèt nou an pou plis sèvis nan [www.mydmv.delaware.gov](http://www.mydmv.delaware.gov)

# FRÈ POU OTOMOBIL

Anrejistremant	Frè	Otomobilis ki Pa Gen Asirans	Frè
<b>VWATI</b>		Sanksyon	**100.00
Renouvelman (chak lane)	40.00	Anrejistremant Machin	
Renouvelman Anreta	20.00	Retablisman	50.00
Vinyèt Tanporè	20.00	<b>Lisans Chofè</b>	
Pèmi Tanporè	20.00	Klas D	8 lane40.00
Enspeksyon Koutwazi	4.00	Renouvelman Klas D	8 lane40.00
Plak Pèsonalize (chak lane)	40.00	Renouvelman Pèmanan***	8 lane 24.00
Pankat pou Andikape	Motosiklèt	DPC	4 lane 20.00
Pa Peye	15.00	Lisans CDL	8 lane48.00
Espesyalite Anviwònmantal		CDL ak mansyon pou Pwodui ki Danje 5 lane	30.00
Plak (yon sèl fwa)	35.00	CDL chak mansyon anplis 5.00 Klas A/B Ki	
Pwoteksyon Bèt yo		Pa CDL	8 lane40.00
Plak (yon sèl fwa)	50.00	Mansyon pou Motosiklèt	8 lane 12.00
Konsèvasyon Tè Agrikòl yo		Validasyon Taksi	3.45
Plak (yon sèl fwa)	50.00	Frè pou Renouvelman Anreta	10.00
<b>KAMYON AGRIKÒL (CHAK LANE)</b>		Lisans Ranplasman	20.00
5,000 liv oswa mwens	40.00	Endikatè Medikal	San Frè
Plis pase 5,000 liv	*3.80	Chanjman Adrès.	Okenn Chanjman
<b>MACHIN LWAZI YO (CHAK LANE)</b>		Endikatè Veteran****	10.00
5,000 liv oswa mwens	40.00	Chanjman Non	1.15
Plis pase 5,000 liv	*6.40	Kat Idantifikasiyon ki Gen Foto	40.00
<b>REMÖK (CHAK LANE)</b>		Kat Idantifikasiyon Ranplasman ki Gen Foto	5.00
0 - 1,000 liv	15.00	Dosye Lisans pou Chofè	25.00
1,001 - 2,000 liv	20.00	Deklarasyon sou Sèman pou Dosye DL ki Setifye	30.00
2,001 - 5,000 liv	40.00	Diskalifikasyon pou CDL	
Plis pase 5,000 liv	*18.00	Retablisman	50.00
<b>MACHIN KOMÈSYAL (CHAK LANE)</b>		Retablisman Sispansyon DL	50.00
5,000 liv oswa mwens	40.00	Retablisman Revokasyon DL	200.00
Plis pase 5,000 liv	*18.00		
<b>Pou Plis Enfòmasyon</b>			
<b>Tanpri Kontakte Sit</b>			
<b>Entènèt DMV an sou</b>			
<b><a href="http://www.dmv.de.gov">www.dmv.de.gov</a></b>			
<b>Frè Lisans pou Chofè yo gen ladan yo tou pri pou pèmi pou apranti yo (Motosiklèt, Klas D, ak CDL), ki fè yo bay lisans yo.</b>			
* Pri pou chak 1,000 liv anplis 5,000			
** Plis \$5.00 Pou Chak Jou Aprè 31yèm Jou Apati Dat Yo Voye Kourye an			
*** Apati 1ye Out 2007, Biwo an p ap bay nouvo dokiman pèmanan pou lisans pou chofè ankò.			
**** Endikatè veteran an gendwa ajoute nan lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon an gratis pandan renouvelman oswa tranzaksyon kopí an.			
Sinon, gen yon frè \$10.00.			

Kopi	Frè	Imatrikilasyon	Frè
Plak ak yon Otokolan	10.00	Imatrikilasyon (ak Gaj)	55.00
Plak san yon Otokolan	5.00	Imatrikilasyon (san Gaj)	35.00
Otokolan Mansyon	5.00	Imatrikilasyon (Kopi)	50.00
Plak Konsesyonè an	6.00	Papye Machin lan	25,00
Kat Anrejistremán	10.00	Deklarasyon sou Sèman pou Machin ki Sètifye	30,00
Modèl Plak	7.00	Kenbe Frè pou Vinyèt lan <sup>a</sup>	20.00
Anviwònman/Bèt		Chanje Frè pou Sèvis Vinyèt la <sup>a</sup>	15.00
Plak pou Pwoteksyon Bèt	10.00	Frè pou Dokiman (Minimòm) <sup>b</sup>	8.00
Plak pou Konsèvasyon Tè Agrikòl	10.00		

a - Li Retire Frè pou imatrikilasyon an

b - Li kalkile kòm 4.25% nan pri acha a oswa valè kontab NADA, kèleswa sa ki pi gwo nan yo an. Frè pou dokiman kay mobil yo ap 3.75% pri acha a oswa valè kontab NADA, kèleswa sa ki pi gwo nan yo an.

## Remak

- DMV aksepte lajan kach, chèk, manda postal (money order), ak peman ak kat kredi apati Visa, American Express, Discover, ak MasterCard epi idantifikasyon ki apwopriye.
- Si w prezante yon chèk yo pa ka touche, yo ap fè ou peye yon frè amann \$25.00. Si kantite lajan orijinal la ak frè amann a pa peye nan espas 10 jou, yo ap kanpe lisans pou chofè w la ak/oswa anrejistremán an.
- DMV an p ap fè peye manm militè ki an sèvis yo, oswa pou depandan yo frè pou reta lè y ap renouvel oswa trete apre yon dat ekspirasyon si yo kapab bay prèv yo te deplwaye oswa estasyone andeyò Eta Delaware nan moman ekspirasyon an. Idantifikasyon militè ansanm ak lòd afektasyon militè yo ap bay prèv sa a.
- Lalwa Delaware pèmèt yon pwopriyetè machin ki fè echanj yon machin ki gen imatrikilasyon Delaware, lè l ap achte yon lòt machin, pou l dedwi valè machin echanj lan nan pri acha nouvo machin la. Sèten limit aplike ak kredi sa a. Gade nan Seksyon Fòmilè ak Manyèl MV347 Kredi pou Frè Dokiman yo, sou sit enténèt Biwo Sikilasyon Otomobil lan nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).
- Lalwa Delaware otorize yon pwopriyetè machin yon kredi sou enpo sou lavant, enpo sou transfè, oswa kèk prelèvman ki sanble peye yon lòt Eta sou acha yon machin nan espas 90 jou anvan yo te anrejistre machin lan nan Delaware. Règ 90 jou a aplike ak anpil severite.
- Lalwa Delaware otorize Biwo an fè peye yon frè rezonab ki pa depase \$25.00 pou nenpòt moun ki prezante yon peman yo retounen kòm yon kòb yo pa ka touche (sa vle di: chèk ki retounen oswa move kat kredi). Biwo an ap voye yon notifikasiyon nan lapòs ki sètifye nan dènye adrès yo konnen pou moun ki prezante peman yo pa ka touche an, epi li ap bay 10 jou pou fè peman an. Si yo pa resevwa peman nan espas 10 jou apre dat yo voye kourye sètifye sa a, Biwo an ap kanpe san pèdi tan lisans pou chofè moun lan oswa anrejistremán machin lan jiskaske peman an fin peye nèt.

# SEKSYON DE ENFÒMASYON SOU LISANS POU CHOFÈ

An 2010, Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan (DMV) nan Delaware te kòmanse bay lisans pou chofè ak kat idantifikasiyon sekirize pou satisfè nòm Idantifikasiyon Federal yo. Nòm idantifikasiyon federal yo te afekte sa ki te nesesè yo pou aplike oswa renouvel le lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon ou an. Tanpri pran yon ti tan pou w li sou pwosesis aplikasyon an epi chèche konnen ki dokiman w ap bezwen pou RANMASE epi POTE avèk ou pou w ka SEKIRIZE nouvo lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon w lan.

## NÒM IDANTIFIKASYON FEDERAL YO

Komisyon 9-11 lan, ki te fòme apre atak teworis sou Etazini an nan lane 2001, te bay plizyè rekòmandasyon ak egzijans ki te vize pou amelyore sekirite nasyon nou an. Yon egzijans pisan e difisil se te devlopman Nòm idantifikasiyon federal pou Eta yo swiv lè yo ap bay lisans pou chofè ak kat idantifikasiyon (DL/ID). Nòm idantifikasiyon sa yo gen entansyon konbat teworis, vòl idantite, ak lòt krim nan ranfòse entegrite ak sekirite dokiman idantifikasiyon Eta a bay yo.

- Sèten enfòmasyon ak karakteristik sekirite dwe entegre nan chak kat.
- Yo dwe bay dokiman sous yo pou prèv idantite, sitiayson legal Ozetazini, dat nesans, nimewo sekirite sosyal, ak adrès rezidans prensipal (lis dokiman DL/ID ki akseptab yo ki konfòm).
- Yo dwe verifye dokiman sous yon aplikan bay.
- Sekirite ak konfidansyalite enfòmasyon pèsonèl yo rannmase lè w ap aplike pou yon lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon dwe rete pi gwo priyorte an.

### Ki Dokiman Mwen Bezwén Pou Jwenn lisans pou Chofè ki Konfòm Mwen an?

Rezidan nan Delaware ki vle jwenn yon lisans pou chofè ki konfòm dwe fè valide dokiman sous yo. Pou detantè DL/ID ki déjà egziste yo, w ap prezante dokiman sous oriinal yo nan moman renouvèlman an, menm jan ou te fè premye fwa ou te jwenn DL/ID ou an. Sa a se yon revalidasyon ki fèt yon sèl fwa. Sèl fwa DMV ap bezwen wè dokiman sous ou ankò se si ou deside chanje nenpòt enfòmasyon ki sou DL/ID ou an, tankou yon chanjman non, oswa si dokiman imigrasyon ou yo ekspire. Tout nouvo aplikan yo pral déjà oblige montre dokiman sa a; kidonk, pou yo, li ap jan I conn ye an. Tanpri gade nan paj 21 an pou yon lis konplè sou dokiman sous ki akseptab yo.

Gen kèk kliyan ki egziste déjà ki gendwa pa vle, oswa ki pa kapab, bay dokiman sa yo. Pou moun ki nan sitiayson sa a, ou gendwa jwenn yon DL/ID ki pa konfòm. Yon DL/ID ki konfòm ka diferansye l ak etwal an lò ki nan kwen anwo adwat DL/ID a epi yon kat ki pa konfòm ka diferansye l ak fraz "Pa pou ID Federal" ki enprime nan maj anwo DL/ID a.

Yon lisans ki pa konfòm gendwa konvèti vin eta ki konfòm lan nenpòt kilè. Pou konvèti lisans ou, vizite nenpòt DMV lokal epi bay dokiman ki nesesè yo pou yon lisans ki konfòm ou jwenn nan Paj 21 an. Ap gen yon frè \$20.00 pou lisans ranplasman.

Delaware te pran desizyon pou chanje pwosesis nou an pou konfòrm yo ak nòm idantifikasiyon federal yo pou sekirite ak konfò ou. Lè w respekte nòm sa yo, anplis otorizasyon pou kondwi ak idantifikasiyon, w ap kapab itilize DL/ID ou an pou vòl domestik, antre nan etablisman federal yo, ak lòt objektif ofisyèl federal. San w pa jwenn yon DL/ID ki konfòm nan nivo federal, w ap oblige jwenn yon paspò ameriken (oswa lòt dokiman ki akseptab dapre Depatman Sekirite Enteryè an) pou fè bagay sa yo; epi jwenn yon paspò ap pran w plis tan epi koute w plis.

## EGZIJANS LISANS POU CHOFÈ YO

Si w manevre yon otomobil sou chose piblik nan Delaware, ou oblige gen yon lisans pou chofè, epi ou dwe pote l avèk ou. Ou oblige jwenn yon lisans pou chofè nan Delaware nan espas 60 jou apre w vin yon rezidan otantik nan Delaware.



### Egzanpsyon pou Genyen Yon Lisans pou Chofè nan Delaware

1. Moun k ap kondwi oswa ap manevre yon woulo konpresè, machin pou travay sou wout yo, oswa traktè agrikòl oswa yon zouti elvaj nan yon fason tanporè sou yon otowout.
2. Chofè ki pa rezidan, ki gen plis pase 16 lane, ki gen lisans aktyèlman nan Eta oswa kote yo rete an. Lisans lan dwe avèk chofè an.
3. Manm Fòs Lame Ozetazini k ap sèvi nan sèvis aktif ak nenpòt moun ki depandan manm nan si yo posede yon lisans pou chofè ki valab nan Eta kote yo domisilye an.

### Kiyès Ki Gendwa Pa Jwenn Lisans

Lalwa a pa pèmèt Biwo pou Sikilasyon Otomobil yo bay yon lisans pou chofè lè:

1. Ou gen mwens pase laj ki nesesè pou yon lisans oswa mansyon presi.
2. Ou pokò gen 18 lane epi ou pa t fini yon kou Depatman Edikasyon Delaware lan apwouve nan edikasyon pou chofè.
3. Ou pokò gen 18 lane epi ou pa ka jwenn siyati konsantman ki obligatwa sou aplikasyon w lan (anjeneral paran, gadyen tribinal nonmen oswa gadyen).
4. Yo kanpe oswa retire lisans ou oswa privilèj ou pou kondwi nan nenpot jiridiksyon.
5. Ou pa yon rezidan otantik nan Delaware.
6. Ou pa konprann pano sou wout yo nan lang anglè.

7. Fizikman oswa mantalman ou pa kapab kondwi san danje. Si w sibi pèt konesans akòz maladi sistèm nèye santral la, ou dwe bay Biwo an yon sètifikasi alekri medsen fanmi ou an ki montre andikap fizik moun sa a sou kontwòl ase pou pèmèt ou kondwi yon otomobil san danje.
8. Yo detèmine ou se yon tafyatè abityèl oswa ou gen depandans ak itilizasyon dwòg nakotik.
9. Ou pa kapab bay prèv prezans legal ou Ozetazini epi ou pa satisfè kondisyon yo pou yon DPC.
10. Enfòmasyon pèsònèl ou yo differan parapò ak enfòmasyon ki sòti nan lòt ajans yo (pa egzanp: differan dat nesans, differan non, differan nimewo Sekirite Sosyal, differan dat antre Ozetazini, differan adrès, elatriye).

## APLIKE POU YON LISANS

### Kòman Pou Mwen Jwenn Yon Lisans?

Ou dwe aplike fizikman nan Biwo pou Sikilasyon Otomobil Ian (Biwo) nan vil Delaware, Dover, Georgetown oswa Wilmington. Adrès biwo sa yo disponib sou kouvèti deyò manyèl sa a.

## EGZIJANS JENERAL YO POU APLIKAN POU LISANS POU CHOFÈ AK KAT IDANTIFIKASYON

### Sitiyasyon Imigrasyon ki Pa Elijib

Aplikan sa yo ki legalman Ozetazini nan kad sitiayson imigrasyon sa yo oswa ki gen dokiman ki pa valab oswa ki ekspire yo pa kalifye pou yon lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon Delaware bay, menm si yo te etabli rezidans nan Eta sa a men yo gendwa kalifye pou aplike pou yon Kat Privilèj pou Kondwi nan Delaware (DPC). Si w tonbe nan nenpòt nan sitiayson imigrasyon ki anba yo, tanpri gade paj 23.

- Detantè dokiman imigrasyon oswa paspò ki pa valab oswa ki ekspire.
- Detantè I-94 sa yo ki pa gen yon so INS oswa USCIS ki valab.
- Sitiyasyon imigrasyon A-1. Anbasadè, minis publik, ofisyè diplomatik oswa konsilè ki fè karyè ak depandan yo pa elijib, paske yon estati "A" gendwa sèlman resevwa yon lisans pou chofè nan men Depatman Eta Etazini.
- Sitiyasyon imigrasyon A-2 pou lòt fonksyonè oswa anplwaye gouvènman etranje ak depandan amwenske yo se ofisyè militè etranje ak/oswa depandan yo. Manm militè etranje yo ak depandan yo dwe bay yon paspò valab, I-94, yon viza, oswa yon lòd afektasyon pou yo ka kalifye.
- Sitiyasyon imigrasyon B-1. Vizitè pou biznis.
- Sitiyasyon imigrasyon B-2. Vizitè pou plezi (touris).
- Sitiyasyon imigrasyon C-1. Etranje ki ap fè eskal nan peyi Etazini.
- Sitiyasyon imigrasyon C-2. Etranje ki ap fè tranzit pou al nan distri Syé Nasyonzini an. TRajè limite ak yon reyon 25 mil nan perimèt Columbus Circle Ian nan New York.
- Sitiyasyon imigrasyon C-3. Fonksyonè gouvènman etranje k ap vini nan Nasyonzini, depandan, asistan, pèsònèl sèvis, oswa lòt anplwaye pèsònèl fonksyonè ki nan tranzit nan peyi Etazini.
- Sitiyasyon imigrasyon D-1. Manm ekipaj etranje yo.

- Sitiyasyon imigrasyon G-1. Reprezantan rezidan yon gouvènman etrane nan yon òganizasyon entènasyonal, plis anplwaye ak depandan yo.
- Sitiyasyon imigrasyon WB. Vizitè pou biznis (pwogram egzansyon viza).
- Sitiyasyon imigrasyon WT. Vizitè pou plezi (touris nan egzansyon viza (pwogram).
- Kat pou Travèse Fwontyè.

Biwo an dwe verifye sitiayson legal tout aplikan ki pa sitwayen ameriken yo ak dire sejou yo otorize pou rete Ozetazini an lè pou yo premye bay yon lisans pou chofè (ki gen ladann transfè lisans ki fêt andeyò Eta a) ak nan moman renouvelman lisans lan, moun ki pa sitwayen yo dwe prezante dokiman imigrasyon oriijinal yo. Sitwayen ameriken yo ta dwe bay yon sètifyika nesans ameriken ki sètifye; paspò ameriken ki valab, ki poko ekspire; Rapò Konsila sou Nesans Aletranje; Sètifyika Naturalizasyon; oswa Sètifyika Sitwayènte.

Dat ekspirasyon sou DL/ID a pa dwe depase peryòd tan yo otorize moun ki pa sitwayen ameriken yo. Sa asire dokiman idantifikasyon Eta a bay yo pa valab si moun ki pa sitwayen an depase tan vizit yo otorize yo nan peyi sa a. Biwo an pral verifye dokiman sous la pou asire li otantik epi li pa modifie epi konfime atravè mwayen elektwonik dokiman imigrasyon an valab.

Moun ki pa sitwayen yo dwe bay dokiman imigrasyon USCIS oswa INS ki genyen swa yon Nimewo Anrejistreman pou Etranje oswa Nimewo I-94 ki ka verifye elektwonikman atravè Sistèm Verifikasiyon Sistematik Dwa Etranje yo (SAVE) Ministè Sekirite Enteryè an. Sitiyasyon legal aplikan an ak dire sejou ki otorize an pral detèmine prensipalman atravè SAVE. Dokiman sa yo ka sèvi pou detèmine sitiayson legal ak dire sejou ki otorize an:

### **Detèmine Sitiyasyon Legal Ian/Dire Sejou ki Otorize an**

**Sitwayènte Ameriken** – Dat ekspirasyon – Lisans pou chofè ak kat idantite ki gen 8 lane.

- Paspò ameriken ki valab, ki poko ekspire
- Kopi ki sètifye yon sètifyika nesans ki depoze nan yon Biwo Eta Sivil Etazini oswa yon ajans ekivalan nan Eta nesans moun lan.
- Rapò Konsila sou Nesans Eletranje (CRBA) Depatman Eta Etazini bay, Fòmilè FS-240, DS-1350, oswa FS-545
- Sètifyika Naturalizasyon DHS bay, Fòmilè N-550 oswa Fòmilè N-570
- Sètifyika Sitwayènte, Fòmilè N-560 oswa Fòmilè N-561, DHS bay

**Imigran Rezidan Pèmanan** – Dat ekspirasyon – kat idantite lisans 8 lane. Nimewo Anrejistreman pou Etranje a obligatwa epi yo verifye I elektwonikman atravè SAVE. Si yon aplikan pa verifye elektwonikman, yo pral refere I bay USCIS pou rezoud kondisyon enkonpatibilite an.

- Kat Rezidan Pèmanan ki valab, ki poko ekspire (Fòmilè I-551) DHS oswa INS bay
- Paspò etranje ki valab, ki poko ekspire ak viza ki gen so "trete pou I-551"

**Ki pa imigran/Tanporè** – Dat ekspirasyon ki limite ak yon sejou ki otorize nan peyi Etazini ki verifye elektwonikman atravè SAVE. DMV pa kapab bay dokiman san verifikasiyon SAVE. Si yon aplikan pa verifye elektwonikman, yo pral refere I bay USCIS pou rezoud kondisyon enkonpatibilite an. Y ap itilize yon dat ekspirasyon yon lane lè dosye imigrasyon an montre "endefini" oswa "dire estati" pou peryòd sejou ki otorize an. Nimewo Fòmilè I-94 obligatwa eksepte lè Nimewo Anrejistreman pou Etranje an disponib (refijye, moun ki mande azil, moun ki sou admisyon kondisyonèl).

- Kat Rezidan Pèmanan ki valab, ki poko ekspire (Fòmilè I-551) ak kondisyon (limite 2 lane) genyen Nimewo Anrejistremou pou Etranje an (obligatwa pou verifikasiyon SAVE).
- Viza ki pa pou imigran, Dosye Arive-Depa, Fòmilè I-94 ak paspò epi viza valab ki poko ekspire oswa I-94W pou Pwogram Egzanpsyón Viza a.
- Elèv yo. Elèv etranje ki gen klasifikasiyon viza ki pa pou imigran F-1/F-2 oswa M-1 ta dwe gen yon Sètifica Kalifikasyon I-20 pou fòmilè Estati Elèv ki Pa Imigran ansanm ak paspò etranje ki poko ekspire ak kat I-94. Detantè viza J-1/J-2 yo dwe prezante yon DS-2019 oswa IAP-66 ki valab.
- Klasifikasiyon pou refijye, moun ki mande azil ak moun ki sou admisyon kondisyonèl dwe akonpanye ak lòt dokiman epi I-94 ki montre sitiyasyon imigrasyon ak Nimewo Anrejistremou pou Etranje an.
- Eksepsyon: Biwo Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Etazini (USCIS) verifye sitiyasyon legal ak dire sejou ki otorize a.

Tout aplikan yo dwe siyen yon aplikasyon lisans pou chofè, akò pou renonsiyasyon epi reponn kesonji ki apwopriye yo nan fòmilè sa yo. Aplikan ki gen lisans oswa ki gen yon kat idantifikasiyon nan yon lòt Eta dwe remèt lisans yo ak/oswa kat idantite lòt Eta yo an. Si w kalifye pou yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou dwe bay prèv. (Gade Tablo Dokiman ki Obligatwa yo)

Chak chofè dwe pase yon egzamen pou zye. Gen kèk aplikan yo gendwa refere bay doktè zye yo oswa medsen yo pou egzamen medikal anplis si yo gen yon twoub sante medikal oswa mantal ki gendwa jennen kapasite yo pou manevre yon machin san danje.

Chak aplikan pou lisans pou chofè yo dwe pase yon egzamen ekri ak egzamen lari.

### Lis Dokiman Idantifikasiyon ki Akzeptab yo

Nenpòt aplikan pou yon lisans pou chofè (DL) oswa kat idantifikasiyon (ID) oblige soumèt yon dokiman prensipal ak yon dokiman segondè nan lis sa a. Yon dokiman prensipal dwe genyen non konplè ak dat nesans la epi li dwe verifye (sa vle di: nou dwe kapab kontakte ajans ki bay dokiman an pou detèmine otantisite dokiman an). Chak aplikan dwe bay nimewo sekirite sosyal li, si li kalifye, de prèv rezidans aplikan an nan Delaware, epi moun ki pa sitwayen ameriken yo dwe bay prèv prezans legal yo Ozetazini.

**Remak:** Fo deklarasyon, tantativ fwod lè w montre lisans, kat idantite oswa dokiman ki pa valab, oswa fo deklarasyon se fo temwayaj epi yo gendwa lakoz amann epi refi pou bay lisans ak sèvis. Yo gendwa kanpe yon lisans pou chofè nenpòt lè yo jwenn fo enfòmasyon nan fòmilè aplikasyon ki siyen an. Tanpri gade tou nan paj 18 la pou enfòmasyon sou kiyès ki egzante ak/oswa kiyès ki gendwa pa jwenn lisans.



## Tanpri bay YOUN nan dokiman prèv idantite/prezans legal sa yo: (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye pap aksepte)

Dokiman sa a dwe genyen prèv konplè non legal, dat nesans, ak sitwayènte/prezans legal Ozetazini pou ka kalifye pou jwenn yon Dokiman Idantifikasiyon ki Konfòm nan nivo Federal. Non yon aplikan dwe koresponn sou tout dokiman yo.

- Sètifikasi nesans (Etazini bay). Dwe orijinal oswa kopi ki sètifye, gen yon so sèch epi se Biwo Eta Sivil oswa Konsèy Sante Eta a ki dwe bay li. Tanpri sonje kat ki nan bous yo, anrejistrem an nesans oswa anons/dosye lopital yo pa akseptab. (Si w gen mwens pase 18 lane, sètifikasi nesans la dwe gen ladann non paran an (yo).)
- Rapò konsila sou nesans aletranje
- Sètifikasi Naturalizasyon (N-550, N-570, oswa N-578)
- Sètifikasi Sitwayènte (N-560, N-561, oswa N-645)
- Kat pou Moun ki nan Marina Dinò (I-551)
- Kat Endyen Ameriken (I-551)
- Kat Idantifikasiyon Sitwayen Ameriken (I-179 oswa I-197)
- Paspò ki valab, Ameriken Si s se yon etranje, dokiman INS ki apwopriye obligatwa tou.
- Kat pou Etranje ki Rezidan (I-515, I-551, AR-3, oswa AR-103)
- Kat Idantifikasiyon pou Rezidan Tanporè (K-688)
- Kat Etranje ki pa Rezidan k ap Travèse Fwontyè Kanadyen an (I-185 oswa I-586)
- Dosye Arive ak Depa (nan yon Paspò Etranje ki valab) (I-94 oswa I-94W pou pwogram egzansyon viza)
- Dosye Arive ak Depa avèk foto ki gen so "Prèv Tanporè pou Rezidan Pèmanan ki Legal" (I-94)
- Pwosesis pou so I-551 (nan yon paspò etranje ki valab)
- Pèmi pou pou Rezidan Pèmanan Re-Antre (I-327)
- Dokiman Vwayaj pou Refijye (I-571)
- Kat Otorizasyon Travay (I-688A, I-688B, I-766)
- Dosye ak Viza Imigrasyon Kanadyen oswa Dosye Aterisaj (IMM 1000)
- <sup>1</sup>Lisans pou chofè Eta a bay ki Konfòm nan nivo Federal ki gen foto
- <sup>1</sup>Kat ID ki gen foto Eta/Pwovens/Teritwa a bay ki Konfòm nan nivo Federal

**Remake:** Si aplikan an poko gen 18 lane oswa si li kalifye pou pwogram IEP GDL lan, yo dwe prezante yon dokiman ki gen non paran (yo) oswa gadyen legal (yo) (tankou yon sètifikasi nesans oswa yon dokiman tribinal).

## Tanpri bay **YOUN** nan prèv idantite/dokiman prezans legal sa yo (suit): (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifie p\_ap aksepte)

- 1<sup>2</sup> Òdonans tribinal. Dwe genyen non konplè, dat nesans lan ak so tribinal la. Egzanp yo gen ladan yo: dokiman adopsyon, dokiman pou chanjman non, dokiman sou sèks, elatriye. Li pa gen ladan I ekstrè kondanasyon kriminèl oswa sivil.
- 1<sup>2</sup> Lisans pou chofè Eta a bay ki gen foto
- 1<sup>2</sup> Kat ID ki gen foto Eta/Pwovens/Teritwa a bay
- 1<sup>2</sup> Plastifikasyon/kopi sètifye lisans pou chofè oswa Kat ID
- 1<sup>2</sup> Lèt ofisyèl ki sòti nan eta sivil lan ki verifye non konplè ak dat nesans
- 1<sup>2</sup> Dosye lekòl oswa relve nòt ki sètifye ki verifye non konplè ak dat nesans

<sup>1</sup> Yo dwe akonpanye ak yon dokiman Sitwayènte Ameriken oswa prèv valab prezans legal Ozetazini

<sup>2</sup> Dokiman ki pa akseptab pou kalifye pou yon Dokiman Idantifikasiyon ki Konfòm nan Nivo Federal; sepandan aplikan yo gendwa kalifye pou yon dokiman idantifikasiyon ki pa konfòm.

## Tanpri bay **YOUN** nan sa ki suiv yo pou prèv yon Nimewo Sekirite Sosyal (SSN): (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifie p\_ap aksepte)

- Kat Sekirite Sosyal
- Fòmilè W-2 pou enpo
- Fòmilè SSN 1099
- Fòmilè SSN ki pa 1099
- Souch peman ki gen SSN konplè
- Nenpòt dokiman ki valab ki sòti nan Administrasyon Sekirite Sosyal (SSA) ki gen SSA konplè (Kat Medicare/Medicaid pa akseptab) • Fòmilè pou enpo 1040
- Lèt ineligibilité ki sòti nan SSA (yo bay li sèlman si w pa kalifikye dapre estati prezans legal ou)\*\*

<sup>\*\* Dokiman pa akseptab pou kalifye pou yon dokiman idantifikasiyon ki konfòm federalman; sepandan, aplikan yo gendwa kalifye pou yon dokiman idantifikasiyon ki pa konfòm</sup>

## Tanpri bay **DE** nan sa ki suiv yo pou prèv rezidans nan Delaware: (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifie p\_ap aksepte)

**Remake:** Chak gress nan de prèv rezidans yo dwe sòti nan sous separe epi yo dwe montre adrès fizik yon moun, pa yon adrès "sèvis pou" (sétadi; bwat Biwo Postal) epi yo dwe gen yon so lapòs nan 60 espas dènye jou yo. Yo P AP aksepte lèt/kat ki pa biznis.

- Bòdwo Sèvis Piblik
- Relve Kat Kredi
- Kontra Asirans pou Machin oswa Vi
- Dosye Kont Labank
- Dosye Travay
- Kontra Lokasyon
- Fòmilè konfirmasyon chanjman adrès sèvis lapòs Etazini an/ kourye ki gen yon so lapòs ak yon adrès pou voye I tounen
- Lòt kourye ki pa pèsonèl I ki gen yon so li nan espas 60 dènye jou yo

<sup>\* Kourye an dwe te livre ak USPS epi li dwe gen yon so lapòs oswa ou te resevwa I nan espas dènye 60 jou yo. (Yo pa aksepte UPS/FedEx/DHL). Chak gress nan de prèv rezidans yo dwe sòti nan sous separe epi yo dwe montre adrès fizik moun lan, non pa yon bwat postal\*</sup>

## Tanpri bay tout prèv ki suiv sa yo sou chanjman non legal la: (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye p ap aksepte)

**Remake:** Si w te gen plizyè chanjman non (tankou plizyè maryaj/divòs) w ap bezwen bay **tout** dokiman chanjman non yo. Ou dwe chanje non w ak Administrasyon Sekirite Sosyal lan epi tann 48 èdtan anvan w parèt nan DMV.

- Lisans maryaj/sètifica inyon sivil ki valab yon ajans gouvènman an dwe bay avèk yon so sèk. Yo pa aksepte sètifica maryaj yon otorite reliye siyen.
- Dokiman pou chanjman non yon tribunal ôdone ki finalize
- Dekrè divòs ki finalize ki endike non legal ou. (Yon gendwa itilize yon dekrè divòs kòm otorite pou rekòmanse itilize yon ansyen non, sèlman si li genyen nouvo non an ak ansyen non an epi li otorize yon retou nan non anvan an.)

## Egzijans pou Adopsyon Etranje pou Minè

Si yo te adopte yon minè epi li te fèt andeyò Etazini, yo pral mande plis enfòmasyon apa sa ki endike nan Lis Dokiman Idantifikasiyon ki Akseptab yo nan paj 21 an. Yo dwe bay prèv sitwayènte oswa prezans legal, menmsi se yon sitwayen ameriken ki te adopte minè an. Si yo te chanje non minè an pandan adopsyon an, prèv chanjman non an ak dokiman adopsyon yo gendwa obligatwa, selon sitiayson an.

**Egzanz 1:** Si minè an bay sètifica nesans etranje li pou prèv paran yo ansanm ak prèv sitwayènte oswa prezans legal lan, epi non an (yo) pa koresponn nan tout dokiman yo, yo AP egzije prèv chanjman non legal la. Prèv ki akseptab yo ta dwe dokiman adopsyon orijinal ki montre chanjman non an oswa yon dokiman legal chanjman non atravè tribunal la.

**Egzanz 2:** Si minè an bay sètifica nesans etranje li pou prèv paran yo ansanm ak prèv sitwayènte oswa prezans legal lan, epi non an (yo) koresponn nan tout dokiman yo, prèv chanjman non legal la P AP obligatwa.

**Remake:** Si paran adoptif yo PA enskri sou sètifica nesans la, yo ap egzije dokiman adopsyon an nan toude senaryo yo mansyone pi wo a.

\*\*Tout dokiman yo dwe orijinal oswa kopi ki sètifye. Yo p ap aksepte fotokopi, dokiman ki ekspire oswa ki modifie. Si yon dokiman nan yon lòt lang, yon tradiksyon sètifye an anglè gendwa obligatwa tou.

Si w chèche plis konsèy, kontakte depatman Lisans pou Chofè an nan 302-744-2505 oswa vizite sit entènèt nou an nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov)

## EGZIJANS YO POU KAT PRIVILÈJ POU KONDWI AN

An janve 2016, Biwo pou Sikelasyon Otomobil nan Delaware lan (DMV) te kòmanse trete aplikasyon pou Kat Privilèj pou Kondwi yo (DPC). Delaware DPC an se yon lisans pou chofè valab ki bay nan objektif pou kondwi sèlman nan Eta Delaware lan epi li **pa** dwe itilize kòm yon fòm idantifikasiyon valab. DPC a disponib sèlman pou rezidan etranje nan Delaware ki pa kapab bay dokiman sou prezans legal nan peyi Etazini epi ki satisfé sèten kondisyon kalifikasyon. **\*\*US Sitwayen ak detantè dokiman sou prezans legal valab yo pa kalifye pou yon DPC. \*\***

Frè pou DPC a se \$20.00 epi li valab pou yon peryòd 4 lane. Pèmi ak Kat Privilèj pou Kondwi a pral gen jagon klé sa a "Privilèj pou Kondwi Sèlman" ak "Pa Valid pou Idantifikasiyon" sou fas li. Tout detantè DPC yo ka sibi tout lwa, règ ak règlemantasyon sou kondwi yo nan Delaware.

## Kòman pou Mwen Jwenn yon Kat Privilèj pou Kondwi?

Tout aplikan ki kalife yo dwe kontakte Biwo pou Idantifikasyon nan Eta Delaware lan (SBI) nan 302-739-2528 pou kòmanse pwosesis aplikasyon DPC an. SBI pral ranmase anprentt, epi valide idantifikasyon. Yon ajan SBI pral bay yon dokiman ki gen yon nimewo resi ofisyèl ak yon dat DMV "pou vini nan tèl dat oswa apre" pou pwosesis DMV an.

Aplikan yo dwe ranmase tou yon dokiman Sètifikasyon Konfòmîte Depo nan men Biwo Revni Delaware lan ki konfime yo te fè deklarasyon enpo sou revni nan Delaware pou de lane anvan yo. Aplikan yo ta dwe vizite sit entènèt Biwo Revni an nan [www.revenue.delaware.gov](http://www.revenue.delaware.gov) pou pran dokiman Sètifikasyon pou Konfòmîte Depo an tousuit oswa rele biwo Divizyon Revni an nan 302-577-8200 pou pran yon randevou pou jwenn youn. Dokiman sa a ap genyen non aplikan yo ak dat nesans yo, lane yo te fè deklarasyon enpo sou revni yo, Nimewo Idantifikasyon Endividye'l pou Enpo (ITIN) oswa Nimewo Sekirite Sosyal (SSN), ak yon kòd pou lokalize dokiman.

Lè aplikan yo rive nan DMV yo dwe prepare epi yo dwe gen tout Dokiman ki Obligatwa yo, ki dwe nan fòm oriinal yo oswa sètifye. Tanpri gade Tablo Dokiman ki Obligatwa DPC yo pou dokiman ki nesesè yo. *Yo p ap aksepte fotokopi, dokiman ki modifiye oswa ki eksپire.* Dokiman nan lang etranje yo dwe tradwi nan lang anglè, yon tradiktè pwofesyonèl fè, epi akonpanye dokiman oriinal ki nan lang etranje a.

Tout aplikan yo dwe siyen yon aplikasyon DPC epi reponn kesyon ki apwopriye yo nan fòmilè sa a. Aplikan sa yo ki gen lisans nan yon lòt Eta dwe remèt lisans yo ki sot nan lòt Eta a. Si w kalife pou yon Nimewo Sekirite Sosyal, ou dwe bay prèv. (Gade Tablo Dokiman ki Obligatwa DPC yo)

Chak aplikan dwe pase yon egzamen pou zye. Gen kèk aplikan yo gendwa refere yo bay doktè zye yo oswa medsen yo pou egzamen medikal anplis si yo gen yon twoub sante medikal oswa mantal ki gendwa jennen kapasite yo pou manevre yon machin san danje.

Chak aplikan dwe pase yon egzamen ekri ak egzamen pou konpetans lari.

### Tablo Dokiman DPC ki Obligatwa yo

Kliyan k ap aplike pou yon Kat Privilèj pou Kondwi nan Delaware (DPC) dwe bay:

- Resi SBI.
- Dokiman Sètifikasyon Konfòmîte Depo Biwo Revni an.
- Prèv valab pou non ak dat nesans.
  - Si l gen mwens pase 18 lane, li dwe genyen tou yon kopí sètifica nesans oriinal ak yon kopí ki tradwi.
- Prèv valab nenpòt/tout chanjman non (yo) si sa aplikab.
- De prèv separe valab rezidans nan Delaware.

Itilize direktiv ki suiv yo la sou dokiman ki akseptab yo nan tablo ki anba yo pou ede w detèmine dokiman ki nesesè yo lè w ap aplike pou yon Kat Privilèj pou Kondwi.

\*US Sitwayen ak moun ki gen prezans legal valab yo pa kalifye pou yon DPC.

### Bay dokiman ki suiv lan ki sòti nan Biwo pou Idantifikasyon nan Eta (SBI): (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye p ap aksepte)

Resi SBI ki genyen:

- Non
- Adrès
- Nimewo resi SBI
- Dat yo bay pou parèt nan DMV an

\*Y ap verifye l ak SBI nan DMV an lè w ap aplike\*

### Bay dokiman ki suiv lan ki sòti nan Biwo Revni an (DOR): (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye p ap aksepte)

Dokiman yo ki sòti nan Biwo Revni an genyen:

- Non ou (ak mari oswa madanm ou ak/oswa moun ki depandan ou yo).
- Ane deklarasyon enpo yo te fèt
- Pa w lan (ak/oswa moun ki depandan ou yo) ITIN/SSN
- Kòd pou Lokalize Dokiman Biwo Revni an

\*Y ap verifye l ak Biwo Revni an nan DMV lè w fè aplikasyon an\*

### Bay YOUN nan dokiman valab sa yo (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye p ap aksepte)

Dokiman Etranje ki valab, ki apwouye bò kote Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan (DMV) epi ki verifye elektwonikman bò kote DMV:

- Paspò Etranje ki valab, ki poko ekspire
- Dokiman idantifikasiyon konsila ki valab, ki poko ekspire, peyi w gen sitwayèntre an bay

\*Dokiman altènatif ki apwouye pou Meksik\*

- Kat Elektoral Federal Meksiken (Instituto Federal Electoral (IFE)  
Credencial para Votar)

\*Si w gen mwens pase 18 lane, ou dwe genyen tou yon orijinal kopi epi yon kopi tradwi sètifica nesans yo anplis youn nan dokiman ki endike anwo yo\*

### Kat Konsilè ki Valab yo Aksepte (Dokiman ki Fotokopi, ki Ekspire oswa ki Modifye p ap aksepte)

\*Tanpri sonje lis sa a ka chanje\*

#### Non Peyi a

- Brezil (Carteira de Matricula Consular)
- Kolonbi (Consular Registration)
- Ekwatè (Tarfeta De Identification Consular)
- Gwatemala (Tarfeta de Identificacion Consular)
- Meksik (Matricula Consular)

## Chanjman Non (si sa aplikab)

### Bay TOUT dokiman ki suiv yo la ki valab (Dokiman Fotokopi oswa ki Modifye p ap aksepte)

- Lisans maryaj/sètifica inyon sivil ki valab – yon ajans gouvènman an dwe bay avèk yon so sèk. Yo pa aksepte sètifica maryaj otorite relije siyen.
- Dokiman pou chanjman non yon tribinal ôdone
- Dekrè divòs ki finalize ki endike non legal ou. (Yon gendwa itilize yon dekrè divòs kòm otorite pou reprann yon ansyen non, sèlman si li genyen nouvo non an ak ansyen non an epi li otorize retounen nan non anvan an.)

\*Dokiman yo dwe tradwi nan lang anglè, yon tradiktè pwofesyonèl fè,\*

### Bay DE nan sa ki suiv yo pou prèv rezidans nan Delaware: Yo p ap aksepte fotokopi, enpresyon bòdwo, lèt/kat ki pa biznis.

- Bòdwo Sèvis Piblik
- Relve Kat Kredi
- Kontra Asirans pou Machin oswa Vi
- Dosye Kont Labank
- Dosye Travay
- Kontra Lokasyon
- Fòmilè konfirmasyon chanjman adrès sèvis lapòs Etazini an/ ki gen yon so lapòs ak yon adrès pou voye l tounen
- Lòt kourye ki pa pèsonèl i ki gen yon so li nan espas 60 dènye jou yo

\* Kourye an dwe te livre ak USPS epi li dwe gen yon so lapòs oswa ou te resevwa l nan espas dènye 60 jou yo. (Yo pa aksepte UPS/FedEx/DHL). Chak grenn nan de prèv rezidans yo dwe sòti nan sous separe epi yo dwe montre adrès fizik moun lan, non pa yon bwat postal\*

## Lisans Gradye pou Chofè

Pwogram Lisans Gradye pou Chofè an (GDL) disponib pou nenpòt moun k ap chèche yon lisans pou chofè ki gen omwen laj 16 lane oswa ki poko gen 18 lane **oswa** ki poko gen 22 lane epi k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal nan kad yon Pwogram Edikasyon Endividyalize (IEP) aktif.

Pwogram GDL lan te fèt pou redwi gwo pou santaj aksidan ak lanmò pami jèn chofè yo. Patisipan GDL ki kalifye yo pral resevwa plis eksperyans kondwi ki sipèvize ak rediksyon ekspozisyon ak sitiyyason kondwi ki gen gwo risk. Paran oswa esponnsò ki sinyatè obligatwa a pral patisipe aktivman nan fòmasyon patisipan GDL ki kalifye a epi detèmine lè patisipan GDL lan kapab gen ogmantasyon otorite pou l kondwi.

**REMAK:** Patisipasyon nan pwogram GDL lan opsyonèl pou nenpòt moun ki gen 18 lane oswa plis. Si w pa patisipe nan egzijans pwogram GDL yo, pa gen okenn esponnsò ki nesesè epi yo pral egzije yon egzamen pou zye, konesans ak konpetans nan lari an nan DMV.

Pou plis enfòmasyon vizite sit entènèt DMV an nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov) oswa sit entènèt pou chofè adolesan nou an nan [www.teendriving.dmv.de.gov](http://www.teendriving.dmv.de.gov).

**GDL: Pèmi pou Apranti Nivo En**

Egzijans pou kalifikasyon aplikan an:

1. Dwe gen omwen 16 lane ak mwens pase 18 lane – **OSWA** – nan yon IEP aktif ki gen omwen 16 lane epi ki gen mwens pase 22 lane.
  2. Dwe prezante yon Sétifikasi Edikasyon pou Chofè nan Delaware (Sétifikasi Ble/Blan) kòm prèv ou te pase yon Kou Edikasyon pou Chofè nan Delaware ki sètifye. Si ou te pase yon kou nan yon lòt Eta, sétifikasi andeyò Eta ou an dwe apwouye bò kote Depatman Edikasyon an; apwobasyon sa a dwe prezante bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan. Pou apwobasyon voye sétifikasi a bay Department of Education, Attn: Education Associate Driver Education and Private School Services, Collette Education Resource Center, 35 Commerce Way, Suite 1, Dover, Delaware 19904, oswa fakse i bay 302.739.1769 (Telefòn 302.857.3320). Pou plis enfòmasyon vizite sit entènèt nou an nan [www.doe.k12.de.us](http://www.doe.k12.de.us).
  3. Dwe bay dokiman ki pwouye idantite aplikan an, prezans legal, nimewo sekirite sosyal, si li kalifye, ak de prèv rezidans nan Delaware (de prèv egzijans rezidans nan Delaware yo ap anile si esponnsò an se yon chofè ki gen lisans nan Delaware epi li abite nan menm adrès ak aplikan an). Gen yon lis dokiman ki apwouye yo nan Tablo Dokiman ki Obligatwa yo ki nan chapit sa a (paj 21-23). Gen yon lis dokiman ki apwouye yo pou DPC GDL nan Tablo Dokiman ki Obligatwa yo pou DPC an nan chapit sa a (paj 24-26).
  4. Tout aplikasyon pou pwogram GDL lan dwe pote siyati yon esponnsò. Se esponnsò a ki responsab ansanm ak aplikan GDL lan pou nenpòt domaj ki sòti nan neglijans aplikan GDL lan. Esponnsò a gen otorite final pou detèmine si aplikan GDL lan kapab okipe responsablite pou manevre yon otomobil ak otorite pou deziyen kiyès ki gendwa sipèvize chofè GDL lan. Esponnsò a gendwa retire mansyon yo an nenpòt kilè jiskaske minè an rive nan laj 18 lane oswa aplikan GDL IEP an fini 12 mwa pwogram GDL lan, kidonk anile nenpòt privilèj pou kondwi ki valab. Yo bay esponnsò ki suiv yo la nan lòd preferans yo:
    - a. Swa papa oswa manman aplikan GDL lan si toude paran yo ap viv ansanm nan Eta sa a epi minè an abite ak toude paran yo. (Remak: Yo verifye paran yo apati orijinal oswa kopi ki sètifye sétifikasi nesans aplikan GDL lan ki dwe gen ladann non manman ak/oswa papa. Bèl paran yo pa kapab aji kòm yon esponnsò amwenske yo adopte aplikan GDL lan oswa yo nonmen i kòm gadyen l.)
- OSWA -**
- b. Papa aplikan GDL lan, si papa a ap viv nan Eta sa a epi aplikan GDL lan abite ak papa a sèlman. Manman aplikan GDL lan, si manman an ap viv nan Eta sa a epi aplikan GDL lan abite ak manman an sèlman. Papa oswa manman, si papa a oswa manman an abite nan Eta sa a, epi aplikan GDL lan pa abite ak okenn paran, epi aplikan GDL lan pa gen okenn gadyen legal nan Eta sa a. (Remak: Yo verifye paran yo apati orijinal oswa kopi ki sètifye sétifikasi nesans aplikan GDL lan ki dwe gen ladann non manman ak/oswa papa. Bèl paran yo pa kapab aji kòm yon esponnsò amwenske yo adopte aplikan GDL lan oswa yo nonmen i kòm gadyen l.)

## **OSWA -**

- c. Gadyen legal oswa gadyen tribunal nonmen pou aplikan GDL lan, ki nonmen kòmsadwa dapre lwa Eta sa a.

## **OSWA -**

- d. Nenpòt moun ki apwopriye ki akseptab fè pou Sekretè Transpò a oswa Chéf Sèvis Chofè an, 302-744-2556. Division of Motor Vehicles, Attn: Chief of Driver Services, PO Box 698, Dover DE 19903.
- e. Esponnsò a dwe siyen aplikasyon pou lisans pou chofè aplikan GDL lan nan prezans yon anplwaye pou lisans Biwo an.
- f. Esponnsò ki siyen aplikasyon pwogram GDL lan gen otorite final sou prilèj pou kondwi aplikan GDL lan epi li gendwa retire mansyon yo an nenpòt kilè pandan pwogram GDL 12 mwa a. Nan ka minè yo, apre pwogram lan fini, esponnsò a kapab retire mansyon yo an jiskaske minè an rive nan laj 18 lane.
5. Aplikan an dwe peye yon frè \$40.00 pou lisans Klas D epi li dwe pase yon egzamen pou zye nan moman aplikasyon an. Tout nouvo lisans yo ap lisans 8 lane.
6. Aplikan GDL ki egzije evalyasyon, fòmasyon oswa ekipman espesyalize pou maneuvre yon machin akòz yon andikap fizik oswa mantal, se pwofesè edikasyon pou chofè an ki pral idantife yo e Biwo an pral teste yo.

### **GDL: Restriksyon sou Pèmi pou Apranti Nivo 1:**

1. Pèmi a dwe avèk detantè pèmi a lè l ap kondwi yon otomobil.
2. Detantè pèmi a ak tout pasaje yo dwe mete yon senti sekirite oswa yo dwe sekirize yon syèj sekirite pou timoun oswa yon syèj ki elve l pandan machin lan ap deplase.
3. Detantè pèmi a pa dwe kondwi yon machin pandan l ap itilize yon telefòn sellè, aparey pou mesaj téks, oswa aparey elektwonik ki menm jan an.
4. Okenn pasaje apa yon sipèviziè adilt ak yon lòt pasaje pa kapab nan machin lan pandan tout premye 12 mwa yo nan otorite valab pou kondwi an. Sepandan, restriksyon pasaje yo nan paragraf sa a pa aplike pou manm fanmi chofè an toutotan sipèviziè adilt la nan machin lan.
5. Lè detantè pèmi a sou sipèviziòn obligatwa, sipèviziè a dwe yon paran, gadyen oswa yon chofè ki gen lisans ki kòrèk (esponnò a apwouwe) ki gen omwen 25 lane e ki gen yon lisans Klas D pandan omwen 5 lane. Chofè k ap sipèvize an dwe chita bò kote detantè pèmi a nan syèj devan machin lan lè li ap deplase. Okenn lòt moun apa chofè k ap sipèvize a pa kapab nan syèj devan an.
6. Pou premye simwa apre yo te bay yon Pèmi pou Apranti Nivo En:
  - a. Detantè pèmi a dwe sou sipèviziyon **toutan**.
  - b. Esponnsò a dwe sètifye detantè pèmi a te kondwi pandan 50 èdtan; 10 ladan yo gen ladann kondwi lannwit. Sètifikasyon an dwe voye bay Depatman Edikasyon an apre sis premye mwa otorite valab pou kondwi an.
7. Apre sis premye mwa kondwi ak yon Pèmi pou Apranti Nivo En otorite:

- a. Detantè pèmi a gendwa kondwi san sipèvizon ant 6:00 a.m. e 10:00 pm.
  - b. Detantè pèmi a gendwa kondwi ant 10:00 p.m. e 6:00 a.m. sèlman lè li sou sipèvizon. Eksepsyon: Detantè pèmi a gendwa woule san sipèvizon pandan lè sa yo lè li ale dirèkteman epi sòti nan aktivite legliz, aktivite travay, ak aktivite lekòl detantè pèmi a nan espas lekòl la.
  - c. Okenn pasaje apa sipèviziè adilt la ak yon lòt pasaje pa kapab nan machin la eksepte manm fanmi imeda chofè an si sipèviziè adilt la nan machin lan. Pandan dezyèm peryòd simwa nan kondwi san sipèvizon an, lè yon sipèviziè pa preznan, se sèlman yon lòt pasaje anplis chofè an ki ka nan machin la.
8. Yo konsidere moun ki vyole restriksyon sou Pèmi pou apranti Nivo 1 yo kòmkwa yo kondwi san lisans, sa ki pral lakoz yon sispanson de mwa pou premye enfrafrakson an ak yon sispanson kat mwa pou lòt enfrafrakson ki vin apre yo.

### Kalifikasyon pou yon Lisans pou Operatè Klas D

Yon detantè pèmi GDL pou Apranti Nivo 1 ki pokonbo gen laj 18 lane gendwa jwenn yon Lisans pou Operatè Klas D lè I reyisi pwogram GDL 12 mwa a, depi esponnsò a pa retire mansyon yo an epi yo pa aktyèlman kanpe, retire, anile, refize, oswa remèt privilèj aplikan an pou I kondwi. Si detantè yon pèmi GDL pou Apranti Nivo 1 gen 18 lane oswa plis, li gendwa jwenn yon Lisans pou Operatè Klas D tou lè I fini pwogram GDL 12 mwa a jan yo endike I anwo a. – oswa – gendwa chwazi pou pase egzamen pou zye an, egzamen ekri ak egzamen pou konpetans lari an nan DMV an.

**REMAK:** Pèmi GDL pou Apranti Nivo 1 an pral otomatikman konvèti an yon lisans Klas D yon fwa detantè pèmi a fini 12 mwa otorite valab pou kondwi an. Tan yo utilize pou kalkile 12 mwa eksperyans kondwi ki obligatwa yo pa dwe gen ladan yo okenn peryòd tan lè yo te kanpe, retire, anile, refize, oswa remèt privilèj pou kondwi detantè pèmi a. Y ap ajoute yon peryòd eksperyans kondwi anplis ki ekivalan ak sispanson, revokasyon, anilasyon, refi oswa remiz nan fen peryòd orijinal 12 mwa epi detantè pèmi a dwe sibi tès konplè. Sa a pral asire detantè pèmi a te konplètman respekte 12 mwa ki obligatwa yo pou otorizasyon valab pou I kondwi yo.

### Egzijans yo pou Aplikan pou Premye Fwa yo ki Gen Plis Pase 18 lane

#### Pèmi Enstriksyon Tanporè (Pèmi pou Apranti)

Objektif pèmi pou apranti an se pou pèmèt ou kondwi klas otomobil ou vle yon lisans pou chofè pou li an. Peman an dwe fèt nan moman aplikasyon an, epi ou dwe pase tout egzamen yo nan espas douz mwa. Yo bay pèmi a apre ou fin reyisi depistaj pou zye yo ak egzamen sou konesans yo. Apre w fin pase egzamen sa yo epi w fin peye frè ki nesesè yo, y ap bay yon pèmi pou apranti pou douz mwa. Pandan w ap aprann kondwi ou dwe akonpanye ak yon chofè ki gen lisans ki kalifye pou kondwi klas machin w ap antrene sou li a, epi yo dwe gen omwen 21 lane.

Pou jwenn lisans ou, ou dwe pase yon EGZAMEN LARI, men pa jiskaske omwen 10 jou apre yo te bay pèmi a.

#### Transfè Lisans Apati Lòt Jiridiksyon Pu Vin Nan Delaware (18 lane oswa plis)

**Chofè ki Sòti nan Lòt Eta.** Si w demenaje nan Delaware sòti nan yon lòt Eta, ou dwe aplike pou yon lisans pou chofè nan Delaware nan espas 60 jou apre ou vin yon rezidan. Ou dwe remèt lisans pou chofè yo te ba w andeyò Eta a oswa ou dwe gen yon kopi aktyèl dosye kondwi ou ki sètifye, bay prèv prezans legal tankou yon sètifica nesans oswa paspò, prèv nimewo sekrite sosyal, ak de prèv rezidans nan DE. Si ou bay bonjan dokiman, y ap ba w yon lisans pou chofè ki konfòm ak nòm federal yo. Tanpri gade paj 21-24 yo pou jwenn yon lis dokiman ki akseptab pou plis enfòmasyon. Apikan yo ap oblige siyen yon aplikasyon, yon akò pou renonsiyasyon, epi pase yon egzamen vizyon. Yo gendwa bay egzamen alekri ak egzamen lari, men nòrmalman yo anile yo si lisans ou an valab. Lisans yo kanpe epi retire yo pa ka transfere jiskaske tout aksyon retrè ki annatant yo fin otorize.

Yon mansyon pou motsiklèt ki sòti nan yon lòt Eta ka transfere pou yon frè anplis. Kamyon-sitèn ki gen mansyon komèsyal yo (N), Doub/Trip (T) ak Pasaje

(P) ka transfere tou. Restriksyon espesyal aplike konsènan transfè yon mansyon Pwodui ki Danje (H/X), tankou yon egzamen sou konesans, verifikasiyon ankèt sou antedesan ki favorab ak prèv dokiman nesans/imigrasyon.

Mansyon pou Otobis Lekòl lan (S) otorize pou transfere nan Delaware yon fwa yo satisfè egzijans Depatman Edikasyon Delaware lan tabli yo ak nan 21. Del. C § 2708 e yo te reyisi fòmasyon nan yon Eta anvan ki ekivalan oswa pi wo pase sa ki te suiv nan Eta Delaware lan. **Mansyon pou Taksí/Limouzin (Z) pa ka transfere.**

**Chofè ki sòti nan lòt peyi ak teritwa ameriken.** Chofè ki pa rezidan ki gen plis pase 16 lane ki gen yon lisans valab pou konte oswa Teritwa Ameriken yo an gendwa manevre otomobil sou otowout Eta sa a lè lisans yo avèk yo la menm.

Swasant jou apre chofè ki pa rezidan an vin tounen yon rezidan nan Delaware, yo dwe aplike pou yon lisans pou chofè nan Delaware. Chofè ki sòti nan lòt peyi yo gendwa kenbe lisans etranje yo. Tout chofè ki gen lisans nan lòt peyi ak teritwa ameriken yo dwe pase egzamen sou konesans ak egzamen lari yo.

Eksepsyon: Delaware gen yon akò resiposite ak Almay, Taywann (Republik Lachin) ak Lafrans, kidonk li egzante chofè sa yo nan egzamen sou konesans ak egzamen lari pou yon lisans Klas D sèlman. mMansyon yo pa nan akò resiposite yo.

### Transfè Lisans Apati Lòt Jiridiksyon Pu Vin Nan Delaware

(Ki poko gen 18 lane)

Moun sa yo ki gen omwen 16 lane men ki gen mwens pase 18 lane yo epi yo te resevwa yon lisans pou chofè nan men lòt Eta dwe jwenn yon lisans nan Delaware nan espas 60 jou apre yo vin yon rezidan nan Delaware.

- a. Apikan an fini yon kou edikasyon pou chofè ki apwouve. Depatman Edikasyon an pral asire l' kou andeyò Eta yo ekivalan ak egzijans edikasyon pou chofè yo nan Delaware. (Gade nan Pèmi pou Apranti Nivo 1)
- b. Apikan an dwe pase yon egzamen alekri ak egzamen lari Biwo pou Sikilasyon Otomobil Delaware lan fè ak yon depistaj pou zye.
- c. Aplikasyon an dwe pote siyati yon esponnsò ki apwouve
- d. Si yo te bay aplikan minè an yon lisans andeyò Eta a pandan plis pase 12 mwa, li gendwa kalifye pou yon Lisans pou Operatè Klas D apre li fin ranpli tout egzijans tès yo.
- e. Si yo te bay aplikan minè an yon lisans andeyò Eta a pandan mwens pase 12 mwa, yo gendwa kalifye pou yon Pèmi pou Apranti Nivo En.

## Renouvelman Lisans

Lisans pou chofè nan Delaware ka renouvre nan nenpòt etablisman Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan. Yo ap bay lisans pou chofè yo pou uit lane, eksepte pou dire sejou Imigrasyon, detantè Pwodui ki Danje ak detantè Kat Privilèj pou Kondwi yo. Ou peye yon frè \$10.00 anreta si renouvelman an fèt apre dat eksipirasyon an. Si w gen yon mansyon pou motosiklèt, frè a ogmante \$12.00. Si ou gen yon mansyon taksi, frè a ogmante \$3.45.

Ou gendwa renouvre nenpòt kilè pandan peryòd 180 jou an (sis mwa) anvan eksipirasyon lisans ou a. Detantè lisans pou chofè komèsyal yo (CDL) kalifye pou renouvre pa pi bonè pase 30 jou anvan dat eksipirasyon sou lisans yo an. Yo voye rapèl renouvelman bay chak chofè apeprè 60 jou anvan dat eksipirasyon an (anivèsè nesans chofè a). Ou dwe remèt lisans yo te ba w anvan, ranpli yon aplikasyon, epi pase yon depistaj pou zye. Yo gendwa bay yon egzamen sou konesans ak yon egzamen lari. Si w te demenaje, ou gendwa oblige montre prèv kote w abite. Yo gendwa mande w tou pou bay prèv nimewo sekirite sosyal ak/oswa prèv prezans legal ou nan renouvelman an.

## Renouvelman Lisans Pèmanan

Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan pa bay yon lisans pèmanan pou kondwi ankò akoz HB 253. Tanpri gade Tit 21, Seksyon 2716.

Detantè lisans pèmanan aktyèl yo dwe retounen nan Biwo an chak uit lane pou renouvre lisans yo. Frè an pou sa a se \$24.00. Detantè lisans pèmanan ki gen yon mansyon pou motosiklèt yo pral peye yon frè siplemantè \$12.00 pou mansyon sa a. Chak fwa yo kanpe oswa retire yon lisans pèmanan, li chanje an yon lisans Klas D lè yo retabli l.

## Pwosedij pou Bay Elèv k Ap Fè Echanj yo Lisans

Apre li fini yon pwogram fòmasyon edikasyon pou chofè ki apwouve, yon etidyan echanj gendwa aplike pou yon Pèmi pou Apranti Nivo 1. Elèv echanj la dwe prezante sa ki suiv la yo:

1. Yon deklarasyon notarye ki tape nan men paran yo, ki bay pèmisyon pou pitit gason oswa pitit fi yo an aplike epi jwenn yon Pèmi pou Apranti nan Nivo En nan Delaware.
2. Si aplikan an pokò gen 18 lane, fanmi k ap parene an dwe siyen aplikasyon an epi pran responsabilite pou chofè minè an.
3. Yon sètifica nesans ki sètifye (an anglè) ak yon dokiman sou prezans legal.
4. Yon nimewo sekirite sosyal, si l kalifye.
5. Sètifica fòmasyon edikasyon pou chofè, si l pokò gen 18 lane.
6. Yo pral fè peye \$40.00 pou yon lisans 8 lane.

# ENFÒMASYON ANPLIS

## Lisans ki Limite

Si ou gen yon andikap ki ta jennen kondwi yon machin san danje, li gendwa posib atravè itilizasyon ekipman espesyal pou konpanse andikap ou an. Biwo an egzije egzamen espesyal nan ka sa yo, epi yo gendwa ba w yon lisans ki gen restriksyon ki pèmèt ou kondwi sèlman lè ou menm, machin ou an oswa toulede gen ekipman presize a. Yon egzamp komen nan yon lisans restriksyon se youn ki egzije w mete linèt lè w ap kondwi oswa pou w limite w pou w kondwi lajounen sèlman. Si w kondwi san ekipman ki nesesè yo, yo ka arete w epi yo gendwa kanpe lisans ou an.

## Lisans Ranplasman

Si lisans ou pèdi, yo vòlè loswa l detwi, ou gendwa aplike sou entènèt nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov) oswa ale nan Biwo an pou yon lisans ranplasman yo ap bay pou yon frè \$20.00.

### Chanjman Non

Nan espas 30 jou apre w fin chanje non w legalman, ou dwe parèt fizikman nan DMV pou w chanje non w sou lisans pou chofè ou an oswa kat idantifikasiyon ou. Anvan w rive nan Biwo an, si ou poko fè sa, ou ta dwe ale nan biwo Sekirite Sosyal la avèk idantifikasiyon ki valab epi dokiman ofisyèl (pa egzanp: dokiman tribinal, dekrè divòs, sètifikasi maryaj, elatriye) ki te lakoz non w te chanje legalman pou yo mete ajou dosye ou yo. Tanpri kite 48 èdtan apre w fin mete enfòmasyon w yo ajou ak biwo Sekirite Sosyal la anvan w al nan DMV pou w chanje non w sou lisans ou oswa kat idantifikasiyon ou. Tan sa a pral pèmèt baz done Biwo an ak Sekirite Sosyal yo vin ajou epi koresponn. Tanpri pote tou nan Biwo an ansyen lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon ou ak tout dokiman chanjman non yo. Biwo an ap ba w yon nouvo lisans pou chofè oswa yon kat idantifikasiyon pou \$1.15. Si w gen nenpòt kesyon konsènan pwosesis sa a, tanpri rele 302-744-2506.

### Chanjman Adrèses

Apre w fin chanje adrèses Delaware ou an, ou gen 30 jou pou w fè avize alafwa Seksyon Anrejistreman Machin lan ak Seksyon Lisans pou Chofè Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan. Chanjman adrèses yo gendwa soumèt sou entènèt nan [dmv.de.gov](http://dmv.de.gov) oswa alekri bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan, Driver License Section, PO Box 698, Dover, Delaware 19903.

Ou dwe bay nimewo lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon ou (DL/ID), non ou jan li parèt sou sètifikasi a ak nouvo adrèses ou pou nou kapab mete ajou dosye nou yo. Pou mete ajou DL/ID ou an, ou dwe vizite nenpòt nan lokal nou yo epi n ap ranplase DL/ID ou gratis. Sepandan, si ou pa gen DL/ID aktyèl la oswa prèv yo te vòlè DL/ID aktyèl la, y ap fè w peye yon frè pou kopi. (Gade Seksyon Ekipman Machin, Imatrikilasyon, Anrejistreman ak Asirans pou chanje adrèses sou anrejistreman machin ou an.)

### Kat idantifikasiyon (ID)

Frè pou yon kat idantifikasiyon se \$40.00 epi li ekspire uit lane apre pwochen anivèsè nesans aplikan an. Aplikan an dwe yon rezidan nan Delaware epi li dwe prezante dokiman jan Tablo Dokiman ki Obligatwa yo egzise sa. Yon esponnsò ki se manman oswa papa oswa yon gadyen tribinal nonmen jan li ekri nan sètifikasi nesans minè an dwe akonpanye tout aplikan ki poko gen 18 lane (gade atik 4, paj 27).

### Endikatè Veteran sou Lisans pou Chofè/Kat Idantifikasiyon

Biwo Sikilasyon Otomobil lan ap, lè ou soumèt yon prèv ki satisfézan, mansyone sou yon lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon detantè an se yon veteran nan Fòs Lame Gad Nasyonal Etazini an. Mansyon sa a disponib pou nenpòt veteran nan Delaware ki te sèvi nan

Lame Etazini epi yo te ba yo retire oswa libere nan sèvis I nan kondisyon ki pa t dezonorab. Pou jwenn endikatè veteran an

ou dwe gen yon lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon nan Delaware ki valab epi bay prèv sèvis militè, lè w prezante nenpòt nan dokiman orijinal ki suiv yo la:

- ID Militè
- NGB-22
- DD-214
- DD-256
- Dechaj Onorab
- Sètifikasi
- lisans pou chofè ki Valab Andeyò Eta a ak mansyon veteran



Endikatè veteran an gendwa ajoute nan lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon ou an gratis pandan renouvelman oswa tranzaksyon kopi an. Sinon, gen yon frè \$10.00.

Endikatè veteran an fêt pou verifye yon moun antanke veteran nan Eta Delaware, pou biznis yo ka chwazi pou rekònèt kontribisyon veteran sa yo ki te fidèlman sèvi peyi nou an e ki te reprezante gwo Eta nou an. Li ap bay pwoteksyon pou veteran an tou paske yo p ap gen pou yo pote yon DD-214 ankò, ki gen enfòmasyon sansib, pou pwouve estati veteran yo pou yo ka jwenn avantaj biznis lokal yo bay yo. Tanpri sonje sa a se pa yon kat idantite militè epi li pa bay veteran yo dwa pou tout avantaj militè yo. Veteran yo ta dwe kontakte Depatman Etazini pou Dosye Veteran yo (VA) pou detèmine avantaj federal yo gen dwa yo.

Endikatè veteran sou yon lisans pou chofè/kat idantifikasiyon disponib nan tout biwo DMV yo.

## Enskripsyon Elektè

Kòm konsekans promilgasyon Lwa 1993 lan sou Dwa Nasyonal Elektè yo, nenpòt sitwayen ameriken ki abite nan Eta Delaware, ki satisfè egzijans kalifikasyon yo, gen opòtinite pou yo enskri pou vote pandan y ap jwenn oswa renouvre yon lisans pou chofè.

Ou gendwa enskri pou vote si ou se yon sitwayen ameriken; yon rezidan otantik nan Delaware, gen omwen 16 lane epi ou konpetan mantalman. Tanpri sonje, pou w ka anrejistre ou dwe gen omwen 18 lane oswa plis nan jou eleksyon jeneral la oswa anvan. Ansyn kriminèl yo gendwa enskri pou vote si yo ranpli egzijans yo jan lalwa presize I dapre 15, Del. C Chapit 61.

Yon pati nan pwosesis anrejistreman an enplike chwa yon pati politik. Opsyon yo gen ladan yo de pati majoritè yo, anpil pati minoritè oswa, si ou pa vle afilye ak okenn pati politik, ou gendwa anrejistre kòm yon Moun ki pa Afilye. Se sèlman manm yon pati majoritè (Demokrat ak Republikèn) ki kalifye pou vote nan eleksyon primè nan Eta Delaware lan.

Dapre lalwa Delaware (15 Del. C. § 2050A), tout moun ki ranpli yon aplikasyon pou obtansyon oswa renouvelman lisans pou chofè nan Delaware yo, pèmi pou apranti yo, oswa kat idantifikasiyon yo oswa ranpli yon aplikasyon pou chanje non oswa adrès yo nan dokiman sa yo, epi yo poko anrejistre pou vote, ki gen ase laj, epi Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan te konfime estati sitwayènto yo, Depatman Eleksyon an anrejistre yo otomatikman pou yo vote kòm Moun ki pa afilye.

Yon ti tan apre w fin enskri, w ap resevwa yon kat elektè nan men Depatman Eleksyon an. Kat sa a konfime anrejistreman w epi li bay non ak adrès kote w ap vote jou eleksyon an. Si w te anrejistre otomatikman pou vote w ap resevwa yon Avi sou Enskripsyon Otomatik Elektè yo nan lapòs nan men Depatman Eleksyon an. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, rele biwo eleksyon ki pi pre w la.

## Depatman Eleksyon yo

**Biwo Komisè Eleksyon nan Eta a**  
905 S Governors Ave Ste 170, Dover DE  
19904  
Telefòn: (302) 739-4277  
Imèl: coe\_vote@state.de.us  
Sit entènèt: <http://elections.delaware.gov/>

**Biwo Konte Kent lan**  
100 Enterprise Pl Ste 5, Dover DE 19904  
Telefòn: (302) 739-4498  
Imèl: votekc@state.de.us  
Sit entènèt: <http://electionskc.delaware.gov/>

**Biwo Konte New Castle lan**  
820 N French St Ste 400  
Wilmington DE 19801  
Telefòn: (302) 577-3464  
Imèl: votencc@state.de.us  
Sit entènèt: <http://electionsncc.delaware.gov/>

**Biwo Konte Sussex la**  
119 N Race St, Georgetown DE 19947  
Telefòn: (302) 856-5367  
Imèl: votesc@state.de.us  
Sit entènèt: <http://electionssc.delaware.gov/>

## Endikatè Medikal

Yon endikatè medikal ble gendwa parèt sou dokiman an kòm yon mwayen pou detantè a pataje yon twoub sante medikal bay moun ki bay swen medikal ijans. Twoub sante medikal presi an ap parèt sou do dokiman an. Endikatè medikal la se yon opsyon volontè, epi li pa yon egzijans.



Aplikasyon pou kat Kominikasyon nan Vit lan pou moun ki soud oswa moun ki mal pou tande yo disponib sou demann ak sou sit entènèt la.

## Lwa Megan Ian/Delenkan Seksyèl

Lè yo siyen fòmilè aplikasyon pou lisans pou chofè oswa kat idantifikasiyon an, aplikan yo rekonèt Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan te fè yo konnen anrejistreman nan konfòmite ak Seksyon 4120 Tit 11, Lalwa Delaware, obligatwa pou tout moun ki te kondane nan nenpòt Eta pou nenpòt enfrafraksyon ki, si yo te komèt li oswa tante l nan Eta sa a, ta dwe pini kòm youn oswa plizyè nan enfrafraksyon ki parèt nan Seksyon 4120(a) Tit 11 lan, e anrejistreman sa a dwe fèt nan espas sèt jou apre yo antre nan nenpòt konte, vil, oswa ti vil kote yo abite tanporèman oswa yo gen domisil yo ladan l pandan peryòd sa a. Y ap kenbe fòmilè an pou toutan. Gen yon frè \$5.00 pou ajoute restriksyon "Y" lan.

## Piblikasyon Obligatwa Nimewo Sekirite Sosyal yo

Divilgasyon nimewo sekirite sosyal aplikan an obligatwa si li kalifye. Lalwa federal otorize divilgasyon sa a. Gade 42 USC Seksyon 405(c)(2)(1). Biwo an pral itilize nimewo sekirite sosyal sèlman pou administrasyon pwogram lisans pou chofè an pou asire idantifikasiyon egzak. Nimewo Sekirite Sosyal yo p ap pibliye bay biznis oswa moun prive, men yo gendwa pibliye bay ajans Eta yo pou akonpli fonksyon gouvènman yo.

## Anrejistreman nan Sistèm Sèvis Selektif yo

Aplikan gason yo dwe konprann siyati yo sou aplikasyon pou lisans oswa kat idantifikasiyon an se konsantman pou yo anrejistre nan Sistèm Sèvis Selektif la, si sa nesesè.

## Rejis Pi Pwòch Paran yo

Rejis Pi Pwòch Paran yo nan Delaware se yon pwogram volontè ki fèt pou bay sitwayen Delaware ki gen yon ID oswa yon lisans pou chofè valab opsyon pou yo deziyen jiska de kontak ijans diferan, yon kontak prensipal ak yon kontak segondè, yon fason pou si ta gen yon ijans, pèsonèl ijans lan kapab kontakte pwòch ou yo. Pou enskri ale sou [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov) oswa vizite sikisal DMV lokal ou a.

## Pwogram Donatè Ògàn ak Tisi yo

Lè w aplike pou, oswa renouvre, yon lisans pou chofè nan Delaware, y ap mande w si w vle vin yon Donatè Ògàn ak Tisi. Si w di wi, yon "KÉ WOUJ" ap parèt sou lisans ou. Gen bwochi ki disponib nan biwo DMV an ki gen enfòmasyon sou don ou. Pou evite konfizyon ak enkonpreyansyon lè ou mourì, nou sigiere ou enfòme fanmi ou tou sou desizyon ou genyen pou w vin yon donatè ògàn ak tisi. Yon fwa ou te deziyen tèt ou kòm yon Donatè Ògàn ak Tisi, dezinyasyon sa a yon fwa ou mourì, pa ka retire l dapre Lalwa Delaware. Gen plis enfòmasyon nan nivo nasyonal ki disponib nan

[www.organdonor.gov](http://www.organdonor.gov) oswa pou plis enfòmasyon presi ale sou [www.donors1.org](http://www.donors1.org).

# KLASIFIKASYON LISANS POU CHOFÈ YO

## Lisans pou Operatè Klas D

Klas lisans sa a gen ladann machin òdinè yo, machin familyal, kamyonét, kamyon ki itilitè, ak pifò kamyon ki pote pano yo. Kalite ak klas lisans sa a valab pou tout otomobil ki gen yon sèl motè, ak yon remòk, ak pwa brit machin (GVWR) lan pa plis pase 26,000 liv, ki fêt pou l pote mwens pase 16 pasaje (ansanm ak chofè a), epi ki pa pote etikèt pou l transpòte materyèl ki danje.



## Lisans pou Chofè Komèsyal (CDL)

Gen yon Manyèl pou Chofè Komèsyal nan Delaware ki kouvari egzijans CDL yo, pwosedi CDL yo, egzijans tès yo, ak konesans debaz ki obligatwa yo pou jwenn yon lisans CDL. Manyèl la disponib gratis nan nenpòt etablisman Biwo an oswa ou ka telechaje l sou sit entènèt DMV a nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

Yo anile egzijans pou yon CDL lè chofè an ap manevre ekipman agrikòl, ekipman ponpye, machin lwazi, oswa se manm militè k ap manevre machin militè, sa gen ladan l Gad Nasyonal la.

Yo bay chofè sa yo ki manevre ekipman agrikòl, ponpye, ak lòt machin pou ijans ki otorize lisans ki pa CDL Klas A e ki pa CDL Klas B nan kad egzansyon sa a. Pa gen okenn lisans espesyal obligatwa lè w ap manevre machin lwazi pèsònèl ak ekipman militè. Sa ki suiv yo la defini klas machin ki egzante yo:

### a. Machin agrikòl:

1. Yon kiltivatè kontwole epi manevre
2. Ki sèvi pou transpòte swa pwodwi agrikòl, gwo machin agrikòl, founiti agrikòl oswa alafwa pou pote ale oswa pou sot pran nan yon eksplwatasyon agrikòl.
3. Ki pa sèvi nan fonksyonnan yon transpòtè sou wout yo ki komen oswa ki sou kontra.
4. Iki sèvi nan distans 150 mil eksplwatasyon agrikòl moun lan, epi
5. Ki pa sèvi pou anboche.

### b. Ekipman ponpye:

1. Tout konpayi ponpye nan Eta sa a itilize pou pwoteksyon lavi oswa byen oswa egzekisyon fonksyon ijans gouvènmantal yo.
2. Yo ap manevre sou otorizasyon yon konpayi ponpye pou parad, evènman espesyal, sèvis reparasyon, livrezon oswa lòt mouvman ki otorize konsa.
- c. Ekipman militè Depatman Defans la posede, ansanm ak Gad Nasyonal la, lè se moun ki nan sèvis militè aktif oswa manm fòs rezèv yo ak Gad Nasyonal ki nan sèvis aktif a tan plen oswa a tan pasyèl k ap manevre yo.
- d. Machin oswa remòk lwazi yo defini nan Tit 21 an ki bay yon kote tanporè pou rete epi ki isèvi sèlman pou rezon lwazi.
- e. Seksyon Kominikasyon Mobil pou ljans yo ki reyalize parapò ak yon Sant Kominikasyon ljans nan Konte a, Lapolis Eta a, oswa nenpòt minisipalite.
- f. Tout lòt machin pou ijans, jan Tit 21 an defini l, ki itilize nan pwoteksyon lavi oswa byen oswa nan ekzekisyon fonksyon ijans gouvènmantal yo.

## **Pèmi Chofè Komèsyal pou Apranti (CLP)**

Apre w fin pase egzamen sou konesans yo epi w fin peye yon frè \$5.00, yo ka ba w yon pèmi CDL pou apranti ki pral pèmèt ou kondwi yon Otomobil Komèsyal (CMV), men sèlman avèk yon lòt chofè CDL ki gen lisans. Ou gendwa kondwi sèlman klas machin ki presize nan pèmi apranti ou an, epi ou ka kondwi sèlman avèk yon chofè CDL ki kalifye nan menm kalite CMV an.

### **Lisans CDL Klas A**

Lisans sa a obligatwa pou tout konbinezon machin ki gen yon Pwa Nominal Brit Konbine (GVWR) 26,001 liv oswa plis, depi GVWR seksyon ki remòke a depase 10,000 liv.

### **Lisans CDL Klas B**

Lisans sa a obligatwa pou tout grenn machin kote Pwa Nominal Brit Machin lan (GVWR) 26,001 liv oswa plis, oswa tout machin konsa ki ap remòke yon machin ki pa depase 10,000 liv.

### **Lisans CDL Klas C**

Lisans sa a obligatwa pou tout grenn machin oswa konbinezon machin kote Pwa Nominal Brit Machin lan (GVWR) depase 26,001 liv oswa tout machin konsa ki ap remòke yon machin ki gen yon GVWR ki pa gen depase 10,000 liv ki fèt swa pou transpòte 16 pasaje oswa plis, ansanm ak chofè an oswa ki sèvi nan transpò materyèl ki danje ki egzije pou machin lan gen yon pankat sou li.

### **Lisans Klas A ki PA CDL**

Obligatwa pou menm machin CMV yo menm jan ak lisans CDL Klas A, men sèlman lè ou ap manevre machin agrikòl, machin ponpye, ak lòt machin pou ijans ki otorize nan kad egzanpsyón yon CDL.

### **Lisans Klas B ki PA CDL**

Obligatwa pou menm machin CMV yo menm jan ak lisans CDL Klas B an, men sèlman lè ou ap manevre machin agrikòl, machin ponpye, machin Depatman Penitansye, Biwo Prizon yo, Biwo Penintansye Kominotè an ak lòt machin pou ijans ki otorize nan kad egzanpsyón yon CDL.

### **Pèmi pou Apranti Klas D ak DPC**

Pèmi sa a otorize detantè yon lisans pou operatè Klas D oswa DPC pou I manevre machin sa yo. Pèmi a otorize detantè li yo pou yo manevre yon machin Klas D sou kondisyon detantè pèmi a akonpanye ak yon chofè ki gen lisans apwopriye ki gen plis pase 21 lane.

### **Pèmi Gradye pou Lisans pou Chofè**

Otorize detantè an pou I manevre machin sa yo yon detantè yon Lisans pou Operatè Klas D oswa DPC gendwa manevre, men nan kad restriksyon yo defini nan pwogram Lisans Gradye pou Chofè an.

### **Lisans Tanporè**

Lè I andeyò Eta a nan yon fason tanporè, yo genwa bay detantè yon lisans pou operatè Klas D valab yon lisans tanporè pou pwolonje dat ekspirasyon an, pou ranplase yon lisans ki pèdi, oswa nan plas dokiman pou lisans Klas D an, toutotan yo pa kanpe, retire, diskalifye, anile, oswa refize detantè lisans pou chofè an nan Eta sa a oswa nenpòt lòt Eta.

Lisans tanporè pou yon sèl fwa sa a bay pou yon peryòd ki pa depase simwa.

## Lisans Kondisyonèl, Pwofesyonèl, Ak pou Difikilte

Lisans sa yo bay privilèj pou kondwi ki limite nan kad pati ki trè presi nan lalwa Delaware. Privilèj limite pou kondwi yo bay yo defini sou lisans lan.

### Aparèy Antidemaraj (IID) Mansyon/Lisans

Otorize detantè a manevre yon machin ak tout Privilèj pou Kondwi Operatè Klas D oswa DPC yo sèlman lè machin lan ekipe ak yon aparèy vewouyaj sistèm demaraj lan.

## MANSYON

### Mansyon pou Motosiklèt

Tout moun ki manevre gwo motosiklèt, moto, oswa lòt machin ki gen de oswa twa wou ki gen yon motè sou otowout yo dwe gen yon lisans pou chofè ak yon mansyon pou motosiklèt. Moun ki gen plis pase 18 lane yo dwe pase yon egzamen sou konesans ak konpetans pou lari an pou yo jwenn yon mansyon pou motosiklèt.

Yon moun ki pase yon egzamen sou konesans ak konpetans Biwo an bay sou yon otomobil ki gen twa wou dwe gen yon restriksyon yo mete sou lisans pou chofè li an, anplis mansyon pou motosiklèt la, ki limite l pou l manevre machin twa wou sèlman.

Moun ki poko gen laj 18 lane yo dwe fè paran yo oswa gadyen legal leta nonmen an siyen aplikasyon pou motosiklèt la. Yo dwe fini ak Pwogram Edikasyon pou Chofè Motosiklèt la jan Biwo an apwouve l lan.

Biwo an pibliye yon Manyèl pou Operatè Motosiklèt nan Delaware ki kouvrir egzijans yo pou mansyon pou motosiklèt la, pwosedi pou jwenn mansyon an, egzijans yo pou pase tès la, ak konesans debaz ki nesesè pou jwenn mansyon sa a.

Nenpòt moun ki jwenn yon nouvo mansyon pou yon motosiklèt, oswa yon moun k ap monte ak moun ki fenk jwenn mansyon an, lalwa oblige l mete yon kas ak pwoteksyon pou zye pandan 2 premye lane yo apre moun ki fenk jwenn mansyon an resevwa mansyon an. Yon moun k ap manevre oswa k ap monte kòm yon pasaje sou yon motosiklèt sou chose yo nan Eta sa a ki pa rive respekte lwa sa a, ap sibi amann oswa kotizasyon sivil.

### Kou pou Monte Motosiklèt

Konte New Castle  
302-832-5163

Konte Kent lan  
302-744-2658

Konte Sussex la  
302-853-1030

Rele pou plis enfòmasyon oswa pou w enskri pou kou yo.

### Pèmi pou Moun k Ap Aprann Monte Motosiklèt

Yon fwa w fin pase egzamen sou konesans lan, y ap ba w yon pèmi pou motosiklèt ki valab pou simwa. Ou ka pwolonje pèmi a sèlman yon fwa pou yon lòt simwa. Ou dwe aplike pou yon ekstansyon nan DMV anvan dat ekspirasyon an epi peye yon frè \$5.00. Restriksyon sa yo aplike lè w ap manevre yon motosiklèt ak yon pèmi pou ansèyman tanporè.

1. Okenn pasaje pa dwe monte sou motosiklèt la.
2. Li entèdi pou manevre yon motosiklèt ant lè solèy lan kouche ak lè solèy lan leve.
3. Li obligatwa pou mete kas sekirite ak pwoteksyon pou zye ki apwouve yo.
4. Sikilasyon an pa otorize sou sistèm otowout nasyonal federal lan.

## Mansyon pou Otobis Lekòl

Pou kondwi yon otobis lekòl, chofè an dwe genyen yon CDL ak yon mansyon pou pasaje ak otobis lekòl la. Pou jwenn yon mansyon pou otobis lekòl, chofè yo pa dwe gen lisans yo ki te kanpe, retire, oswa diskalifye nan Eta sa a oswa nan tout lòt jiridiksyon pou vyolasyon nan deplase yo nan senk lane ki sot pase yo, epi yo pa dwe gen plis pase senk pwen (valè pwen konplè) sou dosye yo pou twa lane ki sot pase yo. Yo dwe reyisi ansèyman teyori an, demonstre konpetans nan tout egzijans pou fòmasyon dèyè volan an lè yo sou yon otobis lekòl, yon egzamen medikal, ak yon verifikasyon antedesan kriminèl, ansanm ak pase yon egzamen sou konesans ki espesyalize pou aplikan pou otobis lekòl yo, ak yon egzamen sou konpetans yo ak egzamen lari an nan yon otobis lekòl. Tanpri gade nan 21 Del. C. § 2708 pou yon lis konplè egzijans yo. Si w ap aplike pou yon mansyon pou otobis Lekòl "S", ou dwe soumèt Fòmilè Otorizasyon Verifikasyon Dosye Antedesan Kriminèl lan dabò.

Apati 14 desanm 2020, tout aplikan "S" pou otobis lekòl yo dwe kòmanse pwosesis aplikasyon an lè yo ranpli yon Fòmilè Verifikasyon Dosye Antedesan Kriminèl pou DMV sou entènèt la. Aplikan "S" la ap vizite <https://cdlis.dmv.de.gov/cdlis> pou I ranpli Fòmilè Verifikasyon Dosye Antedesan Kriminèl lan sou entènèt (CHRCA).

## Validasyon pou Taksi/Limouzin

Tout moun ki manevre machin taksi oswa yon limouzin sou otowout Delaware yo dwe gen yon lisans ki valab, ki gen mansyon pou manevre taksi oswa limouzin la. Chofè an dwe fini yon kou pou kondwi ak defans nan espas 30 jou nan men yon founisè ki apwouye, fini yon verifikasyon sou antedesan federal oswa pou Eta a ki pa endike okenn enfrafraksyon penal ki grav, lisans li pa te dwe kanpe oswa retire pou vyolasyon demenajman nan twa lane ki sot pase yo, epi li pase egzamen sou konesans pou Klas D an. Tanpri gade nan 21 Del. C. § 2763 ak 2 DE Kòd Administratif 2287 pou yon lis konplè egzijans yo epi vizite [www.dmv.gov](http://www.dmv.gov) pou yon lis konplè founisè ki apwouye yo. Si w ap aplike pou yon mansyon "Z" pou Taksi/Limouzin, ou dwe dabò soumèt Fòmilè Otorizasyon Verifikasyon Dosye Antedesan Kriminèl lan pou apwobasyon nan imèl, faks oswa fasafas.

**REMAK:** Mansyon pou Taksi/Limouzin yo ki andeyò Eta a **pa ka** transfere.

## EGZAMEN POU CHOFÈ A

Objektif egzamen pou chofè an se pou detèmine si ou gen ase konesans ak konpetans ki nesesè yo pou kondwi pou w kapab kondwi ak pridans sou otowout Delaware yo. Egzamen an gen ladann kat pati.

Si yo te anile, refize, diskalifye, ekspire, retire, ak/oswa kanpe privilèj Klas D ou yo pandan yon lane, ou oblige pase egzamen pou vizyon ak sou konesans pou Klas D an. Apre w fin reyisi, ou dwe reyaplike pou privilèj pou kondwi pou Klas D. Sepandan, si sa fè plis pase 5 lane, ou dwe reyaplike pou lisans Klas D ou an epi pase egzamen pou vizyon, sou konesans ak lari an.

Si yo te anile, refize, diskalifye, ekspire, retire, ak/oswa kanpe privilèj pou kondwi CDL ou an pandan yon lane, ou oblige pase egzamen pou vizyon ak egzamen sou konesans pou Klas D an. Apre w fin reyisi, ou dwe reyaplike pou privilèj pou kondwi komèsyal yo.

## Tès pou Zye

Y ap teste vizyon w pou w detèmine si w ka wè ase pou w ka kondwi ak pridans. Si depistaj la montre ou bezwen linèt oswa lantiy kontak, yo pral make sètifikasi lisans ou a pou endike ou pa ka kondwi legalman san yo. Vizyon minimòm ki akseptab pou yon lisans pou chofè nan Delaware se 20/40, avèk oswa san linèt oswa lantiy kontak. Yo gendwa bay pèmisyon pou kondwi lajounen sèlman si

vizyon ou ant 20/40 ak 20/50. Egzijans fizik ak vizyon CDL yo genyen nan Règlementasyon Federal la pou Sekirite Transpòtè sou Wout yo (49 CFR Pati 391.41).

### Tès sou Pano sou Otowout lan ak Sinalizasyon

Yo pral mande w pou w idantifye sèten pano sou otowout lan sèlman selon fòm yo, koulè, oswa senbòl ki parèt sou yo. W ap gen pou esplike tou siyifikasyon sa yo ak lòt pano sou otowout lan, sinalizasyon pou sikilasyon, ak demakasyon yo ki sou revètman an. Yo esplike siyifikasyon yo nan seksyon Règ Wout la nan manyèl sa a.


Pa egzanp, yo gendwa mande w pou idantifye fòm sa yo oswa lòt fòm san etikèt yo:



(Arè)



(Bay Pasaj)



(Lekòl)

Yo gendwa mande w pou idantifye kalite Sinalizasyon ki asosye ak koulè sa yo oswa lòt koulè:



(Kanpe)



(Prepare pou Kanpe)



(Avanse ak Prekosyon)

Oswa yo gendwa mande w pou idantifye senbòl tankou sa yo:



(Kenbe dwat ou)



(Pa vire kase tèt tounen )



(Pa vire adwat)

### Règ yo sou Tès Lari an

Y ap mande w pou w reponn yon seri kesyon ki baze sou règ Delaware yo sou wout la, lwa sou otomobil ak pratik sekirite yo. Pa egzanp, yo ta ka mande w kisa limit vitès la ye pou otomobil sou wout de vwa yo; ki aksyon ki poze lè ou wè yon sinalizasyon wouj k ap flache devan; oswa nan ki kondisyon ou pa ta dwe depase yon lòt machin. Yo ta ka mande w tou kisa ou ta dwe fè si machin ou an kòmanse derape, oswa ki distans ou gendwa estasyone legalman ak yon ponp pou dife ki sou twotwa yo.

### Tès Lari an

Ou kalifye pou pase yon egzamen Klas D oswa yon egzamen lari an pou motosiklèt 10 jou apre ou fin pase egzamen sou konesans lan. Yo bay egzamen lari yo chak jou semèn, eksepte mèkredi. DMV ofri 2 opsyon fasil ak pratik pou w pran randevou egzamen lari ou an lè w santi w pare. Ou gendwa itilize pwogramasyon My Road Test DMV an oswa rele biwo DMV lokal ou an pou w pale ak yon teknisyen DMV.



**1. Vizite sit entènèt DMV an nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov)**

- a. Chwazi "Online Services"
- b. Chwazi "My Road Test" epi swiv enstriksyon sou entènèt yo

**2. Rele yon biwo DMV ou chwazi:** a.

- Delaware City ..... 302-832-5176
- b. Dover ..... 302-744-2515
- c. Georgetown ..... 302-853-1003
- d. Wilmington ..... 302-434-3220
- e. Chwazi "My Road Test" epi swiv enstriksyon sou entènèt yo

**Lè w rive pou EGZAMEN LARI ou a, ou dwe genyen bagay sa yo avèk ou:**

- Pèmi pou apranti ki valab
- Lisans pou chofè ki valab chofè ki akonpanye a ki gen omwen 21 lane (eksepte egzamen sou konpetans pou motosiklèt).
- Kat anrejistreman an valab pou machin w ap itilize a (ak remòk la si sa aplikab)
- Kat asirans lan valab (orijinal oswa elektwonik) pou machin w ap itilize a

Ou pral oblige kondwi pandan apeprè 30 minit epi fè bagay sa yo nòmal lè ou ap kondwi nòmal. Yo p ap mande w pou w fè anyen ki kontré ak lwa otomobil yo oswa pratik kondwi ak pridans yo. Ou pral oblige demontre sa ki suiv yo:

- Reyaji ak pano sou wout yo, sinyalizasyon pou sikilasyon yo ak mak atè yo
- Estasyonnman paralèl
- Viraj an twa pwen
- Vire adwat ak agoch
- Chanje vwa
- Itilize règ dwa pasaj yo
- Kenbe vitès awopriye an
- Fè bak sou 50 pye
- Melanje ak sikilasyon an
- Swiv epi depase machin yo
- Antre nan kafou yo
- Enspekte machin lan pou sekirite
- Konnen kontwòl ki nan machin yo

**Sit pou Fè Tès sou Wout lan**

Wilmington DMV	Delaware City DMV	Dover DMV	Georgetown DMV
2230 Hessler Boulevard New Castle, DE 19720 (302) 434-3220	2101 Mid County Drive New Castle, DE 19720 (302) 832-5176	303 Transportation Circle P.O. Box 698 Dover, DE 19903 (302) 744-2515	23737 DuPont Blvd. Georgetown, DE 19947 (302) 853-1003

**Otomobil ki Dwe Kondwi Pandan Tès Lari an**

Se responsabilite w pou w bay otomobil pou kondwi an pandan egzamen lari an. Li dwe byen anrejistre epi pase enspeksyon sekirite nou an. Ou dwe bay prev anrejistreman ki valab ak asirans responsabilite. Anplis sa, machin lan dwe nan klas lisans ou aplike a. Egzaminatè a pral

fè yon enspeksyon sekirite debaz machin lan anvan egzamen lari an kòmanse. Ou dwe evite fimen pandan egzamen an. Li entèdi pou itilize telefòn selilè oswa jwe mizik pandan tès lari an. Chofè yo pa gen otorizasyon pou itilize Teknoloji Asistans pou Estasyonnman Entelijan pandan dewoulman okenn egzamen sou konpetans pou kondwi oswa egzamen lari an. Yon machin ki ekipe ak karakteristik sa yo dwe etenn oswa dezaktive yo pandan dewoulman egzamen an.

## Kilè Yon Chofè ki Gen Lisans Dwe Akonpanye Ou

Si w pa gen yon lisans pou chofè Klas D ki valab ak dwa legal pou w kondwi poukонт ou nan Delaware, ou dwe akonpanye ak yon chofè ki gen plis pase 21 lane, jan sa dekri nan pèmi pou apranti nan. Yon chofè ki gen lisans DWE rete sou plas pou li kondwi machin lan ale nan ka aplikan an pa reyisi pase egzamen an.

## Preparasyon pou Egzamen pou Chofè an

Youn nan objektif manyèl sa a se ede w prepare w pou w pase egzamen pou chofè an. Ou ta dwe etidye manyèl sa a ak anpil atansyon. Nenpòt bagay ki pa totalman klè, kit li nan manyèl sa a ou pa, ta dwe diskite ak egzaminatè lisans pou chofè an anvan egzamen ou an.

Si w gen plan pou aplike pou yon klas lisans apa yon lisans pou chofè Klas D, oswa pou mansyon pou motosiklèt la, oswa lisans pou chofè komèsyal, w ap bezwen etidye diferan manyèl ki disponib tou nan biwo Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan (gade kouvèti dèyè an pou kote ou gendwa pran manyèl sa yo) oswa vizite sit entènèt DMV an nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

Si ou echwe nan nenpòt pati nan egzamen lari an, ou ta dwe prepare tèt ou byen pou pran li ankò nan yon dat apre. Ou dwe tann omwen dis jou anvan w repase egzamen an oswa egzamen yo ankò.

Egzanz sou egzamen lisans pou chofè yo disponib sou sit entènèt DMV an, sou <https://www.dmv.de.gov/sampledlexam/sampledlexam.ejs?command=SampleDLEXamHome> oswa sou aplikasyon mobil DelDOT la.

## ENFÒMASYON MEDIKAL EPI RAPÒ

Ou gendwa jwenn fòmilè evalyasyon medsen ak fòmilè evalyasyon pou zye sou sit entènèt DMV an sou [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

## Oto-Rapòte Twoub Sante Medikal yo

Lè w ap aplike oswa renouvre yon lisans nan Delaware, aplikan an ap oblige otodeklare, rapòte, oswa montre sètifikasyon konsènan nenpòt twoub sante medikal ki ka entèfere ak kapasite yo pou yo kondwi yon machin san danje. Aplikan an genwa oblige soumèt yon sètifikasi/rapò favorab nan men doktè yo ki fè konnen twoub sante medikal chofè an sou kontwòl ase pou pèmèt yo manevre yon machin san danje. Nenpòt moun ki resevwa lisans pou manevre yon machin sou baz sètifikasi/rapò sa a kapab oblige bay Biwo an yon nouvo sètifikasi chak lane pa pita pase dènye jou nan mwa anivèsè moun lan. Si w pa rive bay yon rapò doktè ki favorab, sa ap lakoz sisipansyon lisans pou chofè yon moun. Lè ou fin resevwa yon sètifikasi/rapò doktè ki favorab, ou dwe peye yon frè \$50.00 bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan pou yo ka retabli lisans lan.

## Egzamen Espesyal

Seksyon 2714 Tit 21, Lalwa Delaware, pèmèt Biwo an aksepte demann pou rezgaminasyon kapasite yon moun pou l manevre yon otomobil san danje.

Manm fanmi imeda yon chofè, lapolis, oswa doktè gendwa soumèt demann sa yo. Pou kenbe privilèj yon moun pou kondwi, yo oblige bay rapò medikal favorab (yo) epi reyisi egzamen pou zye Biwo an, egzamen sou konesans ak konpetans pou kondwi an, epi pètèt fini yon evalyasyon ak/oswa fòmasyon ki sètifye pou reyabilitasyon chofè.

### Rapò Medikal Obligatwa

Tout moun ki ka sibi pèt konesans akòz maladi nan sistèm nève santral la p ap jwenn yon lisans pou chofè nan Delaware amwenske Biwo an resevwa yon rapò nan men doktè k ap trete moun lan ki fè konnen andikap fizik moun sa a sou kontwòl ase pou pèmèt li manevre yon machin san danje. Doktè ki sètifye a dwe te trete moun lan pou yon minimòm twa mwa pou pèt konesans. Nenpòt ki resevwa lisans pou kondwi yon otomobil sou baz sètifikasi/rapò sa a ap oblige bay Divizyon an yon nouvo sètifikasi chak lane pa pita pase dènye jou nan mwa anivèsé moun lan. Si w pa rive bay yon rapò doktè ki favorab, sa ap lakoz sispanson lisans pou chofè yon moun. Lè ou resevwa yon sètifikasi/rapò medsen ki favorab, pou retabli lisans lan ou dwe peye yon frè \$50.00 bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan. Pou plis kesyon konsènan Sispansyon Medikal, tanpri kontakte Seksyon Medikal la nan 302-744-2507.

### Renonsiyasyon Medikal

Yo gendwa remèt yon lisans pou chofè ak tout volonte bay Biwo an si yo pa ka jwenn yon rapò medikal favorab. Lè yo resevwa yon sètifikasi/rapò doktè ki favorab, pa gen okenn frè pou retablisman si lisans lan remèt ak tout volonte. Si yo te remèt lisans lan pou plis pase yon lane, tés anplis yo pral obligatwa. Pou plis kesyon konsènan Renonsiyasyon Medikal, tanpri kontakte Seksyon Medikal la nan 302-744-2507 oswa nan imèl nan [dmvmedicalsection@delaware.gov](mailto:dmvmedicalsection@delaware.gov).

Fòmilè evalyasyon medsen yo ak fòmilè evalyasyon pou zye yo disponib sou sit entènèt DMV an: [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

## ANILASYON AK SISPANSYON LISANS

Kondwi se yon privilèj, se pa yon dwa. Eta a ba w privalèj pou w manevre otomobil sèlman toutotan w ap kondwi ak pridans epi w obeyi règ ak règlemantasyon yo. Si w vyole lwa sou kondwi, yo gendwa kanpe oswa retire privalèj ou pou kondwi. Peryòd sispanson oswa revokasyon an varye selon kalite enfrafraksyon ki komèt lan. Ou dwe peye yon frè \$50.00 pou retabli yon lisans ki kanpe; yo

fè peye yon frè \$200.00 pou retabli yon lisans yo retire. Ou gendwa oblige pase tout egzamen konesans sou lisans pou chofè an, wout lan, ak depistaj pou zye anvan ou retabli lisans ou an. Sispansyon yon lisans se yon retrè tanporè privalèj ou pou kondwi. Anilasyon yon lisans se yon anilasyon privalèj ou pou kondwi. Pou kesyon konsènan sispanson lisans ou gendwa rele 302-744-2509. Pou kesyon konsènan anilasyon lisans ou gendwa rele 302-744-2508. Pou kesyon konsènan twoub sante medikal grav ou gendwa rele 302-744-2507.

Divizyon an ap kanpe oswa anile lisans nenpò rezidan Delaware ki te kondane pou yon vyolasyon nan yon lòt Eta ki, si yo te komèt li nan Delaware, ta ka rezon pou sispanson oswa anilasyon yon lisans. Dosye kondwi a gen ladann tout kondanasyon yo, menm sa yo te komèt nan lòt Eta yo.

## Anilasyon Obligatwa

Sa ki suiv yo se anilasyon obligatwa:

- Kondwi pandan ou sou enfliyans alkòl ki rann ou sou oswa dwòg nakotik.
- Kondwi epi frape yon moun epi kouri apre sa fin enplike lanmò oswa blese l.
- Tante kouri sove anba men yon ajan lapolis apre ou fin resevwa yon sinalizasyon vizyèl oswa ki fè bri pou kanpe machin ou an.
- Twa kondanasyon pou kondwi ak enpridans nan yon peryòd 12 mwa youn apre lòt.
- Kontribye nan lanmò nenpòt moun nan manevre yon machin.
- Krim agresyon kote yon lanmò rive nan manevre yon machin.
- Itilize yon otomobil pou komèt nenpòt krim ki grav.
- Fè yon fo deklarasyon oswa itilize enfòmasyon ki fo.
- Minè ki genyen/konsome alkòl pou moun ki poko gen 21 lane.

Si w peye yon kosyon apre yo te arete w pou nenpòt nan kòz ki endike anwo yo, epi w pa parèt nan tribinal, yo ap retire lisans ou menm jan ak si yo te kondane ou.

## Anilasyon Delenkan Abityèl

Apre ou anpile sèten kalite kondanasyon pou vyolasyon sikilasyon, yo gendwa deklare chofè an se yon delenkan abityèl epi yo gendwa retire lisans li pou jiska senk lane. Yo pa bay okenn lisans pou travay oswa difikilite pou moun ki kondane dèské yo se yon delenkan abityèl.

Nenpòt konbinezon twa nan enfraksyon ki suiv yo la nan yon peryòd senk lane gendwa kondane ou kòm yon delenkan abityèl:

1. Asasina.
2. Itilizasyon yon otomobil pou komèt yon deli
3. Kondwi pandan w sou enfliyans alkòl oswa dwòg.
4. Kondwi san lisans.
5. Kondwi Pandan Sispansyon oswa Anilasyon
6. Kondwi nan fason ki enpridan.
7. Pa rive rete sou sèn yon aksidan.
8. Pa rive idantifye tèt ou sou sèn yon aksidan.
9. Fè yon fo deklarasyon bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan.
10. Vyolasyon yon lisans pwofesyonèl.
11. Pa rive kanpe sou lòd yon ajan lapolis.

Nenpòt konbinezon enfraksyon ki anwo yo ak enfraksyon ki pi piti, tankou eksè vitès, ki lakoz 10 kondanasyon nan twazan gendwa kondane ou kòm yon delenkan abityèl.

## **Sispansyon Yon Lisans pou Chofè**

Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan ap kanpe lisans pou chofè nenpòt rezidan nan Delaware chak fwa Biwo an gen rezon pou kwè yon moun konsa:

1. Te komèt nenpòt enfraksyon ki rann sispansyon yon lisans obligatwa.
2. Te kontribye nan yon aksidan ki te lakoz nenpòt moun blese oswa mouri oswa ki te lakoz domaj grav kont byen moun akoz li t ap itilize yon machin nan yon fason ki enpridan oswa ilegal.
3. Enkonpetan pou kondwi yon otomobil pou pwoblèm medikal oswa mantal ki grav.
4. Te komèt yon vyolasyon grav lwa otomobil yo.
5. Te kondwi yon otomobil san konsantman pwopriyetè li.
6. Te bay Biwo an yon peman yo pa ka touche.
7. Fè kous (fè cho vitès).
8. Ap fè wou vire.
9. Gazonaj (ki lakoz destriksyon zèb lan, lakou yo, byen yo, elatriye).
10. Pa rive reponn konvokasyon yon tribinal nan nenpòt Eta.
11. Te vyole nenpòt nan dispozisyon pou lisans nan Kòd Delaware la ansanm ak:
  - Itilizasyon lisans pou chofè ki pa reyèl, yo kanpe, retire oswa prete.
  - Prete yon lisans pou chofè bay yon lòt moun.
  - Enkapasite pou remèt yon lisans yo kanpe oswa yo retire.
  - Bay yon non oswa adrès ki pa reyèl oswa fè yon fo deklarasyon lè I ap aplike pou yon lisans.
  - Fabrikasyon oswa posesyon ilegal yon dokiman asirans ki fo.
  - Kondwi yon machin ki pa gen asirans oswa kondwi san li pa gen kat asirans.
  - Depase yon otobis lekòl ki kanpe.
  - Modifie yon lisans pou chofè oswa itilize yon lisans ki fo.
  - Pa peye pansyon alimantè.
  - Enkapasite pou remèt plak la apre w fin anile asirans yon machin.

## **Delenkans nan Pansyon Alimantè**

Nenpòt moun ki dwe \$1,000.00 oswa plis an nan aryere oswa pansyon retwo-aktif epi ki gen 30 jou reta oswa plis nan peman yon òdonans pou pansyon alimantè ki sòti swa nan yon Tribinal pou Lafammi oswa Biwo Sèvis Pansyon Alimantè an gendwa jwenn yo kanpe lisans yo jan sa defini nan Tit 13 nan Seksyon 516 Kòd Delaware lan. Sispansyon an ap rete anvigè jiskaske yo jwenn yon publikasyon nan men ajans ki fè demann lan epi Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan resevwa l. Pou retabli lisans lan ou dwe peye yon frè \$50.00 bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan.

## Kondwi Pandan Sispansyon oswa Anilasyon

Yon kondanasyon pou kondwi pandan sispansyon oswa anilasyon dwe pwolonje peryòd sispansyon oswa anilasyon pou yon peryòd menm jan an jiska yon lane. Yo p ap otorize okenn otorizasyon pou kondwi pandan balans premye sispansyon oswa anilasyon an ak peryòd pwolonje a. Nenpòt otorizasyon pou kondwi Biwo an te bay deja dwe remèt.

## PWOGRAM POU CHOFÈ KI GEN PWOBLÈM POU AMELYORASYON CHOFÈ

Pwogram pou Chofè ki Gen Pwoblèm pou Amelyorasyon chofè an fèt pou idantifye chofè ki gen pwoblèm, pou chanje konpòtman chofè ki gen pwoblèm nan bay enfòmasyon ak opòtinite fòmasyon epi, si sa nesesè, pou enpoze sanksyon progresivman pandan plis kondanasyon/pwen yo ap monte sou dosye konduit endividye'l yo. Pwogram sa a se Règlemantasyon 2208 Biwo an ki dikté I. Objektif pwogram lan se prevansyon aksidan. Etap yo nan pwogram lan adapte ak gravite dosye konduit lan epi yo gendwa lakoz yon lèt avétisman, sispansyon obligatwa, ak/oswa achèvman yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitud nan kondwi.

Si yo kanpe li akoz Pwogram pou Chofè ki Gen Pwoblèm lan, yo dwe peye yon frè \$50.00 pou DMV retabli lisans lan.

### Sistèm Pwen Delaware lan

Vyolasyon	Pwen	
Eksè Vitès	1-9 mil nan inèdtan (mph) anplis limit ki afiche an	2
Eksè Vitès	10 a 14 mil nan inèdtan anplis limit ki afiche an	4
Eksè Vitès	15 a 19 mil nan inèdtan anplis limit ki afiche an	5
Eksè Vitès	20 mil nan inèdtan oswa anplis limit ki afiche an	5*
Depase yon otobis lekòl ki kanpe	6*	
Kondwi Nan Fason ki Enpridan	6	
Manevre yon machin ki lakoz lanmò	6*	
Konduit Agresif	6	
Si w Pa Respekté Pano Arè oswa Limyè Wouj	3	
Lòt Vyolasyon Sikilasyon (ki nan Chapit 27, 41, ak 42 nan Tit 21 an)	2	

\*Gendwa lakoz lòt aksyon tankou sispansyon

Biwo an gendwa poze aksyon administratif kont yon chofè ki pran 8 pwen oswa plis nan yon peryòd de lane. Pwen yo kalkile nan nivo entèn, espesyalman pou aksyon sa a epi yo kredite yo jan I suiv la: valè total pwen pou premye 12 mwa yo apati dat vyolasyon an ak mwatye valè pwen pou dezyèm 12 mwa apati dat vyolasyon an. Tout aksyon yo baze sou pwen yo kalkile yo ak yon peryòd 24 mwa apre enfraksyon an. Pwosesis sa a pa aplike pou **Detantè Lisans pou Chofè Komèsyal yo**.

Pwen ki parèt sou yon dosye konduit yo se valè konplè pou tan yo mande I lan epi yo p ap montre Valè Pwen ki Kalkile an.

## Aksyon pou Pwogram pou Chofè ki gen Pwoblèm pou Amelyorasyon Chofè

Pwen Eleman Aksyon ki  
Kalkile yo

8	Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan voye bay chofè an yon lèt avètisman.
12	Chofè an dwe fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan espas 90 jou apre notifikasyon an (amwenske DMV pwolonje I). Si w pa respekte l oswa sou preferans chofè a, yo pral enpoze yon sispansyon obligatwa 2 mwa.
14	Sispansyon lisans obligatwa pou 4 mwa. Pou vin kalifye pou retablisman, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo, apati moman retablisman an.
16	Sispansyon lisans obligatwa pandan 6 mwa. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo, apati moman retablisman an.
18	Sispansyon lisans obligatwa pandan 8 mwa. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo, apati moman retablisman an.
20	Sispansyon lisans obligatwa pandan 10 mwa. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo, apati moman retablisman an.
22	Sispansyon lisans obligatwa pandan 12 mwa. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo, apati moman retablisman an.

## Pwen Kredi

Yo p ap evalye yon vyolasyon eksè vitès 1 a 14 mil nan inèdtan anplis limit vitès ki afiche a, Si:

- Se premye vyolasyon nan nenpòt peryòd 3 lane; epi
- Kontravansyon an peye atravè Sant Evalyasyon Volontè an oswa Tribunal Konseye Minisipal lan e li anrejistre kòm yon "kourye koupab" oswa atravè yon peman sou entènèt.
- Sa aplike sèlman pou detantè lisans Klas D; **detantè CDL yo ap resevwa pwen.**

## Vyolasyon Eksè Vitès ki Grav

1. Yo voye lèt avètisman bay chofè an lè yo kondane pou eksè vitès 20 a 24 mil nan inèdtan anplis limit vitès ki afiche a.
2. Yo ap kanpe chofè an pandan yon mwa lè yo kondane li dèské I kondwi a 25 mil nan inèdtan anplis limit vitès ki afiche a. Longè sispansyon an ap ogmante ak yon mwa pou chak senk mil nan inèdtan anplis limit inisyal 25 mil nan inèdtan an. Chofè an gendwa chwazi pou li ale nan kou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan plas yon sispansyon lisans lè li kondwi 25 a 29 mil nan inèdtan anplis limit ki afiche a. Pou eksè vitès 30 mil nan inèdtan anplis limit ki afiche a oswa plis, sispansyon an obligatwa. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitid nan kondwi nan dezan anvan yo.

3. Sispansyon yon lane lè yo kondane I dèské I kondwi 50 mil nan inèdtan oswa plis amplis limit vîtès ki afiche a oswa li kondwi a 100 mil nan inèdtan sou yon otowout. Pou vin kalifye pou retablisman an, chofè an dwe fini oswa te fini yon kou sou modifikasyon konpòtman/atitud nan kondwi nan dezan anvan yo.

## Lisans Pwofesyonèl

Biwo an gendwa bay yon lisans pwofesyonèl pandan peryòd sispansyon an nan kad Pwogram pou Chofè ki Gen Pwoblèm pou Amelyorasyon chofè an si sispansyon an te kreye yon gwo difikilte, amwenske yo kanpe oswa retire chofè an pou lôt kondanasyon Tit 21. Yo pa dwe bay yon lisans pwofesyonèl si chofè an te gen de sispansyon anvan nan kad politik sa a nan espas twa lane anvan yo oswa yo te ba li yon lisans pwofesyonèl pandan 12 mwa anvan yo. Yo pa bay lisans pwofesyonèl pandan premye mwa sispansyon an. Si nivo pwen ki kalkile a rive nan 15 pwen oswa plis nan yon peryòd 24 mwa, yo p ap bay yon lisans pwofesyonèl jiskaske pwen ki kalkile yo mwens pase 15 pwen. Lè yo kondane pou yon akizasyon dèské ou manevre yon machin nan vyolasyon restriksyon lisans pwofesyonèl la, Biwo an ap pwolonje peryòd sispansyon an pou yon lôt peryòd menm jan an. Biwo an ap mande moun lan tou pou li remèt lisans pwofesyonèl la.

## Kondwi Pandan Sispansyon oswa Anilasyon

Yon kondanasyon pou kondwi pandan sispansyon oswa anilasyon dwe pwolonje peryòd sispansyon oswa anilasyonan pou yon peryòd menm jan an jiska yon lane. Yo p ap otorize okenn otorite pou kondwi pandan balans premye sispansyon oswa anilasyon an ak peryòd pwolonje a. Nenpòt otorizasyon pou kondwi Biwo an te bay deja dwe remèt.

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram pou Chofè ki Gen Pwoblèm pou Amelyorasyon Chofè an, tanpri kontakte Sèvis pou Amelyorasyon Chofè an nan 302-744-2509.

## Kondwi ak Agresivite

Entansyon lwa sou konduit agresif Delaware la se pou idantifye chofè agresif yo epi chanje abitid kondwi ki gen gwo risk lè yo egzije yo patisipe nan yon pwogram fòmasyon presi. Objektif final la se prevansyon aksidan. Konduit agresif definì nan tèm enfrafrakson Tit 21 ki egziste deja yo, tankou enkapasite pou bay pase, chanjman vwa ki pa pridan, inyore yon aparèy kontwòl sikilasyon, enkapasite pou kanpe sou lòd yon ajan lapolis, swiv twò pre, pase sou yon akotman, ak eksè vîtès. . Moun ki kondane pou twa oswa plis nan enfrafrakson sa yo akoz konduit pèmanan yo koupab pou konduit agresif epi yo kapab sibi plis sanksyon. Delenkan yo pral peye amann ant \$100.00 ak \$300.00 pou premye enfrafrakson an. Amplis sa, delenkan yo oblige suiv yon kou modifikasyon konpòtman/atitud nan kondwi nan espas 90 jou apre kondanasyon an pou konduit agresif. Si w pa ale nan kou a, sa pral lakoz sispansyon privilèj pou kondwi moun lan.

Pou plis enfòmasyon konsènan Pwogram pou Chofè ki Gen Pwoblèm pou Amelyorasyon Chofè an, tanpri kontakte Sèvis pou Amelyorasyon Chofè an nan 302-744-2509.

## Modifikasyon Konpòtman ki Apwouve/Kou pou Kondwi nan Wotè

Sekretè Transpò a te apwouve sèten ajans pou bay kou modifikasyon konpòtman/atitud nan kondwi. Kou a se yon minimòm uit édtan li dire epi yo ofri l nan tout twa konte yo. Frè pou kou a se

\$100.00 epi ou peye I bay founisè kou a. Lè w fini kou modifikasyon konpòtman an, founisè a ap voye notifikasiyon ou fini an elektwonikman bay DMV nan espas 48 èdtan. Tanpri vizite [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov) pou yon lis founisè kou ki apwouve yo.

## Kou pou Kondwi ak Defans

Biwo an gendwa konsidere ou pase ak satisfaksyon yon kou kondwi ak defans ki apwouve kòm yon kredi twa pwen ki itilize pou kalkile sanksyon chofè an nan DMV an. Sa a pa diminye valè pwen jeneral ou ki itilize nan objektif travay ak analiz asirans. Kredi twa pwen yo aplike sèlman pou pwochen vyolasyon yo, **pou aksyon Administratif**, epi li pa retire oswa diminye pwen DMV ki egziste deja yo. Kou a rete valab pou twa lane apati dat fini an.

Tanpri vizite [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov) pou yon lis founisè kou ki apwouve yo.

## KONDWI AK KAPASITE DIMINYE

### Bwè ak Kondwi

Nan lane 2019, nan nivo nasjonal, alkòl te enplike nan apeprè 28% lanmò. Nan Delaware, an 2019, 35% nan aksidan fatal yo te gen rapò ak defisyans. Si w bwè alkòl, menm yon ti kras, chans ou genyen pou w nan yon aksidan yo pi gran pase si w pa t bwè okenn alkòl.

Pa gen moun ki ka bwè alkòl epi kondwi ak pridans, menm si w ap kondwi pandan plizyè lane. Nouvo chofè yo plis afekte ak alkòl pase chofè ki gen eksperyans yo paske yo toujou ap aprann kondwi.

Yon reyalite ki mande reflechi sou alkòl. Se pa sa ou bwè an. Se kantite an. Yon kanèt byè 12 ons, yon vè diven 5 ons, ak yon bwason ki gen 1.5 ons bwason alkolik ki distile a 80 degré, yo tout gen menm kantite alkòl.

Paske bwè alkòl epi kondwi apresa danje, sanksyon yo trè sevè. Moun ki kondwi apre yo fin bwè riske amann ki lou, pi gwo tarif asirans, pèt lisans, e menm kondanasyon prizon.

### Bwè Epi Konsantrasyon Alkòl nan San

Konsantrasyon alkòl nan san (BAC) se tou senpman yon fason presi pou endike kantite alkòl nan yon kantite san. Li eksprime an pousantaj epi yo mezire l nan analiz chimik.

Touswit apre ou fin vale yon bwason ki gen alkòl, alkòl la kòmanse deplase sòti nan lestomak la pou al nan sikelasyon san an. Vités mouvman sa a ak kantite alkòl ki antre nan san an depann sitou sou kantite alkòl ki nan bwason ou pran yo. Nan vités alkòl lan deplase al nan sikelasyon san an kontwole nan yon nivo ki mwens parapò ak kantite manje ki nan vant lan ak trip yo. Sa depann sèlman nan yon nivo trè limite sou fason bwason yo melanje. Kidonk, de ons alkòl pi bon kalite an ki desann nan lestomak la nan yon peryòd inèdtan pral lakoz apeprè menm konsantrasyon alkòl lan nan san kit yo konsome l sou fòm matini, vè sèk, vè ki long, diven, byè, oswa yon melanj tout sa yo.

Plis pwa moun k ap bwè an pa lou, se mwens kantite bwason ki gen alkòl li bezwen pou mete konsantrasyon alkòl nan san li nan yon nivo presi. Li pran apeprè mwatyé kantite an pou yon moun ki peze 100 liv parapò ak yon lòt ki peze 200 liv.

Gen diferans nan fason moun reyaji lè yo bwè, men anjeneral, lè yon moun bwè yon kantite bwason ki gen alkòl, yo ka prevwa konsantrasyon alkòl yo.

Nan Delaware yon BAC .08 oswa plis oswa prezans nenpòt dwòg ki ilegal oswa rekreyatif se prèv ki konfime yon chofè sou efè sibstans. Sepandan, yon chofè


ka akize dèské li ap kondwi sou efè sibstans si BAC la enferyè ak 08. Si yon chofè refize pase tès chimik lan, yo gendwa retire lisans li.

Gen règ ki pi sevè ki aplike ak moun ki poko gen 21 lane yo. Minè k ap konsome oswa ki gen alkòl nan men yo, menm si pa gen rapò ak manevre yon otomobil, ka lakozi yo retire yon lisans. Lwa tolerans zewo Delaware lan egzije yon revokasyon lisans pou chofè minè ki gen yon BAC .02. Si yo kondane I dèské li kondwi sou efè sibstans alkòl, yo ka retire lisans minè an jiskaske li rive nan laj 21 lane.

Nenpòt chofè k ap manevre yon otomobil komèsyal ki refize soumèt ak yon tès souf oswa san pou detèmine BAC li, oswa ki gen BAC .04 oswa plis, yo pral diskalifye pou kondwi yon machin komèsyal pou yon lane; yo gendwa enpoze yon diskalifikasyon pou tout lavi yo pou yon dezyèm kondanasyon. Nouvo egzijans federal yo te aplike apati 30 septanm 2005, pou detantè CDL k ap kondwi sou efè sibstans alkòl oswa dwòg pandan y ap kondwi yon machin ki pa komèsyal. Si l kondane, detantè CDL la ap diskalifye pou yon lane; yo gendwa enpoze yon diskalifikasyon pou tout lavi yo pou yon dezyèm kondanasyon.

## Risk Aksidan

Gen yon relasyon klè ant bwè ak aksidan nan kondwi. Ou ka wè nan tablo ki anba la a pandan konsantrasyon alkòl nan san an ap ogmante, chans pou patisipe nan yon aksidan ogmante. Ogmantasyon risk aksidan an kòmanse anvan chofè yo gen kapasite diminye oswa yo entoksike.




## Si Ou Bwè, Kilè Ou Ka Kondwi

Alkòl diminye tout konpetans enpòtan ou bezwen pou w kondwi ak pridans. Alkòl soti depi nan vant ou pou al nan san ou ak nan tout pati nan kò ou. Li rive nan sèvo ou nan 20 a 40 minit. Alkòl afekte zòn sa yo nan sèvo ou ki kontwole jijman ak konpetans. Sa a se youn nan rezon ki fè bwè alkòl tèlman danje; li afekte jijman ou. Bon jijman enpòtan pou kondwi, men nan ka sa a, jijman ede w konnen kilè pou w kanpe bwè. Nan yon fason, se tankou alkòl mete bon jijman sou poz Ou pa konnen kilè ou te bwè twòp jiskaske li twò ta. Li yon ti kras tankou yon kout solèy; lè ou santi li, li dejà twò ta.

Alkòl ralanti reflèks ou ak tan reyakson ou, diminye kapasite w pou w wè klè, epi rann ou mwens vijilan. Pandan kantite alkòl nan kò ou ap ogmante, jjiman ou vin pi mal e konpetans ou yo diminye. Ou pral gen pwoblèm pou jije distans, vitès, ak mouvman lòt machin yo. Ou pral gen pwoblèm tou pou kontwole machin ou an.

Pi bon konsèy la se: si ou bwè alkòl, pa kondwi. Menm yon sèl bwason alkolize ka afekte kondwi ou. Avèk de oswa plis bwason nan san ou, ou gen kapasite diminye epi yo ka arete ou.

Yon bwason alkolize se 1.5 ons yon 80 bwason ki gen alkòl a 80 degré (yon sèl vè) sèk oswa ak yon melanj, 12 ons byè (yon kanèt, boutèy, tas oswa vè gwosè nòma) oswa yon 5 ons vè diven. Bwason espesyalite yo ka gen plis alkòl ladan yo epi yo menm jan ak si w pran plizyè bwason nòmal.



Pa gen okenn fason pou modere byen vit. Kafe, lè fre, fè egzèsis, oswa benyen nan dlo frèt p ap ede ou. Tan se sèl bagay ki ap modere ou.

Gen fason pou jere sitiayson sosyal kote moun ap bwè. Fè aranjman pou ale ak de oswa plis moun epi dakò sou kiyès nan nou ki p ap bwè alkòl. Ou ka fè wotasyon nan mitan gwoup la, kote gen yon moun ki chwazi kòm "chofè yo nonmen." Ou ka itilize transpò publik oswa itilize yon taksi, si yo disponib.

Gen fason pou ralanti efè bwè alkòl lan. Pi bon an se ogmante kantite tan ant chak fwa ou bwè yo. Yon lòt se manje anvan ak pandan w ap bwè an. Manje ralanti vitès alkòl lan antre nan san ou. Manje ki gen lanmidon tankou "chips" pòmdetè, "pretzels", pen, ak ti biskwit yo pi bon. Sonje byen, manje sèlman ralanti tan alkòl la pran pou antre nan san ou, li pa p anpeche w sou.

## Dwòg ki Melanje Avèk Alkòl

Anplis alkòl, gen anpil lòt medikaman ki ka afekte kapasite yon moun pou kondwi ak pridans. Medikaman sa yo ka gen efè tankou sa yo ki gen nan alkòl lan oswa menm vin pi mal. Sa a se laverite pou anpil medikaman sou preskripsiyon e menm anpil nan medikaman ou ka achete san preskripsiyon yo. Medikaman yo pran pou tèt fè mal, rim sèvo, lafyèv zèb oswa lòt alèji, oswa sa yo ki pou kalme nè yo ka rann yon moun anvi dòmi epi afekte konduit li. Konprime pou Estimilasyon, "konprime pou ret je kale yo" ak konprime pou rejim yo ka fè yon chofè santi l pi vijilan pandan yon ti tan. Men pita, yo ka lakoz yon moun pa anfòm, gen tèt vire, pa kapab konsantre, epi yo ka afekte vizyon ou. Lòt medikaman sou preskripsiyon ka afekte reflèks ou, jjiman, vizyon, ak vijilans ou nan fason ki sanble ak alkòl.

Si w ap kondwi, verifye etikèt yo pou avètisman sou efè medikman an anvan ou pran medikaman an. Si w pa sèten li san danje pou w pran medikaman an epi pou w kondwi, poze doktè w oswa famasyen w kesyon konsènan nepòt efè segondè.

Pa janm bwè alkòl pandan w ap pran lòt medikaman. Medikaman sa yo ta ka entansifye efè alkòl oswa gen pwòp efè pa yo anplis. Efè sa yo non sèlman

diminye kapasite w pou w yon chofè ki pridan, men sa ka lakoz pwoblèm sante grav, menm lanmò.

Dwòg ilegal yo pa bon pou sante w epi yo afekte kapasite w pou w yon chofè ki pridan. Pa egzanp, etid yo montre moun ki itilize marigwana fè plis erè, gen plis pwoblèm pou adapte ak ekla limyè yo, epi yo arete yo pou vyolasyon sikilasyon plis pase lòt chofè yo.

## Kondwi Distrè

Kondwi se yon aktivite ki riske. Nan lane 2020, 42,060 moun te mouri nan aksidan machin ak plis pase twa milyon te blese. Si w bwè alkòl, menm yon ti kras, chans ou genyen pou w nan yon aksidan yo pi gran pase si w pa t bwè okenn alkòl. **Remake:** aktyèlman estimasyon aksidan yo pa disponib nan Administrasyon Nasional Transpò sou Otowout lan (NHTSA). Enstriktè konduit yo estime yon chofè pran 200 desizyon pou chak mil li kondwi. Si w ap fè nenpòt lòt bagay pandan w ap kondwi an, w ap ajoute nan kantite travay total ki nan sèvo ou. Si w wete zye w sou wout la pandan w ap woule a 55 mil nan inèdtan pandan 3-4 segonn, machin ou woule sou distans yon teren foutbòl antye.

Yo te rapòte sèt pouasan nan tout chofè ki gen 15-19 lane yo ki enplike nan aksidan fatal yo kòmkwa yo te distrè.

Si w ap fè nenpòt nan bagay sa yo pandan w ap kondwi, ou gendwa ap fè plis bagay pase sa w ka jere san danje:

- Manje, bwè, oswa fimen.
- Chanje pòs radyo, CD, oswa mizik nan aparèy elektwonik ou an.
- Raze, fè makiyaj, oswa lòt travay pèsònèl.
- Angaje nan konvèssasyon emosyonèl entans ki konplike nan telefòn selilè oswa ak pasaje yo.
- Li yon kat wout lan, yon jounal, oswa pran nòt.
- Konsantre atansyon w sou timoun oswa bêt domestik yo.
- Rekipere kago oswa bagay ki pa byen abrite.
- Kondwi yon machin ou pa abitye san ou pa ajiste retwovizè yo ak syèj la dabò, chwazi opsyon pou amizman yo, epi lokalize kot limyè yo, sinalizasyon pou vire yo, ak waypè vit devan yo ye.
- Pale oswa voye téks lè w apati yon telefòn selilè.
- Li oswa reponn imèl oswa lòt komunikasyon atravè ödinatè pòtab, blackberry, oswa lòt aparèy PDA.
- Fè yon "selfie".

## Kondwi ak Dòmi nan Zye

Pandan dènye deseni a, plis pase 7,000 moun mouri nan aksidan ki gen rapò ak somnolans. Kondwi pandna distans gendwa rann ou gen dòmi nan zye oswa ou pa okouran sa k ap pase. "Ipnоз sou Otowout" souvan fè referans ak eta lè ou pa okouran sa k ap pase nan anviwònman ou. Se monotonii ki lakoz li—son van an, kawotchou yo, ak bri wonfle ki stab nan motè a.

Si w fatige pandan w ap kondwi, li pi bon pou w repoze w oswa chanje chofè. Lè w fatige, sa ralanti lespri ou epi ralanti reyaksyon w, sa ki rann kondwi an ka pote danje. Mete nan tèt ou gen lavi ki andanje.

Men kèk siy pou chofè ki gen anvi dòmi:

- Zye ou fèmen oswa pèdi konsantrasyon pou kont yo.
- Ou gen pwoblèm pou kenbe tèt ou dwat.
- Ou pa ka sispann baye.
- Ou gen panse w k ap navige, dekonekte.
- Ou pa sonje ou te kondwi dènye mil ou sot pase yo.
- Ou rate sòti ou an.
- Ou pede kondwi sot nan vwa ou a.
- Vitès ou vin varyab.

## LWA SOU BWÈ AK KONDWI NAN DELAWARE

### Li Entèdi pou Bwè Pandan W ap Kondwi

Li ilegal pou konsome bwason ki gen alkòl pandan w ap kondwi yon machin sou otowout Eta sa a.

### Kondwi sou Efè Alkòl (DUI)

Lalwa Delaware sou otomobil konsènan arrestasyon ak desizyon pou kondwi pandan ou sou enflyians sibstans prevwa:

Li aplike pou nenpòt moun ki kondwi, manevre, oswa ki gen kontwòl fizik reyèl sou yon machin, machin machin touteren, oswa mobilèt pandan yo sou enflyians alkòl oswa dwòg ki rann yo sou. Yon moun ka tonbe anba lwa DUI alafwa sou otowout yo ak lòt kote atravè Eta a. Menm lè yon moun yo kondane poutèt li vyole lwa DUI la gen, oswa li te, legalman gen dwa pou utilize alkòl oswa yon dwòg, sa pa dwe konsidere kòm yon defans. Tout moun sa yo, lè yo fè sa, yo dwe konsidere yo te bay konsantman yo pou yon tès chimik oswa tès souf, san, ak/oswa pipi nan objektif pou detèmine prezans alkòl ak/oswa dwòg. Yon moun ki kondwi sou enflyians alkòl oswa dwòg ka tonbe alafwa anba sanksyon kriminèl ak administratif. Yon moun ki kondane pou yon DUI nan yon lòt Eta ap gen lisans pou chofè li an ki retire nan Delaware.

### Lwa Sou Konsantman Enplisit

Nenpòt moun yo arete poutèt li kondwi, manevre, oswa genyen kontwòl fizik aktyèl sou yon machin, yon machin touteren, oswa yon mobilèt, pandan li sou enflyians alkòl ki rann li sou oswa nenpòt dwòg dwe konsidere kòm li te bay konsantman pou li soumèt ak yon tès chimik oswa tès souf yo, san yo, ak/oswa pipi yo nan objektif pou yo detèmine kontni alkòl ki nan san l. Si moun lan refize soumèt ak tès ajan an deziyen an, yo ka pran mezi rezonab pou pase tès yo san konsantman moun lan. Lè gen yon refi konsa, ajan k ap arete an pral remèt yon rapò sou refi bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan ki gendwa retire lisans pou chofè moun lan ak/oswa privilèj pou kondwi pou youn jiska de lane, selon kantite enfraksyon DUI anvan yo, kòz pwobab lan, ak/oswa. enfraksyon pou refi tès chimik yo.


### Lwa Konsènan Ti Jèn k Ap Kondwi Sou Efè Alkòl

Pou yon vyolasyon lwa DUI nan Delaware lan, Tribunal pou Fanmi an dwe soumèt yon òdonans bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan pou retire lisans ak/oswa privilèj pou kondwi nenpòt jèn jiskaske yo legalman otorize yo bwè bwason ki gen alkòl (21 lane).

### Lwa Zewo Tolerans

Lwa a deklare nenpòt moun ki poko gen 21 lane, ki kondwi, manevre, oswa ki gen kontwòl fizik aktyèl sou yon machin, yon machin touterten, oswa yon mobilèt pandan l ap konsome oswa apre li fin konsome bwason ki gen alkòl, yo dwe retire lisans pou chofè li pou yon peryòd de mwa pou premye enfraksyon an epi pa mwens pase simwa ni plis pase 12 mwa pou chak enfraksyon ki vin apre.

**Minè k Ap  
Konsomé Oswa  
Ki Genyen L  
Nan Men L**



Nenpòt moun ki pokò gen 21 lane ki gen bwason alkolize avèk li nenpòt kilè, oswa konsome l, oswa yo jwenn li te konsome bwason alkolize, ap peye amann \$100 pou premye enfrakson an ak

pa mwens pase \$200 ni plis pase \$500 pou chak enfrakson ki vin apre. Yon premye ak dezyèm vyolasyon sou-seksyon sa a se yon enfrakson sivil. Enfòmasyon konsènan enfrakson sivil sa a gendwa pa parèt nan dosye kriminèl sètifye yon moun. Seksyon sa a pa dwe aplike pou posesyon oswa konsomasyon bwason alkolize nan kad okenn sèvis relije oswa manm nan yon menm fanmi fè anndan domisil prive nenpòt nan manm sa yo.

**Lòt Faktè pou konsidere anvan ou bwè/pran dwòg epi kondwi se:**

- Depans ak difikilte an pou fanmi ou.
- Travay ou gendwa andanje.
- Frè asirans ou yo ap ogmante anpil.
- Sanksyon DMV yo ki etabli nan Tit 21, Seksyon 4177A Kòd Delaware la.
- Sanksyon Tribunal ki etabli nan Tit 21, Seksyon 4177(d) Kòd Delaware la.

**Sanksyon Ak Pwosedi Presi Delaware yo**

Ajans lapolis la ap konfiske lisans pou chofè an nan moman arrestasyon an, sof pou detantè lisans pou chofè ki sòti andeyò Eta a. Apresa, ajan an ap bay yon lisans tanporè pou 15 jou. Chofè an ap gen 15 jou pou i mande yon odyans administratif. Li gendwa mande odyans alekri, nan lapòs, faks 302-739-2602, sou entènèt nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov), oswa fizikman nan etablisman DMV lokal ou a. Lisans tanporè a gendwa pwolonje nan moman sa a, si li kalife. Yo ap retire lisans lan nan fen peryòd 15 jou a si yo pa mande okenn odyans.

Si chofè an mande sa, yo ap fè Odyans Administratif pou Otomobil pou detémine:

1. Si yon ajan lapolis te gen yon rezon pwobab pou kwè chofè an t ap kondwi, maneuvre, oswa li te genyen aktyèl kontwòl fizik yon machin pandan li sou efè sibstans alkòl ak/oswa dwòg.



- Kit se ak yon kantite prèv li sanble chofè an t ap kondwi, manevre oswa li te genyen aktyèl kontwòl fizik yon machin pandan li sou efè sibstans alkòl ak/oswa dwòg. Yon tès chimik .08 BAC oswa plis, oswa prezans nenpòt dwòg se prèv konkliyon ki montre chofè an te sou efè enfliyans.
- Si chofè an te refize yon tès chimik apre yo te enfòme l sou sanksyon revokasyon an dèské l refize tès sa a.

Si chofè an resevwa yon desizyon ki pa favorab nan yon odyans administratif, lisans pou chofè an ak/oswa privilèj pou kondwi a ap retire pou:

#### **Kòz pwobab tès chimik ki Refize an**

- 3 mwa pou premye enfrafraksyon an
- 12 mwa pou 2yém enfrafraksyon an
- 18 mwa pou 3yém enfrafraksyon an ou plis
- 24 mwa pou 3yém enfrafraksyon an ou plis

Nenpòt moun yo retire pou yon kòz pwobab oswa li te refize aksyon chimik lan gendwa aplike pou retabli lisans pou chofè li an ak/oswa privilèj pou kondwi li an dapre kondisyon ki suiv yo la:

- Suiv ak satisfaksiyon yon kou ansèyman ak/oswa pwogram reyabilitasyon jan yon evalyasyon sou alkòl deziyen l. Peman tout frè ki asosye ak kou an, pwogram lan, ak evalyasyon an.
- Ou fin pase peryòd revokasyon an.
- Ou gendwa oblige pase yon egzamen vizyon, tès konesans, ak tès konpetans lari an anvan retablisman ou.
- Peman \$200.00 frè retablisman an.

#### **Sanksyon pou Kondwi sou Efè Alkòl (DUI) Pou Yon Premye Enfraksyon**

##### **Pèt lisans akoz DMV**

- 12 mwa pou BAC ki mwens pase 15 oswa pou dwòg.
- 18 mwa pou BAC ki ant 15 ak 19.
- 24 mwa pou BAC ki 20 oswa plis, oswa refize pou soumèt ou ak yon tès chimik.

##### **Sanksyon yon Tribunal Bay**

- Amann: \$500.00 pou rive \$1,500.00 ak/oswa
- Kondanasyon: Prizon pandan jiska 12 mwa.

#### **Pwogram Aparèy Verouyaj Sistèm Demaraj lan (IID) pou Chwa Premye Enfraksyon an (FOE)**

Yon moun ki, olye pou l ale nan jijman, antre nan yon Chwa pou Premye Delenkan (FOE) gendwa chèche yon lisans IID pou kondwi yon otomobil anvan peryòd revokasyon li an pase. Tout delenkan FOE ki gen yon dat vyolasyon DUI apati 2 fevriye 2015 oswa apre, yo kalifye tousuit pou aplike pou lisans IID an dapre kondisyon sa yo:

- Ou remèt lisans Delaware ou an bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan.
- Ou ranpli yon aplikasyon pou pwogram IID an.
- Bay prèv asirans pou machin (yo) kote IID a dwe enstale.
- Bay prèv yon machin ki valid ki anrejistre nan Delaware kote IID a dwe enstale.
- Yo pa kanpe, retire, diskalifye, oswa refize lisans pou chofè ak/oswa privilèj pou kondwi ou an pou yon lòt vyolasyon ki t ap entèdi yo bay yon lisans IID.
- Yon fwa tout egzijans yo ranpli, DMV an pral otorize enstalasyon aparèy la sou machin yo apwouve a (yo).



Tout moun ki chwazi pwogram FOE an ak lisans IID an, dwe rete sou IID an pandan kat mwa apati dat lisans IID a te soti. Anvan retablisman an, Biwo an dwe te resevwa yon rapò ki satisfezan sou achèvman pwogram sou alkòl lan. Yo dwe peye yon frè nan montan

\$200.00 bay Biwo an nan moman retablisman an, epi yo gendwa egzijé yon tès pou zye, tès sou lalwa, ak tès lari. Apresa, Biwo an ap otorize pou retire IID a.

Nenpòt moun ki chwazi pwogram FOE a men ki pa gen yon machin nan non I epi ki chwazi pa jwenn yon lisans IID, p ap kalifye pou retablisman jiskaske peryòd revokasyon konplè an pase. Tout lòt egzijans yo dwe ranpli anvan retablisman pou I pa gen kondwi ladan I pandan peryòd revokasyon an. Pou plis enfòmasyon gade Tit 21, Seksyon 4177B Kòd Delaware lan.

## Sanksyon pou DUI pou Dezyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 18 mwa pou BAC ki mwens pase 15 oswa dwòg.
- 24 mwa pou BAC ki ant 15 ak 19.
- 30 mwa pou BAC ki 20 oswa plis, oswa refize pou soumèt ou ak yon tès chimik.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Amann: \$750.00 pou rive \$2,500.00 ak
- Kondanasyon: Prizon pou yon minimòm 60 jou e jiska 18 mwa. Si delenkan satisfè kritè kalifikasyon yo epi li patisipe nan Pwogram Tretman DUI Tribunal Premye Enstans lan, Tribunal la gendwa kanpe kondanasyon minimòm lan lè pwogram lan rive nan achèvman l.

## Sanksyon pou DUI pou Twazyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 24 mwa pou BAC ki mwens pase 15 oswa dwòg.
- 30 mwa pou BAC ki ant 15 ak 19.
- 36 mwa pou BAC ki 20 oswa plis, oswa refize pou soumèt ou ak yon tès chimik.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Twazyèm Enfraksyon DUI: Deli Klas G – ki rive nenpòt kilè apre de enfraksyon oparavan.
- Amann: Jiska \$5,000.00 ak.
- Kondanasyon: Prizon pa mwens pase yon lane ni plis pase del ane.

## Sanksyon pou DUI pou Katriyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 60 mwa pou tout kondanasyon pou katriyèm enfraksyon.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Katriyèm Enfraksyon DUI: Deli Klas E – ki rive nenpòt kilè apre twa enfraksyon oparavan.
- Amann: Jiska \$7,000.00.

- Kondanasyon: Prizon pa mwens pase de lane ni plis pase senk lane.

## Sanksyon pou DUI pou Senkyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 60 mwa pou tout kondanasyon pou senkyèm enfraksyon.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Senkyèm Enfraksyon DUI: Deli Klass E .
- Amann: Jiska \$10,000.00 ak
- Kondanasyon: Prizon pa mwens pase twa lane ni plis pase senk lane.

## Sanksyon pou DUI pou Sizyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 60 mwa pou tout kondanasyon pou sizyèm enfraksyon.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Sizyèm enfraksyon DUI: Deli Klas D.
- Amann: Jiska \$10,000.00 ak
- Kondanasyon: Prizon pa mwens pase kat lane ni plis pase uit lane.

## Sanksyon pou DUI pou Setyèm Enfraksyon

### Pèt lisans akoz DMV

- 60 mwa pou tout setyèm kondanasyon pou enfraksyon oswa plis.

### Sanksyon yon Tribunal Bay

- Setyèm enfraksyon DUI oswa plis: Deli klas C.
- Amann: Jiska \$15,000.00.
- Kondanasyon: Prizon pa mwens pase senk lane ni plis pase kenz lane.

## Pwogram Aparèy Verouyaj Sistèm Demaraj lan (IID)

Yon lisans IID otorize detantè a pou l manevre yon machin ki gen yon IID ki enstale. Yo pa ka bay yon lisans IID jiskaske patisipan an ranpli tout kalifikasyon minimòm yo. Tout delenken DUI kalifye pou aplike pou IID an apre yon peryòd revokasyon minimòm obligatwa fini. Dapre Tit 21, Seksyon 4177C(a)-(c) nan Kòd Delaware lan:

1. FOE - kalifye tousuit lè l antre nan pwogram lan;
2. Kondanasyon pou Premye Enfraksyon, ki pa FOE -30 a 45 jou selon BAC;
3. Kondanasyon pou Dezyèm Enfraksyon – 60 jou;
4. Kondanasyon pou Twazyèm Enfraksyon – 90 jou;
5. Katrìyèm Kondanasyon ak sa ki vin apre – omwen 6 mwa.

Lisans IID a pa disponib pou machin klas CDL oswa li pa valab pou okenn mansyon periferik. Enfraksyon nan kesyon an pa dwe emplike lanmò oswa blesi grav pou okenn moun (gade Tit 21, Seksyon 2732(a) Kòd Delaware lan). Yo pa kanpe, retire, diskalifye, oswa refize lisans pou chofè ak/oswa privilèj pou kondwi delenken an pou yon lòt vyolasyon ki t ap entèdi yo bay yon lisans IID ak lòt kritè diskalifikasyon jan sa endike nan Tit 21, Seksyon 4177G(f), 4177C, oswa lòt kritè ki tabli yon lòt kote nan Kòd Delaware lan oswa Kòd Administratif lan.

Yon moun ki pa diskalifye sion gendwa aplike pou jwenn yon lisans IID lè l swiv pwosesis jeneral ki anba a:

1. Ou dwe te gen yon lisans nan Delaware ki valab nan moman enfrafraksyon sa a;
2. Ranpli yon aplikasyon IID;
3. Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan verifye prèv anrejistrement nan yon kou ansèyman ak/oswa pwogram reyabilitasyon jan evalyasyon pou alkòl lan deziyen l lan epi peye tout frè ki asosye ak kou/pwogram lan;
4. Yo te remèt lisans aktyèl ou nan Delaware lan bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan;
5. Bay prèv asirans pou machin lan (yo) kote IID a dwe enstale;
6. Bay prèv yon machin ki valid ki anrejistre nan Delaware kote IID a dwe enstale. Yo dwe enstale yon IID sou chak machin (yo) moun lan pral maneuvre pandan peryòd revokasyon an, kélkeswa se moun lan ki posede ki machin lan;
7. Ou gendwa oblige pase yon tès vizyon, tès konesans, ak tès konpetans lari an anvan yo bay yon lisans IID;
8. Yon fwa tout egzijans yo ranpli Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan ap otorize yon Founisè IID ki apwouve enstale aparèy la (yo) sou machin ki apwouve a (yo);
9. Apre prèv yo resevwa enstalasyon IID an, Biwo an pral verifye tout kritè yo te ranpli pou bay yon lisans IID (sa vle di: yon retablisman privilèj ki limite pou kondwi ki asosye ak machin (yo) ki apwouve an (yo)).

Si yon delenkan DUI chwazi jwenn lisans IID a, li dwe fè enstale IID a sou tout machin (yo) moun lan pral maneuvre oswa li maneuvre, delenkan an responsab fè tout depans ki asosye ak pwogram lan, epi li dwe genyen aparèy la sou machin lan (yo) pandan tout peryòd ki nesesè pou IID a, kélkeswa lè peryòd revokasyon orijinal la t ap sinon pase. Egzijans pou tan IID a ap kòmanse apati dat yo bay lisans IID a. Dapre Tit 21, Seksyon 4177C(d) nan Kòd Delaware lan, peryòd tan yo anba a.


1. FOE - 4 mwa;
2. Kondanasyon pou Premye Enfraksyon, ki pa FOE -12 a 23 mwa selon BAC;
3. Kondanasyon pou Dezyèm Enfraksyon – 16 a 28 mwa selon BAC;
4. Kondanasyon pou Twazyèm Enfraksyon – 21 a 33 mwa selon BAC;
5. Katriyèm Kondanasyon ak sa ki vin apre – omwen 54 mwa.

Biwo an gendwa pwolonje peryòd tan ki anwo yo oswa diskalifye yon patisipan nan pwogram nan dëske li pa respekte egzijans yo.

Gade Tit 21, Seksyon 4177G(f) nan Kòd Delaware lan.

Si yon delenkan DUI pa aplike pou Pwogram IID a, li dwe fè tout revokasyon ki asosye ak vyolasyon DUI yo epi li pa ka kondwi pandan peryòd sa a.

Pou plis enfòmasyon konsènan pwogram IID a, tanpri kontakte Sèvis IID an nan 302-744-2540.



# SEKSYON TWA

## EKIPMAN MACHIN, IMATRIKILASYON, ANREJISTREMAN, AK ASIRANS

Lalwa Delaware egzise anrejistreman tout machin ki woule sou otowout la. Seksyon sa a dekri pwosesis Imatrikilasyon/anrejistreman an. Nouvo rezidan yo dwe imatrikile/anrejistre machin yo nan espas 60 jou apre yo vin viv nan Delaware. Kliyan yo gendwa jwenn plis enfòmasyon detaye sou imatrikilasyon, anrejistreman, enspeksyon, ak lòt sèvis sou sit entènèt Biwo pou Sikilasyon Otomobil yo nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

### EKIPMAN OTOMOBIL

#### Ekipman Obligatwa

Tout otomobil ki anrejistre nan Delaware dwe genyen ekipman sa yo. Yo diskite sou ekipman ki entèdi nan pwochen souseksyon an.

- **Limyè avan yo** - Omwen de (2) limyè blan ki gen plizyè reyonnan obligatwa, youn sou chak bò devan an. Gwo reyonnan yo dwe sible epi ase pisan pou montre moun ak machin yo omwen sou yon distans 350 pye pi devan. Reyonnan ki fèb yo dwe montre moun yo omwen sou yon distans 100 pye pi devan epi yo dwe trè byen ajiste pou yo pa frape nan zye yon chofè k ap apwoche. Limyè avan yo dwe limen lè waypè vit devan yo ap sèvi akòz move tan.
- **Limyè Nan Pwent Dèyè yo** - Omwen de limyè wouj ki gen konsepsyon orijinal obligatwa dèyè a. Yo dwe vizib nan yon distans 500 pye.
- **Limyè Estasyonnan yo** - Omwen yon limyè blan oswa koulè anbre ki vizib nan yon distans 500 pye pa devan ak omwen yon limyè wouj ki vizib nan yon distans 500 pye pa dèyè. Limyè dèyè an (yo) gendwa menm bagay lan ak limyè nan pentw dèyè an (yo).
- **Limyè pou Plak lan** - Dwe blan ak fò ase pou nimewo ki sou plak anrejistreman an ka wè nan yon distans 50 pye. Dwe klere plak anrejistreman an san I pa pwojte limyè nan direksyon machin k ap sikile nan menm direksyon an.
- **Limyè Arè yo** - Konsepsyon orijinal limyè nan koulè anbre oswa wouj lan (oswa nenpòt koulè ant wouj ak anbre) obligatwa nan dèyè an. Li dwe limen lè pedal fren an peze epi li dwe vizib nan yon distans omwen 100 pye nan limyè nòmal solèy la. Si machin lan ekipe ak de limyè arè, toude dwe an fonksyon.
- **Sinyal pou Vire yo** - Tout machin ki fabrike apre 1953 dwe ekipe ak de sinyal pou vire devan epi de dèyè an. Sa ki devan yo gendwa nenpòt melanj koulè blan ak anbre; sa yo ki dèyè an gendwa nenpòt melanj ant anbre ak wouj. Toude je yo dwe vizib nan mwén 100 pye nan limyè solèy nòmal. Machin ki te fabrike anvan 1953 yo, oswa an 1953 yo, ki ekipe ak sinyal pou vire yo dwe genyen nan bon eta fonksyonnan.
- **Reflektè** - Tout machin ödinè yo ki te fabrike apre 1953 yo egzise de reflektè wouj pa dèyè a. Machin ki te fabrike apre 1977 yo egzise yon minimòm sis reflektè, de koulè anbre sou bò devan yo, de wouj sou bò dèyè yo ak de wouj nan dèyè machin lan. Reflektè yo dwe vizib jiska 500 pye epi yo dwe gen kat pouz kare espas ki reflechi limyè an. Yo gendwa mete reflektè yo nan lantiy ekleraj yo.

Pou remòk ak motosiklèt yo, al gade nan FMVSS 108 oswa kontakte yon etablisman enspeksyon DMV.

- **Limyè Sinalyzayon yo** - Tout machin òdinè yo fabrike depi 1972 yo egzije limyè sinalyzasyon ki sou kote. Limyè yo dwe vizib jiska 500 pye epi yo dwe gen kat pouz kare espas lantiy ki briye ki gen de limyè koulè anbre sou bò devan yo ak de limyè wouj sou bò dèyè yo. Pou remòk ak motosiklèt yo, al gade nan FMVSS 108 oswa kontakte yon etablisman enspeksyon DMV.
- **Fren yo** - Fren yo dwe ajiste pou fonksyone menm jan sou tout bò yo nan machin lan epi satisfè egzijans federal frenaj yo.
- **Estasyonnman oswa Fren Ijans** - Dwe kanpe machin lan yon distans 54 pye apati vitès 20 mil nan inèdtan.
- **Vit devan ak fenèt yo** - Vit devan machin ak tout fenèt sou kote ak dèyè yo dwe fêt an vè pou sekirite otomobil. Yo pa dwe mete okenn otokolan oswa siy sou vit devan oswa lòt fenèt ki pa sètifikasi lalwa egzije oswa sa Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan apwouye yo.
- **Waypè Vit Devan yo** - Yo oblijgatwa pou netwaye lapli, nèj, oswa lòt imidite sot sou vit devan.
- **Retwovizè yo** - Yo dwe mete yon fason pou chofè an ka wè tout machin k ap sikile nan menm direksyon an. Si w vizyon w apati retwovizè ki anndan bloke sa w ka wè dèyè an, machin lan dwe gen retwovizè deyò sou bò gòch ak bò dwat machin la.
- **Mòflè** - Tout machin yo dwe ekipe ak yon mòflè ki dwe nan bon kondisyon fonksyonnan e ki toujou ap byen mache. Yo dwe respekte nòm federal yo pou bri. Li entèdi pou fè bri fò oswa depase.
- **Klaksòn** - Dwe kapab fè son yo ka tande nan kondisyon nòmal omwen nan 200 pye distans.
- **Senti Sekirite** - Dwe enstale pou tout pasaje sou syèj devan yo, nan machin òdinè ki te fabrike apre 1ye janvye 1968, ak kamyon, otobis, ak machin ki gen plizyè pasaje ki te fabrike apre 1ye jiyè 1971.

### Ekipman Anplis

- **Pwojektè** - Ou gendwa enstale de. Okenn pati nan gwo reyonnan yo pa dwe vize agoch oswa ni plis pase 100 pye devan machin lan.
- **Limyè Bwouya** - De (blan oswa jòn) gendwa enstale sou devan machin lan yon wotè ki pa mwens pase 12 pouz ni plis pase 30 pouz anwo sòl lan. Reyonnman ki fèb lan dwe tonbe omwen kat pouz nan premye 25 pye yo.
- **Limyè pou Fè Bak** - Yo gendwa enstale sou dèyè machin lan pou pwojte limyè pou fè bak. Sa yo gendwa nenpòt koulè sòti nan blan rive nan koulè anbre.
- **Limyè ki diferan koulè** - Apa sa l tou vini avè l depi nan fabrikasyon an, limyè sinalyzasyon yo ak limyè sinal pou vire yo, yo pa otorize okenn limyè ki gen koulè diferan nan machin la. Limyè sa yo otorize sèlman nan machin pou ijans yo.

### Ekipman ki Entèdi

- **Limit nan Kantite Limyè** - Pa dwe gen plis pase kat limyè ki gen yon entansite 300 bouji oswa plis devan yon machin ki limen an menm tan. Limyè yo dwe enstale pa pi wo pase 54 pouz ni mwens pase 24 pouz apati mitan lanp lan pou rive atè a.

- **Limyè Wouj Entèdi Devan** - Okenn otomobil òdinè pa ka montre yon limyè wouj ki vizib devan yon machin konsa. Limyè sa yo otorize sèlman nan machin pou ijans yo.
- **Limyè kAp Flache ki Entèdi** - Limyè k ap flache yo jeneralman entèdi eklepte nan:
  - Machin pou ijans, otobis lekòl, ekipman ki pou retire nèj.
  - Tout machin gen yon mwayen pou endike lè ou ap vire adwat oswa agoch.
  - Tout machin gen yon mwayen pou endike yon danje sikilasyon (kat limyè detrès yo).
- **Ajou nan Plak Lisans lan** - Yo entèdi ankadreman, akseswa, desen, oswa senbòl ki sou oswa ki tache ak plak machin lan.
- **Lòt Limyè ak Chanjman nan Konsepsyon Oriijinal lan** - Yo pa ka enstale okenn limyè, lanp oswa reflektè ki gen tandans chanje konsepsyon oswa pèfòmans oriijinal machin lan.
- **Kawotchou ki gen Kranpon** - Yo legal apati 15 oktòb pou rive 15 avril tou konte ladan I; yo ilégal apati 16 avril pou rive 14 oktòb tou konte ladan I. Lòt Eta yo gen diferan peryòd tan kote yo otorize kawotchou ki gen kranpon; kèk Eta pa otorize yo sèvi ak yo kélkeswa moman. Ou dwe respekte lwa yo lè w ap pase nan Eta sa yo.
- **Dekoupaj** - Li entèdi pou itilize yon mòflè ki dekoupe.
- **Aparèy pou Fè Bri** - Okenn machin òdinè pa dwe ekipe ak okenn sirèn, echapman, oswa siflèt konpresyon.
- **Machin yo Remòke** - Okennveykil pa dwe remòke plis pase yon gress machin (yon traktè ak semi-remòk gendwa remòke yon lòt machin). Ba fè pou rale an oswa lòt koneksyon ki nan mitan kélkeswa de machin lan, kote youn ladan yo ap remòke lòt lan, pa dwe plis pase 15 pye longè. Si yo itilize yon chèn, kòd oswa kab, yo dwe tache yon drapo wouj ki gen omwen 12 pouss kare avè I.
- **Vit Tente** - Tent nan vit yo entèdi sou vit devan machin lan anba senk premye pouss yo nan pati anwo vit devan an (sitou pa anba kamouflaj AS-1 an ki sou vit devan an), ak sou vit yo ki sou bò gòch ak bò dwat chofè an. Yo pa ka enstale materyèl tente tou sou okenn limyè yo oswa plak machin lan. Machin ki gen tent ki enstale dwe gen retwovizè pa deyò sou bò dwat ak bò gòch machin lan. Machin ki gen tent yo achte met nan machin yo ki plase adwat oswa agoch chofè an dwe genyen yon dispans ki apwouve ki valid pou tent lan, epi li dwe toujou andedan machin lan.
- **Pyès pou Elevasyon Sispansyon** - Gade Kòd Delaware lan, Tit 21, Seksyon 4318, pou wotè defans lan, lonjwon chasi an ak wotè kawosri an.

### Sèvi ak Limyè Devan yo

Lalwa Delaware egzize pou limyè devan ou yo (non pa limyè estasyonnman yo):

- Limen lè w ap kondwi apre solèy lan kouche oswa anvan solèy lan leve.
- Limen nenpòt lòt lè ou pa ka wè pi lwen pase 1000 pye.
- Limen nenpòt lè ou ap itilize "waypè" pou vit devan yo.
- Pase nan reyonnan fèb yo 500 pye anvan ou rankontre yon lòt machin oswa lè ou nan 200 pye distans parapò ak machin w ap swiv la.

## Itilize Senti Sekirite ak Atach pou Timoun

Lalwa Delaware egzije tout moun ki nan yon machin dwe gen yon senti sekirite ki byen kenbe yo oswa yon syèt sekirite pou timoun yo. Ofisyé polis yo gendwa kanpe yon machin si yo wè moun ki ladan I yo pa pase senti. Chofè machin la resevwa yon kontravansyon pou nenpòt moun ki nan machin lan ki pa gen yon atach oswa ki kenbe yo oswa yo atach lan pa kenbe yo kòmsadwa. Tanpri revize enfòmasyon enpòtan yo sou itilizasyon senti sekirite ak atach pou timoun yo nan seksyon Konpetans pou Kondwi ak Konsèy sou Sekirite yo nan manyèl



SEKSYON TWA

61

## KÒMAN POU IMATRIKILE/ANREJISTRE MACHIN OU

Nouvo rezidan yo dwe imatrikile/anrejistre machin yo nan espas 60 jou apre yo vin tounen yon rezidan nan Delaware. Lwa eta a egzije yo rapòte chanjman nan adrès yo bay Divizyon Otomobil lan nan espas 30 jou. Ou ka jwenn plis enfòmasyon detaye sou fason pou regle imatrikilasyon/anrejistreman yon machin sou sit entènèt Biwo an nan: [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov), apresa klike sou "Sèvis Machin."

### Etap 1 - Asirans pou Responsabilite, Responsabilite Finansye ak Sanksyon

Premye etap la pou jwenn yon imatrikilasyon/anrejistreman yon machin nan Delaware se etabli responsabilite finansye ou (kòm pwopriyetè). Sa fèt lè w achte yon kontra asirans pou responsabilite nan men yon konpayi ki gen yon lisans Komisè Asirans lan ba l pou fonksyoner nan Delaware. Kouvèti minimòm lan se:

- Yon PIP (Pwoteksyon kont Domaj Pèsonèl) minimòm \$15,000 pou 1 moun ak \$30,000 pou tout moun ki blese nan 1 aksidan.
- \$25,000 pou blesi kòporèl oswa lanmò yon moun nan yon aksidan.
- \$50,000 pou blesi kòporèl oswa lanmò de moun oswa plis nan yon aksidan.
- \$10,000 pou blesi nan oswa destriksyon, pwopriyete lòt moun nan yon aksidan.

Biwo an egzije verifikasyon pou machin ki dwe anrejistre a asire kòmsidwa. Youn nan dokiman ki suiv la yo akseptab:

- Yon Kat idantifikasiyon pou Asirans orijinal nan Delaware – Tout konpayi asirans oblige bay kat sa yo. Kat la dwe nan machin la toutan epi mansyone peryòd kouvèti a ak nimewo idantifikasiyon konpayi an nan Asosyasyon Nasyonal Komisè Asirans lan (NAIC) (kòd NAIC). Kat idantite an dwe gen yon dat ekspirasyon valid. Yo rebay kat idantite yo chak simwa. Kat la gendwa an papye oswa elektwonik.

- Yon kontra asirans valid.
- Yon avi garanti nan espas 30 jou apre yon konpayi asirans oswa ajan bay li nan yon papye ki gen antèt konpayi asirans lan.
- Asirans nan non pwopriyetè a (Tit 21 Del. C. s 2118).
- Asirans ki fakse akseptab si se konpayi asirans lan ki voye l dirèkteman bay DMV an sèlman.

**Tanpri Remake:** Yo p ap aksepte okenn kopi asirans oswa kat asirans ki plastifye. Yo p ap aksepte faks nan men yon tyès pati.

Sanksyon pou manevre yon machin ki pa gen asirans se yon amann ki pa mwens pase \$1,500.00 ni plis pase \$2,000.00 ak sispansyon obligatwa lisans pou chofè ak/oswa privilèj pou kondwi pandan simwa. Pou chak enfraksyon ki vin apre yo rive nan espas twazan apre yon ansyen enfraksyon, amann lan pa dwe mwens pase \$3,000.00 ni plis pase \$4,000.00.

Bay fo prèv asirans pral lakoz yon amann \$500.00 anplis ak/oswa 30 jou nan prizon ak sispansyon lisans pou chofè pandan simwa.

Pèsonèl ki espesyalize ak Depatman Asirans Eta a ak/oswa responsab lapolis yo gendwa sezi plak anrejistreman yon machin san prèv afimatif si yon machin gen asirans, apre yo fin voye bonjan avi bay pwopriyetè a.

### **PWOPRIYETÈ YO K AP ANILE ASIRANS POU NENPÒT REZON DWE DABÒ REMÈT PLAK KI VALID YO AN BAY BIWO AN. PA RIVE REMÈT YON PLAK KI VALID AVAN ANILASYON ASIRANS LAN, SA AP LAKOZ AMANN.**

Biwo pou Sikilasyon Otomobil yo fè odit owaza pou prèv asirans nan anrejistreman ki aktif yo. Sanksyon dèske ou pa gen asirans se \$100.00 pou 1-30 jou ak yon lòt \$5.00 pou chak jou jiskaske ou jwenn asirans lan, yo remèt vinyèt yo, oswa anrejistreman an eksپire. Anplis sa, yo enpoze sispansyon sou anrejistreman tout pwopriyetè ki pa rive reponn ak demann lan. Yon fwa ou sispann, frè retablisman yo se \$50.00 pou chak anrejistreman.

### **Etap 2 – Enspeksyon Machin**

Dezyèm etap la nan jwenn yon imatrikilasyon/anrejistreman machin nan Delaware se fè enspekte otomobil ou an nan nenpòt nan kat lokal DMV yo. Manyèl sou vwa enspeksyon an disponib nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov).

Yo rekòmande yon verifikasyon eleman ki suiv sa yo anvan machin ou vini pou enspeksyon; sa ka epanye w retounen pou yon re-enspeksyon. Lis sa a se pa tout eleman yo enspekte yo men se eleman sa yo ki souvan pa pase nan enspeksyon an.

Ou dwe prezante sètifikasi pou Imatrikilasyon oswa kat anrejistreman.

- Pa gen okenn frè pou yon enspeksyon pou rezidan Delaware.
- Tout limyè yo dwe pwòp, nan eta fonksyonnan, epi byen vize. Sa gen ladann limyè fren yo, sinalizasyon pou vire yo, limyè pou plak machin lan, limyè estasyonnman yo, ak limyè avan yo.
- Fren yo dwe kanpe machin la nan distans ki nesesè yo. Yo bay yon tès sou pefòmans fren yo pou tout machin ki prezante pou enspeksyon.
- Retwovizè yo dwe pwòp epi yo pa kase.
- Waypè vit devan yo dwe byen fonksyone (lam kawotchou yo dwe nan bon eta).

- Lòk pou kapo ak kòf yo dwe kenbe kapo ak kòf lan totalman fèmen.
- Kawotchou yo pa dwe gen okenn gonfleman, pa gen okenn twal ki parèt, pa gen okenn zòn chòv, epi pa gen okenn coupe. Pwofondè band woulman kawotchou yo dwe omwen 2/32 pouz ki mezire sou de band woulman kawotchou ki kole
- Manch pòt yo oswa ekivalan an dwe la epi nan eta pou yo fonksyone.
- Pa dwe gen okenn pyès ki andomaje oswa ki deplase nan machin lan ki ta ka prezante yon danje pou sekirite.
- Klaksòn lan dwe nan eta pou l fonksyone.
- Silansye (Mòflè) an dwe redwi brui gaz echapman motè an nan yon fason efikas. Pa gen fwit nan sistèm tiyo echapman an. Yon konvètisè katalitik dwe enstale si fabrikan an te dejà ekipé l.
- Pa dwe gen okenn fuit gazolin, lwil oswa likid refwadisman ki vizib.
- Senti sekirite yo dwe mete.
- Wotè defans nan machin nòmal yo pa dwe depase 22 pouz soti atè a pou rive anba defans lan. Distans maksimòm ant kò machin lan ak ray chasi machin lan pa ka depase twa pouz.
- Pa gen okenn aparèy pou tente oswa pou pare solèy ki ka aplike sou vit devan machin lan oswa sou vit arebò ki devan yo.
- Yo pa dwe monte yon priz lè sou yon kapo machin ki depase twa pouz.
- Machin òdinè yo, 1968 ak pi resan, ak kamyon 1970 yo ak pi resan, ap teste pou emisyon echapman. Piò machin 1975 ak pi resan yo ap teste pou fuit vapè gaz. Machin 1996 ak pi resan yo ap teste apati Tès Dyagnostik Anbake an (OBD-II). • Vit devan an dwe pa gen tras fann, twou oswa pati ki kase. Fann ki plis pase senk pouz yo oswa ekla zetwal ki plis pase yon pouz yo se eleman defayans obligatwa. Wotè minimòm pou vizibilite yon vit devan se 10 pouz.
- Modèl machin ki gen sèt lane (ak pi resan) yo pa egzije enspeksyon ankò, eksepte yon enspeksyon VIN sou machin ki pa t janm imatrikile nan Delaware yo. Machin ki gen sèt lane yo resevwa renouvèlman yon lane san enspeksyon; tout lòt yo resevwa yon renouvèlman twa, kat oswa senk lane ki baze sou lane modèl la.
- Yo evalye yon frè \$20.00 pou reta pou renouvèlman apre ekspirasyon anrejistreman machin la.
- DMV aksepte lajan kach, chèk, manda postal (money order), ak peman ak kat kredi apati Visa, American Express, Discover, ak MasterCard epi identifikasyon ki apwopriye.



#### **MOVE ETA TOUT ELEMAN GENDWA lakoz YO REJTE L.**

Yo ap rejte machin ki nan eta ki pa ansekirite, ki manke ekipman ki obligatwa yo, oswa ki mal repare oubyen regle. Teknisyen enspeksyon an pral bay yon rapò enspeksyon ki montre eleman ki rejte yo. Eleman sa yo dwe korije epi machin lan dwe re-enspekte epi pase anvan yo bay yon imatrikilasyon, kat anrejistreman, ak

plak. Pwopriyetè machin ki gen anrejistreman ki pral ekspire gendwa kalifye pou yon vinyèt tanporè si eleman defayans lan pa gen rapò ak sekirite. Pri a se \$20.00.

### Etap 3 – Imatrikilasyon

Twazyèm etap pou jwenn yon anrejistreman machin se ranpli yon aplikasyon pou yon imatrikilasyon ak anrejistreman nan Delaware.

Si machin lan sòti nan yon Eta ki bay sètifica imatrikilasyon, yo dwe remèt yon sètifica imatrikilasyon bay Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan nan moman aplikasyon an depoze. Si gen yon gaj oswa yon chaj kont machin la, Biwo an ap bay yon lèt egzanp (MV-35) pou voye bay moun ki detantè gaj la pou jwenn sètifica imatrikilasyon an.

Aplikasyon (MV-212) pou sètifica imatrikilasyon ak Rapò Enspeksyon Machin lan se yon teknisyen enspeksyon ki bay yo apre machin ou an pase tès pou emisyon yo ak enspeksyon sekirite an. Aplikasyon an dwe pote siyati tout pwopriyetè machin lan oswa yon moun ki gen yon pwokirasyon orijinal pou siyen pou pwopriyetè sa a (yo), oswa yon responsab nan konpayi an (pwopriyetè, prezidan, vis prezidan, sekretè oswa trezorye) ki posedè machin lan. (Pwokirasyon an dwe notarye.)

Chak fwa yo mennen yon otomobil nan Delaware apati yon lòt Eta epi yo mande yon imatrikilasyon/anrejistreman, pwopriyetè a dwe peye yon frè pou dokiman machin lan ki se 4.25 poustan nan valè machin lan men ki pa mwens pase \$8.00 amwenske pwopriyetè a prezante prèv li te peye bay yon lòt Eta yon enpo sou lavant, enpo sou transfè, oswa kèk prelèvman ki sanblab nan acha machin lan nan espas katrevendis (90) jou anvan I te anrejistre nan Delaware. Valè machin lan dwe valè kontab anmwayèn echanj NADA aktyèl lan. Remak: frè pou dokiman an pou kay mobil yo se 3.75%.

Prèv Asirans Responsabilite an dwe soumèt nan moman imatrikilasyon/anrejistreman yon machin. (Gade paragraf konsènan asirans responsabilite an.)

Frè imatrikilasyon an se \$35.00 si pa gen okenn gaj oswa \$55.00 si gen yon gaj sou machin lan.

Si gen yon gaj sou machin lan, yo voye imatrikilasyon an nan lapòs bay detantè gaj la (Kliyan dwe bay adrès ki kòrèk la pou detantè gaj la).

Frè anrejistreman an se \$40.00 pou yon lane oswa \$80.00 pou dezan pou tout machin pasaje yo. Ou gen opsyon pou w enskri pou youn oswa de lane. Biwo an rekòmande pou ou renouvre anrejistreman ou an pou de lane. Machin ki nan sèt premye lane modèl yo gendwa anrejistre pou youn jiska sèt lane toudepan lane modèl la. Frè anrejistreman pou simwa se \$21.00.

Frè anrejistreman pou machin komèsyal yo se \$40.00 pou premye 5,000 liv yo ak ogmantasyon de \$18.00 pou chak 1,000 liv anplis 5,000 liv. Frè remòk yo se \$10.00 pou chak lane pou 1,000 liv, \$20.00 pou chak lane pou 1,001 liv rive 2,000 liv ak \$40.00 pou chak lane pou 2,001 liv rive 5,000 liv ak ogmantasyon \$18.00 pou chak 1,000 liv anplis 5,000 liv. Frè anrejistreman pou Machin Lwazi yo ak Remòk Lwazi yo se \$40.00 pou premye 5,000 liv yo ak ogmantasyon de \$6.40 pou chak 1,000 liv anplis 5,000 liv.

Lè yo soumèt tout dokiman ki nesesè yo ak akseptasyon yo, epi peman frè pou dokiman machin yo, Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan ap bay frè imatrikilasyon, ak frè anrejistreman, yon sètifica imatrikilasyon, kat anrejistreman, ak plak machin lan. Si gen yon gaj sou machin la, yo voye imatrikilasyon an bay moun ki detantè gaj la.

DMV aksepte lajan kach, chèk, manda postal (money order) oswa kat kredi kòm peman.

## Egzijans Pou Aplikan yo ki Gen Mwens Pase 18 Lane yo

Si w gen mwens pase 18 lane, papa w, manman w, gadyen w oswa yon gadyen yon tribunal nonmen (avèk dokiman legal) dwe siyen aplikasyon ou an pou yon sètifikasi imatrikilasyon, sa ki ap bay ki bay konsantman pou aplikasyon an.

### Renouvelman Anrejistreman

Anvan renouvelman anrejistreman an ou dwe prezante prèv machin lan kouvari ak bonjan asirans responsablite epi li te pase enspeksyon sekirite machin lan ak tès pou emisyon nan Eta a. Ou gendwa fè enspekte machin ou nenpòt kilè 90 jou anvan dat ekspirasyon anrejistreman an. (Si anrejistreman ou an ekspire 30 jen, ou gendwa fè enspekte machin ou nenpòt lè apre 1ye avril.) Pa gen tan pèdi lè ou renouvele bonè. Ou gendwa renouvele anrejistreman ou an tou nan moman sa a oswa ou gendwa renouvele nenpòt kilè jiska dat ekspirasyon an. Yo sigiere ou evite liy atant nou jwenn nòmalmnan nan dat 15 ak dènye jou yo chak mwa lè w prezante machin ou an pou enspeksyon nan kòmansman mwa a. Dat ekspirasyon an ekri sou otokolan ou an ak kat anrejistreman an. Yo fè peye on frè \$20.00 pou reta pou renouvelman anreta (eksepte pèsonèl militè ki an sèvis; gade tablo frè yo pou plis detay). Remòk ki peze 4,000 liv oswa mwens yo pa bezwen re-enspeksyon anvan renouvelman anrejistreman an. Sèten machin ap kalifye pou fè renouvelman nan lapòs. Yo ap avèti pwopriyetè ki kalifye yo nan lapòs 90 jou anvan dat ekspirasyon anrejistreman machin lan.

### Chanjman Adrès

Si w chanje adres ou nan Delaware, ou gen trant (30) jou pou w avize alafwa Seksyon Sèvis Machin yo ak Seksyon Lisans pou Chofè nan DMV an. Chanjman adres Anrejistreman Machin yo gendwa soumett sou entènèt nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov). Yon fwa ou mete adres ou ajou, w ap bezwen yon enprimant pou enprime nouvo kat anrejistreman w la. Ou ka fè chanjman adres tou lè w ekri Vehicle Services Helpdesk, PO Box 698, Dover DE 19903. Lè w ap mande yon chanjman adres alekri, tanpri mete nimewo anrejistreman machin ou an (nimewo plak machin lan) ak nouvo adres ou an. DMV ap voye nouvo kat anrejistreman w la nan lapòs san w pa peye. (Gade seksyon Enfòmasyon sou lisans pou chofè pou chanje adres nan lisans ou.)

### Chanjman Non

Si w chanje non w, ou gen trant (30) jou pou w aplike pou yon nouvo kat anrejistreman ak imatrikilasyon. Ou gendwa fè sa lè w vizite yon biwo Dizyon an. Ou dwe prezante tou sètifikasi imatrikilasyon an, ansyen anrejistreman an, prèv asirans, ak sètifikasi maryaj la oswa ódonans tribunal la kòm prèv chanjman non. Biwo an ap ba w yon nouvo sètifikasi imatrikilasyon ak kat anrejistreman pou yon frè \$35.00 oswa \$55.00 si gen yon gaj. (Gade seksyon Lisans pou Chofè pou jwenn enfòmasyon chanjman non w sou lisans ou.)

### Enspeksyon Andeyò Eta a

Rezidan nan Delaware ki rete tanporèman plis pase 200 mil andeyò Eta a gendwa renouvele anrejistreman yo nan lapòs. Rezidan sa yo gen ladan pèsonèl militè ak etidyan nan fakilte. Ou ka jwenn yon fòmiè enspeksyon MV210 andeyò Eta a, sou sit entènèt la nan [www.dmv.de.gov](http://www.dmv.de.gov). Ou gendwa jwenn enfòmasyon sou detay nan men Division of Motor Vehicles, Attn: Vehicle Services Helpdesk, P.O. Box 698, Dover, Delaware 19903.

### Responsablite Pwopriyetè a

Sètifikasi anrejistreman an ak prèv asirans responsablite an dwe akonpanye otomobil lan chak fwa li fonksyone. Plak lan (vinyèt) dwe fikse dèyè machin lan nan pozisyon ki deziyen an epi li dwe pote otokolan ki montre ane ak mwa ekspirasyon an nan kwen ki anba adwat plak la. Anrejistreman ou an ekspire a minwi nan jou mwa ki make sou otokolan an. Pa gen peryòd gras.

# SEKSYON KAT RÈG WOUT LA

## Dwa Pasaj

Lalwa Delaware ak lòt Eta yo pa bay pèsonn dwa pasaj. Lwa a dekri kiyès ki dwe bay dwa pasaj la. Lè ou ka anpeche yon aksidan lè ou bay dwa pasaj la, kélkeswa moun ki te sipoze bay li an, sa se sa ki kòrèk pou fè an!

## Sinalizasyon Ak Pano yo

Sinalizasyon ak pano sikilasyon yo aplike pou chak moun k ap mache, kondwi oswa monte bisiklèt nan lari oswa otowout. Enkapasite pou obsèvè yon sinalizasyon oswa mesaj yon pano se yon gwo kòz aksidan.

## Pwogram pou Ranfòsman Limyè Wouj yo

Pwogram Ranfòsman Limyè Wouj Delaware lan se fason ki pi ajou ak efikas pou kontwole kafou ki gen anpil aktivite pou motosiklis ki dezobeyi lwa sikilasyon yo. Pwogram nan fèt pou ede chanje konpòtman chofè nan pozisyonе yon fason estratejik kamera sikilasyon epi rann kafou Delaware yo pi ansekitrite. Yo pran foto chofè ki pase nan limyè wouj yo, yo anrejistre nimewo vinyèt machin yo, epi yo voye pwosè vèbal otomatikman atravè Sèvis Postal Ameriken an. Si ou te resevwa yon pwosè vèbal pou limyè wouj men ou pèdi li, oswa ou gen kesyon sou adrès postal pou peman, opsyon legal yo, oswa pou gade videoyo vyolasyon an, tanpri rele 844-213-7033 oswa ale nan [http://www.delDOT.gov/information/red\\_light/](http://www.delDOT.gov/information/red_light/)

## Konprann Sinalizasyon pou Sikilasyon yo

Konprann sinalizasyon konplèks yo pa difisil si ou aprann kat règ senp:

### Sonje Kat Règ yo

1. WOUJ — Kanpe
2. JÒN — Prepare w pou w kanpe
3. VÈT — Kontinye ak prekosyon
4. Flèch yo aplike sèlman nan direksyon ki endike yo

Tout chofè ak siklis dwe obeyi sinalizasyon pou sikilasyon yo.

### Limyè Wouj ki Stab

Kanpe. Ou dwe kanpe nan liy arè a, anvan pasaj pou pyeton an, oswa anvan ou antre nan kafou an si pa gen okenn liy arè oswa pasaj pou pyeton. Vire adwat nan limyè wouj lan otorize apre yon arè konplè, eksepte lè yon pano ki afiche oswa lè yon flèch wouj ki stab parèt. Vire agoch nan wouj lan otorize apre yon arè konplè apati yon ri sans inik pou al nan yon lòt ri sans inik, amwenske yon pano ki afiche entèdi l oswa yo afiche yon flèch wouj ki stab. Vire ak prekosyon, lè l san danje pou w fè sa.





### Limyè Jòn ki Stab

Sa vle di sinalizasyon an ap sòti nan vèt pou al nan wouj; prepare w pou kanpe. Si w twò pre pou w kanpe san danje, avanse nan kafou an ak prekosyon.



### Limyè Vèt ki Stab

Kontinye ak prekosyon. Lè li san danje pou kontinye, ou gendwa antre nan kafou an pou w ale tou dwat oswa vire amwenske yon pano oswa sinalizasyon anplis entèdi vire a. Ou dwe bay pyeton ak machin yo ki dejà nan kafou an oswa pasaj pou pyeton ki kole an pase. Lè w ap vire, ou dwe fè atansyon espesyalman ak pyeton yo epi sikilasyon k ap apwoche an.



### Limyè Wouj k ap Flache

Limyè wouj k ap flache vle di menm bagay ak yon pano arè. Ou dwe fè yon arè konplè. Kontinye sèlman lè l san danje.



### Limyè Jòn k ap Flache

Limyè jòn k ap flache vle di ralanti, pran plis konsyans, epi kontinye ak prekosyon. Fè atansyon pou travèse sikilasyon nan yon kafou, yon wouj k ap flache kontwole.



### Sinalizasyon pou Sikilasyon ki Sonb yo

Nan ka kote sinalizasyon pou sikilasyon yo an plas epi pa gen okenn endikasyon ki limen ki vizib pou yon chofè k ap apwoche, chofè k ap apwoche a dwe diminye vitès epi prepare l pou l bay lòt machin ki nan kafou an oswa ki ap apwoche kafou an pase.

## Flèch

Diferans ki genyen ant lantiy koulè ki anwon yo ak flèch yo se dèské flèch yo aplike sèlman nan yon direksyon presi, pandan lantiy anwon yo aplike nan tout direksyon. Si w konnen kat règ yo ki nan paj anvan an, enfòmasyon ki anba a ap fasil pou ou.



### Flèch Wouj ki Stab

Yon arè konplè obligatwa lè yon flèch wouj ki stab afiche. Ou pa gendwa kontinye nan direksyon yon wouj ki stab.



### Flèch Wouj k ap Flache

Otorize vire nan direksyon yon flèch wouj k ap flache apre w sot nan yon arè konplè. Arè konplè a pèmèt chofè yo chwazi yon eka sekirite nan sikilasyon prensipal la, epi apresa fini vire a san yo pa tann yon sinalizasyon vèt. Sinalizasyon gendwa gen yon flèch wouj ki stab, yon flèch jòn ki stab oswa yon boul wouj solid ki vin apre l.



### Flèch Jòn ki Stab

Yon flèch vèt pran fen. Si w twò pre pou w kanpe san danje, avanse nan kafou an ak prekosyon.



### Flèch Jòn k ap Flache


Mouvman an nan direksyon ki endike an otorize apre ou fin bay sikilasyon ki opoze an ak pyeton yo pase.



### Flèch Vèt ki Stab

Kontinye ak prekosyon nan direksyon flèch lan pwente an. Sonje ou dwe bay tout pyeton ak machin ki deja nan kafou an legalman pase.


Ann eseye kat règ yo nan kèk sinalizasyon konplèks epi wè si li vrèman fasil.




A travè sikelasyon epi, si sa pa sa entèdi otreman, vire agoch ak adwat gendwa kontinye lè I san danje. Fè anpil atansyon lè w ap vire, espesyalman vire agoch yo atravè sikelasyon opoze k ap apwoche an.




Vire agoch ak nan sikelasyon an epi, si se pa sa entèdi otreman, vire adwat yo gendwa kontinye, lè I san danje.



Sa a se entèval chanjman ant de afichaj ki anwo yo. Sa vle di entèval flèch vèt la fini. Si w twò pre kafou an pou w kanpe san danje an, fin vire avèk prekosyon.



La limyè vèt la pou sikelasyon an ak pou vire adwat lan fini, men vire agoch la kontinye vèt. Kontinye vire agoch si I san danje. Machin ki ap al tou dwat epi ki ap vire adwat yo ta dwe prepare yo pou kanpe. Si ou pa kapab kanpe, kontinye ak gwo prekosyon.



Vire agoch gendwa kontinye, si I san danje, men tout lòt yo dwe kanpe. Machin k ap vire adwat yo gendwa vire apre yo fin kanpe, si I san danje epi li pa entèdi otreman.

### Sinalizasyon pou Pyeton


Nan anpil kafou, yo itilize sinalizasyon pou pyeton yo ansanm ak sinalizasyon pou sikelasyon machin yo. Chofè yo dwe obeyi sinalizasyon pou sikelasyon machin yo. Pyeton yo dwe obeyi sinalizasyon oswa senbòl WALK epi DON'T WALK yo.

Sinalizasyon WALK la vle di pyeton an gendwa kontinye men li bezwen veye pou machin k ap vire adwat oswa agoch yo sou pasaj pou pyeton an. Chofè yo oblje bay pyeton ki gen yon endikatè "WALK" yo pase.



Sinalizasyon DON'T WALK k ap flache a vle di si pyeton an te kòmanse travèse lari a, li ta dwe fini travèse l pi vit posib. Si yo pa te kòmanse travèse, yo pa ta dwe kòmanse.

Sinalizasyon stab DON'T WALK la vle di pyeton an pa ta dwe kòmanse travèse lari a ditou. Delaware ap enstale nouvo sinalizasyon ki gen dekont pou pyeton nan divès kafou atravè Eta a. Men yon gid rapid sou fason pou itilize sinalizasyon pou pyeton yo.



### Sinal ki Aksesib pou Pyeton (APS)

Yon Sinalizasyon ki Aksesib pou Pyeton (APS) se yon aparèy yo itilize ansanm ak sinalizasyon pou pyeton yo ki kominike enfòmasyon sou sinalizasyon pou pyeton yo nan fôma ki pa vizyèl tankou ton ki ka tande, mesaj vèbal, ak/oswa sifas k ap vibre. APS pèmèt pyeton ki avèg oswa ki gen pwoblèm vizyon konnen kilè entèval WALK la kòmanse epi fini. Pyeton ki konnen kilè entèval pou travèse a kòmanse ap kapab kòmanse travèse legalman anvan machin k ap vire yo ap antre nan kafou a epi yo ka fini travèse ak mwens reta. Sinalizasyon ki fè bri yo ka bay gid pou direksyon, sa ki anpatikilye itil nan kafou ki pa pèpandikilè yo ak nan pasaj anivo ki gen plizyè vwa ki laj yo.

### Pwen Pasaj pou Pyeton ki Gen Gwo Entansite ki Aktive (HAWK)

Sinalizasyon HAWK la aktive lè yon pyeton peze bouton pasaj pou pyeton an, menm jan yo fè l nan yon pasaj pou pyeton regilye, sa ki pral aktive sinalizasyon an. Yon fwa li aktive, sinalizasyon an pral pase nan yon seri etap ki pral kanpe sikilasyon an ase lontan pou pyeton yo travèse wout la ansekirite. Apresa, sikilasyon ap otorize pou l kontinye e sinalizasyon an ap reyinisyale tèt li jiskaske l aktive ankò.



Pou plis enfòmasyon sou responsabilite pyeton yo ak responsabilite chofè yo vizavi pyeton yo, al gade nan Pyeton yo nan pati seksyon sa a ki se Lòt Itilizatè Otowout lan.

### Baliz an Fòm Rektang k Ap Flache Rapid

Yon kalite baliz ki pwouve li efikas nan amelyore frekans pasaj otomobilis yo nan pasaj pou pyeton yo pote non Baliz an Fòm Rektang k ap Flache Rapid. Baliz sa yo plase anlè oswa anba pano avètisman pou pyeton ak/oswa bisiklèt yo nan pwen pasaj pou pyeton yo epi yo aktive apati yon

bouton pyeton oswa siklis yo pouse. Yo flache pi rapid ak nan yon mouvman "sakade", kontrèman ak frekans flach nòmal piò baliz yo. Antanke yon otomobilis, lè w wè baliz sa yo ap flache, ralanti, verifye si gen pyeton ak siklis, epi bay pasja lan jan sa nesesè .

## Sinalizasyon pou Bisiklèt yo



Malgre yo poko komen nan Delaware, gen kèk sinalizasyon pou sikilasyon ki fèt espesyalman pou siklis, e yo planifye mete plis alavni. Sinalizasyon pou bisiklèt yo gendwa gen ladan yo endikatè tradisyonèl ki fèt an won oswa flèch ki deziyen pou siklis yo apati yon pano ki kole. Sinalizasyon sa yo gen menm siyifikasyon ak endikatè ki fèt an won oswa flèch nòmal yo, men yo aplikab sèlman pou siklis nan vwa oswa chemen ki deziyen pou bisiklèt. Nan lòt fason, gen endikatè sinalizasyon pou bisiklèt ki gen fòm yon bisiklèt. Sinalizasyon sa yo gen menm siyifikasyon ak endikatè sinalizasyon ki fèt an won yo, men yo aplikab sèlman

pou siklis yo ki nan vwa oswa chemen ki deziyen pou bisiklèt. Bisiklèt k ap woule nan vwa sikilasyon jeneral yo dwe obeyi sinalizasyon pou sikilasyon nòmal yo ki fèt an won ak flèch ki dekri nan seksyon anvan yo.

## Pano sou Otowout lan

Pano sou otowout yo fè w konnen règ sikilasyon yo, danje, kote w ye, bay direksyon, ak kote sèvis yo ye. Fòm ak koulè pano sa yo bay endikasyon sou kalite enfòmasyon yo bay yo. Ou dwe konnen pano sou otowout yo dapre fòm ak koulè yo, ansanm ak mo, nimewo oswa figi ki sou yo.

## Pano Reglemantasyon yo

Pano reglemantasyon yo fè w konnen lwa ak règlemantasyon sou direksyon sikilasyon an, itilizasyon vwa yo, vire, vitès, Estasyonnman ak lòt sitiysyon espesyal. Pano sa yo kare, rektangilè, oswa gen yon fòm espesyal epi anjeneral yo blan, wouj oswa nwa ak lèt oswa senbòl nwa, wouj, blan oswa vèt.



Pano arè la se sèl pano ki gen 8 bò ou ap wè sou otowout la. Li wouj e li gen lèt blan. Lè ou rive nan yon pano arè, ou dwe

te yon are konplè nan liy arè an; oswa, si pa genyen, nan pasaj pou pyeton an; oswa si pa gen okenn pano, anvan ou antre nan kafou an.

Anvan w demare, ou dwe bay dwa pasaj la ak tout machin oswa pyeton ki nan kafou an oswa k ap apwoche. Fè atansyon pou verifye machin ki mwens vizib tankou bisiklèt, mobilèt, ak motosiklèt.



Yo itilize l pou kontwole sikilasyon, pano patikiliye sa a fè w konnen limit vitès pou tout longè otowout kote li afiche an.



Ou p ap wè okenn lòt pano fòm sa a sou otowout la. Ou dwe bay dwa pasaj la ak tout machin oswa pyeton ki nan oswa k ap apwoche kafou an, kanpe si sa nesesè. Apre ou fin bay tout machin oswa pyeton pasaj, ou pa dwe avanse jiskaske mouvman sa a ka fèt san danje.

Ralanti pandan w ap apwoche yon pano pou bay pasaj lan. Gade agoch ak adwat. Sede pasaj lan bay pyeton ak machin k ap fè manèv legal oswa k ap travèse.

Sa yo se kèk nan pano entènasyonal yo ki adopte nan Delaware ak lòt 49 Eta yo. Yo vle di "Pa gen Vire agoch", "Pa gen Vire Adwat", ak "Pa gen Kase Tèt Touen."





Kenbe sou bò dwat zile oswa separatè sikilasyon an.



Avèk modèl sikilasyon ki pi konplèks, yo gendwa itilize pano tankou sa a.



Toude pano pote menm mesaj la. Nenpòt ladan yo gendwa sèvi.



Ou pa dwe antre nan lari ki make konsa. Li gendwa yon ri sans inik ki nan direksyon opoze an oswa yo entèdi tout sikilasyon ak machin ladan l.



Kote yo afiche pano sa a, ou dwe tann jiskaske sinalizasyon an vin vèt anvan w kontinye oswa w vire.



Pa kanpe, rete oswa estasyone kote l afiche.



Fè atansyon epi obeyi pano sa a. Chèche liy doub ki plen sou otowout la tou.



Estasyonnman ki rezève pou moun andikape sèlman.

### Sinalizasyon yo ki Anlè Vwa yo

Ou dwe obeyi pano ki anlè an nan vwa ou a. Lè yo itilize mo "SÈLMAN", ou dwe ale nan direksyon flèch la montre an; pa gen okenn opsyon.



### Pano Avètisman yo

Pano sa yo anjeneral jòn ak lèt oswa senbòl ki nwa e pifò nan yo gen fòm dyaman. Pano sa yo avèti w pou w ralanti epi prepare w pou w kanpe si sa nesesè. Li avèti ou gen yon stitiyasyon espesyal oswa yon danje ki devan. Gen kék pano avètisman komen yo montre anba a.



Yo itilize pano ki gen koulè nwa sou jòn ki gen senk bò sèlman pou bay avètisman pou lekòl yo ak timoun yo ap travèse pou lekòl. Pandan w ap apwoche pano sa a, ralanti epi veye timoun yo, kanpe jan sa nesesè. Nouvo pano flyoresan jòn-vét yo gendwa sèvi tou.



Yo itilize pano won ki gen koulè nwa sou jòn kòm yon avètisman davans w ap apwoche yon kafou ant otowout ak ray tren an. Lè w rive sou pano sa a, ralanti epi siveye kafou otowout ak tren an. Pran prekosyon sitou lannwit pou evite kondwi antre nan bò yon tren.

### Lòt Pano Avètisman



Vire sèk adwat.  
Diminye vitès.



Pran koub lan pou vire  
adwat.



Vire sèk adwat epi apresa  
agoch.



**Wout dévan an tòde. Ajiste vitès lan.**



Vitès redwi pi devan.



Wout segondé an antre sou otowout lan apati bò dwat lan.



Polis kouche sou wout lan pi devan.  
Ajiste vitès lan pou evite ou pèdi kontwòl lan.



Melanje ak sikilasyon an k ap sotí sou bò dwat lan pi devan.



Avètisman sikilasyon sinalizasyon nan kafou pi devan yo.



Avètisman sou pano pou bay pasaj lan ki pi devan. Ralanti epi prepare w pou w kanpe nan pano pou bay pasaj oswa ajiste vitès ou ak sikilasyon an.



Avètisman pou bisiklèt. Gade sou bò gòch ak dwat lan pou siklis yo. Li sèvi sou wout ki pataje ak bisiklèt yo.



**Chose an ap vin jis. Ralanti.**



Ap apwoche pwoche yon otowout ki divize. Kenbe adwat



Otowout ki divize an fini pi devan.



San revètman - yo pa konnen sa sifas wout lan ye. Ralanti epi verifye kontwòl machin lan sou sifas ki chanje.



Ti mòn apik pi devan. Ralanti epi pare pou chanje nan yon vitès ki pi ba pou kontwole vitès epi sove fren yo.



Chose an glise lè l mouye. Se premye trant minit nan lapli an ki pi danje.



Sikilasyon nan de sans, sikilasyon nan yon sèl sans lan fini ak rapèl sikilasyon k ap apwoche.



Espas pou yon sèl vwa sikilasyon. Ralanti epi prepare pou bay machin k ap apwoche yo pase.



Espas pou de vwa sikilasyon men li potansyèlman danje. Ralanti epi verifye machin k ap apwoche yo.



Vwa ki ajoute, melanje pa obligatwa, veye lòt machin k ap chanje vwa yo.



Ralanti epi prepare pou kanpe anvan ou vire.



Pano sa a plase nan kafou an. Bay dwa pasaj lan oswa kanpe anvan w vire adwat oswa agoch.



Sa a se yon pano pou enfòmasyon sou vîtès. Se vîtès ki rekòmande pou tout distans lan. Li souvan afiche anba lôt pano avètsman.



Espas lakou rekreyasyon, anpil timoun ki bezwen prekosyon.



Verifye, gen timoun pi devan.



Gen sèf k ap travèse, rete vijilan ak sèf yo sou toude bò wout la.



Pano pou wonpwén; redwi vîtès epi bay pyeton ak machin ki déjà nan sèk yo pase.



Yon lôt wout travèse otowout lan pi devan. Rete vijilan pou sikilasyon transvèsal ak pano oswa sinalizasyon reglemantasyon yo.



Pano arè pi devan.



Machin agrikòl. Yo sèvi sou wout machin agrikòl yo pataje. Rete vijilan epi prepare ou pou ralanti.



Machin chwal rale. Yo sèvi sou wout machin chwal rale yo pataje. Rete vijilan epi prepare ou pou ralanti.



"Melanj Zip" – Metòd pou melanj anreta oswa metòd zip lan se yon konvansyon pou melanjje ak sikilasyon an nan yon kantite vwa ki redui. Yo atann pou chofè ki nan vwa k ap melanjje yo pou yo itilize toude vwa yo pou yo avanse nan pwen rediksyon vwa a epi melanjne nan kote sa a, pandan yo ap vire detanzantan.

## Pano pou Gide yo

Pifò pano pou gide yo gen fòm rektangilè (kat bò) ak lèt blan sou yon fon ki vèt. Flèch la bay nan direksyon ou ta dwe ale pou rive jwenn kote li nonmen an. Pano sa a tipik.

Wout Ozetazini ki nimewote yo make ak yon pano ki gen nimewo nwa sou yon fon blan ki gen boukliye abityèl Etazini an.

Wout nasyonal yo make ak yon pano ki gen lèt nwa sou yon fon an won ki gen koulè blan.



Sistèm wout nasyonal ant Eta yo gen baliz woutye ki nan fòm yon boukliye. Yon ka nan pati anlè an gen wout nasyonal yo an lèt blan sou yon fon wouj pandan twa ka nan pati anba a gen koulè ble ak nimewo wout la ki ekri ak gwo lèt blan.

## Pano pou Enfòmasyon yo



Pano sèvis pou otomobilis yo anjeneral gen lèt blan sou yon fon rektangilè ble. (Pa egzanp: gaz, manje, lojman.)



Pano pou Iwazi yo anjeneral gen lèt blan sou yon fon mawon. (Pa egzanp: State Park.)

## Baliz ki Konplete Pano yo




Pafwa, yo konplete pano yo ak baliz an won k ap flache pou pi byen kapte atansyon otomobilis yo, pou mete aksan sou natí kritik mesaj pano an ap transmèt la, oswa pou endike kilè mesaj ki nan pano ki asosye yo aplikab (pa egzanp: "Sinalizasyon Wouj Pi Devan Lè ap Flache"). Baliz ki konplete pano avètisman yo ak pano limit vitès yo jòn. Sila yo ki konplete pano Arè ak Pa Antre yo wouj. Baliz sa yo, kit yo jòn oswa wouj, e kit yo ap flache san kanpe oswa sèlman detanzantan, nan yon modèl ki regilye, aperèr yon fwa pou chak segonn.

## ZÒN Y AP TRAVAY YO

Yon zòn y ap travay se yon zòn ki bò otowout lan kote konstriksyon, antretyen oswa travay sèvis publik ap dewoule. Akoz zòn y ap travay yo souvan se kote yo pa t atann epi pafwa yo anpeche sikilasyon an fèt san pwoblèm, yo ka prezante yon defi pou menm chofè ki gen plis konpetans yo. Li enpòtan pou pwòp sekirite chofè an ak sekirite pyeton yo ak travayè yo pou chofè yo pran anpil prekosyon lè yo apwoche ak pase kote sa yo.

Pano sikilasyon espesyal pou zòn y ap travay yo ak lòt aparey yo tabli avan w rive kote travay la anfèt ap fèt la e yo kontinye pi lwen pase zòn y ap travay la. Zòn nan gendwa swa fiks (yon pon yo ap elaj) oswa gendwa yon operasyon mobil ki avanse sou wout la dousman (trasaj oswa rapyesaj revètman an).



Anjeneral, dispozitif tanporè tankou pano fiks oswa pòtab yo, pano mesaj ki ka chanje yo, pano flèch, demakasyon yo ki sou revètman an, ak/oswa dispozitif kanalizasyon yo (kòn, bidon, barikad, elatriye) enstale pou gide sikilasyon nan zòn nan san danje. Pano avètisman pou sikilasyon nan zòn y ap travay yo anjeneral koulè oranj.

### Lè w Ap Apwoche Oswa w Ap Kondwi Nan Yon Zòn Y ap Travay

Rete vijilan pou modèl sikilasyon k ap chanje epi sikilasyon k ap ralanti oswa kanpe. Sikilasyon ki kanpe gendwa kache nan zòn yon koub oswa sou tèt yon ti mòn. Fè anpil atansyon ak pano sikilasyon yo ak lòt aparèy, tankou konn, ki plase pou gide ou san danje atravè zòn y ap travay la. Obeyi enstriksyon lapolis ak moun ki kenbe sinal yo:

- Lè ou wè pano ki endike vwa ki fèmen pi devan yo, prepare w pou w deplase sóti nan vwa ki fèmen an.
- Veye limit vitès ki mwens rapid. Amann yo double pou depasman limit vitès la nan yon zòn y ap travay.
- Obsève sa lòt chofè yo ap fè epi evite mouvman toudenkou.
- Pa fè zigzag sóti nan yon vwa ale nan yon lòt. Frennen piti piti pou bay chofè dèyè w yo ase tan pou yo ralanti. Avanse ak vitès sikilasyon an.
- Rete vijilan ak kondisyon sifas revètman ki pa nòmal yo, tankou sifas ki graj, plak metal, revètman ki miwo miba ant vwa yo, ak bafon ki arebò revètman an. Yo ka rann li pi difisil pou w kontwole machin ou. Mouvman piti piti ki kontwole yo pi bon nan sikorans sa yo.
- Kenbe yon vitès ak espas ki rezonab ant machin yo. Ou gendwa pa gen okenn kote pou fè si w ap woule twò vit oswa si w ap suiv twò pre epi machin ki devan w lan ralanti oswa kanpe toudenkou.
- Pran pasyans ak konsiderasyon parapò ak travayè yo ak lòt itilizatè wout yo.

Pafwa, sikilasyon nan zòn y ap travay yo dwe kanpe. Anjeneral, sa rive lè sikilasyon ki sóti nan direksyon opoze a vire nan yon sèl vwa, lè travayè yo oswa ekipman yo dwe antre nan vwa sikilasyon an, oswa kote kèk travay ta ka danje pou machin k ap pase yo. Lè sa, yo ta ka enstale sinalizasyon pou sikilasyon tanporè oswa lapolis ta ka estasyone pou dirije sikilasyon an. Pi souvan, yo itilize moun ki kenbe sinal yo ki fòme epi sètifye ki gen palèt arè/ralanti pou kanpe, ralanti ak dirije sikilasyon an nan zòn y ap travay yo.

### Pano Reglemantasyon yo

Pano sa yo fè chofè yo konnen limit vitès la ak lòt lwa ak règlementasyon yo. Limit vitès yo gendwa redwi nan zòn y ap travay yo. Amann pou vyolasyon vitès limit la nan yon zòn y ap travay pi wo pase amann pou eksè vitès nòmal.

## Pano Avètisman yo

Yo itilize Pano Avètisman pou avèti chofè yo sou kondisyon ki pa nòmal oswa ki kapab danje nan zòn travay oswa toupre. Pifò pano yo itilize nan otowout ak zòn y ap travay nan lari yo koulè oranj e yo gen fòm dyaman. Kék nan pano yo rektangiliè.




## Aparèy pou Gide oswa Kanalize



Barikad, bidon, kòn, ak baliz ki fèt an tib yo se dispositif ki pi souvan itilize pou avèti chofè yo sou kondisyon ki pa nòmal oswa ki kapab danje nan zòn y ap travay yo sou otowout lan ak nan lari an epi sèvi pou gide chofè yo san danje atravè yon zòn y ap travay. Lannwit yo souvan genyen limyè ek ap flache oswa ki fiks pou amelyorasyon vizibilite.

## Pano Flèch k ap Flache

Gwo pano flèch oswa sekansaj flache yo gendwa sèvi nan zòn y ap travay ni lajounen kou lannwit pou gide chofè yo nan sèten vwa sikilasyon epi pou enfòme yo yon pati nan wout oswa lari ki devan yo an fèmen.



## Moun ki kenbe sinyal yo

Yo souvan bay moun ki kenbe sinyal yo drapo nan zòn y ap travay nan lari ak otowout yo pou yo kanpe, ralanti, oswa gide sikilasyon an san danje nan zòn nan. Moun ki kenbe sinyal yo mete jilè, chemiz, oswa vès ki koulè jòn-vèt epi itilize drapo wouj oswa palèt pou arè/ralanti pou yo dirije sikilasyon nan zòn y ap travay yo.



# KÈK LWA DELAWARE KI ENPÒTAN

## Itilizasyon Telefòn Selilè/Aparèy Elektwonik Pòtab Pandan W Ap Kondwi

Lalwa Delaware entèdi pou itilize telefòn selilè pòtab epi voye mesaj tèks pandan ou ap kondwi. Moun ki swete pale nan telefòn selilè yo pandan y ap kondwi dwe itilize yon aparèy pòtab. Chofè yo otorize pou yo konpoze yon nimewo telefòn oswa pou aktive/dezaktivé ekipman san fil yo, epi yo dwe depoze aparèy la. Delaware entèdi tou pou itilize "pager", PDA, aparèy BlackBerry, ödinatè pòtab, jwèt oswa ödinatè pòtab, aparèy komunikasyon bidireksyonèl, ak nenpòt lòt aparèy komunikasyon elektwonik pòtab, pandan y ap kondwi.

**REMAK:** Tout itilizasyon telefòn selilè oswa aparèy elektwonik, ki gen ladann sa k pa bezwen nan men ou yo, entèdi pou chofè ki gen yon Lisans Gradye pou Chofè (GDL).

Egzanpsyón:

- Lapolis, ponpye, teknisyen EMS, oswa lòt operatè machin pou ijans ki otorize nan reyalizasyon obligasyon ofisyèl yo.
- Nenpòt moun ki rapòte yon ijans.
- Yon moun k ap kondwi oswa manevre yon traktè agrikòl, yon kamyon agrikòl oswa yon ekipman agrikòl ki pa anrejistre.
- Operatè radyo HAM yo.
- Anplwaye biznis oswa gouvènman ki itilize yon radyo bidireksyonèl ki monte oswa atache nan yon otomobil pou kominiye avèk yon dispatch santral, yon baz operasyon, oswa ak lòt anplwaye (pa egzanp: konpayi sèvis publik yo ak DelDOT).

## Sinyalizasyon

Lalwa Delaware egzije chofè yo pou bay sinal alamen oswa pase sinal pou vire lè yo gen entansyon are, vire, oswa chanje vwa. Seksyon Konpetans pou Kondwi ak Konsèy Sekirite yo esplike plis enpòtans pou kominiye ak bay sinal. Ou dwe bay sinali 300 pye anvan aksyon ou gen entansyon poze an.

## Double (Depase) Lòt Machin

- Ou dwe toujou kanpe anvan ou rive pre nenpòt otobis lekòl k ap sot nan nenpòt direksyon an lè li kanpe pou anbake oswa depoze timoun lekòl eksepte lè ou sou bò opoze yon otowout ki gen kat oswa plis vwa, menm menm lè sa woule dousman.
- "Lalwa Delaware di machin yo dwe double lòt machin sou bò gòch sèlman lè yo nan yon distans ki san danje e lè sa a sèlman yo dwe retounen adwat lè tout bagay byen vid devan yo." Lè yo ap depase yon siklis, lalwa egzije motosiklis yo kite yon minimòm twa pye distans toutan, ak sou wout ki gen plizyè vwa pou deplase al nan vwa sou kote an nenpòt lè sa posib.
- Machin y ap double yo dwe pase adwat epi yo pa dwe ogmante vitès yo jiskaske yo fin double yo nèt.

Tanpri revize Seksyon Konsèy pou Konpetans ak Sekirite nan kondwi yo pou plis enfòmasyon sou depase ak double.




## Kontounen Lwa yo

### Reyaji ak Machin pou Ijans k Ap Apwoche yo

Lalwa Delaware egzije lè yon machin pou ijans ki otorize ap apwoche e l ap itilize yon sirèn oswa bay limyè wouj, wouj e blan, wouj e ble oswa wouj, blan e ble k ap flache youn apre lòt, tout lòt machin dwe ba l dwa pasaj lan e yo dwe mete yo tousit sou bò dwat chose an oswa arebò twotwa ki sou men dwat chose an, lwen tout kafou jiskaske Machin pou ijans ki otorize an pase, eksepte lè yon ajan lapolis mande yon lòt bagay.

Lwa sa a pwolonje pou operatè machin DelDOT yo (yo egzije pou bay ponpye ak lapolis sipò sou sèn ensidan an).

### Lè Ou Ap Apwoche Machin pou Ijans ki Kanpe



### Chose ki Gen Plizyè Vwa

Mete ou sou yon vwa apati nan machin ki kanpe a (yo) jiskaske yo depase yo san danje.

### Wout De Vwa yo

Ralanti anba Limit vitès ki afiche a jiskaske ou fin depase konplétman machin ki kanpe a (yo).

Lè ou ap apwoche yon machin pou ijans ki otorize ki kanpe, lè machin pou ijans ki otorize an ap bay yon sinal lè li montre limyè wouj, ble, ble ak blan, wouj ak blan, wouj ak ble oswa wouj, blan ak ble k ap flache youn apre lòt, oswa lè w ap apwoche yon machin delDOT ki otorize ki kanpe, k ap bay yon sinal lè li montre limyè koulè anbre oswa wouj ak anbre k ap flache youn apre lòt, oswa lè ou ap apwoche yon kamyon remòk ki kanpe ki ap bay yon sinal lè li montre limyè koulè anbre, blan, oswa anbre ak blan k ap flache youn apre lòt, oswa yon machin ki kanpe ki afiche sinal avètisman, ansanm ak limyè detrè pou danje nan yon machin, tòch tou limen pou ijans yo sou wout lan, kòn sikilasyon yo, pano avètisman yo, oswa tout lòt pano avètisman ki pa pou machin, yon moun ki kondwi yon machin k ap apwoche dwe: kontinye ak prekosyon epi bay dwa pasaj la lè l ap fè chanjman vwa ki apwopriye lè sa posib; oswa avanse ak prekosyon epi desann nan yon vitès ki san danje si chanje vwa t ap enposib oswa pa pridan.

Kontounen lwa yo ede redwi risk blesi grav ak lanmò pou tout sèvètè publik k ap travay nan kondisyon ki danje.

# LWA POU KONTWÒL SIKILASYON YO

Lwa sikilasyon yo nesesè pou asire sikilasyon machin ak pyeton yo nan lòd epi pou anpeche aksidan. Tout itilizatè otowout Delaware yo soumèt yo ak lwa sikilasyon yo nan Delaware. Kit w ap kondwi yon otomobil, w ap monte yon bisiklèt, w ap pouse oswa w ap gide yon lòt machin, w ap monte yon bêt, oswa w ap mache, ou dwe obeyi lwa sa yo.

## Lwa Jeneral yo

Ou dwe konnen lwa jeneral sa yo:

- Ou dwe obeyi enstriksyon yon ajan lapolis menmsi yo gendwa kontré ak lwa, pano, sinalizasyon, epi demakasyon yo; enstriksyon sa yo detanzantan nesesè pou kenbe sikilasyon an san danje.
- Ou pa dwe eseye kontounen yon sinal sikilasyon oswa yon pano sou wout lan lè w kite wout la epi travèse yon byen prive.

## Sistèm Notifikasyon Ijans (ENS)


- Chak pwen pasaj anivo gen yon nimewo jans pou kontakte tren an pou rapòte pwoblèm ki gen ak pwen pasaj la, ray tren yo oswa sikilasyon tren an.
- Nimewo ENS la anjeneral nan yon pano ble sou kwa a oswa ou ka jwenn li nan zòn bò pwen pasaj la.
- Pano an genyen tou yon nimewo DOT ki idantifye anplasman fizik pwen pasaj anivo a pou ekip ijans yo oswa pèsonèl tren an ka reponn.

Enfòmasyon sa a enpòtan pou TOUT CHOFÈ konnen. Ekspligate ENS la se fason ki pi bon e pi efikas pou kontakte tren yo si gen yon pwoblèm nan pwen pasaj la oswa si gen yon bagay ki bloke ray yo. Nimewo DOT a di dispatchè la egzakteman kibò pwen pasaj anivo a ye pou yo ka avize tout tren k ap deplase nan direksyon sa a pou yo kanpe oswa ralanti anvan yo rive nan pwen pasaj la.

## Pano ak Sinal yo nan Kafou ant Otowout ak Ray Tren yo

Pwen pasaj tren yo gen pano oswa sinalizasyon pou avèti chofè yo. Pa janm eseye pase anvan yon tren sou ray yo.

Pa janm demare pou travèse si pa gen plas pou machin ou sou lòt bò an, oswa si w ap oblige kanpe sou ray yo. Pa bloke pwen pasaj la. Rete tann jiskaske gen plas pou machin ou an sou lòt bò an. Li bon pou pa chanje vitès lè w ap travèse ray tren yo, nan ka ou ta ka bloke. Li t ap saj tou pou nou revize "Bloke sou Ray Tren yo" anba ijans nan Seksyon Senk lan. Sonje tren yo




gwo epi yo ka deplase pi vit pase sa yo sanble. Gen kèk pano avètisman ak sinalizasyon komen pwen pasaj tren yo montre nan ilistrasyon ki anba a:

- Yon pano avètisman wonn koulè jòn ak yon senbòl "X" epi lèt nwa "RR" plase sou wout la anvan ou rive nan yon pwen pasaj tren. Sa a se pano Avètisman Davans lan.
- Anpil kafou ant otowout ak ray tren gen demakasyon sou sifas chose an oswa demakasyon yo ki sou revètman an anvan pwen pasaj lan. Mak sa yo yo anjeneral gen ladan yo yon senbòl "X" ak lèt "RR" yo epi yon ba pou kanpe.
- Yon pano blan, ki gen fòm X oswa "kwa avètisman" ki gen pwen pasaj sou li plase nan pwen pasaj tren an. Pano sa a gen menm siyifikasyon ak yon pano Bay Pasaj lan. Ou dwe bay ak tren k ap travèse yo pase.
- Nan kèk pwen pasaj, ansanm ak pano kwa avètisman an, ou pral wè limyè kòtakòt ki pral flache lè yon tren ap apwoche. Lè limyè yo ap flache, ou dwe kanpe. Nan kèk pwen pasaj genyen tou yon baryè pou travèse ki ap bese lè yon tren ap vini. Pa kondwi ozalantou pòtay la. Gen kèk pwen pasaj tou ki gen yon klòch ki ap sonnen. Pa travèse jiskaske klòch la kanpe.
- Pwen pasaj ki gen plis pase yon ray tren yo souvan afiche yon pane ki montre kantite tren yo. Pano sa yo avèti w gen plis pase yon tren epi gendwa gen plis pase yon pwen pasaj tren. Si ou rive nan yon pwen pasaj tren san yon pano ki endike kantite tren ki genyen, li enpòtan pou ou toujou verifye si gen plis pase yon ray anvan ou travèse.

### Demakasyon yo ki Sou Revètman an

Liy ak senbòl sou chose an divize vwa yo, di w kilè ou gendwa depase lòt machin oswa chanje vwa, ki vwa pou w itilize pou vire, defini pasaj pou pyeton yo, ak kibò ou dwe kanpe pou pano oswa sinalizasyon pou sikilasyon yo:

- Liy Lateral yo – Liy plen ki blan sou tout bò wout la montre w kibò liy ki di ou andeyò vwa sikilasyon an ye.
- Mak blan ki sou vwa yo – Plizyè vwa sikilasyon nan menm direksyon an separé ak mak blan ki sou vwa yo. Yon vwa blan ki brize ant vwa sikilasyon yo vle di ou gendwa travèse li pou chanje vwa si li san danje pou fè sa. Yon liy plen ki blan nan mitan vwa sikilasyon yo vle di w yo dekourage w pa chanje vwa. Doub liy plen ki blan entèdi w chanje vwa.
- Pasaj pou pyeton ak liy arè yo – Lè yo oblige ou kanpe akòz yon pano oswa yon sinalizasyon, ou dwe kanpe anvan machin ou a rive nan liy arè a oswa si genyen youn, yon pasaj pou pyeton yo. Pasaj pou pyeton defini zòn kote pyeton yo gendwa travèse chose an. Ou dwe bay pyeton yo pase




nan yon pasaj pou pyeton. Se pa tout pasaj pou pyeton yo make. Fè atansyon ak pyeton yo lè w ap travèse kafou yo.

- Demakasyon jòn sou vwa yo – Liy ki separe sikilasyon k ap deplase nan direksyon opoze yo jòn. Yon liy brize jòn ki nan mitan vwa sikilasyon ki opoze vle di ou gendwa travèse l pou w pase si li san danje pou w fè sa. Kote ki gen alafwa yon liy jòn ki plen e ki brize nan mitan vwa sikilasyon ki opoze, ou ka pase si liy jòn ki plen an sou bò w lan. Si liy ki brize a sou bò w lan, ou gendwa pase si li san danje pou w fè sa. De liy jòn ki plen nan mitan vwa sikilasyon yo vle di okenn nan bò yo pa ka pase. Ou gendwa travèse yon liy jòn ki plen pou vire antre nan antre yon kay, si li san danje pou fè sa.

## Vwa Revèsib yo

Malgre sa pa komen nan Delaware, ou gendwa jwenn kèk vwa sikilasyon ki fèt pou gen sikilasyon nan yon direksyon nan sèten moman epi nan direksyon opoze a nan lòt lè. Vwa sa yo anjeneral make ak liy jòn ki brize de kote. Anvan ou kòmanse kondwi nan yo, verifye pou wè ki vwa ou ka itilize nan moman sa a. Gendwa gen pano ki afiche sou kote wout la oswa anlè wout lan.

Yo souvan itilize limyè espesyal. Yon flèch vét vle di ou ka itilize vwa ki anba li an; yon "X" wouj vle di ou pa kapab. Yon "X" jòn ki stab vle di itilizasyon vwa a ap chanje epi ou ta dwe deplase sòti sou li Imenm kote li san danje pou fè sa.




## Vwa ki Rezèv yo

Sou plizyè chose, youn oswa plizyè vwa gendwa rezèv pou machin espesyal. vwa ki rezèv yo make ak pano ki endike vwa a rezèv pou itilizasyon espesyal:

- "Transpò" oswa "otobis" vle di vwa a se pou itilizasyon bis sèlman.
- "Bisiklèt" vle di vwa a rezèv pou bisiklèt.
- "HOV" vle di "Machin ki Gen Anpil Moun" epi li endike vwa yo ki rezèv pou machin ki gen plis pase yon moun ladan yo. Pano yo di konbyen moun ki dwe nan machin la, ansanm ak jou ak kilè li aplike. Pa egzanp, "HOV 3" vle di dwe genyen omwen twa moun nan machin la.

## Wonpwen yo

Yon wonpwen se yon kafou an won ki fè sikilasyon an vire nan sans kontré yon moun ozalantou yon zile santral. Yo souvan konfonn yo ak "wonpwen" tradisyonal, wonpwen modèn yo diferansye yo sitou akoz yo prezante kalite ki modere sikilasyon an ki ankouraje



chofè yo diminye vitès yo nan kafou an. Konsepsyon yon wonpwen diminye tou bezwen pou vire dirèk agoch, ki se yon gwo rezon pou aksidan nan kafou yo, kidonk li ogmante aspè sekirite jeneral nan kafou an. Pou plis enfòmasyon vizite [www.dmv.de.gov/services/driver\\_services/roundabouts.shtml](http://www.dmv.de.gov/services/driver_services/roundabouts.shtml).

### Kijan yo Itilize yon Wonpwen

- Apwoche wonpwen an menm jan ou t ap fè l nan yon kafou kat pwent nòmal. Ou dwe nan vwa apwòch adwat la si w gen entansyon vire adwat, rete nan vwa apwòch agoch la si w gen entansyon vire agoch oswa kase tèt tounen tousuit, epi nenpòt vwa apwòch bon si w ap kontinye tou dwat.
- Lè w ap apwoche bò kote wonpwen an, rete adwat zile separasyon an epi ralanti jiska 10-15 mil nan inèdtan.
- Siveye siklis yo epi pèmèt yo melanje nan vwa antre a.
- Siveye pyeton yo epi ba yo pase nan pasaj pou pyeton an.
- Kite silikasyon ki deja nan wonpwen an pase.
- Yon fwa w nan wonpwen an, pa kanpe eksepte pou evite yon kolizyon; ou gen dwa pasaj lan sou sikilasyon k ap antre an. Toujou rete sou bò dwat zile santral la epi deplase nan direksyon ki al nan sans kontrè yon mont. Kenbe yon vitès dousman epi pa depase lòt machin.
- Verifye ri ou an epi sòti nan wonpwen an.
- Pandan w ap sòti wonpwen an, siveye pyeton ak sikis yo epi ba yo pase.

### Kòman pou itilize yon Kafou nan Fòm Dyaman ki Chanje Sikilasyon an (DDI)

DDI a baze sou yon echanjè estanda ki gen fòm yon dyaman ki gen yon varyasyon nan sikilasyon ki anndan echanjè an pou akeyi nan yon fason san danje epi efikas gwo volim mouvman pou viraj agoch yo. Nan echanjè a, sikilasyon an fèt sou bò gòch wout la pandna yon ti tan pou pèmèt mouvman viraj agoch fèt san w pa travèse sikilasyon k ap apwoche oswa kanpe. Yon DDI gen mwens pwen konfli, sa ki redui opòtinité pou aksidan yo, epi gen pi gwo kapasite pou machin nan echanjè a.



## Vwa Sant ki Pataje

Vwa santral sa yo rezève pou fè viraj agoch (oswa viraj pou kase tèt touen lè yo otorize sa) men machin k ap sikile nan toude direksyon yo kapab itilize yo. Sou revètman an, flèch pou viraj agoch yo pou sikilasyon nan yon direksyon fè chanjman youn apre lòt ak flèch pou vire agoch yo pou sikilasyon ki sòti nan direksyon opoze a. Vwa sa yo make sou chak bò ak yon liy plen ki koulè jòn epi liy brize ki jòn. Nan kék zòn, vwa santral ki pataje a vin touen yon "vwa revèsib" pandan lè anbwouteyaj yo. Asire w ou ka antre nan vwa a anvan ou fè sa, epi sèlman si li san danje pou fè sa.



## Règ Jeneral yo

Lè pa gen okenn pano oswa demakasyon pou kontwole itilizasyon vwa yo, gen règ ki endike ki vwa ki dwe itilize. Règ sa yo kouvrir nosyon jeneral yo pou kondwi, depase, ak vire.

**Konduit jeneral** – Pa jamm fè bak yon machin lan nenpòt vwa sikilasyon eksepte nan pak paralèl, oswa si sa nesesè pou sòti nan yon antre kay. Li pa ansekirite pou fè sa. Chofè yo pa atann yo pou yon machin ap fè bak sou yo e yo gendwa pa reyalize li jiskaske li twò ta. Si w rate viraj oswa sòti ou an, pa fè bak; kontinye ale kote ou ka vire san danje an.

Pa kanpe nan vwa sikilasyon yo pou okenn rezon (konfizyon, pann, mete yon pasaje atè, elatriye). Kontinye avanse jiskaske ou ka mete ou sou kote wout la san danje.


Sou yon wout ki gen de vwa oswa plis k ap ale nan menm direksyon an, rete sou vwa adwat la eksepte pou w depase. Sou yon wout ki gen twa vwa oswa plis k ap ale nan menm direksyon an, si gen anpil sikilasyon k ap antre oswa sòti, itilize vwa sikilasyon santral la.

**Depase** – Sou wout ki gen plizyè vwa yo, vwa ki pi agoch la fèt pou itilize pou depase machin ki pi lan yo. Si w depase sou bò dwat la, lòt chofè an gendwa gen difikilite pou w wè w epi li ka chanje vwa devan ou toudenkou. Li legal nan Delaware pou depase machin k ap vire agoch yo adwat, sepandan sa a se yon sitiayson ki gen anpil posiblite pou lakoz aksidan epi yo dwe reyalize ak anpil prekosyon. Ou gendwa itilize akotman an pou depase machin k ap vire agoch yo adwat nan Delaware; sepandan, lòt chofè yo p ap atann yo pou ou la kidonk sa egzije anpil swen.


**Vire** – Kote pa gen okenn pano oswa demakasyon sou vwa pou kontwole viraj, ou ta dwe vire sòti nan vwa ki pi pre direksyon ou vle ale a epi vire nan vwa ki pi pre sa ou sòti ladan l lan. Konsa, w ap travèse mwens vwa sikilasyon yo. Lè w ap vire, sòti nan yon vwa pou ale nan yon lòt pi dirékteman sa posib san ou pa travèse vwa oswa jennen sikilasyon an. Yon vwa ou fin vire, ou ka chanje al nan yon lòt vwa si ou bezwen sa.

- Viraj adwat yo** – Nan viraj adwat yo, evite zigzage ak gwo eka agoch anvan ou vire a. Si machin lan zigzage ak gwo eka, chofè ki dèyè w la gendwa panse w ap chanje

vwa oswa ou prale vire agoch epi li gendwa eseye depase w sou bò dwat la. Si w ap zigzage ak gwo eka pandan w ap vire a, chofè ki nan vwa ki pi lwen yo p ap atann yo wè w la.



- Viraj agoch yo** – Lè w ap fè yon viraj agoch, evite pran kwen an tèlman sèk pou w ta rantre sou yon moun k ap apwoche sot nan bò gòch lan. Sepandan, asire w ou kite plas pou machin k ap apwoche yo pou vire agoch devan ou yo.
- Viraj plizyè vwa** – Si gen pano oswa demakasyon sou vwa ki bay de vwa viraj oswa plis, rete nan vwa ou pandan viraj lan.



- Pasaj Medyan** – Fè atansyon ak pano yo; si yo make travèse pou machin ijans sèlman, li ilegal pou ou travèse la. Lè li legal pou travèse epi li pa make otremman, règ "kenbe bò dwat la" aplike nan pasaj medyan. Chofè yo ta dwe trete pasaj medyan an menm jan ak yon chose epi rete adwat ouvèti a toutan.

## Dwa Pasaj

Kote machin oswa pyeton yo gen anpil chans pou rankontre youn ak lòt epi pa gen okenn pano oswa sinalizasyon pou kontwole sikilasyon an, gen règ sou kiyès ki dwe bay dwa pasaj la. Règ sa yo di kiyès ki ale anpremye epi kiyès ki dwe tann nan diferan sitiyasyon sikilasyon. Ou dwe fè tout sa ou kapab pou evite frape yon pyeton oswa yon lòt machin, kélkeswa sikorans yo.

Règ sou dwa pasaj ki suiv yo la aplike nan kafou yo:

- Chofè yo dwe bay pasaj lan kote sa nesesè pou evite frape pyeton k ap travèse wout la.
- Chofè k ap travèse yon twotwa k ap antre oswa sòti nan yon antre kay, yon riyèl, oswa yon estasyonnman dwe bay pyeton yo pasaj lan. Li ilegal pou kondwi sou yon twotwa eksepte pou travèse li.
- Pyeton k ap itilize yon chen gid oswa ki pote yon baton blan gen dwa total pou yo pase. Pa itilize klaksòn ou paske li ta ka pote konfizyon oswa fè pyeton ki avèg la pè.
- Chofè k ap vire agoch yo dwe bay pasaj lan ak machin k ap apwoche yo ki pral dwat de yo.
- Chofè yo k ap antre nan yon kafou ki an won oswa yon wonpwén dwe bay chofè ki deja wonpwén an pasaj lan.
- Nan yon kafou kote pa gen okenn pano arè, pano pou bay pasaj, oswa sinalizasyon pou sikilasyon, chofè yo ta dwe bay machin k ap vini sou bò dwat lan pasaj lan. Sepandan, li ta pi pi pridan pou konsidere bay tout machin yo pasaj anvan ou antre.
- Nan yon arè 4 pwent, chofè ki rive nan kafou an anpremye, ale anpremye (apre li fin kanpe nèt). Si plis pase yon machin rive an menm tan, machin ki sou bò dwat la prale anpremye.

- Chofè k ap antre nan yon wout apati yon antre kay, yon riyèl, oswa bò yon wout yo dwe bay machin ki déjà sou wout prensipal la pasaj. Sa gen ladann antre apati vwa vire sèlman yo, kote machin yo dwe bay pasaj lan, pou gen arè ladan I si sa nesesè.
- Chofè yo pa ka antre nan yon kafou amwenske yo ka travèse I san yo pa oblige kanpe. Ou ta dwe tann jiskaske sikilasyon ki devan vin lib pou w pa bloke kafou an.
- Chofè k ap double yon machin k ap sikile nan menm direksyon sikilasyon an dwe bay machin sa a pasaj (menm si machin lan ralanti oswa kanpe).
- Ou dwe bay dwa pasaj lan ak yon machin lapolis, ponpye, anbilans, oswa lòt machin ijans lè I sévi avèk yon sirèn, klaksòn, oswa yon limyè wouj oswa ble k ap flache. Kanpe sou bò dwat wout la oswa pi pre dwat lan posib lè ou wè oswa tandem yon machin ijans k ap apwoche nan nenpòt direksyon. Swiv nenpòt enstriksyon yo bay nan wopalè machin ijans lan. Si w nan yon kafou, travèse kafou an anvan ou kanpe.

### Kanpe Pou Otobis Lekòl yo




Ou dwe toujou kanpe anvan ou rive pre nenpòt otobis lekòl k ap sot nan nenpòt direksyon an lè li kanpe pou anbake oswa depoze timoun lekòl eksepte lè ou sou bò opoze yon otowout ki gen kat oswa plis vwa, menm menm lè sa woule dousman.

### Limyè Jòn

Otobis lekòl yo gen de limyè jòn pa anlè k ap flache altènativman devan ak dèyè. Yo ap aktive apeprè 10 segonn anvan limyè wouj pa anlè k ap flache yo pou avèti chofè yo ki nan machin k ap apwoche yo gen yon arè pou anbake oswa depoze timoun lekòl yo ki pral fèt. Apwoche yon otobis k ap flache limyè jòn sa yo ak prekosyon epi antisipe yon arè. Timoun yo gendwa ap tann bis la oswa yo gendwa ap kouri pou monte li.

### Limyè Wouj

Limyè wouj pa anlè yo k ap flache altènativman ak bra sinyalizasyon pou arè an pral aktive lè bis la kanpe pou pran epi depoze elèv yo. Ou pa dwe avanse jiskaske limyè wouj yo sispann flache, epi bra sinyalizasyon pou arè an randre, apresa, avanse ak anpil atansyon.



## **Identifikasiyon Transgresè yo**

Si yon ajan lapolis, yon operatè otobis lekòl oswa yon brigadye eskolè temwen nenpòt machin k ap vyole lwa sou arè otobis lekòl la epi operatè an pa parèt nan lòt fason, yo dwe sipoze moun machin lan anrejistre sou non i lan komèt vyolasyon sa yo.

## **Sanksyon ak Sispansyon Lisans dèské Ou Depase yon Otobis Lekòl ki Kanpe ak Limyè Wouj k Ap Flache**

Nenpòt moun ki kondane paske li te depase yon otobis lekòl ki kanpe ak limyè wouj ki anlè yo epi bra sinalyzasyon pou arè an ki ap flache dwe, pou premye enfraksyon an, resevwa yon amann ki pa mwens pase \$115.00 ni plis pase \$230.00, oswa al nan prizon pandan pa mwens pase 30 jou ni plis pase 60 jou, oswa toude. . Pou chak lòt enfraksyon ki fèt nan espas twazan, moun sa a dwe peye yon amann pa mwens pase \$115.00 ni plis pase \$575.00, epi ale nan prizon pandan pa mwens pase 60 jou ni plis pase simwa.

Apre kondanasyon paske li te depase yon otobis lekòl ki te kanpe ak limyè wouj ki anlè yo epi bra sinalyzasyon pou arè an k ap flache, Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan dwe kanpe lisans pou chofè an ak/oswa privilèj pou kondwi yo pou yon peryòd yon mwa pou yon premye enfraksyon, simwa pou yon dezyèm enfraksyon, oswa yon lane pou yon twazyèm vyolasyon oswa plis ki fèt nan espas twazan apre yon vyolasyon anvan. Yo gendwa bay yon lisans kondisyonèl apre yon sispansyon pou yon dezyèm enfraksyon apre ou fin pase yon peryòd minimòm sispanson san ou pa gen otorizasyon pou kondwi pandan twa mwa. Yo gendwa bay yon lisans kondisyonèl apre yon sispansyon pou yon twazyèm enfraksyon oswa plis apre ou fin pase yon peryòd minimòm sispanson san ou pa gen otorize pou kondwi pandan simwa. Yo pa otorize okenn otorizasyon pou kondwi pandan mwa sispanson an pou yon premye enfraksyon.

Pwojè Lwa Nimewo 202 an otorize Regwoupman Distri Lekòl Red Clay lan pou yo enstale kamera pou bra sinalyzasyon arè yo nan otobis lekòl yo nan kad Pwogram Pilòt pou Sekirite nan Otobis Lekòl yo. Pwopriyetè oswa operatè yon machin ki pa rive konfòme I ak

§ 4166(d)(1) Tit 21, jan sa demontre nan enfòmasyon yo jwenn nan yon sistèm kamera sekirite otobis lekòl la, dwe sibi yon kotizasyon sivil oswa administratif nan

\$100 pou yon premye enfraksyon, ki pral ogmante ak \$500 pou chak enfraksyon ki vin apre nan espas 10 lane apre enfraksyon anvan oswa enfraksyon anvan yo; sepandan, Distri Lekòl la gendwa bay pou yon kotizasyon anplis ki pa depase \$10 si ou pa peye kotizasyon sivil oswa administratif la nan espas 20 jou, e kotizasyon sa a gendwa ogmante pou rive yon montan ki pa depase \$20 si kotizasyon an pa peye nan yon peryòd 45 jou, epi li gendwa ogmante nan yon montan ki pa depase \$30 si kotizasyon an pa peye nan yon espas 90 jou. Yo gendwa enpoze tou frè tribinal oswa frè administratif ki menm jan an ki pa dwe depase \$35 kont yon pwopriyetè oswa yon operatè ki mande yon odyans pou konteste vyolasyon an epi finalman yo jwenn li oswa li plede li koupab pou vyolasyon an oswa ki pa rive peye oswa konteste vyolasyon an alè. Yo pa ka enpoze okenn kotizasyon ak frè tribinal apa sa yo ki presize nan sou-seksyon sa a. Yon vyolasyon yo enpoze yon kotizasyon sivil pou li nan kad sou-seksyon sa a pa dwe klase kòm yon enfraksyon penal epi li pa dwe fè pati dosye eksplwatasyon moun yo enpoze kalite responsabilite sa a, ni li pa dwe itilize pou rezon asirans pou yo bay asirans pou otomobil.

# ESTASYONNMAN

## Règ Jeneral yo pou Estasyonnman

**Estasyone epi kite machin ou** – Lè w ap estasyone epi w ap kite machin ou sou yon otowout oswa nan lari an, ou dwe kanpe motè a, fèmen kontak lan, retire kle a epi pase fren yo. Li rekòmande tou pou leve fenèt yo epi take pòt yo.




**Estasyonnman Paralèl** – Lè w ap estasyone sou yon otowout de vwa ou dwe fè estasyonnman paralèl parapò e nan yon distans 12 pouz parapò ak arebò twotwa oswa bò otowout la.

Lè w pase tès pou lisans pou chofè w la, w ap oblige montre egzaminatè a ou ka estasyone yon machin nan yon espas estasyonnman paralèl. Etap yo pou estasyonnman paralèl yo se:

Verifye si gen sikilasyon nan retwovizè ou. Si yon machin dèyè w ap swiv ou twò pre, pa kanpe toudenkou. Kontinye kondwi epi jwenn yon lòt espas. Kanpe toudenkou ak yon machin ki dèyè ou gendwa lakoz yon kolizyon pa dèyè. Mete sinal pou vire ou an pou avèti lòt chofè yo ou gen entansyon estasyone.

1. Bay sinal epi kanpe ak dèyè machin ou an nan menm nivo ak dèyè machin lan ki devan kote ou vle estasyone a.
2. Fè bak tou dousman pandan ou ap vire volan ou sou bò dwat pou dirige dèyè machin ou an devan sa ki ap suiv ou an.
3. Pandan devan machin ou an depase dèyè machin ki devan ou an, vire wou yo nèt sou bò goch la epi kontinye fè bak dousman jiskaske dèyè machin ou an prèske touche machin ki dèyè ou a.
4. Dresse wou yo epi avanse pou sантre machin lan nan espas estasyonnman an. Machin ou an pa ta dwe plis pase 12 pouz distans parapò ak arebò twotwa a. Mete transmisyon an nan pozisyon estasyonnman epi sere fren an. Etèn motè a. (Li kont lalwa pou ou kite kle yo nan yon machin k ap kouri, ki pa gen moun ladan li.)



Pou estasyone sou arebò twota goch la nan yon ri sans inik, suiv menm enstriksyon yo men chanje dwat ak goch nan jan l mansyone nan enstriksyon yo.

Si machin ou a gen yon transmisyon manyèl, kite li sou premye lè li estasyone epi li bay sou direksyon monte. Kite li sou bak lè l estasyone epi li bay sou direksyon desann. Sa ap ede anpeche yon aksidan si fren ijans oswa fren estasyonnman ou an tonbe anpann.


Pou kite yon espas estasyonnman paralèl, bay sinal pou montre ki mouvman ou ap fè. Siveye sikilasyon an epi vire volan w nan direksyon vwa ki louvri an, pou fasilité w antre nan sikilasyon an.

**Estasyonnman pou Andikape** – Li ilegal pou estasyone nan tout espas estasyonnman ki deziyen pou "Estasyonnman pou Andikape" amwenske machin ou gen yon plak pou andikape ki parèt pa dèyè machin lan oswa yon kat idantite pou yon estasyonnman pou andikape ki pandye nan retwovizè a.


**Limyè pou Estasyonnman yo** – Lè w estasyone yon machin sou akotman oswa sou akote nenpòt otowout depi lè solèy lan kouche pou rive lè solèy lan leve oswa lè limyè an pa ase pou w wè moun oswa bagay yo ki nan yon distans 1000 pye, ou dwe limen limyè pou estasyonnman ou yo (oswa 4 limyè detrè yo lè machin lan ekipe konsa). Limyè sinal viraj yo pa dwe flache sou yon bò sèlman nan yon machin ki estasyone.

**Estasyonnman sou Otowout yo** – Ou pa dwe janm estasyone sou pati ki gen revètman oswa pati yo sikile sou li an nan okenn otowout ki deyò yon biznis oswa rezidans amwenske machin lan anpann epi li pa ka deplase. Mete ou adwat pi lwen sa posib.


**Estasyone sou Ti Mòn** – Lè w ap desann, ou dwe vire wou avan ou yo sou arebò twotwa oswa bò wout la. Lè w bay tèt sou monte, epi gen yon arebò twotwa, ou dwe elwanye wou avan ou yo parapò ak arebò twotwa a epi mete wou avan ki toupre sou kote an an kontak ak arebò twotwa a. Lè w bay tèt monte e pa gen okenn arebò twotwa, ou dwe vire wou avan ou yo nan direksyon bò otowout la. Li konseye pou kite machin ou an sou vitès.



Vire wou yo  
sou arebò  
twotwa



Deplase wou  
yo sou  
arebò  
twotwa



Vire wou yo  
adwat

Louvri Pòt Machin ki Estasyone – Ou pa dwe janm louvri pòt yon machin pou jennen sikilasyon an oswa mete nenpòt moun oswa machin andanje. Olyesa, itilize pòt ki bay sou kote ki bay sou arebò twotwa a. Vire epi verifye tout machin k ap apwoche si ou dwe itilize pòt ki sou bò lari a. Fè atansyon espesyalman ak siklis k ap vini yo; yo gendwa bleise grav lè yon antre nan kolizyon ak pòt yon machin.

### Kanpe Epi Vyolasyon Estasyonnman

Amwenske yon ajan lapolis te bay lòd pou fè sa, oswa pou evite yon aksidan, ou pa dwe kanpe oswa estasyone machin ou nan okenn nan kote sa yo menm si ou kite yon moun nan machin lan:

- Nan okenn kote pano ofisyèl entèdi yon aksyon konsa.
- Chak fwa yon arebò twotwa pentire an jòn oswa yo mete yon liy jòn nan kwen yon chose.
- Nan yon kafou, sou yon pasaj pou pyeton, oswa nan yon distans 20 pye parapò ak yon pasaj pou pyeton nan yon kafou.
- Sou yon twotwa.
- Devan yon wout, antre kay, oswa riyèl publik oswa prive.
- Nan distans 15 pye parapò ak yon ponp pou dife.
- Nan distans 20 pye parapò ak antre nenpòt kazèn ponpye oswa sou bò opoze a nan lari a nan yon distans 75 pye parapò ak yon antre lè yo afiche pano sikilasyon.
-

- Ant yon zòn oswa zile sekirite ak arebò twotwa ki kole an, oswa nan yon distans 30 pye parapò ak fen zòn oswa zile sekirite an amwenske yo afiche • otreman.
- Nan yon distans 50 pye parapò ak yon pwen pasaj tren amwenske I afiche otreman.
- Akote oswa anfas nenpòt fous ki pral fèt nan yon wout oswa obstak ki pral gen sou li lè sikilasyon an pral antrave.
- Sou bò ki bay sou chose an pou tout machin ki kanpe oswa ki estasyone arebò twotwa a.
- Sou nenpòt pon oswa estrikti ki wo sou yon otowout oswa nan yon tinèl.
- Nan nenpòt lòt anplasman kote arè an, imobilizasyon an, oswa estasyonnman an ap anpeche lib sikilasyon an.
- Nan espas ki genyen ant chose yo nan yon otowout ki divize, ansanm ak kwazman yo.
- Nan nenpòt vwa yo deziyen pou dife.

## VITÈS

Lwa sikilasyon yo nan Delaware bay alafwa yon restriksyon jeneral pou vitès ak limit vitès ki presi. Ou dwe obeyi toude.

### Restriksyon Jeneral pou Vitès

Ou pa dwe kondwi sou yon otowout Delaware nan yon vitès ki plis pase sa k rezonab la nan kondisyon ki egziste deja yo. Sa vle di li pa toujou legal pou kondwi nan menm vitès ak limit ki afiche a. Sonje ou dwe toujou kontwole vitès machin ou an pou evite frape nenpòt moun, machin, oswa lòt transpò kèleswa kondisyon metewolojik yo, dansite sikilasyon an oswa sa ijans ou an gendwa ye.

Anpla sman	Limit Vitès
Zòn lekòl*	20 mil nan inèdtan
Zòn biznis yo	25 mil nan inèdtan
Distri rezidansyèl yo	25 mil nan inèdtan
Wout de vwa yo	50 mil nan inèdtan
Wout ki divize yo ak wout ki gen kat vwa oswa plis	55 mil nan inèdtan
Otowout ki gen aksè kontwole yo (pwen peyaj ak vwa rapid yo)	55 mil nan inèdtan
Wout 1 ak Interstate 495	65 mil nan inèdtan

\*Remak: Lè timoun yo preznan defini nan Tit 21 Kòd Delaware lan.

### Limit Vitès

Ou pa dwe kondwi okenn machin pi vit pase vitès ki endike yo nan tablo sa a (gade nan Seksyon De an, Anilasyon ak Sispansyon Lisans pou sanksyon nan kad Sistèm Pwen Delaware lan):

Nan kondisyon ijans, limit vitès ki anba yo gendwa chanje.  
Chofè an pa dwe janm depase limit ki afiche a.

Chak fwa nenpòt nan limit vitès ki anwo yo pa pridan pou kondisyon yo, yo gednwa redwi yo nan limit vitès ki pi ba. Yo gendwa mete pano sou otowout la ki montre limit vitès la nan kondisyon sa yo.

### Vitès Minimòm

Ou pa dwe kondwi yon otomobil nan yon vitès lan konsa ki pou antrave deplasman nòmal ak rezonab sikilasyon an, eksepte lè sa nesesè pou sekirite oswa konfòmite ak lalwa.

Ou dwe respekte limit vitès minimòm ki afiche yo, eksepte lè move tan oswa lòt kondisyon rann li pa pridan pou fè sa.

### Siy Vitès yo

Gen de pano vitès: pano limit vitès ak pano avètisman (rekòmande) vitès. Pano limit vitès yo gen lèt ak chif nwa sou yon fon rektagilè blan epi yo se limit legal ki otorize yo. Pano avètisman vitès yo gen lèt nwa sou yon fon jòn e yo souvan montre yo anba yon pano avètisman. Pano avètisman vitès yo afiche sou plizyè pòsyon nan otowout lan pou avèti ou kondisyon yo gendwa rann li pa pridan pou kondwi pi rapid. Malgre yon pano avètisman vitès pa yon limit vitès presi, si ou depase l e ou fè yon aksidan, yo gendwa rive nan konklizyon ou te vyole restriksyon jeneral pou vitès lan e ou ta ka sibi arrestasyon.

## LÒT ITILIZATÈ OTOWOUT LAN

Ou menm, antanke chofè yon otomobil, ou dwe pataje otowout la ak pyeton, sikkis, motosikkis, moun ki monte ak dirije bêt yo, ak sila yo ki ap kondwi machin agrikòl yo, gwo machin pou travay sou wout yo, ak ekipman konstriksyon. Tout itilizatè otowout yo dwe obeyi lwa sikilasyon yo. Sa gen ladann chofè, pyeton, ak sikkis yo.

### Pyeton

Soti 2017 pou rive 2021, te gen 142 pyeton ki mouri. Moun ki mouri yo se souvan rezulta pyeton ki pa mete abiman ki reflete limyè oswa ki p ap mache ak yon limyè leswa, p ap travèse lari an nan pasaj pou pyeton ki deziyen an ak/oswa ki sou efè enfiyans alkòl.

*Tanpri Remake:* Li obligatwa pou w konnen anviwonnan w antanke chofè epi kanpe si yon pyeton ap travèse aktivman nan yon pasaj pou pyeton ki make ou pa. Ou gendwa avanse ak prekosyon si yon pyeton rete san bouje/kanpe san danje sou twotwa a jan lalwa egzije sa.

### Responsabilite w Kòm Yon Chofè

- Fè atansyon ak pyeton k ap mache bò wout la oswa k ap travèse wout la; klaksonnen lejèman si sa nesesè. Klaksonnen pa konsidere kòm yon ranplasman pou bay pyeton yo pase.
- Chofè yo ta dwe vijilan pou moun epi yo dwe bay pyeton ki gen pwoblèm pou tandé oswa ki gen andikap fizik ki egzije itilizasyon baton, beki, twotè, chen gid/bêt pou sèvis, chèz woulant, oswa "scooter" ki gen motè yo. Moun sa yo gendwa gen difikilte pou detekte sikilasyon k ap apwoche epi yo gendwa bezwen plis tan pou yo travèse wout la.
- Ou pa dwe kondwi nan yon zòn sekirite pou pyeton oswa bloke yon pasaj pou pyeton.

- Ou dwe bay dwa pasaj la ak tout pyeton nan yon pasaj pou pyeton, kanpe menm si sa nesesè.
- Ou pa dwe depase yon machin ki kanpe pou pèmèt yon pyeton travèse otowout la.
- Ou ta dwe sitou veye timoun ki toupre lekòl yo ak nan distri rezidansyèl yo. Pa fè vitès nan zòn lekòl yo.
- Ou dwe toujou kanpe anvan ou rive pre yon otobis lekòl lè li kanpe pou chaje oswa depoze timoun lekòl eksepte lè ou sou bò opoze yon otowout ki gen kat oswa plis vwa.
- Ou ta dwe verifye ak anpil atansyon sikilasyon an anvan ou kite machin ou. Pa vin yon pyeton ki viktim.
- Kondwi ak defans toutan.

### **Responsabilite w Kòm Yon Pyeton**

- Lè yo bay yon twotwa, ou dwe mache sou kote a.
- Lè pa gen twotwa, mache sou akotman an ki anfas sikilasyon k ap apwoche an otan sa posib.
- Li ilegal pou mache sou nenpòt chose lannwit san ou pa mache ak yon limyè oswa reflektè. Ou ta dwe mete abiman ki gen koulè pal si sa posib.
- Ou pa dwe mache sou yon otowout lè w sou efè enflyans alkòl oswa dwòg nakotik ki rann ou sou.
- Ou pa dwe kanpe sou otowout la pou w mande yon woulib oswa pou w fè nenpòt kalite biznis.
- Ou ta dwe travèse chose an ak akotman li yo sèlman nan pwen pasaj ki make yo. Kote pasaj pou pyeton yo pa prezan, ou dwe travèse nan kafou yo. Kote kafou yo pa prezan epi ou bezwen travèse wout la, fè sa byen vit epi sèlman apre ou fin gade nan toude direksyon pou sikilasyon k ap apwoche.
- Ou dwe obeyi sinalizasyon pou pyeton "Mache" ak "Pa Mache" yo lè yo itilize yo. Yon sinalizasyon "Pa mache" k'ap flache vle di pa antre nan kafou an.
- Rete vijilan pou machin k ap vire anvan ou travèse yon otowout nan yon kafou.
- Ou pa dwe travèse yon kafou an dyagonal eksepte lè sinalizasyon ki kontwole sikilasyon yo otorize sa.

### **Kiyès ki Dwe Bay Pyeton yo Pase**

Pyeton yo gen dwa pasaj lan:

- Lè w travèse yon otowout nan yon kafou epi limyè vèt la oswa sinalizasyon pou mache anfavè yo.
- Lè w ap travèse nan yon pwen pasaj pou pyeton ki make oswa ki pa make.
- Lè ou sou yon twotwa pandan li ap travèse yon riyèl, antre, oswa antre kay.
- Lè yo avèg epi yo ap travèse ak baton blan oswa chyen gid.

Pyeton yo dwe bay dwa pasaj lan:

- Lè w ap travèse yon otowout apa anndan yon pwen pasaj pou pyeton ki make oswa yon pwen pasaj pou pyeton ki pa make nan yon kafou.
- Lè w ap travèse chose an kote gen yon tinèl pou pyeton oswa yon pasrèl pa anlè.

## Bisiklèt

Jan siklis yo pafwa renmen raple chofè yo, te gen bisiklèt sou wout publik Delaware yo anvan yo te envante otomobil e menssi kantite sikilasyon otomobil sou wout yo te vin eksplode depi lè an, siklis yo kenbe dwa legal yo pou yo itilize chose publik yo malgre sikilasyon machin yo grandi. Anreyalite, siklis yo gen dwa pou yo itilize tout wout Delaware yo eksepte otowout ki gen aksè limite yo.





### Lalwa Delaware ki Anfavè Bisiklèt

1. Lwa sa a egzise chofè yo pou yo chanje vwa (tankou lè gen yon doubl liy jòn) lè yo ap depase bisiklèt si vwa sikilasyon yo twò etwat pou pataje. Chofè yo dwe bay bisiklèt yo omwen twa (3) pye espas lè y ap pase.
2. Yo entèdi pou otomobilis klaksonnen siklis yo amwenske gen yon danje ki evidan.
3. Bisiklèt yo ta dwe monte adwat chose an jan sekirite yo pèmèt sa.
4. Aktyèlman, siklis yo gen dwa bay pasaj lan nan pano arè yo, verifye ak anpil atansyon si gen lòt machin epi yo pa oblige kanpe ankò.

### Espas Priyorite pou Bisiklèt

Yon espas priyorite pou bisiklèt vle di yon zòn ki deziyen nan tèt yon vwa sikilasyon nan kafou yo ki bay bisiklèt yo yon fason san danje pou yo vire ak yon fason vizib pou yo pran devan sikilasyon an. Benefis ki genyen nan yon espas priyorite pou bisiklèt se paske li ogmante vizibilite siklis yo, ede anpeche konfli 'kwchè adwat' yo ak machin k ap vire yo, bay priyorite ak siklis yo nan pasaj ki gen sinyal nan piò kafou yo epi siklis yo ka evite respire lafimen tiyo echapman yo. Pyeton yo benefisyé tou apati yon espas priyorite pou bisiklèt paske li diminye anpyètman machin sou pasaj pou pyeton an.





## Pis Siklab nan De Sans

Pis siklab nan de sans yo se pis siklab ki separate fizikman ki pèmèt deplasman bisiklèt nan toude direksyon yo sou yon bò nan wout la. Yo gendwa konfigire yon pis siklab bidireksyonèl kòm yon pis siklab ki pwoteje nan nivo lari a ak yon vwa estasyonnman oswa lòt baryè ant pis siklab lan ak vwa sikelasyon pou otomobil lan. Avantaj yo ak yon pis siklab se paske yo konsakre epi pwoteje espas pou siklis yo nan amelyore konfò ak sekirite pandan yo eliminate risk ak laperèz pou kolizyon ak machin. Pis siklab yo pi enteresan pou yon gwo kategori siklis tout nivo e tout laj.

## Responsabilite w Kòm Yon Chofè

Lè w ap kondwi pi dousman nan ri lokal yo, ou ka entèraji avèk bisiklèt yo san danje epi legalman menm jan ou t ap fè lòt machin yo. Lè w ap kondwi nan pi gwo vîtes, sepandan, presyon lè ki kreye ak machin ou an k ap pase twò pre (sitou si w ap kondwi yon kamyon oswa yon otobis) ka lakoz yon siklis fè aksidan.

Pou w ka depase yon bisiklèt san danje, lalwa nan Delaware egzije w chanje vwa nèt ale, tankou travèse yon liy santral ki gen de tras jòn, si vwa sikelasyon w ap woule sou li an twò jis pou machin w ap kondwi a ak bisiklèt ou vle depase an pou nou sikile san danje kòt a kòt nan vwa a. Nan ka etranj vwa sikelasyon ki trè laj (ase laj pou ni machin ou ni yon bisiklèt), lalwa pèmèt ou depase yon bisiklèt san ou pa chanje vwa, men li egzije pou ou (a) ralant lè w ap fè sa epi (b) kite yon minimòm twa pye distans toutan ant machin ou an ak bisiklèt la.

Si wout w ap kondwi sou li an gen de vwa sèlman epi ou pa kapab depase san danje akoz mank vizibilite ak/oswa sikelasyon k ap apwoche, swiv nan yon distans ki san danje epi tann jiskaske li san danje anvan w depase. Kite yon pakèt espas apre ou fin double yon siklis, anvan ou mete ou sou bò dwat la. Vîtes siklis la gendwa plis pase sa ou reyalize. Li ilegal pou klaksonnen yon siklis eksepte nan sikonstans lè w ap avèti siklis la pou yon kolizyon ki evidan.

Anpil aksidan machin/bisiklèt rive paske otomobilis la pa wè siklis la. Fè atansyon espesyalman pou w verifye si gen siklis lè w ap prepare pou w antre nan yon chose oswa pou w vire. Kafou yo sitou danje pou ni machin ni bisiklèt yo. Asire w gen ase tan anvan ou vire agoch oswa adwat. Pa depase yon siklis jis pou al vire dirèkteman devan l. Lè w gen dout, rete tann. Lannwit, ou dwe konnen bisiklèt yo ka pi difisil pou wè.

## Responsablite w Kòm Paran Yon Siklis ki Jèn

Dapre lalwa, paran an (oswa gadyen legal) ka responsab si yon timoun, pandan I ap monte bisiklèt, vyole nenpòt iwa sikilasyon. Antanke paran, ou gen responsablite pou w asire w timoun lan pare ak kapab itilize yon bisiklèt ansekirite, epi yo konnen epi obeyi iwa sikilasyon yo. Ou responsab tou si pitit ou an (ki poko gen laj 18) pa gen yon kas.

## Responsablite w Kòm Yon Siklis Adilt

Gen kat règ enpòtan siklis adilt la ta dwe swiv pou l ka entèraji san danje ak otomobil yo:

1. Kontwole Bisiklèt Ou a: Anvan ou antre nan sikilasyon an, asire w ou metrize kontwòl bisiklèt ou a; monte nan yon vwa adwat, vire, epi kanpe san pwoblèm.
2. Ou dwe Konsyan Parapò ak Sikilasyon Otomobil lan (sitou nan kafou yo): Pifò aksidan bisiklèt ki grav ak fatal yo rive nan kafou. Prepare w pou lage bay sikilasyon otomobil lan pasaj lan nan kafou yo (menm lè w panse ou gen dwa pasaj la).
3. Fè yo wè w: Ogmante vizibilite w ap ede pwoteje w sou wout la. Lannwit, toujou gen limyè avan ki nesesè yo ak reflektè wouj pa dèyè yo sou bisiklèt ou a. Yon limyè wouj nan pwent dèyè an ak reflektè anplis itil tou.
4. Bat pou Ou Previzib: Monte bisiklèt ou nan yon fason previzib esansyèl pou sekirite ou sou wout la. Sa vle di monte bisiklèt ak sikilasyon otomobil lan, pa kont li; sinyale entansyon ou byen klè ak ak anpil tan; epi chwazi yon chemen pou sikile ki p ap lakoz ou vire nan sikilasyon an pou evite danje. Fè sinaly ak men w pou kominike entansyon ou bay lòt machin yo. (Gade Seksyon Senk lan – Kominikasyon)

Règ anplis sou wout sa yo aplike pou siklis yo nan Delaware:

- Si w ap monte bisiklèt nan yon vwa sikilasyon ki pa nòmal epi ki gwo nan yon fason ki pa abityèl (ki laj ase pou yon bisiklèt ak yon machin sikile san danje kòt a kòt), ou ta dwe monte bisiklèt sou bò dwat vwa a pou otomobil yo ka pase sou bò góch ou san yo pa oblige chanje vwa (toutotan ou santi li san danje pou ou fè sa).
- Ou pa dwe monte lannwit amwenske ou gen yon limyè avan blan ki vizib nan yon distans 500 pye, yon reflektè dèyè ki wouj ki vizib nan yon distans 600 pye, ak swa materyèl ki reflete limyè nan toude bò yo nan yon distans 600 pye oswa yon limyè ki limen ki vizib nan toude bò yo nan yon distans 500 pye. Yo rekòmande yon limyè pou dèyè.
- Lè w ap monte yon bisiklèt, ou dwe chita oswa pase chak pye ou sou kote yon syèj pèmanan.
- Ou pa gendwa pote yon pasaje amwenske bisiklèt ou a fèt pou pote yon pasaje.
- Ou pa dwe rete kole ak okenn machin sou otowout la.
- Ou pa dwe woule sou yon otowout ki anfas sikilasyon an.
- Lè w ap monte bisiklèt, ou dwe kenbe omwen yon men sou manch gidon an toutan.
- Ou dwe bay pyeton yo ki sou yon twotwa ak nan yon pasaj pou pyeton pase epi bay yon sinalizasyon ki fè bri anvan ou double.
- Ou pa dwe mete yon kit ki kouvri toude zòrèy yo.

- Tout moun ki poko gen 18 lane dwe mete yon kas pou bisiklèt ki byen ekipe epi byen tache.

## Pano Arè yo

Ou dwe kanpe nan tout pano arè ki tabli nan kafou yo ak gwo (3 vwa sikelasyon oswa plis) wout yo; oswa si yon otomobil kanpe nan pano arè w ap apwoche a; oswa si sa nesesè pou sekirite akòz gwo sikelasyon. Nan pano arè ki kontwole kafou ki gen ti wout yo epi si pa gen okenn machin ki kanpe nan pano w ap apwoche a, sepandan, ou gendwa trete pano arè la kòm yon pano pou bay pasaj: Anvan w ralanti- epi bay dwa passaj lan ak tout machin ki nan kafou an oswa k ap apwoche

– ou gendwa vire oswa avanse avèk prekosyon nan kafou an san ou pa kanpe.

## Makaj Vwa ki Pataje an

Yo gendwa itilize demakasyon sou vwa ki pataje an sou kèk chose pou ede siklis yo mete yo sou kote, pou ankouraje otomobilis yo depase siklis yo san danje, pou diminye ensidans pou moun ap monte bisiklèt nan move sans lan, epi kòm yon rapèl ki di ni siklis ni otomobil yo gendwa itilze vwa a legalman.



## Pataje Wout La Ak Motosiklèt yo

Ogmantasyon popilarite pou monte motosiklèt lan evidan akoz varyete chofè ak otomobil ki gen de wou k ap parèt sou ri ak otowout nou yo. Estatistik aksidan motosiklèt yo montre yon pousantaj konsiderab nan aksidan yo enplike siklis ki gen eksperyans ki limite.

Nan nivo nasyonal, prèske mwatye nan tout aksidan motosiklèt yo enplike lòt machin. Nan kolizyon ak motosiklèt yo, chofè yo souvan di yo pa janm wè motosiklèt la. Nan Delaware, te gen 24 moun ki mouri nan motosiklèt pandan 2021 an ak 14 moun ki mouri nan lane 2020 an. Te gen 955 aksidan ki gen blese ki te enplike motosiklèt pandan yon peryòd senk lane ant 2015-2020. Te gen 932 aksidan aksidan ki gen blese ki te enplike motosiklèt pandan yon peryòd kat lane ant 2015-2019. Toujou rete vijilan epi verifye ang mò ou an souvan pou asire w pa gen yon motosiklèt ki la. Ou dwe espesyalman vijilan pou motosiklèt lè w ap vire nan kafou ak lè w ap sòti nan yon wout segondè oswa yon antre kay.

Motosiklis yo gen menm dwa ak responsabilite sou chose publik yo menm jan ak lòt itilizatè otowout yo. Pandan sou plan legal tout moun dwe respekte menm lwa sikelasyon yo, gen sitiyyasyon ak kondisyon espesyal ou bezwen konnen pou w ka pataje wout la san danje ak moun ki chwazi itilize de wou olye kat wou.

Poukisa li tèlman enpòtan pou ou konnen motosiklèt ak jan yo fonksyone? Prensipalman paske motosiklèt yo pa fasil pou idantife nan sikelasyon. Motosiklèt yo ki apeprè yon lajè de pye sèlman konpare ak senk a sis pye lajè yon otomobil. Menm lè yo wè yo, li difisil pou kèk chofè jije nan ki distans motosiklis yo ye.

Finalman, menm lè yo wè yo e distans la byen jije, kèk chofè pa ka di nan ki vitès motosiklèt yo prale. Lè w vijilan ak pwoblèm pèsepsyon espesyal sa a epi fason motosiklis yo reyaji nan sitiyyasyon presi, sa ka ede w evite fè kolizyon ak motosiklis yo nan sikelasyon. Anba a gen kèk sitiyyasyon presi ki egzije atansyon espesyal nan men motosiklis yo ak ou.

Vire agoch devan yon motosiklis k ap apwoche reprezante yon gwo pouvantaj aksidan machin/motosiklèt ki lakozi aksidan. Pwoblèm dèské w pa wè motosiklis la doub: chofè machin yo gendwa pa rive repere siklis la andeyò sèn sikilasyon an, oswa chofè yo gendwa pa rive jije vitès motosiklèt k ap vini an. Konpòtman ki kòrèk la se pou gade epi gade ankò. Asire w ou wè motosiklèt la epi w konnen vitès li anvan ou vire agoch.

Sinali pou vire yo pa otomatikman etenn poukout yo nan pifò motosiklèt. Pafwa, chofè an gendwa blyie etenn sinali lan. Anvan ou vire devan yon motosiklis, asire w chofè an ap vire epi li p ap kontinye tou dwat nan chemen ou an ak yon sinali pou vire li blyie ki toujou ap flache.

Distans ou ap swiv motosiklis la ta dwe de segonn lè w ap woule nan yon vitès ki pi ba pase 40 mil nan inèdtan e kat segonn pou vitès ki pi wo pase 40 mil nan inèdtan. Swiv twò pre gendwa rann chofè a malalèz, sa ki lakozi atansyon chofè a distrè sot sou wout la ak sikilasyon ki devan an. Motosiklèt yo ka kanpe pi vit, kidonk ou bezwen swiv yo nan yon distans ki san danje. Si chose an glise oswa mouye, ogmante distans ou ap swiv lan.

Itilizasyon vwa pou motosiklis la enpòtan anpil. Motosiklèt yo gen dwa ak menm lajè vwa a menm jan ak tout lòt machin yo. Yon operatè motosiklèt ki kalifye toujou ap chanje pozisyon nan vwa sa a pou maksimise kapasite l pou l wè ak pou yo wè l, epi pou konpanse bagay ki nan wout la oswa toupri l. Pa janm deplase nan menm vwa a ansanm ak yon motosiklèt menm si vwa a laj epi siklis la ap monte jis nan kwen sou bò an. Li pa sèlman ilegal, li trè danje.

Move tan ak sifas ki glise kapab veritab pwoblèm pou motosiklèt. Kite menm plis distans rapwochman pou motosiklis yo lè lapli ap tonbe oswa lè sifas wout la mouye epi glise. Chofè motosiklèt ki kalifye yo pral ralanti nan kondisyon sa yo. Sonje byen, motosiklèt sèlman gen de wou konpare ak kat pa ou yo. Epitou, ou dwe vijilan ak pwoblèm ekla lapli ak sifas ki mouye yo kreye, espesyalman lannwit. Li fasil pou w pa wè yon motosiklèt ak chofè li nan pi bon sikorans yo. Lapli, van, pousyè, ak bwouya polisyon afekte vizyon siklis la pi fasilman pase pa w nan yon machin ki fèmen. Pwotèj pou figi, vit devan oswa linèt siklis la ede, men yo pa ka konplètman kontounen tout limit vizyon yo nan kondisyon sa yo.

Van lateral yo ka danje pou motosiklis yo. Tan ki vin ak van ka anfèt deplase yon motosiklèt nan vwa sikilasyon li. Zòn pou siveye yo se otowout ak pon ki laj anpil yo, ki long yo. Yo konnen gwo kamyon ki kouri rapid yo kreye kout van ki ka fè yon motosiklis sezi, epi, nan sèten kondisyon, anfèt retire motosiklis la nan chemen l ap sikile an. Fè atansyon ak kondisyon sa yo pou ou ka prepare tèt ou pou potansyèl chanjman rapid nan vitès oswa direksyon motosiklèt la.

Sifas wout la ak bagay ki nan wout la ki nòmalman pa afekte lòt machin ka kreye pwoblèm pou siklis la. Gravye, debri, rapyesaj yo nan revètman an, ti bêt, e menm kouvèti twou egou gendwa lakozi motosiklis la chanje vitès oswa direksyon.

Pasaj a nivo tren yo gendwa difisil oswa travèse wout la nan yon ang. Chofè an gendwa ralanti oswa chanje direksyon pou l ka travèse ray tren yo anfas. Siklis la gendwa leve sou syèj lan pou ede amoti chòk yon pasaj ki difisil.

Pon metalik oswa ki gen griyaj yo kreye yon sansasyon tranbleman nan kawotchou avan motosiklèt la plis pase sansasyon ou viv nan machin ou. Sansasyon tranbleman sa a gendwa lakozi motosiklis ki pa gen eksperyans la chanje direksyon byen vit oswa ralanti.

## Kondi Motosiklèt ak Validasyon Lisans yo

Si w gen mwens pase 18 lane, ou dwe pran epi pase Pwogram Edikasyon Delaware lan pou Chofè Motosiklèt.

Detay sou fason pou ajoute yon mansyon pou motosiklèt nan yon lisans pou chofè, ekipman obligatwa, ak fason pou itilize l san danje yo nan manyèl separe ki disponib nan chak biwo Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan (gade kouvèti sou do an pou jwenn adrès la). Gade tou enfòmasyon sou mansyon an ki nan Seksyon De ki nan manyèl sa a.

Ou dwe toujou genyen avèk ou pwoteksyon pou zye ki apwouve ak yon kas ki apwouve pou tèt ou ak pasaje ou an lè w ap manevre yon motosiklèt. Ou dwe mete ekipman sa a si w ap manevre avèk yon pèmi pou apranti (tankou pase tès lari an), epi si w gen mwens pase 19 lane.

Nenpòt moun ki jwenn yon nouvo mansyon pou yon motosiklèt, oswa yon moun k ap monte ak moun ki fenk jwenn mansyon an, lalwa oblige l mete yon kas ak pwoteksyon pou zye pandan 2 premye lane yo apre moun ki fenk jwenn mansyon an resevwa mansyon an. Yon moun k ap manevre oswa k ap monte kòm yon pasaje sou yon motosiklèt sou chose yo nan Eta sa a ki pa rive respekte lwa sa a, ap sibi amann oswa kotizasyon sivil.

## Mobilèt ak Tripèd yo

Sa ki suiv lan se kèk nan enfòmasyon w ap bezwen konnen yo pou rann li legal, san danje epi amizan pou ou manevre yon mobilèt ak tripèd:

- Mobilèt ak tripèd yo pa dwe manevre sou otowout nasional ak otowout ki gen aksè limite, ni yo pa dwe kondwi yo sou dwa pasaj yon tren k ap fonksyone, ni yo pa dwe kondwi yo sou okenn chemen ki rezève pou itilizasyon bisiklèt amwenske motè asistans lan etenn.
- Ou pa kapab manevre yon mobilèt ak yon tripèd legalman sou okenn wout publik amwenske ou gen yon lisans pou chofè ki valab.
- Mobilèt ak tripèd yo dwe anrejistre dapre règlemantasyon Biwo pou Sikilasyon Otomobil lan adopte yo. Anrejistreman ak re-anrejistreman yo ap dire twazan epi yo koute \$5.00.
- Mobilèt ak tripèd yo dwe gen yon limyè sou devan ak pa dèyè epi gen yon sonèt oswa yon aparèy ki kapab bay yon sinal ki fè bri pou yon distans omwen 100 pye.
- Li enpòtan pou w siveye sikilasyon an pi lwen posib, prepare w pou arè toudenkou yo, pou sikilasyon k ap apwoche sou bò gòch oswa dwat yo nan kafou, epi pou machin k ap deplase sot sou arebò twotwa a.
- Li rekòmande pou chak moun k ap manevre oswa monte yon mobilèt oswa yon tripèd mete yon kas sekirite ak abiman ki klere, ki reflete limyè an.

## Machin Touteren yo

Anrejistreman pou machin touteren (OHV) obligatwa nan tout Eta a. Yo ka trete aplikasyon anrejistreman nan nenpòt biwo pou sikilasyon Otomobil (gade kouvèti do an pou adrès yo). Aplikan an dwe gen yon deskripsyon OHV an (mak, lane, nimewo seri), epi li dwe gen omwen 18 lane. Frè pou anrejistreman an se \$6.00 pou twa lane.

OHV yo pa ka manevre nan lari oswa otowout publik, epi ou dwe gen pèmisyon mèt byen an anvan ou ka manevre l sou teren prive. Operatè an ak tout pasaje yo dwe mete yon kas sekirite ki gen sang pou manton yo.

Tout OHV yo dwe genyen fren oswa yon aparèy ki menm jan an ki kapab kontwole machin la. Tout OHV yo dwe gen yon möflè ki diminye nivo bri a nan 60%.

## Moun ki Monte Bèt Ak Moun ki Dirije Bèt

Antanke moun ki monte yon bêt oswa chofè yon machin bêt rale sou otowout lan, ou gen tout dwa ak devva chofè yon otomobil genyen sof kote, nan sitiyasyon ki vreman espesyal, lwa yo ka pa gen okenn aplikasyon.



## Traktè ak Ekipman Agrikòl, Machin pou Travay sou Wout yo, Ak Ekipman Konstriksyon


Pou objektif seksyon sa a, ou menm, antanke chofè yon traktè konsa oswa tout lôt ekipman ki pouse tèt li poukонт li, kit ou pa t ap pote yon lôt machin oswa yon pati nan yon gwo machin oswa ekipman ou pa, ou gen tout dwa ak tout devva tout lôt otomobil ki sou otowout la. Lwa ak règlemantasyon espesyal yo ki dikte pi lwen anrejistreman yo, gwosè yo, pwa yo, ak fonksyonnan yo sou otowout yo twouve yo nan yon sipleman ki disponib nan chak biwo Divizyon an (gade kouvèti do an pou adrès yo).

## Kiyès Ki Pa Dwe Itilize Otowout lan

Ou pa dwe kondwi yon minibisiklèt, yon go-cart, yon ti machin gölf, yon motokwòs, yon "scooter" ki gen motè, yon motonèj, oswa tout lôt machin touten Biwo an pa otorize ki pou anrejistre sou otowout la. (Gade definisyon minibisiklèt lan pou fè diferans lan ak motosiklèt.)

## Machin k Ap Woule Dousman yo

Yon pano triyang ki gen koulè oranž ki reflete limyè an e ki klere ak yon anblêm "Machin k Ap Woule Dousman" sou li—tache pafwa ak traktè agrikòl yo epi lôt machin k ap woule dousman pou avèti chofè k ap apwoche yo. Lè ou wè pano sa a, ralanti tousuit epi avanse ak prekosyon.



## Pataje Wout La Ak Yon Kamyon

Kit w ap pataje wout la ak yon vwati, kamyon, otobis, oswa lôt gwo machin, li enpòtan pou sekirite pou ou obeyi lwa sikilasyon yo, respekte règ wout la, epi kondwi yon fason defansif. Èske gen règ espesyal pou pataje wout la ak yon kamyon? Wi! Men kèk sigjesyon nan men chofè kamyon pwofesyonèl yo.

## Depase

Lè w ap depase yon kamyon, dabò verifye devan ak dèyè w epi answit ale nan vwa pou depase a sèlman si li lib e ou nan yon zòn legal pou depase. Si sa nesesè, fè chofè kamyon an konnen w ap depase lè w ap flache limyè avan yo, sitou lannwit.



Sou yon otowout ki atè an, li pran sèlman twa a senk segonn anplis pou depase yon kamyon pase yon machin. Apre yon mizanivo, yon kamyon souvan pèdi vitès, kidonk li pi fasil pou depase l'olye yon machin. Nan yon degradasyon, elan kamyon an ap lakoz li ale pi vit, kidonk ou gendwa bezwen ogmante vitès ou.

Depase byen vit otan sa posib, epi pa akote lòt machin la.

Si chofè an flache limyè l'apre w fin depase l, se yon sinaly pou di w li posib pou randre nan vwa a. Asire w ou retounen sèlman lè w ka wè devan kamyon an nan retrouvizè ou. Apre ou fin depase yon kamyon, kenbe vitès ou.

Lè yon kamyon depase w, ou ka ede chofè kamyon an lè w rete bò ki pi lwen an nan vwa ou an. Ou ap rann li pi fasil pou chofè kamyon an si ou redwi vitès yon ti kras. Nan nepòt ka, pa akselere pandan kamyon an ap pase. Apre li fin depase, chofè kamyon an ap ba w sinaly pou fè w konnen kamyon an pral retounen nan vwa ou an.

Lè w rankontre yon kamyon k ap sòti nan direksyon opoze a, rete lwen otan sa posib sou kote pou w evite yon aksidan sou kote e pou w diminye tibilans van ant de machin yo. Sonje tibilans la pouse machin yo nan direksyon diferan. Li pa rale yo fè yon sèl.

### Toupre Zòn Entèdi Yon Kamyon

Anjeneral, kamyon yo pran yon ti kras pi lontan pase machin yo pou yo kanpe akòz gwosè yo.

Si w toupre yon kamyon, eseye rete andeyò "ang mò" li yo ki rele tou "Zòn Entèdi" an jan sa parèt la:

### **SOLISYON AN POU OTOWOUT KI PLIS ANSEKIRITE: KONNEN ZÒN ENTÈDI AN**

Zòn Entèdi an reprezante zòn danje yo ozalantou kamyon yo kote aksidan gen plis chans pou rive.

- **Depase** - Lè machin monte sou vwa twò bonè apre yo fin depase, apresa, sibitman yo ralanti, chofè kamyon yo oblige konpanse pou sa ak yon ti tan oswa espas rezèv. Paske li pran plis tan pou depase yon gwo machin, ou ta dwe kenbe yon vitès ki konsistan lè w ap depase, epi asire w ou ka wè kabin kamyon an nan retrouvizè ou anvan ou foure kò w devan.
- **Fè bak** - Lè yon kamyon ap fè bak, pafwa li dwe tanporèman bloke lari a pou manevve remòk li an avèk presizyon. Pa janm pase twò dèyè yon kamyon ki nan wout pou fè bak. Sonje byen, pifò remòk yo gen 8.5 pye lajè epi yo ka konplètman anpeche moun wè bagay ki toudenkou vin nan mitan yo menm ak yon espas chajman. Kidonk, si w eseye pase dèyè kamyon an, ou antre nan yon ang mò (Zòn Entèdi) pou ou menm ak chofè kamyon an.
- **Dèyè Ang Mò yo** - Kontrèman ak machin, kamyon yo gen gwo ang mò dirèkteman dèyè yo. Evite rapousswiv nan Zòn Entèdi sa a. Chofè kamyon an pa ka wè machin ou an nan pozisyon sa a, epi pwòp vizyon w sou sikilasyon an diminye anpil. Swiv twò pre ogmante anpil chans ou genyen pou yon kolizyon pa dèyè ak yon kamyon. Kite omwen kat segonn ant machin ou an ak kamyon an, epi sonje ou menm tou ou pa ka wè, epi planifie davans si ou swiv li twò pre.

- **Ang Mò sou Kote yo** - Kamyon yo gen pi gwo ang mò nan toude bò machin yo pase machin òdinè yo. Lè w ap kondwi nan ang mò sa yo (Zòn Entèdi) pou nenpòt ki kantite tan, chofè kamyon an pa ka wè ou. Si yon chofè komèsyal bezwen chanje vwa byen vit pou nenpòt ki rezon, yon aksidan grav ta ka rive ak machin lan nan Zòn Entèdi an.
- **Gwo Viraj yo** - Chofè kamyon yo pafwa bezwen zigzage ak gwo eka sou bò goch lan pou yo kapab pi byen negosye yon viraj adwat san danje. Yo pa ka wè machin ki dirèkteman dèyè yo. Antre nan mitan machin komèsyal la ak arebò twotwa a oswa akotman sou bò dwat la ogmante possibile pou yon aksidan.

### Aksidan nan Fè Bak

Swasant-sis poustan nan tout aksidan machin komèsyal yo fèt pandan y ap fè bak; se poutèt sa, pa janm eseye travèse dèyè yon kamyon ki ap prepare l pou l fè bak. Souvan lè yon chofè kamyon ap prepare l pou l fè bak ak kamyon an apati yon chose pou al nan yon espas chajman, pa gen okenn lòt chwa apa bloke chose an pou yon ti tan. Se la kék chofè ak pyeton eseye tante depase pa dèyè kamyon an olye yo ret tann kék segonn pou kamyon an fini mannev li an. Lè w ap depase toupre dèyè kamyon an, chofè an oswa pyeton an antre nan ang mò kamyon an e aksidan gendwa rive.

### Rapòte yon Vyolasyon Sekirite Komèsyal

Pou rapòte yon potansyèl vyolasyon sekirite komèsyal konsènan materyèl ki danje, transpò pasaje oswa deplasman machandiz domestik, ou gendwa rele 1-888-DOT-SAFT (368-7238) ki disponib lendi jiska vandredi, 9 am pou rive 7 p.m. EST, oswa vizite <http://nccdb.fmcsa.dot.gov/>.

# SEKSYON SENK

## KONSÈY POU KONPETANS AK SEKIRITE NAN KONDWI

Pa gen manyèl pou chofè ki ka anseye w kòman pou w manevre yon machin oswa pou w vin yon chofè ki pridan. Kondwi egzije konpetans ou ka jwenn sèlman nan enstriksyon ak pratik. Sa ki suiv lan ofri kèk enfòmasyon debaz sou kondwi.

### AVAN OU KONDWI

Sekirite w ak sekirite publik la depann anpil ak sa w fè anvan w kondwi, tankou ajiste syèj la ak retwovizè yo, itilize senti sekirite yo, verifye machin ou, kenbe yon vizyon klè, ak asire eleman yo ki anndan ak sou machin la.

#### Planifikasyon Deplasman

Gen fason ou ka ede diminye depans pou kondwi ou yo. Dabò, detèmine bezwen transpò jeneral ou yo. Pou chak vwayaj, detèmine si li nesesè. Si se konsa, gendwa gen kèk fwa ou pa bezwen kondwi ou menm. Ou ta ka deplase ak yon lòt moun oswa ou ta ka pran transpò publik si li disponib.

Pi bon fason pou pwolonje lavi machin ou an epi ekonomize gaz se itilize li mwens posib. Planifikasyon deplasman ka rann lavi w pi fasil epi ede w kondwi mwens:

- Pran transpò publik lè li disponib; (800-652-DART)  
[www.dartfirststate.com](http://www.dartfirststate.com).
- Evite kondwi pandan gwo sikilasyon, sa lakoz epuizman ou ak epuizman machin lan.
- Itilize woulib oswa pataje kous chak fwa sa posib; (888-743-3628)  
[www.ridesharedelaware.org](http://www.ridesharedelaware.org).
- Planifye epi konbine deplasman ou yo. Fè yon lis bagay ou bezwen ak kote ou bezwen ale. Ale otan kote li posib nan nenpòt deplasman. Eseye diminye kantite kote ou bezwen ale. Sa a ap redwi kantite deplasman ou bezwen fè yo.
- Rele davans pou asire w yo gen sa ou bezwen an oswa sa w ap pase pran an pare.

Lè w fè bagay sa yo, ou ka ede diminye kantite sikilasyon sou wout la, redwi depans deplasman ou yo, epi ekonomize tan ak jefò pou tèt ou.

#### Verifye Machin la

Nivo sekirite ou ka aplike nan kondwi machin lan kòmanse avèk machin w ap kondwi a. Se devwa chofè yo pou asire machin yo kondwi an san danje pou yo manevre. Yon machin ki nan move eta pa ansekirite epi li koute plis woule l pase yon machin yo fè antretyen ladan l. Li ka tonbe anpann oswa lakoz yon kolizyon. Si yon machin nam move eta, ou ta ka pa kapab sòti nan yon sitiyasyon ijans. Yon machin ki nan bon eta ka ba ou yon maj sekirite anplis lè ou bezwen li, epi ou pa janm konnen kilè w ap bezwen li.



Ou ta dwe swiv manyèl pou pwopriyetè machin ou an pou antretyen woutin. Gen kèk ou ka fè ou menm ak kèk yon mekanisyen ki kalifye dwe fè. Kèk verifikasyon senp ap ede evite pwoblèm sou wout la.

**Sistèm frenaj** – Se sèl fren ou yo ki ka kanpe machin ou an. Li trè danje si yo pa p byen fonksyone. Si yo sanble yo ap byen fonksyone, yo ap fè anpil bri, gen vye sant, oswa pedal fren an rive atè an, fè yon mekanisyen verifye yo.

**Limyè** – Asire w sinal pou vire yo, limyè fren yo, limyè nan pwent dèyè yo ak limyè avan yo fonksyone byen. Sa yo ta dwe verifye depi lè w deyò machin la. Limyè fren yo di lòt itilizatè wout yo w ap kanpe, epi sinali pou vire yo di yo w ap vire.

Yon limyè avan ki pèdi aliyman ka klere kote li pa itil ou epi li gendwa avegle lòt chofè yo. Si w gen pwoblèm pou w wè lannwit oswa si lòt chofè yo toujou ap flache limyè avan yo sou ou, fè yon mekanisyen verifye limyè avan yo.

**Vit Devan ak Waypè yo** – Vè ki andomaje an ka pi fasil kraze nan yon ti kolizyon oswa lè yon bagay frape vit devan an. Fè yo ranplase yon vit devan ki andomaje.

Waypè vit devan anpeche lapli ak nèj rete sou vit devan an. Gen kèk machin tou ki gen waypè pou fenèt dèyè yo ak limyè avan yo. Asire w tout waypè yo nan bon kondisyon fonksyonnan. Si dlo pa byen glise sou lam yo, ranplase yo.

**Kawotchou** – Kawotchou ki ize oswa chòv ka ogmante distans pou ou kanpe an epi rann vire an pi difisil lè wout la mouye. Kawotchou ki pa balanse epi presyon ki fèb lakoz kawotchou yo ize pi vit, diminye ekonomi gaz ou, epi rann machin lan pi difisil pou dirije epi kanpe. Si machin lan rebondi, volan an tranble, oswa machin lan rale sou yon bò, fè yon mekanisyen verifye li.

Kawotchou ize ki chire ka lakoz "akwaplanaj", epi ogmante chans pou ou gen yon kawotchou plat. Verifye presyon lè ki nan kawotchou an ak yon kontwolè presyon lè, lè kawotchou yo frèt. Verifye manyèl pou pwopriyetè machin lan oswa bò kawotchou yo pou presyon apwopriye a.

Verifye band woulman an ak yon pyès lajan. Mete kòb la nan "tèt" band woulman an dabò. Si band woulman an pa rive omwen nan tèt Abe a, kawotchou an pa asire epi ou bezwen ranplase li.

**Sistèm volan** – Si volan an p ap fonksyone byen, li difisil pou kontwole direksyon ou vle ale an. Si machin lan difisil pou vire oswa li pa vire lè w fenk vire volan an, fè yon mekanisyen verifye volan an.

**Sistèm sispançon** – Sispansyon ou ede w kontwole machin ou epi li fè ou byen woule sou divès sifas wout. Si machin lan rebondi anpil apre yon polis kouche oswa yon arè oswa li difisil pou kontwole, ou gendwa bezwen nouvo chòk oswa lòt pyès sispançon. Fè yon mekanisyen verifye li.

**Sistèm tiyo echapman** – Sistèm tiyo echapman an ede redwi bri ki soti nan motè a, ede refwadi gaz cho ki soti nan motè an k ap mache an, epi li voye gaz sa yo nan dèyè machin lan. Gaz ki sòti nan yon tiyo echapman ki gen fuit ka lakoz lanmò andedan yon machin lan yon tan trè kout. Pa jam demare motè a nan yon garaj ki fèmen. Si w chita nan yon machin epi motè an ap mache pandan lontan, louvri yon fenèt.

Gen kèk fuit echapman ki fasil pou tandem gen anpil lòt ki pa fasil. Se poutèt sa li enpòtan pou verifye sistèm tiyo echapman an detanzantan.

**Aparèy pou konpresyon motè an** – Okenn machin komèsyal ki ekipe ak yon aparèy fren pou konpresyon motè an pa dwe sikile sou yon otowout, ansanm ak ri rezidansyèl yo, amwenske machin lan tou ekipe ak yon mòflè ki nan bon kondisyon nan konfòmite ak fabrikan an ki toujou ap fonksyone pou anpeche twòp bri.

**Motè** – Yon motè ki ap mal mache gendwa pèdi pisans ki nesesè pou kondwi nòmal ak ijans yo, li gendwa pa demare, gendwa ekonomi gaz mal, gendwa polye lè a, epi li ta ka sispann mache lè ou sou wout la, sa ki lakoz pwoblèm pou ou menm ak sikilasyon an. Swiv ki pwosedi yo rekòmande nan manyèl pou pwopriyetè machin lan pou antretyen.

**Bagay ki desere** – Asire w pa gen okenn bagay ki desere nan machin lan ki ta ka frape yon moun nan ka yon arè toudenkou oswa yon aksidan. Asire w pa gen okenn bagay atè a ki ta ka woule anba pedal fren an epi anpeche w kanpe machin lan.

**Klaksòn** - Klaksòn lan gendwa pa sanble li enpòtan pou sekirite, men kòm yon aparèy pou avètisman, li ta ka sove lavi ou. Sèlman itilize Klaksòn ou kòm yon avètisman pou lòt moun yo.

### Sekirize Chajman Ou

Kondwi ak yon chaj ki pa byen mare trè danje. Yon chaj dwe byen tache epi yo konsidere li sekirize sèlman lè pa gen anyen ki ka glise, tonbe oswa deplase sou chose an oswa van ale avèk li.

Yon bagay ki peze 20 liv nan yon vitès 55 mil nan inèdtan gen yon fòs 1,000 liv lè I frape!

Men kèk rekòmandasyon pou byen mare chaj ou nan sis etap fasil:

1. Mare chaj lan ak kòd, filè oswa sang
2. Mare gwo bagay yo dirèkteman nan machin lan oswa remòk lan
3. Kouvrir tout chaj la ak yon prela ki solid oswa yon filè
4. Pa twò chaje machin la
5. Toujou verifye chaj lan pou asire w yon chaj byen mare
6. Sekirize Chaj Ou an kòmsi pwòch ou yo ap kondwi nan machin ki dèyè ou an

Pou plis enfòmasyon, ale sou [www.secureyourload.com](http://www.secureyourload.com).

### Netwaye Sifas an Vit yo

Li enpòtan pou ou kapab wè klè nan fenèt yo, vit devan, ak retrouvizè yo.

Men kèk bagay ou ka fè pou ede:

- Kenbe vit devan an pwòp. Solèy ki klere oswa limyè avan ki bay sou yon vit devan ki sal rann li difisił pou wè. Mache ak likid pou netwaye ak yon napkin oswa twal pou w ka netwaye vit devan ou an nenpòt lè li nesesè.
- Kenbe boutèy nan machin ou an ki gen dlo pou lave fenèt ou yo ranpli. Itilize lavaj antijèl nan espas kote tanperati a ta ka tonbe anba zewo.
- Kenbe andedan fenèt ou pwòp, sitou si gen moun ki te fimen nan machin la. Fimen lakoz yon ti kouch fòme sou pati anndan vit lan.
- Netwaye nèj, glas, oswa jèl nan tout fenèt anvan w kondwi. Asire w


ou netwaye devan, sou kote, ak dèyè an.

- Pa pandje bagay sou retwovizè ou an oswa pa ankonbre vit devan an ak otokolan Yo ta ka bloke vizyon ou.
- Kenbe limyè avan yo, pou fè bak yo, fren yo, ak limyè dèyè yo pwòp. Salte sou lanty yo ka diminye limyè a nan nivo 50%.

### Ajiste Syèj ak Retwovizè yo

Ou ta dwe toujou verifye syèj ou ak retwovizè ou yo anvan ou kòmanse kondwi. Fè nenpòt ajisteman nan syèj la ak retwovizè yo anvan ou deplase.

- Ajiste syèj ou an pou w ka byen wo pou w wè wout la aklè. Si sa nesesè, itilize yon kousen pou syèj. Pa deplase syèj la twò lwen pou ou pa ka kondwi fasiman. Syèj yo ta dwe pozisyone apeprè 12 pouz parapò ak volan an.
- Ajiste retwovizè pou dèyè ak retwovizè sou kote ou yo. Ou ta dwe kapab wè fenèt dèyè an ak retwovizè pou dèyè an epi wè fenèt sou kote yo ak retwovizè sou kote yo. Yon bon ajisteman pou retwovizè sou kote yo se aranje yo pou lè ou panche devan yon ti kras, ou ka wè arebò machin ou an.
- Si w gen yon retwovizè pou lajounen/lannwit, asire w li fikse sou moman nan jounen an w ap kondwi a.
- Atach pou tèt yo fèt pou anpeche kou w deranje si yon machin frape w pa dèyè. Yo ta dwe ajiste pou atach pou tèt la touche ak dèyè tèt ou.



préske nan mwatye senpman nan mete senti sekirite ou.

Mete nenpòt nan pyès yo pou kont li redwi pwoteksyon ou anpil. Si ou gen yon bandoulyè otomatik, asire w ou boukle senti ki pase sou jamm ou an tou. Sinon, nan yon kolizyon ou ta ka glise sòti nan senti a epi ou blese oswa mouri. Aksidan fatal ka rive nan nenpòt ki vitès.

### Itilize Senti Sekirite

Anvan w ale, toujou tache senti sekirite w yo byen epi asire w tout pasaje w yo ap itilize senti sekirite oswa attach pou timoun. Lalwa Delaware egzije pou tout moun ki nan yon otomobil mete senti sekirite. Estatistik aktiyèl yo montre plis pase 90% nan abitan Delaware yo mete senti.

Yon ajan aplikasyon lalwa gendwa fè yon machin kanpe si yo wè yon moun ki pa gen attach oswa ki pa byen tache andedan. Mete bandoulyè a amba bra ou oswa dèyè ou ka lakoz blesi grav; epi, paske li pa konsidere kòm yon bon itilizasyon senti sekirite an, sa ta ka lakoz yo ba w yon kontravansyon.

Li empòtan pou ou menm ak pasaje ou yo itilize senti sekirite. Etid yo montre ou ka diminye chans ou genyen pou w mouri oswa pou w blese grav nan yon aksidan

Anplis pwoteje w kont blesi antanke chofè nan anpeche ekspilsyon w nan machin la, senti sekirite yo ede w kenbe kontwòl machin la. Si yo frape w sou kote oswa si w fè yon viraj rapid, fòs la ta ka pouse w sou kote. Ou pa kapab dirije machin lan si ou pa dèyè volan an.

Senti sekirite yo dwe mete menm si machin lan ekiipe ak sak gonflab. Pandan sak gonflab yo se yon bon pwoteksyon pou ou pa frape volan an, tablodbò an oswa vit devan an, yo pa pwoteje ou si yo frape ou sou kote oswa pa dèyè, oswa si machin lan woule. Epi, yon sak gonflab p ap kenbe ou dèyè volan an nan sitiyasyon sa yo. Senti sekirite ak sak gonflab yo fét pou travay ansanm, epi blesi gendwa rive si yo pa itilize senti sekirite nan machin ki ekiipe ak sak gonflab.

### Itilize Atach pou Timoun yo

Lalwa Delaware egzije pou tout timoun ki poko gen uit lane oswa ki poko peze 66 liv yo dwe byen tache nan yon syèj sekirite pou timoun oswa yon syèj ki elve yo. Anplis sa, tout timoun laj uit lane oswa plis oswa ki peze 66 liv oswa plis dwe byen tache nan yon senti sekirite. Sa a se yon lwa aplikasyon prensipal, ki vle di ajan yo ka fè yon machin kanpe si yo wè yon timoun san atach andedan. Yon timoun ki poko gen 12 lane oswa ki poko mezire 65 pouz nan wotè pa ta dwe okipe syèj pasaje devan nan yon machin ki ekiipe ak yon sak gonflab sou bò pasaje an.



Yo gendwa fè sèten eksepsyon ki nan kòd Delaware lan Tit 21, Seksyon 4803(b)(1) ak (2).

### Bonjan Atach pou Timoun lan

Administrasyon Nasyonal pou Sekirite Sikilasyon sou Otowout yo (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) ak Akademi Pedyatri Ameriken an (American Academy of Pediatrics, AAP) rekòmande sa ki suiv yo la pou byen pwoteje timoun yo nan syèj pou machin yo:

**Nesans - 12 Mwa:** Timoun ki poko gen 1 lane ta dwe toujou chita nan yon syèj pou machin ki bay fas li dèyè. Gen diferan kalite syèj pou machin ki bay fas yo dèyè: syèj pou tibebe sèlman ka itilize sèlman fas pa dèyè; syèj pou machin ki demontab ak konplè anjeneral gen pi gwo limit pou wotè ak pwa pou pozisyon ki bay pa dèyè an, sa ki pèmèt ou kenbe pitit ou an pa dèyè pandan yon peryòd tan ki pi long.

**1 - 3 Lane:** Kenbe pitit ou an fas pa dèyè pou osi lontan I posib. Se pi bon fason pou kenbe yo ansekirite, pitit ou an ta dwe rete sou yon syèj pou machin ki bay fas pa dèyè jiskaske li rive nan wotè oswa limit pwa ki pi wo fabrikan syèj pou machin ou an otorize an. Yon fwa syèj pou machin ki fè fas a dèyè a fini, pitit ou an pare pou vwayaje nan yon syèj pou machin ki fè fas pa devan ak yon ekipay ak mare.

**4 - 7 Lane:** Kenbe timoun 4 a 7 lane ou yo nan yon syèj pou machin ki bay fas pa devan ak yon senti epi atach jiskaske yo rive nan wotè oswa limit pwa ki pi wo an fabrikan syèj pou machin ou an otorize an. Yon fwa yo fin grandi depase syèj pou machin yo ki bay fas pa devan ak yon senti, li lè pou yo sikile nan yon yon syèj ki elve yo men toujou sou syèj dèyè an.

**8 - 12 Lane:** Kenbe timoun ou yo ki gen 8 a 12 lane sou yon yon syèj ki elve yo jiskaske yo gwo ase pou yo byen chita nan yon senti sekirite. Pou yon senti sekirite byen chita, senti pou janm la dwe byen chita sou anwo kwis yo, pa nan vant la. Bandoulyè a ta dwe byen chita sou zepòl la ak pwatrin lan epi li pa travèse kou oswa figi an.



## IS YOUR CHILD IN THE RIGHT CAR SEAT?



SAFERCAR.GOV/THERIGHTSEAT



Lòt konsèy:

- Pa janm mete yon timoun ki bay fas li pa dèyè devan yon sak gonflab pou pasaje.
- Sang pou zepòl yo ta dwe byen ajiste epi ou pa ta dwe kapab zongle depasman sang yo ant dwèt ou lè w ap eseye zongle li nan zòn klavil timoun lan.
- Bouk pou pwatrin lan ta dwe nan menm nivo ak zesèl timoun lan.
- Kote ki pi ansekirite pou enstale syèj sekirite pitit ou an, lè sa posib, se pozisyon pou chita ki nan mitan syèj dèyè yo.
- Pa janm eseye kenbe yon timoun sou janm ou san atach. Nan 30 mil nan inèdtan, yon ti bebe 10 liv nan yon aksidan vin tounen yon fòs 300 liv, yon bagay pèsonn pa ka kenbe. Kote ki pi ansekirite pou yo an se nan yon syèj sekirite timoun ki awpôpriye.
- Toujou li manyèl pou pwopriyetè machin ou an ak enstriksyon ki vini ak aparèy pou tache timoun ou an.

Li enpòtan anpil pou w li epi konprann manyèl pou pwopriyetè machin ou a ak enstriksyon ki vini ak aparèy pou kenbe timoun ou an. Anplasman aparèy la nan machin la, pozisyon li, kit li bay fas pa devan oswa pa dèyè, epi nan syèj devan oswa dèyè yo, gendwa detêmènre si pitit ou an pral soufri blesi ou pa, menm nan yon ti chòk oswa aksidan. Pozisyon timoun lan anrapò ak sak gonflab nan machin ou a enpòtan tou pou sekirite pitit ou an. Bon ajistaj ak itilizasyon körék bouk yo, senti yo, ak sang yo gendwa anpeche blesi grav.

Biwo Sekirite Otowout Delaware lan fè verifikasiyon syèj sekirite timoun yo gratis. Teknisyen pou Sekirite Pasaje Timoun ki sètifye nan nivo federal pral verifye syèj ou a pou rapèl ak enstalasyon körék. Yo bay asistans endividiyèl pou paran, granparan, founisè swen pou timoun, elatriye ki bezwen enstale byen syèj yo. Tanpri vizite sit entènèt nou an nan <https://ohs.delaware.gov/carseat.shtml> pou plis enfòmasyon.

Biwo pou Sekirite sou Otowout la gen estasyon enstalsyon syèj pou timoun nan biwo DMV yo nan Dover ak Wilmington. Gen yon estasyon ajisteman anplis nan Konte Sussex ki tabli nan Delaware State Police Troop 7 sou Route 1 South lan nan Lewes. Yon estasyon ajisteman se yon kote pandan tout lane a paran yo ka fè enspekte syèj sekirite timoun yo. Randevou obligatwa. Orè Dover ak Wilmington yo se madi ak jedi 9 a.m. jiska 1 p.m. ak mèkredi sóti 4 p.m. pou rive 8 p.m. Orè Troop 7 lan pwograme jan sa nesesè. Rele 302-744-2749 pou yon randevou nan Dover oswa Lewes. Rele 302-434-3234 pou yon randevou nan Wilmington. Orè yo gendwa varye, paran yo dwe rele pou yon randevou.

**Avètisman! Lè li fè cho deyò an, pa kite timoun oswa bète yo poukont yo.**

Nan yon jou ete ki cho, anndan yon machin ka vin cho nan yon fason ki danje. Yon etid te dekouvrir ak fenèt yo ki monte epi tanperati deyò a ki nan 94 degré, andedan yon machin ta ka 122 degré nan espas jis yon demi édtan oswa 132 degré apre inèdtan.

Anpeche yon trajedi ki pa nesesè epi asire w pèsonn pa kite timoun piti oswa bêt nan yon machin cho poukонт li.

### Move Enfòmasyon

Gen kèk moun ki toujou gen "move enfòmasyon" sou itilizasyon senti sekirite yo. Pa egzanp,

**"Senti sekirite yo ka bloke w andedan yon machin."** Li pran mwens pase yon segonn pou défet yon senti sekirite. Aksidan kote yon machin pran dife oswa koule nan gwo dlo epi ou kwense, raman rive. Menm si yo fè sa, yon senti sekirite ka anpeche w frape. Chans ou pou chape ap plis si ou gen konsyans.

**"Senti sekirite yo bon pou vwayaj ki long, men mwen pa bezwen yo si m ap kondwi nan vil la."** Plis pase mwatyé nan tout lanmò sikilasyon yo rive nan distans 25 mil parapò ak domisil lan. Anpil nan yo rive sou wout ki afiche a mwens pase 45 mil nan inèdtan.

**"Gen kèk moun ki vòltije nan yon aksidan epi yo difisilman gen yon grafouyen."** Chans ou pou ou pa mouri nan yon aksidan plis si w rete andedan machin la. Senti sekirite yo ka anpeche w vòltije sot nan machin ou an pou al tonbe sou chemen yon lòt. Rete andedan machin lan pral definitivman diminye blesi.



**"Si yo frape m sou kote, I ap pi bon pou m vòltije sou kote nan machin lan; Iwen pwen kolizyon an."** Lè yon machin frape sou kote, li pral deplase sou kote. Tout bagay nan machin lan ki pa tache yo, ansanm ak pasaje yo, pral efektivman glise nan direksyon pwen kolizyon an, pa lwen li.

**"Nan vitès ki lan, mwen ka ankesè I."** Menm a 25 mil nan inèdtan, fòs yon aksidan pa devan se menm jan ak pedale yon bisiklèt ak tout vitès pou antre kont yon miray briks oswa vòltije anba yon batiman twa etaj pou lage kò w sou twotwa a. Pa gen moun ki ka ankesè sa.

### Dwa konstitisyonèl ak lòt dwa legal yon moun pandan yon arè sikilasyon

Nan konfòmité ak 11 Del. C. §1902 yon moun dwe bay non li, adrès li ak yon esplikasyon sou rezon ki fè I ap kondwi sou chose an ak kote li prale. Menm jan an tou, pasaje yo nan yon machin dwe bay enfòmasyon yo epi/oswa sòti nan machin la, si ajan an egzije yo fè sa. Yon moun gendwa mande ajan an pou l idantifye tèt li ak ajans ki anplwaye I lan.

Yo gendwa fouye machin yon moun sou sèn lan si yo bay ajan an konsantman pou l fè sa, si ajan an kwè li gen yon kòz pwobab pou fè sa, oswa nan kad yon evalyasyon envantè yon machin y ap remoke. Pandan ankèt arebò wout yo yon moun pa gen dwa pou gen yon avoka; sepandan, dwa sa a pral prezante pita nan pwosesis la.

### Lwa konsènan entèwogasyon ak detansyon nan men yon ajan aplikasyon lalwa, prèv idantite ak konsekans si w pa rive konfòme ou ak yo

Okenn moun pa dwe kondwi yon otomobil nan yon lari oswa otowout pubblik nan Eta sa a si yo pa gen yon lisans pou manevre li. Si w pa gen lisans oswa mansyon apwopriye a, sa gendwa lakoz, ominimòm, amann ak/oswa pèt privilèj pou kondwi yo. Yon moun ki pa bay idantifikasiyon oswa ki pa rive esplike aksyon yo bay ajan an nan fason ki satisfè l, yo gendwa arete l, kesyone sou li plis, epi anekte sou li. Yon detansyon pa vle di yon moun anba arrestasyon. Nan fen peryòd detansyon an, ki pa ka depase dezèdtan, moun lan pral swa libere, oswa yo arete ak akize l pou yon krim. OU gendwa al gade nan 11 Del. C. §1902, 21 Del. C. §2701 ak 21 Del. C. §2721 pou plis enfòmasyon.

### Wòl ak pwosedи yon ajan aplikasyon lalwa anjeneral ak pandan yon arè sikilasyon

Yon ajan anp lanse yon arè sikilasyon lè li bay yon sinal vizib oswa ki fè bri, ki ta ka gen ladan l itilizasyon limyè oswa sirèn ijans yo. Ajan an gendwa pwoche bò kote chofè an oswa bò pasaje yo, li gendwa idantifye tèt li ak ajans li an, epi li di rezon ki fè li kanpe sikilasyon an. Anpil fwa ajan an ap mande chofè an si l gen nenpòt rezon pou l komèt vyolasyon sikilasyon an.

Kondwi yon otomobil se yon privilèj, se pa yon dwa. Pou konfòme yo ak lalwa, ni operatè an ak machin li ap kondwi an bezwen satisfè sèten egzijans. Youn nan wòl yon ajan se fè respekte egzijans sekirite sa yo. Ajan an ap mande lisans ou, prèv asirans, ak anrejistrem an machin ou an. Ajan an gendwa poze yon seri kesyon. Ajan an gendwa retounen nan machin li pou fè rechèch. Ou menm ak pasaje ou yo ta dwe rete nan machin ou an toutan amwenske ajan an mande lòt bagay.

### Kisa Pou W Fè ak Sa W Ap Atann Lè Lapolis Kanpe Ou

Ajan aplikasyon lalwa yo fè arè sikilasyon paske yo obsève yon vyolasyon sikilasyon oswa yo ap mennen yon ankèt lapolis. Lè yon ajan aplikasyon lalwa kanpe w sa kapab yon eksperyans estrès, men konnen kisa pou w fè pandan arè a ap ede asire sekirite w, sekirite lòt otomobilis yo ak sekirite ajan an. Lè ou wè limyè ijans dèyè ou, rete kalm, aktive sinal pou vire ou, epi kanpe oswa mete sou arebò chose an pi vit ak san danje otan sa posib. Lè w ap kanpe pou yon machin pou ijans, ou ta dwe fè mouvman sou bò dwat

choose an, nenpòt lè sa posib. Etènn kontak lan epi radyo an, epi rete nan machin ou amwenske ajan an egzije ou sòti. Kenbe men ou sou volan an pou yo ka wè yo fasilman. Mande pasaje ou yo pou yo rete kalm epi pou yo rete nan machin lan pandan y ap kenbe men yo byen vizib tou. Bay ajan an tout atansyon ou. Telefòn selilè ak aparèy mobil pa ta dwe itilize ni bò kote ou oswa nenpòt nan pasaje ou yo. Pa fè mouvman toudenkou oswa chèche lisans pou chofè ou an oswa dokiman machin ou an - tann ajan an ba ou enstriksyon. Si ou

gen yon zam (yo) nan machin lan, enfòme ajan an depi sou premye kontak lan. Si se lannwit, ajan an gendwa dirije yon pwojektè sou machin ou an yon fwa li kanpe. Pou:

ede ak vizibilité, limen limyè anndan ou an menm kote ou kanpe an pou ede ajan an wè andedan machin ou an. Ajan an pral anjeneral esplike poukisa li te kanpe ou epi li ka poze w kesyon sou vwayaj ou a. Si ajan an pa ak inifòm, l ap montre w idantifyan polis li oswa w gendwa mande wè yo. Swiv tout enstriksyon ajan an ba ou oswa pasaje ou yo. Ajan an gendwa egzije wè lisans ou, prèv asirans, ak anregistrement machin ou an. Si dokiman yo pa pre ou, di ajan an kibò yo ye anvan ou al pran yo. Si w gen kesyon, egzije klarifikasiyon nan politès. Si ajan an mande w pou w sòti nan machin la, rete lwen sikilasyon an nan pridans epi kenbe men w byen vizib. Lè ajan an fini entèrakson I avèk ou li gendwa bay yon avètisman oswa yon kontravansyon sikilasyon ki ka yon amann gen ladann. Ajan an pral tipikman esplike kèleswa aksyon li te poze an. Si w gen kesyon, avèk respè mande ajan an pou l klarifye. Si ou pa dakò ak desizyon ajan an pou bay yon kontravansyon sikilasyon, pa pwolonje kontak la nan fè diskitsyon ak ajan an. Si w vle konteste kontravansyon an, w ap gen opòtinite pou w esplike opinyon w sou sa ki te pase an nan tribinal la. Aksepte yon kontravansyon sikilasyon pa vle di ou admèt ou koupab. Si w kwè ajan an te aji yon fason ki pa apwopriye, dokimante konpòtman ajan an epi rapòte li bay ajans ajan an alè. Non ajan an ak ajans aplikasyon lalwa a ap sou kontravansyon an oswa ou gendwa mande ajan an pou bay enfòmasyon sa yo. Aplikasyon lwa sikilasyon yo se yon zouti efikas pou chanje konpòtman ki pa pridan epi rki aksidan. Si w resevwa yon avètisman oswa yon kontravansyon pou yon vyolasyon sikilasyon, objektif li se dekoraje konpòtman ilegal ak/oswa danje. Bon komunikasyon nan tout pati ki enplike yo ka rann yon sikilasyon arè yon eksperians ki san danje pou tout pati ki enplike yo.

### Kòman ak kibò pou depoze yon konpliman nan non oswa yon plent kont yon ajan aplikasyon lalwa

Ou ta dwe kontakte ajans ajan an atravè mwayen ajans sa a detèmine. Pifò ajans yo gen yon sit entènèt ki gen enfòmasyon pou kontakte yo.

Se objektif aplikasyon lalwa pou pwoteje publik la epi fè arè sikilasyon yo nan yon fason ki pwoteje sekrite tout moun ki enplike yo. Kowoperasyon ou ak lapolis se pi bon fason pou asire w sekrite ou, ak sekrite lòt moun, pa konpwomèt pandan arè a.

## KONDUIT DEBAZ

### Apati

Verifye manyèl pou pwopriyetè machin lan pou konnen kòman yo pi byen demare machin lan. Asire w fren men an pase anvan ou demare machin la. Si machin lan gen yon transmisyon manyèl, li pa dwe sou vitès, ak nan kèk machin, anbreyaj la dwe peze byen fon. Pou yon machin ki gen yon transmisyon otomatik, ou dwe mete levye an sou "park".

### Akselere

Akselere piti piti epi dousman. Eseye demare twò vit ka lakoz wou ki gen traksyon yo patinen, sitou sou sifas ki glise, epi lakoz machin lan glise. Avèk yon machin ki gen chanjman manyèl, pratike itilize anbreyaj la ak akseleratè a pou motè a pa twò vire oswa bloke lè w ap chanje vitès.


### Dirije volan

Toude men yo ta dwe plase sou kote opoze yo nan volan an (pa egzanp: men gòch ant 8 è e 10 è epi men dwat ant 2è e 4 è). Pozisyon

sa a konfòtab, epi sou wout pou gwo vitès li pèmèt ou vire san ou pa retire men ou sou volan an.

Asire w ou byen gade sou wout la ak sou toude bò wout la, pa sèlman nan wout ki devan machin ou an. Chèche sitiyasyon silikasyon kote w ap bezwen vire volan anvan ou rive nan yo. Nan fason sa a, ou gen tan pou vire volan san pwoblèm epi san danje.

Lè w vire sèk nan kwen, vire volan an apati teknik "men sou men" an. Lè w fin vire, redrese volan an ak men ou. Kite l glise nan dwèt ou ta ka danje.



### Eksè Vitès

Pi bon fason pou pa fè eksè vitès se konnen nan ki vitès ou prale. Verifye kontè vitès la souvan. Moun yo pa trè bon nan jije nan ki vitès yo prale. Li fasil pou w kouri pi vit pase sa w panse. Sa a se laverite sitou lè w kite wout gwo vitès yo epi w ap kondwi sou wout lokal ki pi lan yo.

Swiv pano limit vitès yo. Yo la pou sekirite ou.

**Don't step on it like Stu.**

Stu's a fast mover ... and a slow thinker. He puts the pedal to the metal, ignores speed limits and puts the lives of everyone around him at risk. He also never uses his brain to remember to buckle up. So the first thing to go through his head might be his windshield. Don't be like Stu. Drive smart. Slow down and buckle up.

[ArriveAliveDE.com/SlowDown](http://ArriveAliveDE.com/SlowDown)

**SLOW DOWN BUCKLE UP DE**

### Kanpe

Rete vijilan pou w konnen kilè w ap oblige kanpe byen alavans. Kanpe toudenkou se danje e anjeneral li montre yon chofè ki pa t suiv. Lè w frene byen vit, ou gendwa derape epi pèdi kontwòl machin ou an. Ou rann li pi difisil tou pou chofè ki dèyè w yo kanpe san yo pa frape ou.

Eseye evite arè nan panik lè w wè evènman yo byen alavans. Lè w ralanti oswa chanje vwa yo, ou gendwa pa oblige kanpe ditou, epi si w fè sa, ou ka fè yon arè pi gradyèl ak pi ansekirite.



Nan sitiayson ijans oswa sitiayson kote atè an glise san Sistèm Frenaj Antiblokaj, tout wou bloke; machin lan derape epi ou pa ka kontwole l.



Nan sitiayson ijans oswa sitiayson kote atè an glise ak Sistèm Frenaj Antiblokaj, wou yo pa bloke; machin lan stab epi ou ka kontwole l.

## Frenaj

Otomobil ak kamyon ki nouvo yo ekiye ak Sistèm Frenaj Antivewouyaj (ABS), ki anpeche machin yo bloke wou yo epi derape nan kondisyon ijans oswa ki glise. Avèk ABS ou ta dwe frennen pi di ou kapab epi, si sa nesesè, dirje volan an pou evite aksidan. San ABS, ou ta dwe frennen pi di ou kapab san bloke wou yo.

## Wè Byen

Pifò nan sa ou fè nan kondwi depann sou sa ou wè. Pou w ka yon bon chofè, ou bezwen wè byen. Grenn pi gwo kontribitè nan aksidan yo se enkapasite pou wè sa k ap pase. Ou dwe gade wout la, sou kote yo, ak dèyè machin ou an epi rete vijilan pou evènman sanzatann yo. Lannwit ak nan lòt lè li difisil pou wè, ou dwe itilize limyè avan yo.

Ou dwe vijilan ak sa k ap pase bò kote ou. Ampil aksidan rive paske chofè yo pa fè ase atansyon ak jan yo ap kondwi. Pa retire zye w sou wout la pandan plis pase kèk segonn nan nenpòt kile. Si ou bezwen gade yon kat, mete ou sou kote san danje sou wout la anvan ou eseye gade li. Pa eseye li kat la

## Ajans Aplikasyon Lalwa Delaware yo...

pral sòti an fòs pou kanpe e bay kontravansyon ak moun sa yo ki mete lavi nou andanje chak grenn jou nan neglijans.

## OU KA EDE NOU NAN:

- Rete kalm
- Pa Pran Pwoblèm Sikilasyon yo Pèsonèl
- Evite Kontak Vizyèl ak Chofè ki Agresif yo
- Pa Defye Yo
- Rete Lwen Chofè ki Enprevizib yo

ANPLIS SA, ou ka ede rann chose Delaware yo vin pi ansekirite lè w rapòte konduit agresif ak telefòn selilè ou. Jwenn nimewo vinyèt yo epi rapòte li.

**RELE 911**

pandan w ap kondwi. Nan anpil aksidan ak motosiklèt, bisiklèt, ak pyeton, chofè yo te rapòte yo te gade men yo pa t wè yo. Si ou gen yon telefòn selilè oswa radyo CB, evite itilize li lè machin lan ap woule. Menm ak ekipman "men lib", konvèrsasyon nan yon telefòn oswa radyo retire atansyon ou sou kondwi epi li ka lakoz ou gen mwens chans pou remake yon sitiayson danje.

Pa kondwi ak kas oswa ekoutè ki kouvri oswa antre nan toude zòrèy yo. Sa a ilegal nan Delaware ak anpil lòt Eta paske li rann li difisil pou tandé klaksòn ijans oswa sirèn.


Pa ralanti jis pou gade nan yon aksidan, yon moun k ap resevwa yon kontravansyon, oswa lòt aktivite arebò wout lan (gade ak kiryozite). Sa ta ka lakoz ou vin nan yon aksidan. Si w retire zye w sou wout la pou w gade yon bagay, ou ta ka antre dèyè yon machin ki devan w ki ralanti oswa ki kanpe. Gade ak kiryozite ka ogmante konjesyon tou. Lè ou pase kot aktivite arebò wout sa yo, kenbe zye ou sou wout la epi pase yo kite pi vit sa posib epi ak plis pridans posib.

## Deteksyon

Pou w ka yon bon chofè, ou dwe konnen sa k ap pase ozalantou machin ou an. Ou dwe gade devan, sou kote yo, ak dèyè machin lan. Deteksyon ede w wè pwoblèm yo davans, machin ak moun ki gendwa nan wout la distans ou rive sou yo, pano ki avèti sou pwoblèm ki devan yo, ak pano ki ba w direksyon.

**Gade devan** – Pou evite frenaj dènye minit oswa bezwen pou vire, ou ta dwe byen gade wout la. Lè w gade devan epi w pare pou w kanpe oswa chanje vwa si sa nesesè, ou ka kondwi pi ansekirite, ekonomize gaz, ede w kontinye deplase nan yon vîtes konstan, epi ba w tan pou w wè pi byen ozalantou machin ou an ak arebò wout la. Byen gade wout la ap ede ou tou pou ou kondwi pi dwat ak mwens zigzag. Chofè ki pi pridan yo gen tandans gade nan yon distans omwen 10 segonn devan machin yo. Ki distans sa ye? Li se distans machin ou ap deplase nan 10 segonn.

Nan vil la, 10 segonn se apeprè yon blòk. Lè w ap kondwi nan sikelasyon nan vil la, ou ta dwe eseye gade omwen nan direksyon yon blòk devan w. Sou otowout la, 10 segonn se apeprè kat blòk nan vil la oswa yon ka nan yon mil.



Èske w konnen konbyen segonn w ap gade devan w? Men kòman pou kalkile nan ki distans w ap gade.

1. Chèche yon bagay ki pa deplase tankou yon pano oswa poto telefòn ki toupre wout nan distans ki pi lwen ou ap gade an.
2. Kòmanse konte: youn-yon-mil, de-yon-mil, twa-yon-mil, elatriye, jiskaske ou rive nan bagay la.
3. Kantite segonn ou te konte a se kantite segonn devan ou t ap gade an.

Ou ka yon chofè ki pi pridan lè w byen gade devan. Ou ka evite bezwen pou kanpe oswa vire byen vit. Mwens ou oblige kanpe oswa vire byen vit, se mwens chans pou ou antre dèyè yon moun oswa pou yon moun antre dèyè ou.

Lè w byen gade devan, ou ka ekonomize gaz. Chak fwa ou oblige kanpe byen vit, li pran tan ak gaz pou fè machin ou an reprann akselerasyon. Chofè yo ki gade devan, ka ralanti pitit oswa chanje vwa epi evite frenaj ki pa nesesè ki vin bay mwens mil pou yon galon.

Sikilasyon t ap mache pi byen si tout moun te byen gade devan. Fè chanjman nan kondwi anvan dènye moman an bay chofè ki dèyè w yo plis tan pou yo reyaji. Plis ou aji pi bonè, se mwens souvan yon moun dèyè w gen pou reyaji byen vit parapò ak machin ou an. Lè w wè chanjman ki nesesè pou w fè nan kondwi yo bonè, ou ka kondwi ak plis pridans, epi sa ede chofè ki dèyè w yo kondwi ak plis pridans tou. Sa rann sikilasyon an bouje nan yon vitès fiks.

**Gade sou kote yo** – Pandan lòt machin oswa pyeton yo ka travèse oswa antre nan chemen w nenpòt kilè, ou ta dwe gade sou kote yo pou asire w pa gen moun ki ap vini. Sa a se laverite espesyalman nan kafou ak pwen pasaj tren.

**Kafou yo** – Kafou yo se nenpòt kote sikilasyon an melanje oswa kwaze. Yo gen ladan yo: ri transvèsal yo, ri segondè yo, antre kay yo, ak antre sant komèsyal oswa espas estasyonnman yo. Anvan ou antre nan yon kafou, gade agoch ak adwat pou machin ki ap apwoche ak/oswa pyeton k ap travèse. Si w kanpe, gade sou bò gòch la ak sou bò dwat an jis anvan ou kòmanse deplase. Gade nan kafou an anvan ou kòmanse deplase pou asire w chemen an vid sou tout wout la jouk ou travèse kafou an, epi ou p ap bloke li si ou oblige kanpe.

Anvan ou vire agoch atravè sikilasyon k ap vini an, chèche yon eka sekirite nan sikilasyon an. Gade nan ri w ap vire a pou w asire w pa gen okenn machin oswa pyeton ki sou chemen w, pou pa kite w bloke nan vwa sikilasyon k ap vini nan lòt sans lan. Gade yon lòt fwa ankò nan direksyon sikilasyon k ap apwoche an anvan ou vire.

Anvan w vire adwat, asire w pa gen okenn sikilasyon k ap apwoche sou bò gòch ou epi pa gen okenn sikilasyon k ap apwoche k ap vire sou bò gòch sou chemen w. Pa kòmanse vire san w pa verifye pyeton k ap travèse kote w pral vire an. Ou gendwa vire adwat sou limyè wouj amwenske l entèdi. Ou gendwa vire agoch tou apati yon ri sans inik sou yon lòt ri sans inik amwenske l entèdi.

Pa konte sou sinalizasyon oswa pano pou sikilasyon yo pou di w pèsonn p ap travèse devan ou. Gen kèk chofè ki pa obyei sinalizasyon oswa pano pou sikilasyon yo. Nan yon kafou, gade agoch ak adwat, menm si lòt sikilasyon gen yon limyè wouj oswa yon pano arè. Sa a espesyalman enpòtan jis apre limyè a fin vire vèt. Sa a se lè moun ki sou ri transvèsal lan gen plis chans pou l prese janbe kafou an anvan limyè a chanje vin wouj. Gen lòt ki gendwa pa kanpe yo se moun ki te bwè oswa lòt chofè ki ensousyan.

Asire w ou ka wè byen klè sikilasyon k ap travèse an anvan w antre nan yon kafou. Si yo te kanpe w epi w pa wè yon ri transvèsal byen, avanse dousman jiskaske w ka wè. Lè w avanse dousman, chofè k ap travèse yo ka wè devan machin ou an anvan ou ka wè yo ou menm. Sa a ba yo yon chans pou yo ralanti epi avèti ou si sa nesesè.


Chak fwa gen anpil aktivite sou bò wout la, gen yon bon chans pou yon moun travèse oswa antre sou wout la. Se poutèt sa, li enpòtan anpil pou gade sou kote yo lè w toupre sant komèsyal ak espas estasyonnman yo, zòn konstriksyon yo, twotwa ki okipe yo, ak lakou rekreasyon epi lakou lekòl yo.

**Pwen Pasaj Tren yo** – Pandan w ap apwoche nенpôt pwen pasaj tren, ralanti epi gade anlè ak anba ray yo pou asire w pa gen tren k ap vini. Pa sipoze pa gen tren k ap vini menm si ou pa tjanm wè youn nan pwen pasaj sa a anvan. Toujou atann pou wè yon tren. Lè w sipoze pa gen tren k ap vini , se youn nan kòz prensipal lanmò nan pwen pasaj tren yo. Asire w ou kanpe machin ou an sou bò byen lwen anvan ou travèse ray yo. Pa bloke pwen pasaj la.

Nan pwen pasaj ki gen plis pase yon tren yo, rete tann jiskaske tren an pase nèt sou ray lan anvan w kòmanse travèse. Tren ki fenk pase an gendwa kache yon lòt tren.

**Gade dèyè** - Anplis gade sikilasyon devan ou an, ou dwe verifye sikilasyon dèyè ou an. Ou bezwen verifye pi souvan lè sikilasyon ankonbre. Sa a se sèl fason ou ap konnen si yon moun ap swiv twò pre oswa vini twò vit epi sa pral ba ou tan pou aji sou li. Li enpòtan anpil pou w verifye machin dèyè w yo lè w chanje vwa, ralanti, fè bak, oswa w ap desann yon ti mòn ki long oswa apik.

**Lè w chanje vwa** - Chak fwa ou vle chanje vwa, ou dwe verifye si pa gen okenn machin an vwa ou vle antre a. Sa vle di ou dwe verifye sikilasyon sou kote an ak dèyè machin ou an anvan ou chanje vwa. Chanje vwa yo gen ladann: pase sòti nan yon vwa pou ale nan yon lòt, melanje sou yon chose apati yon ranp antre, epi antre sou chose an apati arebò twotwa a oswa akotman an. Lè w chanje vwa, ou ta dwe:



- Sinyale entansyon ou pou chanje vwa.
- Gade nan retwovizè ou an ak nan retwovizè sou arebò yo. Asire w pa gen okenn machin lan vwa ou vle antre a. Asire w pèsonn oswa okenn machin pa pral depase ou.

- Gade sou zepòl ou nan direksyon ou planifye pou w ale an. Asire w pa gen moun ki toupre kwen dèyè machin ou an. Zòn sa yo rele "ang mò" paske ou pa ka wè yo atravè retwovizè ou yo. Ou dwe vire tèt ou epi gade pou w wè machin ki nan ang mò ou an.
- Verifye byen vit. Pa wete zye w sou wout devan w lan pou plis pase yon moman. Sikilasyon devan w ta ka kanpe toudenkou pandan w ap verifye sikilasyon an akote yo, dèyè, oswa sou zepòl ou. Epitou, itilize retwovizè ou yo pou verifye sikilasyon an pandan w ap prepare pou chanje vwa, rantre oswa angaje ou sou chose an. Nan fason sa a ou ka kenbe yon koudèy sou machin ki devan ou yo an menm tan. Verifye sou zepòl ou jis anvan ou chanje vwa pou sikilasyon nan ang mò ou an. Gade plizyè fwa si ou bezwen pou ou pa gade pandan twò lontan yon sèl fwa. Ou dwe suiv sa sikilasyon an ap fè devan ou ak nan vwa ou ap antre a.
- Verifye vwa ki lwen an. Asire w ou verifye vwa ki lwen an, si gen youn, paske yon moun nan vwa sa a gendwa ap planifye pou l deplase nan menm vwa ou vle antre a.
- Verifye lòt itilizatè wout yo. Sonje gen lòt itilizatè wout tankou motosiklèt, bisiklèt, ak pyeton ki pi difisil

pou wè pase machin ak kamyon yo. Fè atansyon espesyalman lè w ap antre sou chose an apati arebò twotwa a oswa antre kay la.

**Lè ou ralanti** – Ou dwe verifye dèyè machin ou chak fwa ou ralanti. Sa enpòtan anpil lè w ralanti byen vit oswa nan pwen kote yon chofè ki ap suiv ou pa t ap atann li pou ou ralanti, tankou antre kay prive yo oswa espas estasyonnman yo.

**Lè ou fè bak** – Li difisil pou ou wè dèyè machin ou. Eseye pa al fò nan bak lan otan sa posib. Nan yon sant komèsyal, eseye jwenn yon espas estasyonnman ou ka kondwi ladan I, pou ou ka kondwi al devan lè ou ap deplase. Kote fè bak nesesè, men kèk sigjesyon ki pral ede w fè bak ak machin ou an san danje.

- Verifye dèyè machin ou anvan ou antre. Yo pa ka wè timoun oswa ti bagay yo apati syéj chofè an.
- Mete brad wat ou sou do syéj la epi vire pou ou ka gade dirèkteman nan fenèt dèyè a. Pa depann sou retwovizè pou dèyè oswa retwovizè sou kote yo paske ou pa ka wè dirèkteman dèyè machin ou an.
- Fè bak dousman, machin ou pi difisil pou dirije lè w ap fè bak.
- Chak fwa sa posib, itilize yon moun ki andeyò machin lan pou ede w al pa dèyè oswa fè bak.

**Lè w ap desann yon ti mòn ki long oswa apik** – Verifye retwovizè ou lè w ap desann ti mòn oswa mòn. Machin yo souvan ogmante vitès lè y ap desann yon nivo apik. Fè atansyon ak gwo kamyon epi otobis ki ka ale twò vit yo.

### Itilize Limyè Ou yo

Li pi difisil lontan pou wè lannwit. Men kèk bagay ou ka fè ki pral ede w wè pi byen:

- Itilize gwo reyonnan ou yo chak fwa pa gen okenn machin k ap apwoche. Gwo reyonnan kite ou wè de fwa pi lwen pase reyonnan fèb yo. Li enpòtan pou itilize gwo reyonnan sou wout ou pa abitye yo, nan zòn konstriksyon yo, oswa kote ka gen moun sou bò wout la.
- Diminye gwo reyonnan ou yo chak fwa ou rive nan yon distans apeprè yon blòk ak yon machin k ap apwoche (nan disans 500 pye dapre Lalwa Delaware).
- Itilize reyonnan fèb ou yo lè w ap swiv yon lòt machin oswa lè w nan gwo sikelasyon.
- Itilize reyonnan fèb yo nan bwouya oswa lè l ap nèj oswa lè gen gwo lapli. Limyè apati gwo reyonnan yo pral fè reflè, sa ki lakoz ekla epi ki rann li pi difisil pou wè devan. Gen kèk machin ki gen limyè bwouya ou ta dwe itilize tou nan kondisyon sa yo.
- Ou dwe limen limyè ou nan lapli, vapè dlo, ak nèj, epi nenpòt kilè ou pase waypè ou yo. Se sa Lalwa Delaware di.
- Pa kondwi nan okenn moman ak limyè estasyonnman ou yo sèlman ki limen. Limyè estasyonnman yo se pou estasyonnman sèlman. Si yon machin pwoche bò kote w ak gwo reyonnan ki limen, flache limyè avan w yo byen vit kèk fwa.
- Si chofè an pa ka varye entansite limyè yo, gade sou bò dwat wout la. Sa ap anpeche w avèg ak limyè avan lòt machin lan epi pèmèt ou wè ase nan kwen wout la pou w rete sou wout la. Pa eseye "fè vanjans" kont lòt chofè an nan kenbe gran limyè ou yo limen. Si w fè sa, nou toude gendwa vin pa ka wè.

# KOMINIKE

## Fè Lòt Moun Konnen Ou La

Aksidan souvan rive paske yon chofè pa wè yon lòt chofè, oswa lè yon chofè fè yon bagay lòt chofè an pa atann. Li enpòtan pou chofè yo fè lòt itilizatè wout yo konnen yo la ak sa yo planifye pou yo fè.

**Itilize limyè avan yo** – Anplis ede w wè lannwit, limyè avan yo ede lòt moun wè ou. Si sa nesesè, limen limyè avan ou yo pou avèti lòt itilizatè wout yo ou la.

- Nan jou lapli, nèj, oswa bwouya, pafwa li difisil pou lòt chofè yo wè machin ou an. Nan kondisyon sa yo, limyè avan yo rann machin ou an pi fasil pou yo wè. Sonje byen, si ou limen waypè ou an, limen limyè avan ou yo. Se sa lalwa Delaware ak kèk lòt Eta di.
- Limen limyè avan ou yo lè li kòmanse fènwa. Menmsi w limen yo yon ti kras bonè, w ap ede lòt chofè yo wè ou.
- Chak fwa ou ap kondwi epi limyè yo nesesè, itilize limyè avan ou yo. Limyè estasyonnman yo se pou machin ki estasyone sèlman.
- Lè w ap kondwi nan yon solèy k ap leve oswa k ap kouche, limen limyè avan w yo. Chofè k ap vin jwenn ou an gendwa gen pwoblèm pou l wè machin ou an. Limyè ou yo pral ede yo wè ou.

**Itilize klaksòn ou** – Moun pa ka wè ou amwenske yo gade nan direksyon ou. Klaksòn ou an ka jwenn atansyon yo. Itilize li chak fwa li ap ede anpeche yon aksidan. Si pa gen okenn danje tousuit, yon ti tape lejè sou klaksòn lan ta dwe tout sa ou bezwen. Bay klaksòn ou an yon ti tap:

- Lè yon moun ap mache oswa sou yon bisiklèt sanble ap antre sou vwa sikilasyon ou a.
- Lè w ap depase yon chofè ki kòmanse vire nan vwa ou a.
- Lè yon chofè p ap fè atansyon oswa gendwa gen pwoblèm pou wè ou.
- Lè w rive nan yon nivo kote ou pa ka wè sa ki devan yo - tankou yon ti mòn apik, yon koub sèk, oswa sòti sou yon riyèl ki jis.

Si gen danje, ou pa bezwen pè bay yon bèl kout klaksòn. Fè sa:

- Lè yon timoun oswa yon moun ki pi gran pral mache, kouri, oswa kondwi nan lari an.
- Lè yon lòt machin gen danje pou l frape ou.
- Lè w pèdi kontwòl machin ou an epi w ap deplase nan direksyon yon moun.


**Kilè pou ou pa itilize klaksòn ou** – Gen plizyè okazyon kote ou pa ta dwe itilize klaksòn ou. Yo genyen ladan yo:

- Ankourage yon moun pou l kondwi pi vit oswa pou l soti sou wout la.
- Enfòme lòt chofè yo sou yon erè.
- Salye yon zanmi.
- Bò kote pyeton ki avèg.

**Itilize sinaly ijans yo** – Si machin ou an tonbe anpann sou yon otowout, asire w lòt chofè yo ka wè li. Twò souvan aksidan rive paske yon chofè pa t wé yon machin ki bloke jiskaske li te twò ta pou l kanpe.

Si sa disponib, itilize radyo bidireksyonèl ou an oswa telefòn ou pou fè otorite yo konnen machin ou a oswa yon lòt moun tonbe anpann. Anpil chose gen pano ki fè w konnen kanal CB an oswa nimewo telefòn ou pou w rele nan yon ijans. Si w gen pwoblèm machin epi w oblige kanpe:

- Retire machin ou a sou wout lan epi lwen sikilasyon an si sa posib.
- Limen limyè detrès ou yo pou montre ou gen pwoblèm.
- Eseye kote lòt chofè yo gen yon vizibilite klè sou machin ou an si ou pa ka retire machin ou an sou chose an. (Pa jis kanpe sou yon ti mòn oswa jis ozalantou yon koub.)
- Eseye avèti lòt itilizatè wout yo machin ou an la. Mete sinalyzasyon tou limen pou ijans dèyè machin la. Sa pèmèt lòt chofè yo chanje vwa si sa nesesè.
- Si ou pa gen sinalyzasyon tou limen pou ijans oswa lòt aparèy avètisman, kanpe bò wout la kote ou ansekirite parapò ak sikilasyon an ak voye men pou fè sikilasyon ozalantou machin ou an. Itilize yon twal blan si ou genyen youn.
- Pa janm kanpe sou chose an. Pa eseye chanje yon kawotchou si sa vle di ou dwe nan yon vwa sikilasyon.
- Leve kapo a oswa mare yon twal blan nan antèn lan, retwovizè sou kote an oswa manch pòt la pou sinyale yon ijans.



**Rete lwen ang mò a** - Kondwi machin ou kote lòt moun ka wè ou. Pa kondwi nan ang mò yon lòt machin.

- Eseye evite kondwi sou toude bò yo epi yon ti kras pa dèyè yon lòt machin. Ou ap nan ang mò yo. Swa ou akselere oswa ou fè bak pou lòt chofè a ka wè machin ou an pi fasil.
- Lè w ap depase yon lòt machin, pase nan ang mò lòt chofè an pi rapid ou kapab. Plis ou rete la, plis ou andanje pou yo vire sou ou.
- Pa janm rete bò kote yon gwo machin tankou yon kamyon oswa otobis. Machin sa yo gen gwo ang mò, epi li difisil pou chofè gwo machin yo wè ou.

## Fè Lòt Moun Konnen Sa Ou Ap Fè


Anjeneral, lòt chofè yo atann yo pou ou kontinye fè sa w ap fè a. Ou dwe avèti yo lè ou pral chanje direksyon oswa ralanti. Sa a pral ba yo tan pou reyaji si sa nesesè, oswa omwen pou yo pa sezi akoz sa w fè an.

**Bay sinal lè w ap chanje direksyon** - Bay sinal pèmèt lòt chofè yo jwenn tan pou reyaji ak mouvman ou yo. Ou ta dwe itilize sinal pou vire ou anvan ou chanje vwa, vire adwat oswa agoch, melanje ak sikilasyon an, oswa estasyone.

- Pran abitid bay sinal chak fwa ou chanje direksyon. Bay sinal menm lè ou pa wè okenn lòt moun ozalantou. Li fasil pou w rate yon moun ki bezwen konnen sa w ap fè.
- Bay sinal pi bonè ou kapab. Eseye epi bay sinal pandan omwen twa segonn anvan ou fè mouvman ou an, byenke lalwa Delaware lan di ou dwe bay sinal pandan omwen 300 pye anvan ou vire an.
- Fè atansyon pou ou pa bay sinal twò bonè. Si gen lari, antre kay oswa antre ant ou menm ak kote ou vle vire an, rete tann jiskaske ou pase yo pou ou bay sinal.
- Si yon lòt machin pral antre nan ri an ant ou menm ak kote w gen entansyon vire an, rete tann jiskaske ou pase l pou w bay sinal pou ou vire. Si ou bay sinali pi bonè, lòt chofè an gendwa panse ou gen plan pou vire kote yo ye an, epi monte sou chemen ou.
- Apre w fin fè yon viraj oswa yon chanjman vwa, asire w sinal pou vire ou yo etenn. Apre ti viraj, sinal yo gendwa pa etenn poukонт yo. Etènn sinal lan si li pa bay deklik li etènn lan poukонт li. Si ou pa fè sa, lòt moun ta ka panse ou gen plan pou vire ankò.

**Bay sinal lè ou ralanti** - Limyè fren ou yo fè moun konnen w ap ralanti. Toujou ralanti pi bonè li san danje pou fè sa. Si w pral kanpe oswa ralanti nan yon zòn kote yon lòt chofè pa atann li, tape pedal fren ou twa oswa kat fwa byen vit pou fè moun ki dèyè w yo konnen ou pral ralanti. Bay sinal lè w ralanti:


- Pou kite yon chose ki pa gen vwa viraj oswa sòti ki separe.
- Pou estasyone oswa vire jis anvan yon kafou.
- Pou evite yon bagay nan wout la oswa sikilasyon ki kanpe oswa k ap ralanti yon chofè ki dèyè ou pa ka wè.



**LEFT TURN**



**RIGHT TURN**



**STOP OR SLOW**

Ou dwe fè yon siyal ak men epi bra oswa itilize siyal elektrik pou direksyon ou an (vire) oubyen toude an san kanpe pandan omwen 300 pye anvan ou vire. Ou ta dwe bay sinal pandan yon pi gwo distans (yon entèval tan ki pi long) lè w ap kouri nan yon gwo vîtes. Sa a anpatikilye enpôtan lè ou chanje vwa sou tout otowout eksprès yo tankou sistèm wout nasyonal lan.

# AJISTE VITÈS

Plis machin ou ap kouri vit, se plis distans li ap pran pou vire, ralanti oswa kanpe. Pa egzanp, kanpe a 60 mil nan inèdtan pa kouvri de fwa plis nan distans li kouvri a 30 mil nan inèdtan jan yon moun ta ka panse, men plis pase twa fwa distans lan. Kondwi ak pridans vie di ajiste vitès ou ak kondisyon wout la ak sikelasyon an, nan ki nivo ou ka wè byen, epi obeyi limit vitès yo.

## Adapte Ak Kondisyon Wout yo

Gen divès kondisyon wout kote pou ou pridan, ou dwe ralanti. Pa egzanp, ou dwe ralanti anvan yon koub sèk, lè chose an glise, ak lè gen dlo kanpe sou wout la.

Sèl kontak machin ou an genyen ak wout la se atravè kawotchou yo. Nan ki nivo kawotchou yo byen mòde wout la depann ak kalite epi kondisyon kawotchou yo ak kalite ak kondisyon sifas wout la.

Anpil chofè pa fè ase atansyon ak kondisyon kawotchou yo oswa ak kondisyon chose an. Li enpòtan pou kawotchou yo nan bon kondisyon epi yo gen ase lè nan yo. Gade manyèl pou pwopriyetè machin lan pou jwenn presyon ki kòrèk pou kawotchou yo.

Ou pa gen anpil traksyon sou wout gravye oswa pousyè tè menm jan ou genyen I sou wout béton oswa asfalt. Lè w ap kondwi sou gravye oswa pousyè tè, ou dwe ralanti. Li ap pran w plis tan pou w kanpe, epi li pi fasil pou w patinen lè w ap vire.

**Koub yo** - Yon machin ka woule pi vit nan yon liy dwat pase li kapab fè I nan yon koub. Li fasil pou ale twò vit nan yon koub. Si ou ale twò vit, lè sa a, kawotchou yo p ap kapab mòde wout la e machin lan ap patinen. Toujou ralanti anvan ou antre nan koub la pou ou pa oblige frennen nan koub la. Frennen nan yon koub ka lakoz machin lan derape.

**Wout glise yo** - Ralanti nan premye siy lapli, nèj, oswa nèj ou wè. Tout bagay sa yo rann chose an glise. Lè wout la glise, kawotchou machin lan pa mòde menm jan yo fè I sou yon wout sèk. Nan ki nivo pou m al ale lan? Sou yon wout ki mouye ou ta dwe redwi vitès ou nan apeprè 10 mil nan inèdtan. Sou nèj ki anpile ou ta dwe diminye vitès ou an de. Itilize kawotchou oswa chenn pou nèj lè wout la gen nèj sou li. Sou glas, ou dwe ralanti tankou ou t ap "ranpe". Li trè danje pou kondwi sou glas.

Si sa posib, pa kondwi lè wout yo gen glas. Nan kèk zòn kote gen anpil tanperati kote li fè glas, yo otorize kawotchou espesyal ki gen kranpon. Akoz kawotchou sa yo ka lakoz domaj sou wout yo, yo pa otorize na n anpil zòn, oswa sou sèten wout, oswa pandan mwa ete yo. (Gade Ekipman ki Entèdi yo)

Gen kèk sifas wout ki glise nan sèten moman oswa kote. Men kèk endikasyon pou ede w dekouvrir wout ki glise yo:

- Nan jou li fè frèt, li fè imidite, pati ki fonse yo ka gen glas sou yo'. Zòn sa yo friz anpremye epi seche an dènye.
- Vyadik yo ak lòt kalite pon yo ka gen pati ki gen glas. Revètman ki sou pon yo gendwa fè glas menm lè lòt revètman yo pa konsa. Sa a se paske pon yo ka fè pi frèt pase lòt chose yo.
- Lè tanperati a ozalantou nivo pou I fè glas lan, glas lan ka vin imid. Sa rann kondisyon yo pi glise pase lè I fè tanperati ki pi ba pase zewo.
- Si li kòmanse fè lapli nan yon jounen ki cho, revètman ka trè glise pandan

premye minit yo. Chalè a lakoz lwil ki nan asfalt la monte sou sifas la.  
Wout la pi glise jiskaske lwil lan lave.

**Dlo sou chose an** - Lè lapli ap tonbe oswa wout la mouye, pifò kawotchou gen bon traksyon jiska apeprè 35 mil nan inèdtan. Sepandan, pandan ou ap kouri pi vit, kawotchou ou yo ap kòmanse monte sou dlo a, tankou ski sou dlo. Yo rele sa "akwaplanaj." Nan yon gwo lapli, kawotchou ou yo ka pèdi tout traksyon yo ak wout la nan yon vitès ki apeprè 50 mil nan inèdtan. Kawotchou ki chòv yo oswa ki trè ize yo ap pèdi traksyon nan vitès ki pi ba yo anpil. Pi bon fason pou evite akwaplanaj se pou ralanti nan lapli oswa lè wout la mouye.

Si ou santi ou tankou kawotchou ou yo pèdi traksyon ak sifas wout la ou ta dwe:

- Leve pye ou sou pedal gaz la.
- Kenbe volan an dwat. Eseye vire sèlman si se yon ijans. Si w dwe vire, fè l tou dousman, oswa w ap lakoz machin ou an derape.
- Pa eseye kanpe oswa vire jiskaske kawotchou ou yo remòde wout la.

Si w dwe kondwi nan kondisyon ki glise, revize pati "Jere Patinaj yo" nan seksyon Ijans yo ki nan do manyèl sa a.

### Adaptasyon Ak Sikilasyon an

Machin k ap deplase nan menm direksyon yo ak nan menm vitès la pa ka frape youn ak lòt. Aksidan ki enplike de machin oswa plis souvan rive lè chofè yo ale pi vit oswa pi dousman pase lòt machin ki sou wout la.

**Kenbe menm vitès ak sikilasyon an** – Si w ale pi vit pase sikilasyon an, w ap oblige kontinye depase lòt moun yo. Chak fwa ou depase yon moun, gen yon chans pou yon kolizyon. Machin w ap depase a gendwa chanje vwa toudenkou; oswa sou yon wout ki gen de vwa yon machin k ap apwoche gendwa parèt toudenkou. Ralanti epi kenbe menm vitès ak lòt machin yo. Lè w akselere, se kèk minit sèlman li ekonomize ou nan inèdtan.

Kouri pi dousman pase lòt machin yo pa bon nan menm nivo ak eksè vitès lan. Li gen tandans rann machin gonfle dèyè ou epi lakoz lòt machin yo depase ou. Si machin yo anpile dèyè w, mete ou sou kote lè l san danje pou w fè sa epi kite yo pase. Ou ta dwe swa kondwi pi vit oswa konsidere itilize wout kote yo sikile mwens vit yo.

**Antre nan sikilasyon an** – Lè w ap melanje ak sikilasyon an, eseye antre nan menm vitès sikilasyon an ap deplase an. Chose pou gwo vitès yo jeneralman gen ranp pou ba ou tan pou w ogmante vitès ou. Itilize ranp lan pou rive nan vitès lòt machin yo anvan ou angaje ou sou wout la. Pa kondwi pou rive nan fen ranp lan epi pa kanpe sinon ou p ap gen ase espas pou rive nan vitès lòt machin yo. Epitou, chofè dèyè w yo p ap atann yo pou ou kanpe. Si yo ap gade sikilasyon an sou wout prensipal la, yo gendwa frape ou pa dèyè. Si w oblige tann espas pou antre nan yon chose, ralanti ranp sou lan pou w gen yon ti espas pou w akselere anvan w melanje.

**Kite sikilasyon an** – Kenbe menm vitès sikilasyon an toutotan ou sou wout prensipal la. Si wout w ap sikile sou li an gen ranp pou sòti, pa ralanti jiskaske ou rive nan ranp pou sòti an. Lè w ap kite yon chose pou gwo vitès ki gen de vwa, eseye pa ralanti twò bonè si w gen lòt machin k ap swiv ou. Tape sou fren ou yo epi redwi vitès ou byen vit men ak pridans, epi sonje bay sinal.

**Sikilasyon k ap avanse dousman** – Gen kèk machin ki pa ka deplase trè vit oswa ki gen pwoblèm pou yo kenbe vitès sikilasyon an. Si w wè machin sa yo byen bonè, ou gen tan pou w chanje vwa oswa pou w ralanti san danje. Ralanti toudenkou ka lakoz yon aksidan sikilasyon.

- Siveye gwo kamyon ak ti machin ki pa gen ase pisans sou pant ki apik yo oswa lè y ap antre nan sikilasyon an. Yo ka pèdi vitès sou ti mòn ki long oswa apik, epi li pran plis tan pou machin sa yo pran vitès lè yo antre nan sikilasyon.
- Traktè agrikòl, machin bêt rale, ak machin ki fè antretyen chose abityèlmán kouri 25 mil nan inèdtan oswa mwens. Machin sa yo ta dwe gen yon otokolan pou machin ki kouri lan (yon triyant oranj) nan do a.

**Pwen cho yo** – Kèlkeswa kote moun oswa sikilasyon rasable, espas pou ou fè manèv yo limite. Ou dwe bese vitès ou pou ou gen tan pou reyaji nan yon espas ki gen anpil moun. Men kèk nan kote ou gendwa bezwen ralanti:

- **Sant komèsyal, espas Estasyonnman, ak zòn anba lavil yo** – Sa yo se zòn ki ankonbre ak machin epi moun ki kanpe, ki ap demare, epi deplase nan diferan direksyon.
- **Lè anboutejay yo** – Lè anboutejay yo souvan gen gwo sikilasyon ak chofè ki toujou sanble ap prese.
- **Pon ki etwat ak tinèl** – Machin k ap apwoche youn lòt nan zòn sa yo vin pi pwòch.
- **Estasyon peyaj yo** – Machin yo ap chanje vwa epi yo ap prepare yo pou yo kanpe epi apresa yo ap akselere ankò lè y ap kite estasyon an. Kantite vwa yo ta ka chanje alafwa anvan ak apre pwen peyaj la.
- **Lekòl, lakou rekreyasyon, ak ri rezidansyèl yo** – Zòn sa yo souvan gen timoun ki la. Toujou veye pou timoun k ap travèse lari a, kouri, oswa monte bisiklèt nan lari an san gade.
- **Pwen pasaj tren yo** – Ou bezwen asire w pa gen okenn tren k ap vini e ou gen espas pou travèse. Gen kèk pwen pasaj gen douk, kidonk ou bezwen ralanti pou travèse san danje. Pa bloke pwen pasaj la.

## KONDWI LANNUIT

Kondwi lannwit toujou pi difisil ak danje pase kondwi lajounen. Pou chak kilomèt kondwi, pousantaj aksidan mòtèl lannwit nan tout nasyon an de fwa edmi pi wo pase pandan lajounen. Lannwit chofè a pa wè tout lwen sa a, rapid konsa, oswa nan tout nivo sa a, e tout bagay gen yon aparans diferan.

Ekla limyè avan k ap vini yo ogmante difikilte an anpil, espesyalman pou chofè ki aje yo. Ekla a lakoz gress zye elèv yo kontrakte, epi li pran tan pou yo reyadapte yo ak limyè ki mwens entans. Pandan peryòd retablisman sa a ou gendwa kondwi kòmsi ou te avèg.

Ou ka rann kondwi lannwit gen mwens danje nan fason sa yo:

- Sa ki pi enpòtan nan yo tout, pa twò kondwi ak limyè avan yo.
- Kenbe vitès ou ba ase pou kapab kanpe nan distans ou ka wè devan an.
- Lè w ap depase machin, pa fikse limyè avan yo. Itilize koudèy rapid pou:
  - Aprann pozisyon vwa machin k ap apwoche yo.
  - Aprann pwòp pozisyon ou.
  - Asire w ou konn kwen ki bon nan wout la.
  - Gade devan pou verifye bagay ki sou chemen ou.

# KONDWI AK DEFANS

Pa fye lòt chofè an pou l fè sa ou panse l pral fè an, oswa sa ou t ap fè nan plas li. Pa egzanp, lè sinalizasyon pou vire yo an ap flache, pa sipoze yo pral vire. Planifye davans epi deside sa pou ou fè si yo pa vire ansanm ak si yo vire an. Pa sipoze tout chofè ap kanpe lè gen yon pano arè oswa yon limyè wouj. Gen kèk chofè ki fè espre "kouri" nan pano arè ak limyè yo; lòt moun gendwa ap reve zye klè.

Ou ta dwe toujou ap panse ak yon "plan sòti" pandan w ap kondwi. Apre kèk semèn pratik, sa a ap vin natirèl. Apresa, si yon ijans toudenkou rive, w ap gen yon plan aksyon ki pare. Pa egzanp, si w wè yon machin k ap apwoche kòmanse depase epi w panse li gendwa pa gen espas, ralanti. Epitou, lè w gad sou zepòl la ak zòn ki toupre, w ap konnen nan ki direksyon ou ka ale si sa nesesè. Menm konsiderasyon an aplike ak koub, pon, epi ti mòn yo.

## NAN KI NIVO OU WÈ BYEN?

Si yon bagay sou chemen ou epi ou bezwen kanpe, ou bezwen wè li atan pou kapab kanpe. Li pran plis tan lontan ak plis distans pou kanpe pase sa anpil moun panse. Si machin ou an gen bon kawotchou, fren, epi revètman an sèk:

- A 50 mil nan inèdtan, li ka mande apeprè 400 pye pou reyaji ak yon bagay ou wè epi fè machin ou an kanpe. Sa se apeprè longè yon blòk batiman nan vil la.
- A 30 mil nan inèdtan, li ka mande apeprè 200 pye pou kanpe. Sa se prèske mwatye yon blòk batiman nan vil la nan longè. Si ou pa ka wè 400 pye pi devan, sa vle di ou gendwa pa kondwi ak pridans a 50 mil nan inèdtan. Si ou pa ka wè 200 pye pi devan, ou gendwa p ap kondwi ak pridans a 30 mil nan inèdtan. Letan ou wè yon bagay sou chemen w, li gendwa twò ta pou w kanpe san w pa frape l.

Men kèk bagay ki limite nan ki nivo ou ka wè byen ak sigjesyon ou ka swiv pou w vin yon chofè ki pi pridan.

### Fènwa

Li pi difisil pou wè lannwit. Ou dwe pi pre yon bagay pou w wè lannwit pase pandan lajounen. Ou dwe kapab kanpe nan distans ou ka wè devan ak limyè avan ou yo. Limyè ou yo pral pèmèt ou wè apeprè 350 pye devan. Ou ta dwe kondwi nan yon vitès ki pèmèt ou kanpe nan distans sa a (apeprè 50 mil nan inèdtan).

### Lapli, Bwouya, Oswa Nè

Nan yon gwo lapli, yon tanpèt nèj, oswa yon bwouya epè, ou gendwa pa kapab wè plis pase 200 pye devan ou. Lè ou pa ka wè pi lwen pase sa, ou pa ka kondwi ak pridans pi vit pase 30 mil nan inèdtan. Nan yon gwo lapli ki tonbe, ou gendwa pa kapab wè ase pou kondwi. Si sa rive, sòti sou wout la nan yon kote ki ansekrite epi tann jiskaske lapli a ale.

### Ti Mòn ak Koub yo


Ou gendwa pa konnen sa ki sou lòt bò a yon ti mòn oswa jis ozalantou yon koub, menm si ou kondwi sou wout la anpil fwa. Si yon machin bloke sou wout la jis sou yon ti mòn oswa ozalantou yon koub, ou dwe kapab kanpe. Chak fwa ou rive nan yon ti mòn oswa yon koub kote ou pa ka wè depase l oswa ozalantou l, ajiste vitès ou pou ou ka kanpe si sa nesesè.

## Machin ki Estasyone yo

Machin ki estasyone bò wout la gendwa bloke vizyon ou. Moun yo gendwa pare pou sòti nan yon machin oswa pou yo sòti nan mitan machin ki estasyone yo. Bay machin ki estasyone yo otan espas posib san danje.

## Règ Distans Vizyon

Kondwi nan yon vitès kote ou ka toujou kanpe san danje. Pou w konnen si w ap kondwi twò vit pou kondisyon yo, itilize "Règ Distans Vizyon sou Kat Segonn" lan. Chwazi yon bagay fiks ki pi lwen posib ou ka wè klè (pa egzanp: yon pano oswa yon poto telefòn). Kòmanse konte "yon-mil, de-mil, twa-mil, kat-mil." Si ou rive jwenn bagay la anvan ou fini di "kat-mil," ou bezwen ralanti. Ou pral twò vit pou distans vizyon ou. Ou pa dwe kondwi pi vit pase distans ou ka wè a. Si ou fè sa, ou pa ansekirite epi ou ka blese oswa touye tèt ou oswa lòt moun.



Ou ta dwe tou itilize règ distans vizyon kat segonn lan lannwit pou asire w ou pa twò kondwi depase limyè avan ou yo.

## Limit Vitès

Ou dwe respekte limit vitès yo. Yo base sou konsepsyon wout la ak kalite machin ki itilize yo. Limit vitès yo konsidere bagay ou pa ka wè, tankou wout segondè yo ak antre kay kote moun gendwa sòti toudenkou ak kantite sikilasyon ki itilize wout la.

Sonje byen, limit vitès yo afiche pou kondisyon ideyal yo. Si wout la mouye oswa gen glas sou li, si ou pa wè byen, oswa si sikilasyon an di, eben ou dwe ralanti. Met nan tèt ou menm si w ap kondwi anba limit vitès ki afiche a, ou ka jwenn yon kontravansyon dëske ou ale twò vit pandan kondisyon ki pa ansekirite.

## PATAJE ESPAS

Ou dwe toujou pataje wout la ak lòt moun. Plis ou kite distans ant tèt ou ak tout lòt moun, se plis ou gen tan pou reyaji. Espas sa a se tankou yon kousen sekirite. Plis ou genyen, se plis ou kapab ansekirite. Seksyon sa a dekri kòman pou asire w ou gen ase espas bò kote w lè w ap kondwi.

### Espas Devan

Aksidan pa dèyè yo trè komen. Yo lakoz apati chofè k ap swiv twò pre yo pou yo ta kanpe anvan yo frape machin ki devan an lè li kanpe toudenkou. Gen yon fason fasil pou w di si w ap swiv twò pre. Yo rele sa "règ"

twa segonn" lan epi li fonksyone a nenpòt vitès.

- Siveye lè dèyè machin ki devan an depase yon pano, poto, oswa nenpòt lòt pwen fiks.
- Konte konbyen segonn ou pran pou rive nan menm kote a. ("yon-mil, de-mil, twa-mil").
- Ou ap swiv twò pre si ou depase mak la anvan ou fin konte.
- Si se sa, retounen epi konte ankò nan yon lòt kote pou verifye distans ou ap suiv lan. Repete jiskaske w ap swiv pa plis pase twa segonn.


Gen sitiyasyon kote ou bezwen plis espas devan machin ou. Nan sitiyasyon ki suiv yo la, ou gendwa bezwen yon distans kat segonn pou ap suiv pou w ansekirite.

- **Sou wout glise** – Paske ou bezwen plis distans pou kanpe machin ou sou wout ki glise, ou dwe kite plis espas devan ou. Si machin ki devan an kanpe toudenkou, w ap bezwen distans anplis lan pou w kanpe sa danje.
- **Lè chofè ki dèyè ou an vle depase** – Ralanti pou kite espas devan machin ou an. Ralanti pral pèmèt tou depasaj lan fèt pi bonè.
- **Lè w ap swiv motosiklèt** – Si motosiklèt la ta tonbe, ou bezwen distans anplis lan pou evite w frape chofè an. Chans pou tonbe yo pi gran sou wout mouye oswa gen glas, wout ki fèt gravye, oswa sou sifas metal tankou pon, griyaj, oswa tram oswa ray tren.
- **Lè w ap swiv chofè ki pa ka wè w** – Chofè kamyon, otobis, kamyonèt oswa machin k ap rale kanpin oswa remòk yo gendwa pa kapab wè w lè w dirèkteman dèyè yo. Yo ta ka kanpe toudenkou san yo pa konnen ou la. Gwo machin yo tou anpeche w wè wout la devan. Fè bak ba ou plis plas pou wè devan epi pou yo wè ou.
- **Lè w gen yon chay ki lou oswa w ap rale yon remòk** – Pwa siplemantè an ogmante distans pou ou kanpe an.
- **Lè li difisil pou ou wè** – Lè li difisil pou ou wè devan ou akòz fènwa oswa move tan, ou bezwen ogmante distans ou ap suiv lòt machin lan.
- **Lè yo ap swiv ou trè prè** – Si yo ap swiv ou ak anpil atansyon, ou ta dwe eseye fè epi kreye plis espas. Apresa, ou pral kapab kanpe san yo pa frape w pa dèyè.
- **Lè w ap swiv machin pou ijans yo** – Machin lapolis, anbilans, ak kamyon ponpye bezwen plis espas pou yo fonksyone.
- **Lè w ap rapwoche w bò pwen pasaj tren yo** – Kite espas anplis pou machin ki oblige kanpe nan pwen pasaj tren yo, sa gen ladann otobis transpò piblik yo, otobis lekòl yo, oswa machin ki pote materyèl ki danje.
- **Lè w kanpe sou yon ti mòn oswa yon pant** – Kite espas anplis lè w kanpe sou yon ti mòn oswa yon pant. Machin ki devan an ka woule tounen lè li demare oswa lè li dekole.

## Espas Dèyè

Li pa toujou fasil pou kenbe yon distans san danje dèyè machin ou an. Sepandan, ou ka ede kenbe chofè a nan yon distans ki san danje lè w kenbe yon vitès fiks epi w sinyale davans lè w oblige ralanti oswa vire.

- **Kanpe pou pran oswa depoze pasaje** – Eseye jwenn yon kote ki ansekirite andeyò sikilasyon an pou w kanpe.
- **Estasyonnman paralè** – Si w vle estasyone paralè epi gen sikilasyon k ap vini dèyè w, mete sinalizasyon pou w vire, mete w bò kote espas la, epi kite machin ki vin apre yo pase anvan w estasyone.
- **Kondwi dousman** – Lè ou oblige kondwi dousman anpil jouk ou rive ralanti lòt machin, mete ou sou kote wout la lè I san danje pou w fè sa epi kite yo pase. Gen zòn "patispasyon" sou kèk wout de vwa ou ka itilize. Lòt wout de vwa yo pafwa gen "vwa pou depase."
- **Lè yo ap kole dèyè ou**– Detanzantan ou ka jwenn yon lòt chofè ap swiv ou trè prè oubyen "kole dèyè" ou. Si yo swiv ou twò pre epi gen yon vwa adwat, deplase sou bò dwat la. Si pa gen okenn vwa adwat, rete tann jiskaske wout ki devan w lan vid epi redwi vitès la dousman. Sa a pral ankouraje moun k ap suiv lan pou pase devan ou. Pa janm ralanti byen vit pou dekoraje yon moun k ap suiv ou, tout efè sa genyen se ogmante risk ou genyen pou yo frape w pa dèyè.



## Espas Sou Kote an

Ou bezwen espas nan toude bò machin ou an pou gen plas pou vire oswa chanje vwa.

- Evite kondwi bò kote lòt machin sou wout ki gen plizyè vwa. Yon moun gendwa monte sou vwa ou an oswa eseye chanje vwa epi l monte sou ou. Pase devan oswa pase dèyè lòt machin la.
- Kenbe otan espas ou kapab ant ou menm ak machin k ap apwoche yo. Sou yon wout ki gen de vwa, sa vle di pa ankonbre vwa santral la. Anjeneral, li pi pridan pou w kondwi nan mitan vwa ou a.
- Fè plas pou machin k ap antre sou yon chose ki gen de vwa oswa plis. Si pa gen okenn moun bò kote w, pase sou yon vwa.
- Kite espas anplis ant machin ou an ak machin ki estasyone yo. Yon moun ta ka sòti nan yon machin ki estasyone, nan mitan machin yo, oswa yon machin ki estasyone ta ka sòti.
- Bay plis espas pou pyeton oswa bisiklèt, espesyalman timoun yo. Yo ka vin sou chemen ou byen vit epi san avétisman. Pa pataje

yon vwa ak yon pyeton oswa yon bisiklèt. Rete tann jiskaske li san danje pou w pase nan vwa ki sou kote an.

- Divize diferans ki genyen ant de danje. Pa egzanp, dirije yon kou mitan ant machin k ap apwoche ak machin ki estasyone. Sepandan, eksepte nan ka yon itilizatè ki vilnerab tankou yon pyeton oswa yon siklis, si yon danje pi danje pase lòt la, kite yon ti kras plis espas sou bò danje a. Pa egzanp, si machin k ap apwoche an se yon traktè-remòk, kite yon ti kras plis espas sou bò kote kamyon an pral pase.
- Lè sa posib, pran danje potansyèl yo youn alafwa. Pa egzanp, si w ap rapouswiv yon bisiklèt epi yon machin k ap apwoche bò kote w ap apwoche, ralanti epi kite machin lan pase anvan pou w ka bay bisiklèt la plis espas. Motosiklis yo oblige kite yon minimòm twa pye distans toutan lè y ap depase yon siklis, ak sou wout ki gen plizyè vwa pou deplase al nan vwa sou kote an nenpòt lè sa posib.

### Espas Pou Melanje


Nenpòt lè ou vle melanje ak lòt machin, ou bezwen yon espas apeprè kat segonn. Si w deplase nan mitan yon eka kat segonn, ni ou menm ni machin ki dèyè w aktyèlman gen yon distans twa segonn avè ou. Ou bezwen yon eka kat segonn chak fwa ou chanje vwa, antre nan yon wout, oswa lè vwa ou an melanje nan yon lòt vwa sikilasyon.

- Pa eseye melanje nan yon eka ki twò piti. Yon ti eka ka byen vit vin menm pi piti. Antre nan yon eka ki ba ou yon kousen espas ki gran ase pou w ansekirite.
- Si ou vle travèse plizyè vwa, pran yo youn alafwa. Menm jan ou monte oswa desann eskalye yon mach alafwa, li pi pridan ak pi fasil pou melanje ak yon vwa alafwa. Li trè difisil pou detèmine tout vwa yo lib epi san danje pou travèse. Si w tann jiskaske tout vwa yo lib, ou ka bloke sikilasyon e menm lakoz yon aksidan.

### Espas Pou Travèse oswa Antre

Lè ou ap travèse nan sikilasyon, ou bezwen yon eka ki gwo ase pou ou rive sou lòt bò wout lan. Lè w antre nan sikilasyon an, ou bezwen ase espas pou w vire epi pran vitès.

- Lè ou ap travèse nan trafik, ou bezwen espas pou jou rive sou lòt bò an. Kanpe nan mitan wout la san danje sèlman lè gen yon divizyon medyan ki gwo ase pou machin ou an. Pa kanpe sou yon divizyon kote yon pati nan machin ou a bay deyò sou sikilasyon an.



- Si w ap vire agoch, asire w pa gen okenn machin oswa pyeton ki bloke chemen ou. Ou pa vle yo kenbe w ap tann pou yon chemen vid pandan w bloke nan yon vwa ki gen machin k ap apwoche k ap vin nan direksyon ou.
- Menm si ou gen limyè vèt la, pa demare nan kafou an si gen machin ki bloke wout ou. Si w bare nan kafou an lè limyè a vin wouj, w ap bloke lòt sikilasyon. Ou ka jwenn yon kontravansyon dèské ou bloke yon kafou.
- Pa janm sipoze yon lòt chofè pral pataje espas avèk ou oswa ba ou espas. Pa egzanp, pa virejis paske yon machin ki ap apwoche gen yon sinaly pou vire ki limen. Chofè a gendwa planifye pou l vire apre li fin depase machin ou an oswa li gendwa te bliye etenn sinalizasyon la apre l sot vire. Sa a se laverite anpatikilye pou motosiklèt yo piske sinalizasyon yo souvan pa etenn poukout yo. Rete tann jiskaske lòt chofè a anfèt kòmanse vire epi apresa ale si li san danje pou fè sa.
- Lè ou travèse ray tren yo, asire w ou ka travèse san yo pa oblige kanpe sou ray yo.

## Espas Pou Pase

Chak fwa pano oswa demakasyon sou wout yo pèmèt ou pase, w ap oblige jije si w gen ase plas pou w pase san danje. Pa konte sou lefèt ou gen ase tan pou depase plizyè machin yon sèl kou. Fè atansyon. Kòm yon règ jeneral depase yon machin alafwa sèlman.

- **Machin k ap apwoche yo** – Ak yon vites 55 mil nan inèdtan, ou bezwen apeprè 10 segonn pou depase. Sa vle di ou bezwen yon eka 10 segonn ant sikilasyon k ap apwoche an ak distans vizibilite ou pou depase. Ou dwe jije si w ap gen ase espas pou w pase san danje.  
A 55 mil nan inèdtan ou ap fè plis pase 800 pye nan 10 segonn, menm jan ak yon machin k ap apwoche. Sa vle di ou bezwen plis pase 1600 pye oswa apeprè yon tyè nan yon mil pou w depase san danje. Li difisil pou jije vites machin k ap apwoche yo nan distans sa a. Yo pa sanble y ap vini tout rapid yo ap vini an. Yon machin ki byen lwen anjeneral tankou li kanpe li pa p bouje. Anreyalite, si ou ka anfèt wè li ap vini pi pre, li gendwa twò pre pou ou depase. Si w pa sèten, tann pou w depase jiskaske w asire w gen ase espas.
- **Ti mòn ak koub** – Ou dwe kapab wè omwen yon tyè nan yon mil oswa apeprè 10 segonn pi devan. Nenpòt lè yon koub oswa yon ti mòn bloke vizyon w, ou ta dwe sipoze gen yon machin k ap apwoche ou pa ka wè. Se poutèt sa, ou ta dwe trete yon koub oswa yon ti mòn menm jan ou fè l pou yon machin k ap apwoche. Sa vle di ou pa ta dwe kòmanse depase si ou nan distans yon tyè nan yon mil ak yon ti mòn oswa yon koub.
- **Kafou** – Li danje pou ou depase kote yon machin gen chans pou l antre oswa travèse wout la. Kote sa yo gen ladan yo kafou, pwen pasaj tren, ak antre nan sant komèsyal yo. Pandan w ap depase, machin w ap depase a kapab anpeche w wè moun, machin oswa tren yo. Epitou, chofè k ap vire adwat yo nan vwa k ap apwoche an p ap atann yo pou yo jwenn ou k ap apwoche nan vwa pa yo an. Yo gendwa pa menm gade nan direksyon ou anvan yo vire.
- **Restriksyon sou vwa** – Anvan ou depase, gade devan pou wè kondisyon wout la ak sikilasyon ki gendwa lakoz lòt machin deplase vin nan vwa ou a. Ou ta ka pèdi espas ou pou depase akòz:

- Moun oswa siklis ki toupre wout la.
- Yon pon ki jis oswa lòt sitiyasyon ki lakoz rediksyon lajè vwa a.
- Yon mòso glas, twou, oswa yon bagay sou wout la.
- **Espas pou retounen** – Pa depase awmwenke ou gen ase espas pou w retounen nan vwa sikilasyon an; pa konte sou lòt chofè yo pou fè plas pou ou.
- **Pasaj anivo pou tren** – Pa depase si gen yon pasaj anivo pou tren pi devan.

Anvan ou retounen nan vwa sikilasyon an, asire w ou kite ase espas ant ou menm ak machin ou depase a. Lè ou ka wè alafwa limyè avan machin ou fenk depase a nan retwovizè ou, li san danje pou w retounen nan vwa sikilasyon an.

### **Espas Pou Sitiyasyon Espesyal**

Gen sèten chofè ak lòt itilizatè wout ou ta dwe bay plis espas. Gen kèk ki nan lis anba a.

**Moun ki pa ka wè ou yo** – Nenpòt moun ki pa ka wè w gendwa antre nan sou chemen w san I pa konnen w la. Moun ki ta ka gen pwoblèm pou wè ou yo genyen ladan yo:

- Chofè yo ki nan kafou oswa antre kay yo kote batiman yo, pye bwa oswa lòt machin yo bloke vizyon yo.
- Chofè k ap fè bak sou chose an, oswa k ap fè bak nan espas estasyonnman oswa k ap sòti nan espas estasyonnman yo.
- Chofè ki gen fenèt yo kouvri ak nèj oswa glas, oswa ki gen vapè.
- Pyeton ak parapli devan figi yo oswa ak chapo yo ki rale desann.

**Moun ki distrè** – Menm lè lòt moun ka wè ou, kite espas anplis oswa pran plis prekosyon si ou panse yo gendwa distrè. Moun ki gendwa distrè yo gen ladan yo:

- Moun ki fè livrezon yo.
- Travayè konstriksyon.
- Timoun oswa chofè ki p ap fè atansyon.

**Moun ki gendwa gen konfizyon** – Moun ki nan konfizyon yo gendwa lakoz yon sitiayson danje. Moun ki gendwa gen konfizyon yo gen ladan yo:

- Touris oswa lòt moun ki sanble pa konnen kibò yo prale.
- Chofè ki ralanti pou bagay ki sanble san rezon.
- Chofè k ap chèche pano nan lari an oswa nimewo kay.

**Chofè ki nan pwoblèm** – Si yon lòt chofè fè yon erè, pa rann li pi mal. Pa egzanp, chofè ki depase w yo lè yo pa gen ase espas. Ralanti epi kite yo retounen nan vwa sikilasyon a san danje. Si yon lòt chofè bezwen chanje vwa toudenkou, ralanti epi kite I melanje. Jès sa yo ap kenbe sikilasyon an san pwoblèm epi san danje epi ede w evite yon aksidan.

# METE OU NAN KONDISYON FIZIK POU KONDWI

Kondwi ak pridans pa toujou fasil. Anreyalite, se youn nan bagay ki pi konplèks moun fè. Li se youn nan kék bagay tou nou fè regilyèman ki ka blese oswa touye nou. Li vo efò an pou ou yon chofè ki pridan.

Sa mande anpil konpetans ak jijman pou ou yon chofè ki san danje. Travay sa a menm pi difisil lè w ap jis aprann kondwi. Kondwi ka fasiman pran tout konpetans ou genyen. Si yon bagay rive e ou pa nan nivo kapasite w, ou gendwa pa ka yon chofè ki pridan. Kapasite w pou w yon chofè ki pridan depann ak kapasite ou pou wè klè, pou ou pa twò fatige, pa kondwi pandan w ap pran dwòg oswa bwè alkòl, pou ou jeneralman ansante, epi emosyonèlman anfòm pou kondwi. Nan lòt sans, pou ou an "fòm" pou kondwi ak pridans.


## Vizyon

Bon vizyon se yon obligasyon pou kondwi ak pridans. Ou kondwi sou baz sa ou wè. Si w pa ka wè klè, w ap gen pwoblèm pou w idantife sikilasyon an ak kondisyon wout la, pou detekte pwoblèm potansyèl, oswa pou w reyaj atan.

Vizyon tèlman enpòtan, Delaware egzije w pase yon egzamen vizyon anvan ou jwenn yon lisans pou chofè. Pou pase depistaj sa a ou dwe gen omwen vizyon 20/40 nan omwen yon zye, avèk oswa san lantiy koreksyon. Moun ki gen yon vizyon 20/50 yo limite pou yo kondwi lajounen sèlman.

### Lòt aspè enpòtan nan vizyon yo se:

- Vizyon sou kote** - Ou bezwen wè "nan kwen zye ou." Sa a pèmèt ou wè machin ak lòt pwoblèm potansyèl sou chak bò pandan w ap gade devan. Paske ou pa ka konsantre sou bagay ki sou kote a, ou dwe tou itilize retwovizè sou kote kote ou yo epi gade sou bò a si sa nesesè.
- Jije distans ak vitès** - Menm si ou ka wè klè, ou gendwa toujou pa kapab jije distans oswa vitès trè byen. Se pa sèl ou; anpil moun gen pwoblèm pou jije distans ak vitès. Li mande anpil pratik pou kapab jije toude. Li enpòtan sitou lè w konnen ki distans ou ye parapò ak lòt machin, jije eka ki san danje lè w ap rantre ak lè w ap depase sou wout ki gen de vwa, oswa lè w ap jije vitès yon tren anvan w travèse ray tren ak pridans.
- Vizyon lannwit** - Anpil moun ki ka wè klè lajounen gen pwoblèm pou wè lannwit. Li pi difisil pou tout moun wè lannwit pase lajounen. Gen kèk chofè ki gen pwoblèm ak ekla pandan y ap kondwi lannwit, espesyalman ak ekla limyè avan k ap apwoche yo. Si w gen pwoblèm pou wè lannwit, pa kondwi plis pase jan sa nesesè epi fè anpil prekosyon lè w fè sa.



Wè byen enpòtan pou kondwi san danje. Ou ta dwe fè yon espesyalis zye verifye zye ou chak youn oswa de lane. Ou gendwa pa reyalize ou gen yon vizyon fèb jiskaske yo teste zye ou. Si w bezwen mete linèt oswa lantiy kontak pou w kondwi,

sonje pou:

- Toujou mete yo lè w ap kondwi, menm si se sèlman pou kouri al pi ba. Si lisans pou chofè w la di ou dwe mete lantiy koreksyon epi ou pa fè sa epi sa rive yo kanpe ou, ou ta ka jwenn yon kontravansyon.
- Eseye kenbe yon pè linèt anplis nan machin ou. Si linèt regilye ou yo kase oswa pèdi, ou ka itilize pè rezèv la pou kondwi ak pridans. Sa a tou ka itil si ou pa mete linèt toutan paske li fasil pou egare yo.
- Evite itilize linèt nwa oswa lantiy kontak tente lannwit, menm si ou panse yo ede ak ekla. Yo ka diminye nan limyè a ou bezwen pou wè klè.

## Odisyon

Odisyon kapab itil pou kondwi ak pridans. Son klaksòn, yon sirèn, oswa kawotchou k ap kriye ka avèti w sou danje. Pwooblèm odisyon, tankou move vizyon, ka vin tèlman dousman, ou pa remake li. Chofè ki konnen yo soud oswa ki gen pwoblèm pou tande ka adapte yo epi yo kapab chofè ki pridan. Chofè sa yo aprann konte plis sou vizyon yo epi yo gen tandans rete pi vijilan. Etid yo montre dosye kondwi chofè ki pa tande byen yo menm jan ak chofè sa yo ki byen tande.

## Fatig

Ou pa ka kondwi ak pridans lè w fatige menm jan ak lè w repoze. Ou pa wè byen menm jan, ni ou pa vijilan menm jan. Li pran plis tan pou w pran desizyon, epi ou pa toujou pran bon desizyon. Ou ka vin pi chimerik epi ou ka fache pi fasil. Lè ou fatige, ou ta ka tonbe dòmi dèyè volan an epi fè aksidan, blese oswa touye tèt ou oswa lòt moun.

Gen bagay ou ka fè pou ede w pa fatige nan yon vwayaj ki long, tankou:

- Eseye dòmi lannwit nòrmal anvan ou ale.
- Pa deplase nan yon vwayaj si ou deja fatige. Planifye vwayaj ou pou ou ka deplase lè ou fin repoze.
- Pa pran okenn medikaman ki ka fè ou anvi dòmi.
- Manje lejè. Pa manje yon gwo repa anvan ou deplase. Gen kèk moun ki vin gen dòmi apre yo fin manje yon gwo repa.
- Pran poz Kanpe chak èdtan oswa apreprè oswa lè ou bezwen sa. Mache, pran yon ti lè fre, epi pran yon ti kafe, soda, oswa ji. Kèk minit ou pase nan yon poz ka sove lavi ou. Planifye anpil tan pou fini vwayaj ou san danje.
- Eseye pa kondwi byen ta lannwit lè ou nòrmalman ap dòmi. Kò ou panse li lè pou ale dòmi epi li pral eseye fè sa.
- Pa janm kondwi si ou gen dòmi. Li pi bon pou w kanpe epi dòmi pandan kèk èdtan pase pou pran yon chans pou ou ka rete reveye. Si sa posib, chanje travay kondwi an ak yon lòt chofè pou ou ka dòmi pandan l ap kondwi.

## Bwè ak Kondwi

Nan nivo nasyonal, alkòl enplike nan apeprè 28% nan aksidan sikilasyon kote yon moun mouri. Si w bwè alkòl, menm yon ti kras, chans ou genyen pou w nan yon aksidan yo pi gran pase si w pa t bwè okenn alkòl.

Pa gen moun ki ka bwè alkòl epi kondwi ak pridans, menm si ou gen anpil ane

kondwi. Nouvo chofè yo plis afekte ak alkòl pase chofè ki gen eksperyans yo, paske yo toujou ap aprann kondwi.

Bwè alkòl epi kondwi se yon danje. Sanksyon yo trè sevè. Moun ki kondwi apre yo fin bwè riske gwo amann, pi gwo tarif pou santaj, pèdi lisans, e menm kondanasyon prizon. Sanksyon nan Delaware yo rezime nan paragraf Alkòl, Dwòg, ak Kondwi nan Seksyon De nan manyèl sa a.

## Sante

Anpil pwoblèm sante ka afekte konduit ou—yon move refwadisman, enfeksyon oswa viris. Menm ti pwoblèm tankou yon kou rèd, yon tous, oswa yon janm fè mal kapab afekte konduit ou. Si w pa santi w anfòm epi w bezwen ale yon kote, kite yon lòt moun kondwi.

Gen kèk kondisyon ki ka trè danje:

- **Epilepsi** - Toutotan li sou kontwòl medikal, epilepsi jeneralman pa danje. Nan Delaware moun sa yo ki sibi pèt konesans akòz maladi nan sistèm nève santral la dwe sètifye enfimite a anba ase kontwòl pou pèmèt yo kondwi ak pridans.
- **Dyabèt** - Dyabetik ki pran ensilin pa ta dwe kondwi lè gen nenpòt chans pou yon reyakson ensilin, endispozisyon, kriz, oswa chòk. Sitiyasyon sa a ta ka sòti nan sote yon repa oswa ti goute oswa lè w pran move kantite ensilin lan. Li ta ka yon bon lide tou pou fè yon lòt moun kondwi pou ou pandan moman kote doktè ou ap ajiste dòz ensilin ou. Si w gen dyabèt, ou ta dwe verifye zye w regilyèman pou wè si w gen posiblite avèg lannwit oswa lòt pwoblèm vizyon.
- **Twoub sante nan kè** - Moun ki gen maladi kè, tansyon wo, oswa pwoblèm sikilasyon oswa moun ki andanje pou yon endispozisyon, pèt konesans, oswa yon atak kè pa ta dwe vin dèyè volan an. Si yon doktè ap trete w pou yon twoub sante nan kè, mande si twoub sante an ka afekte kapasite w pou w kondwi ak pridans.

## Emosyon

Emosyon yo ka gen yon gwo efè sou kondwi ou ansekrite. Ou gendwa pa anmezi pou w kondwi byen si w two enkyete w, eksite, pè, fache oswa deprime.

- Si w fache oswa eksite, bay tèt ou tan pou w kalme ou. Si sa nesesè, fè yon ti mache, men rete lwen wout la jiskaske ou kalme.
- Si w enkyete w, si w santi w mal, oswa si w fache pou yon bagay, eseye kenbe lespri ou sou konduit ou. Gen kèk moun ki twouve koute radyo ede yo.
- Si ou enpasyan, bay tèt ou plis tan pou vwayaj kondwi ou an. Deplase kèk minit bonè. Si ou gen anpil tan, ou gendwa pa gen tandans fè vîtes oswa fè lòt bagay ki ka lakoz ou jwenn yon kontravansyon sikilasyon oswa lakoz yon aksidan. Pa pèdi pasyans pou tann yon tren travèse devan ou. Kondwi ozalantou pòtay ki bese oswa eseye pase anvan tren an ka fatal.

# IJANS MACHIN

Toujou gen yon chans pou gen yon pwoblèm machin pandan w ap kondwi. Ou ta dwe swiv orè antretyen ki rekòmande ki endike nan manyèl pou pwopriyetè machin ou an. Swiv mezi prevansyon sa yo redwi anpil chans pou machin ou an gen yon pwoblèm. Potansyèl pann machin lan ak sa ou kapab fè si yo rive yo nan yon lis anba a.

## Aparè Pou Bloke Volan

Pa jamn mete kontak machin ou an nan pozisyon "vewouyaj" pandan li toujou ap deplase. Sa ap lakoz volan an bloke si w eseye vire volan an, epi w ap pèdi kontwòl machin ou an.

## Pann Fren

Si fren ou yo sispann fonksyon:

- Ponpe pedal fren an plizyè fwa. Sa a pral souvan kreye ase presyon frenaj pou pèmèt ou kanpe.
- Si sa pa mache, itilize fren men an. Rale manch fren men an dousman pou w pa bloke wou dèyè yo epi lakoz yon derapaj. Pare pou w debloke fren an si machin lan kòmanse patinen.
- Si sa pa mache, kòmanse chanje nan pi vitès ki pi ba epi chèche yon kote ki san danje pou ralanti pou ou kanpe. Asire w machin lan pa sou chose an. Pa kondwi machin lan san fren.

Si fren ou yo mouye:

- Apre w fin kondwi nan dlo fon ou ta dwe teste fren ou yo. Yo ka rale sou yon bò oswa yo pa kenbe ditou.
- Pou seche fren yo, mete machin ou an nan vitès ki ba, kondwi dousman, epi tape/aplike fren yo tou lejè.
- Teste chak 200 pye, kontinye jiskaske aksyon frenaj lan retounen nan nòmal li.

## Sòti Sou Revètman an

Sòti sou revètman an lakoz aksidan grav. Pou evite fè sa, rete atantif. Si w sòti sou revètman an oswa si w oblige sòti:

- Pa panike.
- Pa fonse pye w sou fren yo. Frennen ak anpil atansyon oswa pa ditou.
- Retire pye ou sou akseleratè a.
- Kenbe volan an byen sere paske tansyon inabilityèl lan gendwa vire l nan men ou.
- Pa eseye tounen sou revètman an pa avan ou gen machin ou an sou kontwòl, vitès ou redwi a 15 mil nan inèdtan oswa mwens, epi ou verifye sikilasyon ki dèyè ou an. Apresa vire wou devan yo nèt nan direksyon revètman an. Fè atansyon pou pa travèse vwa mitan an.



### Kawotchou Eklate

Si yon kawotchou vin plat toudenkou:

- Kenbe volan an byen sere epi fè machin lan kontinye avanse dwat.
- Ralanti piti piti. Retire pye ou sou pedal gaz la epi itilize fren yo tou lejè.
- Pa kanpe sou wout la si sa posib. Sòti sou wout la pou al yon kote ki ansekirite.

### Pann Kouran

Si motè a mouri pandan w ap kondwi:

- Kenbe volan an byen djanm. Ou dwe konnen volan an gendwa difisil pou vire, men ou ka vire l.
- Sòti sou chose an. Fren yo ta dwe toujou fonksyone, men ou gendwa oblige pouse trè fò sou pedal fren an.

### Pann Limyè Avan

Si limyè avan ou yo etenn toudenkou:

- Eseye pase limyè avan pandan kèk fwa.
- Si sa pa mache, mete limyè detrès yo, sinalizasyon pou vire yo, oswa limyè pou bwouya yo si ou genyen yo.
- Sòti sou wout la pi vit sa posib.

### Manch Pedal Akseleratè yo

Motè a kontinye ale deplizanpli vit:

- Kenbe zye ou sou wout la.
- Byen vit mete l sou net.
- Sòti sou wout la lè l san danje pou w fè sa.
- Etenn motè a.

## Dife

- Si lafimen sòti anba kapo a, sòti sou chose an.
- Si pa gen aparèy pou etenn dife chimik ki disponib, itilize pousyè tè oswa sab pou toufe dife a. Pa itilize dlo - gaz k ap boule an ap flote sou li epi gaye dife a.
- Si yon dife pa ka kontwole, deplase omwen 100 pye distans machin lan paske tank gaz la gendwa eksplode.

## Bloke sou Ray Tren yo

- Gade toude sans yo pou tren yo. Si pa gen youn nan yo k ap vini, eseye redemare machin ou an. Si li pa demare, oswa ou pa sèten si yon tren ap vini, sòti epi ale lwen machin ou an.
- Si gen yon tren k ap vini, sòti epi ale lwen ray yo. Al pi lwen posib, epi kouri nan direksyon jeneral tren an ap sòti, pou debri ki sòti nan kolizyon an pa frape ou.

# EVITE KOLIZYON

Lè li sanble yon kolizyon ka rive, anpil chofè panike epi yo pa aji. Nan kèk ka yo aji, men yo fè yon bagay ki pa ede diminye chans pou kolizyon an. Prèské toujou gen yon bagay ou ka fè pou evite aksidan an oswa diminye enpak aksidan an. Pou evite yon kolizyon, chofè yo gen twa opsyon: kanpe, vire, oswa akselere.

## Kanpe byen vit

Anpil nouvo machin yo gen yon ABS (Sistèm Frenaj Antivewouyaj). Asire w ou li manyèl pou pwopriyetè machin lan sou kòman pou itilize ABS la. Sistèm ABS la pral pèmèt ou kanpe san ou pa patinen. Anjeneral, si ou bezwen kanpe byen vit:

## Avèk ABS

- Peze sou pedal fren an pi fò posib epi kontinye peze sou li.
- Ou ta ka santi pedal fren an ap pouse vin jwenn ou lè ABS la ap fonksyone. Pa lage pedal fren an. Sistèm ABS la pral sèlman fonksyone ak pedal fren an ki pouse desann.

## San ABS

- Ou ka lakoz machin lan patinen si ou frennen twò fò.
- Peze fren yo pi fò posib san ou pa bloke yo.
- Si fren yo bloke, ou pral santi machin lan kòmanse patinen. Byen vit kite pedal fren an monte.
- Menm kote machin lan sispann patinen, peze sou pedal fren an ankò. Kontinye fè sa jiskaske machin lan kanpe.

## Vire Byen Vit

Nan piò ka yo, ou ka vire machin lan pi vit pase ou ka kanpe li. Ou ta dwe konsidere vire pou evite yon kolizyon.

Asire w ou gen byen kenbe l ak toude men ou yo sou volan an. Yon fwa ou vire tounen oswa w chanje vwa, ou dwe pare pou w kenbe machin lan sou kontwòl. Gen kèk chofè ki kite yon kolizyon pou yo finalman al fè yon lòt. Toujou dirije volan nan direksyon ou vle machin lan ale.

**Avèk ABS** - Yon aspè lè ou gen ABS se dèské ou ka vire machin ou pandan w ap frennen san I pa patinen. Sa a trè itil si ou dwe vire epi kanpe oswa ralanti.

**San ABS** - Si ou pa gen ABS, ou dwe itilize yon pwosedi diferan pou vire byen vit. Ou ta dwe peze sou pedal fren an, apresa, kite I monte epi vire volan an. Frennen pral ralanti machin lan, mete plis pwa sou kawotchou avan yo, epi pèmèt ou vire pi vit. Pa bloke wou avan yo pandan w ap frennen oswa vire tèlman sèk pou machin lan pa ka fè lòt bagay apa avanse.

Sonje jeneralman li pi bon pou kouri sòti nan wout la pase al frape tèt ou kont yon lòt machin.

### Pran Vitès

Pafwa li pi bon oswa nesesè pou pi akselere pou evite yon kolizyon. Sa gendwa rive lè yon lòt machin pral frape w sou kote oswa pa dèyè epi gen espas devan w pou w sòti nan danje. Asire w ou ralanti yon fwa danje a fin pase.

### Jere Derapaj

Tout wout ki ansekirite nan kondisyon nòmal yo ka danje lè yo mouye oswa lè gen nèj oswa glas sou li. Gwo vitès nan kondisyon nòmal yo ogmante tou posiblite pou yon derapaj si ou dwe vire oswa kanpe toudenkou. Patinen yo fèt lè kawotchou yo pa ka mòde wout la ankò. Kòm ou pa ka kontwole yon machin lè I ap patinen, li pi bon pou ou pa lakoz machin ou an patinen nan yon premye tan. Chofè k ap sikile twò vit pou kondisyon yo lakoz derapaj yo.

Si machin ou an kòmanse patinen:

- Pa manyen fren an. Jiskaske machin lan ralanti, fren ou yo p ap fonksyone e yo ta ka lakoz ou patinen plis toujou.
- Dirije volan. Vire volan an nan direksyon ou vle machin lan ale an. Menm kote machin lan kòmanse drese, vire volan an tounen nan lòt bò an. Si ou pa fè sa, machin ou gendwa balanse nan yon lòt direksyon epi ou ta ka kòmanse yon nouvo derapaj.
- Kontinye dirije volan. Kontinye korije volan ou, agoch ak adwat, jiskaske machin lan ap deplase ankò sou wout la sou kontwòl ou.



## PWOTEJE TÈT OU NAN KOLIZYON

Ou gendwa pa toujou kapab evite yon kolizyon. Eseye tout sa ou kapab pou evite frape. Si anyen pa fonksyone, eseye diminye nenpòt blesi ki ta ka sòti aksidan an. Bagay ki pi enpòtan ou ka fè se itilize senti pou janm ou ak zepòl ou yo. Anplis senti sekirite ou yo, gen yon detwa bagay ki ta ka ede anpeche blesi ki pi grav.

## Frape Pa Dèyè

Si yo frape machin ou an pa dèyè, kò ou ap efektivman pwojte dèyè. Peze tèt ou kont do syèj ou a, epi mete tèt ou kont attach tèt la. Pare w pou w peze fren w yo pou w pa pouse w al frape yon lòt machin.

## Frape Sou Kote

Si yo frape machin ou an sou kote, kò ou pral efektivman pwojte dèyè sou kote ki frape a. Sak gonflab yo gendwa pa ede nan sitiyasyon sa a. Senti pou janm ou ak zepòl ou yo nesesè pou ede kenbe ou dèyè volan an. Prepare w pou w dirije volan oswa frennen pou anpeche machin ou an frape yon lòt bagay.

## Frape Pa Devan

Si machin ou an pral frape pa devan, li enpòtan pou eseye pran yon "frap nan ang yo" olye pou frape dirèk. Sa vle di si yon kolizyon pral rive, ou ta dwe eseye vire machin lan. Nan pi move ka a, ou ap frape nan yon ang; oswa ou ta ka rate li. Si machin ou an gen yon sak gonflab, li ap gonfle. Li ap degonfle tou apre aksidan an, kidonk pare pou anpeche machin ou an frape ak yon lòt bagay. Ou dwe itilize senti pou janm ou ak zepòl yo pou kenbe ou dèyè volan an epi pou pwoteje ou si machin ou gen yon dezyèm aksidan.

## AKSIDAN

Pa kanpe nan yon aksidan amwenske ou enplike oswa si èd ijans pokò rive. Kenbe atansyon ou sou kondut ou epi kontinye avanse, fè atansyon ak moun ki ta ka nan oswa toupre wout la. Pa janm kondwi pou al sou sèn yon aksidan, dife, oswa lòt dezas jis pou gade. Ou gendwa bloke wout la pou lapolis, ponpye, anbilans, kamyon remokaj, ak lòt machin sekou.

Kèlkeswa jan ou se bon yon chofè, gendwa gen yon moman lè ou enplike nan yon aksidan. Si w enplike nan yon aksidan, ou dwe kanpe. Si w enplike nan yon aksidan ak yon machin ki estasyone, ou dwe eseye jwenn pwopriyetè a. Si yon moun blese oswa mouri, yo dwe fè lapolis konnen. Se yon krim pou ou kite yon sit aksidan kote machin ou te enplike si gen yon blesi oswa lanmò anvan lapolis pale ak ou epi jwenn tout enfòmasyon yo bezwen sou aksidan an.

Ou gendwa vle mache ak yon twous ijans debaz pou machin. Twous sa yo gen sinalyzasyon tou limen pou ijans, materyèl pou premye swen, ak zouti debaz.

## Nan Sèn Yon Aksidan

- Kanpe machin ou sou sit aksidan an. Si, apre yo fin asire w nan yon fason rezonab pa gen okenn blesi oswa lanmò, epi si machin ki andomaje a ap bloke sikilasyon an, chofè machin lan dwe fè tout efò rezonab pou deplase machin lan oswa fè li deplase yon fason pou li pa anpeche sikilasyon regilye a plis pase jan sa nesesè.
- Pa kanpe oswa mache nan vwa sikilasyon yo. Yon lòt machin ta ka frape ou.
- Etènn kontak machin ki kraze yo. Pa fimen ozalantou machin ki kraze yo. Gaz te ka gaye epi dife se yon danje reyèl.
- Si gen fil elektrik desann ki tonbe e ki gen fil sou wout la, pa ale toupre yo.
- Asire w lòt sikilasyon p ap patisipe nan aksidan an. Itilize sinalyzasyon tou limen oswa lòt aparèy avètisman pou avèti sikilasyon an sou aksidan an.

## **Si Yon Moun Blese**

- Jwenn èd. Asire w yo te rele lapolis ak ekip medikal ijans oswa sekou an. Si gen yon dife, enfòme lapolis lè ou rele yo.
- Pa deplase moun ki blese yo amwenske yo nan yon machin k ap boule oswa nan lòt danje tousuit pou yon lòt machin frape yo. Deplase yon moun ka rann blesi yo vin pi mal.
- Dabò ede nenpòt moun ki deja p ap mache ak pale. Verifye respirasyon epi verifye si gen senyen.
- Si gen senyen, fè presyon dirèkteman sou blesi a ak men ou oswa ak yon twal. Menm gwo senyen ka prèske toujou kanpe oswa ralantî lè w mete presyon sou blesi a.
- Pa bay moun ki blese anyen pou bwè, pa menm dlo.
- Pou ede anpeche yon moun ki blese antre nan chòk, kouvri yo ak yon dra oswa yon rad pou kenbe yo cho.

## **Rapòte Aksidan**

Chofè tout machin ki enplike nan yon aksidan ki lakoz domaj aparan nan byen dwe tousuit kanpe machin sa a sou sèn aksidan an. Si domaj ki sóti nan yon aksidan konsa se kont byen chofè a sèlman, san pa gen domaj kont moun oswa byen yon lòt moun, chofè a pa bezwen rete nan sèn aksidan an, men li dwe tousuit rapòte aksidan an.

Chofè tout machin ki enplike nan yon aksidan ki lakoz nenpòt blese oswa lanmò kay nenpòt moun dwe kanpe tousuit machin sa a sou sèn aksidan an. Chofè a dwe bay nenpòt moun ki blese èd, tankou pote moun ki blese a nan yon lopital oswa kot yon doktè pou tretman medikal jan sa nesesè.

Fè echanj enfòmasyon ak lòt chofè ki enplike nan aksidan an. Si gen domaj nan byen pésònèl, blesi, oswa lanmò, chofè an dwe bay non l, adrès li, nimewo anrejistreman machin yo, nimewo lisans pou chofè yo, ak konpayi asirans lan epi nimewo kontra a.

Jwenn non ak adrès tout moun ki enplike nan aksidan an ak nenpòt temwen, ansanm ak moun ki blese yo.

Si aksidan an ta enplike yon machin ki estasyone, eseye jwenn pwopriyetè a. Si ou pa kapab, kite yon nòt yon kote yo ka wè li ak enfòmasyon sou fason pwopriyetè a ka jwenn ou ak dat epi lè aksidan an.

Chofè tout machin ki enplike nan yon aksidan dwe tousuit rapòte aksidan sa a bay ajans lapolis ki gen responsabilite prensipal jiridiksyon pou kote aksidan an te fèt la:

1. Lè aksidan an lakoz moun blese oswa lanmò.
2. Lè aksidan an fèt sou yon otowout piblik, epi li lakoz domaj materyèl nan yon nivo vizib ki vo \$500.00 oswa plis.
3. Lè li parèt yon aksidan enplike yon chofè ki gen kapasite fizik li afebli akòz alkòl oswa dwòg, epi li lakoz domaj materyèl nan yon nivo vizib ki vo nan \$1,000.00 oswa plis.

Fòmilè pou aksidan yo disponib apati pifò ajan asirans yo. Fòmilè ki nan paj ki suiv yo la gendwa itil lè w ap rapòte yon aksidan.

## Rapòte yon Pwoblèm

Si ou te obsève eta yon wout ki ta dwe rezoud tousuit, tankou yon limyè sikilasyon ki pa bon, domaj nan siy yo, debri nan wout la, oswa yon zòn ki gen travay yo mal separe, tanpri kontakte dirékteman Sant Jesyon Transpò DelDOT lan (li ap fonksyone 24/7/365) nan 302-659-4600, #77 sou selilè ou, oswa atravè imèl nan [deldottmc@state.de.us](mailto:deldottmc@state.de.us).

Fòmilè pou Rapòte yon Pwoblèm lan disponib tou sou entènèt e li aksesib apati lyen ki anba la a <https://deldot.gov/Traffic/ReportRoadCondition/index.shtml>.

## REMAK

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

# REMAK

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## REMAK

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

---

## FÒMILE POU RAPÒTE AKSIDAN

Dat Aksidan	Lè	
Ri/Otowout./Kafou	Vil	Eta
Depatman Lapolis/Cherif	# Dosye	Yo te bay kontravansyon? Wi/Non
Si se wi, bay kiyès?	Akizasyon	

## LÒT MACHIN LAN

Ane	Mak	Modèl
Koulè	# Plak	Eta

## CHOFÈ LÒT MACHIN LAN

Non	Laj	Li parèt blese? Wi/Non	
Ri	Vil	Eta	Kòd postal
Telefòn Lakay	Telefòn Biznis	Ekstansy	on
# Lisans/Eta	Konpayi Asirans		

## NON KI ANREJISTRE KÒM MÈT LÒT MACHIN LAN

Non			
Ri	Vil	Eta	Kòd postal
Telefòn Lakay	Telefòn Biznis	Ekstansy	on
# Lisans/Eta	Konpayi Asirans		

## PASAJE KI NAN LÒT MACHIN LAN

Non			
Ri	Vil	Eta	Kòd postal
Telefòn Lakay	Telefòn Biznis	Ekstansy	on
Laj Sèks Wotè Pwa	Pozisyon I nan machin lan nan		
moman aksidan an Kalite Domaj			

## PASAJE KI NAN LÒT MACHIN LAN

Non

Ri	Vil	Eta	Kòd Postal
Telefòn Lakay	Ekstansyon Telefòn Biznis		
Laj Sèks Wotè Pwa	Pozisyon I nan machin lan nan		
moman aksidan an Kalite Domaj			

## TEMWEN YO

Non

Ri	Vil	Eta	Kòd postal
Telefòn Lakay	Telefòn Biznis	Ekstansyon	
Non			
Ri	Vil	Eta	Kòd postal
Telefòn Lakay	Telefòn Biznis	Ekstansyon	


## DESKRIPSYON

---

---

---

## DESEN



# ENDÈKS

Adaptasyon parapò ak Kondisyon Wout yo .....	120-121
Konduit Agresif .....	47
Alkòl, Dwòg ak Kondwi .....	48-57
Moun ki Monte Bèt Ak Moun ki Dirije Bèt .....	97
Kondwit Debaz .....	110-116
Fè Bak .....	101
Baliz ki Konplete Pano yo .....	75
Bisiklèt .....	93-96
Espas Priyorite pou Bisiklèt .....	11, 93
Alkòl nan San .....	48-51
Frenaj .....	112
Itilizasyon Telefòn Selilè/Aparèy Elektwonik nan Men Pandan w Ap Kondwi .....	78
CDL .....	36
Chanjman nan Non oswa Adrès .....	32, 65
Aparèy Sekirite Timoun, Senti .....	105-108
Delikans konsènan Pansyon Alimantè .....	44
Lisans Klas D .....	35-37
Klasifikasyon Lisans .....	35-37
Lisans Kondisyonèl .....	37, 87
Ekipman ak Aparèy Konstriksyon .....	75-77
Aksidan .....	137-138
Travèse, Pyeton .....	. 91-92
Kou Konduit Defansif .....	. 48
Kafou nan Fòm Dyaman ki Chanje Sikilasyon an (DDI) .....	. 83
Dokiman ki Obligatwa pou Lisans oswa Pyès Idantite .....	20-26
Bwè Pandan W ap Kondwi .....	48-51
Edikasyon pou Chofè .....	. 26
Egzamen pou Chofè .....	38-41
Lisans pou Chofè .....	. 17-31
Aplikan pou Premye Fwa .....	27-29
Chanjman nan Non oswa Adrès .....	. 32
Klas .....	. 35-37
Ranplasman Lisans .....	. 32
Nòm pou Idantifikasiyon Federal yo .....	. 16-17
Frè .....	. 14-15
Lisans Gradye pou Chofè .....	. 36
Pwogram Amelyorasyon .....	45-46
Pèmi pou Apranti .....	27-29
Moun ki Gen Lisans nan Lòt Eta .....	. 30
Twoub Medikal yo .....	41-42
Renouvèlman Pèmanan .....	. 31
Limite .....	. 32

Renouvèlman .....	31
Anilasyon ak Sispansyon .....	42-44
Kiyès Ki Pa Bezwен .....	17
Kiyès Ki Pa Ka Gen Lisans .....	17
Kondwi nan Bwouya, Lapli, oswa Nèj .....	121
Vyolasyon nan Kondwi .....	42-44
Kondwi Pandan Ou Pa Nan Nòmal Ou .....	48-57
Kondwi Pandan Lisans Ou Kanpe oswa Retire .....	45
Dwòg .....	50
Ijans .....	133-135
Sistèm Notifikasyon Ijans (ENS) .....	80
Machin pou Ijans .....	79
Emosyon .....	128
Validasyon .....	37-38
Ekipman (Machin)	
Obligatwa .....	58
Lòt .....	59
Entèdi .....	59-60
Egzamen, Chofè .....	38-41
Bay Elèv k Ap Fè Echanj yo Lisans .....	31
Depistaj (Tès) pou Zye .....	38
Ekipman Agrikòl .....	97
Dife .....	135
Frè .....	14-15
Moun ki kenbe sinal yo .....	77
Responsablitè Finansye .....	61-62
Bwouya, Fènwa .....	121
Distans Sekirite, Distans Vizyon (règ 4 segonn lan) .....	124
Delenkan Abityèl .....	43
Lisans pou Difilikite .....	37
Limyè avan, itilizasyon .....	114
Machin ki gen anpil moun (HOV) .....	84
Kat Idantifikasiyon .....	32
Aparèy Vewouyaj Sistèm Demaraj lan (IID) .....	54-57
Sitiyasyon Imigrasyon .....	18-20
Konsantman Enplisit .....	52
Enspeksyon ak Enskripsyon .....	61-65
Andeyò Eta a .....	65
Renouvèlman .....	65
Asirans, Responsablitè .....	61-62
Kontwòl Vwa a .....	81-83
Kondwi sou Vwa a .....	81-83
Pèmi pou Apranti .....	26-30, 36

Pyès pou Elevasyon Sispansyon .....	60
Pwogram Aparèy Verouyaj Sistèm Demaraj lan (IID) pou Chwa Premye Enfraksyon an (FOE)	54
Pwogram Aparèy Vewouyaj Sistèm Demaraj lan (IID).....	56
Twoub Medikal .....	41
Endikatè Medikal .....	14, 34
Sispansyon Medikal .....	42
Lalwa Megan .....	34
Mobilèt.....	97
Motosiklèt . . . . .	37-38, 96-98
Depase Lwa yo.....	79
Nouvo Rezidan.....	26-30
Rejis pou Pwòch Paran yo .....	34
Kondwi Lannwit .....	122
Lisans Pwofesyonèl.....	37, 47
OHV (Machin Touteren) .....	97
Sèvis sou Entènèt .....	13
Donatè Ògàn ak Tisi.....	34
Enspeksyon Andeyò Eta a .....	65
Sinalizasyon yo ki Anlè Vwa yo .....	74
Double (Depase) .....	78
Pakin .....	88-90
Demakasyon yo ki Sou Revètman an .....	81-82
Pyeton .....	91-92
Sistèm Pwen an .....	45-46
Ray tren . . . . .	80-81, 135
Baliz an Fòm Rektang k Ap Flache Rapid.....	70
Pwogram Ranfòsman Limyè Wouj yo .....	66
Enskripsyon .....	58-62
Chanjman Adrès .....	32, 65
Chanjman Non .....	32, 65
Plak .....	60, 62
Renouvèlman .....	65
Rapòte yon Pwoblèm .....	139
Tablo Dokimant ki Obligatwa yo.....	20-26
Anilasyon Lisans .....	42-45
Dwa Pasaj .....	66, 85
Machin pou Travay sou Wout yo.....	97
Tès sou Wout lan .....	39-40
Règ Wout la.....	66-99
Senti Sekirite .....	105-107
Bis Lekòl.....	38, 86-87
Ekspilsyon nan Lekòl.....	44-45
Anrejistreman ak Sèvis Opsyonèl .....	34

Pataje Wout la ak Kamyon .....	98-99
Bay Siyal .....	78, 117-119
Sinalizasyon, Pano .....	66-75
Sinalizasyon, Men .....	119
Derapaj .....	136
Machin k ap Deplase Dousman .....	98
Pataje Espas .....	124-129
Nimewo Sekrite Sosyal .....	22, 34
Vyolasyon Eksè Vitès .....	46-47
Limit Vitès .....	90-91
Vewouyaj Volan .....	131
Kanpe ak Estasyone .....	88-90
Kawotchou ki Gen Kranpon .....	60
Sispansyon Lisans .....	42-44
Non-respè Distans Sekirite yo .....	126-127
Mansyon pou Taksi/Limo .....	38
Lisans Tanporè .....	37
Teste .....	38-40
Vit Tente .....	60
Tit Pwopriyete .....	64-65
Lwa sou Kontwòl Sikilasyon .....	80-89
Transfè Lisans .....	30
Planifikasyon Vwayaj .....	102
Bisikèt Twa Pedal (ak Mobilèt) .....	98
Vire .....	84-85
Vwa pou Bisiklèt nan De Sans .....	13, 93
Papye Machin .....	61-62
Depistaj pou Vizyon .....	38
Enskripsyon Elektè yo .....	33
Revètman ki Mouye .....	120-121
Kiyès ki Pa Dwe Itilize Otowout la .....	98
Zòn y ap travay yo .....	75-76
Lwa sou Zewo Tolerans .....	52
<b>PAJ WÈB DMV .....</b>	<a href="http://www.dmv.de.gov">www.dmv.de.gov</a>
<b>PAJ WÈB POU CHOFÈ ADOLESAN .....</b>	<a href="http://www.teendriving.dmv.de.gov">www.teendriving.dmv.de.gov</a>
<b>PAJ WÈB POU CHOFÈ AJE .....</b>	<a href="http://www.seniordriver.dmv.de.gov">www.seniordriver.dmv.de.gov</a>

# LOCATIONS

Wilmington | **302.434.3200**

2230 Hessler Blvd  
New Castle, DE 19720

Delaware City | **302.326.5000**

2101 Mid County Drive  
New Castle, DE 19720

Dover | **302.744.2500**

303 Transportation Circle  
Dover, DE 19901

Georgetown | **302.853.1000**

23737 DuPont Blvd  
Georgetown, DE 19947

## Hours at All Locations

Monday, Tuesday, Thursday & Friday

**8 a.m. - 4:30 p.m.**

Wednesday

**11 a.m. - 7 p.m.**

**myDMV**  
online services

[myDMV.delaware.gov](http://myDMV.delaware.gov)

**24 hours, 7 days a week.**

**WE'RE  
SOCIAL!**



@DMVDelaware



@DelawareDMV

**DMV DRIVER MANUAL**

**Jiye 2023**